МАХ ДУГ

90 азы

ДЗЫРДАИВАДЫ ФАРНÆН ЛÆГГАДГÆНГÆ ЦÆУЫН

5
2024



ИРОН ДЗЫРД

Дæ зæрдæйы бынæй цы бæстæйы уарзыс,
Гъе уый у дæ хъысмæт, дæ ном.
Ирон дзырд у махæн нæ фыдæлты намыс,
Ирон дзырд – нæ Иры цæсгом…

Ирон дзырд, мæ хуртæ, æнусты цæргæс у,
Цæй рагæй йæ агуырдтон æз!
Ирон дзырд, ирон дзырд… Уый мады æнгæс у.
Ирон дзырд – Хуыцауы хъæлæс.

Ирон дзырд у Хурдзæсгом, зæххыл нæ цуды,
У арв та йæ базырты бар.
Уый уалдзыгон бонау йæ мидбылты худы,
Уый гом кæны зæрдæйы дуар.

ЧЕДЖЕМТЫ Æхсар

НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Редакция
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Диана АЛБОРОВА
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

Редакционный совет
Борис ХОЗИЕВ, Станислав КАДЗАЕВ,
Клавдия ДЖУСОЕВА, Борис ГУСАЛОВ,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА,
Руслан БЗАРОВ, Зелим ВАТАЕВ

Владикавказ,
2024

МАХ ДУГ

5
2024

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

Редакци
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ÆЛБОРТЫ Дианæ
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

Редакцион совет
ХОЗИТЫ Барис, КЪАДЗАТЫ Станислав,
ДЖУСОЙТЫ Клавæ, ГУСАЛТЫ Барис,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,
БЗАРТЫ Руслан, УАТАТЫ Зелим

Дзæуджыхъæу,
2024

НОМЫРЫ ИС:

АРФÆТÆ 5

«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ

ПОЭЗИ

КАСАТЫ Батрадз. Зæрæхсиды фæлмæн сагъæстæ. *Æмдзæвгæтæ* ... 35

ПРОЗÆ

ГУСАЛТЫ Барис. Адгур. *Этюдтæ* 43

БУЛКЪАТЫ Игорь. Гæрæн. *Роман. Скъуыддзаг* 52

НОГ ТÆЛМАЦТÆ

ЗОЛОЙТЫ Аркади. Æфсир зæринау зад хуымты æрттивы. *Æмдзæвгæтæ* 63

КРИТИКÆ ÆМÆ ПУБЛИЦИСТИКÆ

ТЫБЫЛТЫ Алыксандр. «Мах дуг». *Уац* 67

ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ БОН

ДЖЫККАЙТЫ Шамил. Мадæлон æвзаг 71

ЦАРДÆЙ ИСТ ХАБÆРТТÆ

ТЪЕХТЫ Тамерлан. Рагбонты тырнæнтæ. *Цыбыр нывтæ* 72

БАКÆСÆМ НÆ ХУРТЫ ХУРТÆН

ХЪЫРГЪАТЫ Анжелæ. Мæ зарæг – уарзты тынтæй уафт. *Æмдзæвгæтæ* 78

«МАХ ДУГ» ХУДЫ

УАНИОН 83

ЗОНДЫ НЫХÆСТÆ

Литературæйы тыххæй загътой 87

ЖУРНАЛКÆСДЖЫТÆ ФЫССЫНЦ 90

«МАХ ДУГ»-ы ФЫЦЦАГ НОМЫР 93

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ 159

СОМБОНЫЛ ИВГЪУЫДЫ ХÆЗНАТÆ ТАУÆГ ЖУРНАЛ

Нæ зынаргъ хæлæрттæ!

90 азы сæххæст литературон-аивадон æмæ æхсæнадон-политикон журнал «Мах дуг»-ыл. Нæ интеллигенцийы хуыздæр минæвæрттæ йын бындур куы æвæрдтой, уæд сæ фæндыд, цæмæй дзыллæйы хона рухсмæ, фысджытæ, ахуыргæндтæ, æхсæнадон архайджытæ йæ фæрстыл дзурой, цы сæ тыхсын кæны, цæуыл бацин кæнынц, æппæт уыдæттыл.

Ирон æвзагыл журнал уадзыны фæлтæрæнтæ ма уый размæ дæр уыд, фæлæ царды рæз рахæссыны амонд хъысмæтæй фæци «Мах дуг»-ы. Æмæ абон у æцæгдæр не ʻмдугон. Нæ размæ нын уыцы иу рæстæг хæссы классикты уацмыстæ, райдай Хетæгкаты Къоста, Гæдиаты Секъа, Брытъиаты Елбыздыхъойæ æмæ фæу нырыккон фысджыты сфæлдыстадон æнтыстытæй. Ома ивгъуыд бæтты абонимæ æмæ сомбонимæ дæр, уымæн æмæ арæх раргом кæны мадæлон æвзагыл æнувыд ног авторты нæмттæ дæр.

Мах иууылдæр цæрæм, дуне æнæхъæнæй дæр кæм ивы, стыр историон фæзилæнтæн æвдисæн кæм стæм, ахæм рæстæг. Æмæ уыдæттыл дæр нæ журнал-юбиляр дзуры уæндон æмæ бæстонæй. Йæ фæрстыл æвдыст цæуынц Сæрмагонд æфсæддон операцийы

хъайтарты сгуыхтытæ, фаг æргом здахы Фыдыбæстæйы Стыр хæсты цаутæм дæр. Уæдæ нæ аивады архайджыты сфæлдыстадон сурæттæ, Ирыстоны хъæуты тыххæй æрмæджытæ дæр адæмы зæрдæмæ цæуынц. Æмткæй райсгæйæ, æппæт уыдæттæ сты патриотон хъомылады ахъаззаг фæрæз.

Нæ фæсивæды раст фæндагыл аразджытæ ныййарджыты æмрæнхъ фыццаджыдæр ахуыргæнджытæ сты. Æмæ уыдон, удварны хæзнатæ парахат кæнгæйæ, журналы æрмæгæй пайда кæнынц, сæхæдæг дæр йæ автортæ уæвгæйæ. Уæдæ нæ ахуыргæндтæ дæр – афтæ. Сæ зонадон иртасæнтæй дарддæр ма нæ размæ рахæссынц архивтæй, адæмон сфæлдыстады æвæрæнтæй æрмæг.

Афтæ куы зæгъæм, журнал «Мах дуг»-имæ нæ истори æмæ культурæйы зынгæдæр архайджытæ иуусылдæр баст сты, уæд нæ фæрæдидзыстæм.

Уæдæ ирон æгъдау, ирон традицитæ парахатгæнджыты тыххæй та журналы цас зонинæгтæ ссарæн ис! Абон, хъыгагæн, адæм зæрдæйы фæндиаг нал кæсынц аивадон уацмыстæ. Уый фæлтæрты хъомыладыл хорзæрдæм нæ зыны, фæлæ «Мах дуг» архайы уавæрыл сахадыныл.

Æнæ бафиппайгæ ма нæй аивадон тæлмацы традицитæ дарддæр кæныны хъуыддагæн. Уымæн ахъаззаг фæрæз у сыхаг регионтимæ сæрмагонд номыртæ уадзыны хъæппæрис. Афтæмæй, иуæй, ирыстойнæгтæ зонгæ кæнынц Цæгат Кавказы авторты уацмыстимæ, иннæмæй та ног тæлмацтæ хорзæрдæм ахадынц литературон процессыл.

Бæрæгбон арфæтæй фидауы, æмæ «Мах дуг»-æн мæ зæрдæ зæгъы, цæмæй, цы фæрнджын хъуыддæгтыл хæст у, уыдон йæ къухы æфтой. Йæ коллектив ноджы фылдæр æргом дарæд æрыгон автортæм, фыссæд, æхсæнады цы тыхсын кæны, уыдæттыл. Сæйрагдæр та – йæ къæбиц литературæйы алы жанры дæр æххæст уæд цымыдисаг æмæ актуалон уацмыстæй.

Журналæн мæ зæрдæ зæгъы, цæмæй йæ кæсджыты нымæц фылдæрæй-фылдæр кæна. Ирон йæхи чи хоны, йæ мадæлон æвзаг чи уарзы, уыдоны куыстуæтты æмæ хæдзæртты «Мах дуг» искуы иу хатт æрбафтæг уазæг нæ, фæлæ хион-хæстæджы хуызæн хъуамæ уа!

Дуг æмæ уæ рæстæджы хорзæх уæд, нæ уарзон Ирыстоны цæрджытæ!

Сергей МЕНЯЙЛО,
РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг

НÆ ФИДÆН НÆМ, ИРОНАУ ДЗУРГÆ, ХУДÆД!

Дунейыл цыдæриддæр хорздзинадæй ис, уыдон æнцой кæнынц рæстдзинад, хæлардзинад æмæ уарзондзинадыл. Хорз фæлтæртæ схъомыл кæнынæн, царды сæ раст фæндагыл сæвæрынæн фаг никæд уыдзысты канд дзыхы ныхас, хи дæнцæгтæ, уымæн æмæ уыдон сæхæдæг дæр къахыр уыдзысты æнæ моралон æмæ монон культурæйæ. Фыссæджы уацмыстæ адæмы размæ хæссын, кæстæрты сын сæ фæлгонцтыл хъомыл кæнын, хъайтарты цардвæндæгтыл сæ ауайын кæнын, сæ зæрдæты сын Фыдыбæстæмæ æмæ адæммæ уарзондзинады нæмгуытæ байтауын, сæ уидæгтæм сын се 'ргом аздахын у алы хистæрæн дæр йæ хæс, уæлдайдæр та литературон журналæн! Ууыл кусæм мах, æмæ куыстой, нæ размæ редакцийы цы куырыхон æмæ фæлтæрдджын хистæртæ уыд, уыдон дæр.

Ирон литературон журналы юбилей æрмæст редакцийы кусджыты бæрæгбон нæу. Уый у ирон адæмы иумæйаг бæрæгбон, журналкæсджыты æмæ йæ авторты бæрæгбон, йæ иузæрдион хæлæртты бæрæгбон, йæ фарсмæ чи 'рбалæууыд ацы цардæвзарæнты æмæ йæм йе уæхск чи æрбавæрдта, уыцы хæрзгæнджыты бæрæгбон!

Юбилей журналæн у удхъуыртты хос, дардбæлццон фæндагыл донхъæстæ куы фæвæййы, уыйау. Ам сæйрагдæр у фæстæмæ акæсын æмæ раст аргъ скæнын, цы бафтыд къухы, уымæн; къухы цы нæ бафтыд, дарддæр куыст куыд аразын хъæуы, ууыл та хъæуы ныхъхъуыды кæнынæн. Уый та ууыл дзурæг у, æмæ журналыл йæ адæмы раз цы хæс æвæрд ис, уый хæссынæн стыр хъарутæ кæй хъæуы.

Нæ уарзон хæлæрттæ! Не 'мдугонтæ! Бæрæгбоны хорзæх уæ уæд!

Куы райсæм уæ фыстæджытæ журналы тыххæй хъуыдытимæ, кæнæ нæм журналы ног номыры рацыды фæстæ телефонæй куы 'рбадзурут уæ цины æнкъарæнтæ нæм тагъддæр фæхæццæ кæныны тыххæй, уæд уыцы цин байуарут махæй алкæуыл дæр!

Мæ бæллиц та зæгъдзынæн Икъаты Владимиры ныхæстæй: «Нæ фидæн нæм, иронау дзургæ, худæд!»

ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ,
журнал «Мах дуг»-ы сæйраг редактор

ФАРНХÆССÆГ

Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд «Иры Стыр Ныхас» арфæ кæны литературон-аивадон æмæ æхсæнадон-политикон журнал «Мах дуг»-ы кусджытæ æмæ йæ сæйраг редактор Хетæгкаты Оксанæйæн, бирæ азты дæргъы ирон æвзаг бахъахъхъæнынæн æмæ парахат кæнынæн æвæджиауы рухстауæн куыст кæй кæнынц, аивадон дзырдмæ фæсивæды кæй æмхиц кæнынц, ирон адæмы истори æмæ традицион культурæ ахуыр кæнынæн сфæлдыстадон архайд кæй аразынц, уый тыххæй.

Ирон мыхуыры фæрæзтæ, «Иры Стыр Ныхас» хъуамæ кæддæриддæр царды цæуой уæхски-уæхск, æмцæдисæй архайой национ хæзнатæ бахъахъхъæныныл, адæмы фарн размæ хæссыныл, хъарутæ йыл æфтаугæйæ.

Мæн тынг фæнды, цæмæй ирон мыхуыры фæрæзты кусджыты фæллойæн аргъгонд цæуа аккаг уагыл, сæ уавæртæ та уой бæллиццаг! Фидарæй мæ уырны, абон журнал царды цы ныфсджын къахдзæфтæ кæны, уымæй ирон литературæйы фидæн зæрдæхсайгæ кæй нæ уыдзæн, кæй бахъомыл кæндзæн, раздæр журналы сыфтыл цы хъомысджын фысджыты уацмыстæ мыхуыргонд цыдысты, уыдонæн аккаг фæдонтæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, абон æнцон нæу ахæм уаргъ хæссын, уымæн ис аххосæгтæ, фæлæ, зындзинæдтæй нæ тæрсгæйæ, сæ дыстæ бафæлдахгæйæ, архайынц журналы кад дæлæмæ ма 'руадзыныл! Уый тыххæй сын зæгъын бузныг! Арфæ кæнын ирон журналкæсджытæн, фысджытæн æмæ сын се сфæлдыстадæн аргъгæнджытæн!

Дуджы хорзæх не 'ппæты дæр уæд!

УАТАТЫ Зелим,
ÆÆЗ «Иры Стыр Ныхас»-ы Координацион Советы сæрдар

«МАХ ДУГ» – ДУДЖЫ АЙДÆН!

«Бæзджын» литературон журналты тыххæй рæстæгæй-рæстæгмæ «ссудзынц» быцæу ныхæстæ. Уыдонæн вæййы алыхуызон аххосæгтæ, фæлæ алы хатт дæр сæ тыхст вæййы мыхуыры фæрæзы куыст фæхуыздæр кæнынил. «Бæзджын» журналтæн рæстæгимæ дæр ис быцæу ахастытæ. Цæимæ баст у ахæм уавæр, уымæн дзуапп ссарын æнцон хъуыддаг нæу.

Мæ абоны ныхасы сæр у нæ республикæйы рагондæр литературон журнал «Мах дуг». Кадджын уавæры бæрæг кæны йæ фыццаг номыры рацыды 90 азы юбилей. Арфæйы ныхæстимæ иумæ бафæрсдзынæн: «Цавæр тираж нымайæн ис хорзыл ирон национ литературон журналæн?» Ахæм уавæры цæрæм, æмæ йыл хъуамæ кусой, сæйраг редакторæй райдайгæйæ, ирон национ литературæ зынаргъ кæмæн у, уыдон иууылдæр.

Æрæджы журналы редколлегийы кар цалдæр фæлтæры фææрыгондæр, æмæ уый банымайын хъæуы раппæлинагыл. Фæлæ фидæны тырнын хъæуы, цæмæй дзы алы фæлтæртæ кусой, уымæ. Абон та уал хорзыл банымайын хъæуы, журналы редакцимæ кусынмæ сæйраг редактор Хетæгкаты Оксанæ, йе ‘мхъуыдыгæнджытæ Къелойты Альбинæ, Касаты Батрадз, Тъехты Тамерлан æмæ Æлборты Дианæ кæй æрбацыдысты, уый. Афтæ зæгъæн ис, редакцион советыл цы ног адæймæгтæ бафтыд, уыдоны тыххæй дæр. Бзарты Руслан, Уататы Зелим, Джусойты Клавæ, Къадзаты Станислав, Къусраты Анатоли æмæ Куыдзойты Анжелæ фæлтæрдджын адæм сты æмæ журналы «хуымы гутонвæд» нæ фехалдзысты. Журналы кусджытæм ис хорз фæндтæ, æмæ, сæ къухы æнтыстджынæй куы бафтой, уæд уый хорзæрдæм фæзындзæн сæ куысты алы къабазыл дæр.

Уыдонæй иу у, цардмæ сæ хæстæгдæр уæвын кæй фæнды, уый. Нæ сын æнтысы, зæгъгæ, нæ зæгъдзыстæм, фæлæ уæддæр журналкæсджыты нымæц зæрдæйы фæндиаг нæу. Æргъæ хæрдмæ ныццавтой, æмæ сæ бамбарæн ис – æрвылбон къæбæр амал кæнынил куы тыхсай, уæд ма дæ журналы мæт ис?! Фæлæ уæддæр «Мах дуг»-æн йæ куыст баст

у аивадон литературæимæ, æмæ йæ цыфæнды уавæрты дæр уыцы бæрнæй ничи суæгъд кæндзæн.

«Мах дуг», мæнмæ гæсгæ, у, фыццаджыдæр, нырыккон ирон аивадон литературæйы айдæн, æмæ, уым кæй æвдисæм, уый хъуамæ уа сыгъдæгцæсгом, уырзæй æвзæрст æмæ хæрзхъæд фыст. Авторы хъысмæт æмæ журналы хъысмæт хъуамæ кæрæдзийыл баст уой. Журналы азфысты йæ ирд фæд чи нæ ныууадза, уымæн бар нæй авторы ном хæссынæн, уымæн æмæ абоны уавæрыл дæр хæрзæгъдауджын адæм сагъæс фæкæнынц, журналы цы уацмыстæ рацæуы, уыдонмæ гæсгæ…

Чи уыдзысты «Мах дуг»-ы хæстæгдæр фидæны автортæ? Нæ фысджыты цалдæр фæлтæры, æмæ уый у хорзыл банымаинаг! Уыдонæн хъуамæ нæ дзырдаивады фидæн суа кувæндонмæ фæндаджы хуызæн, кæннод сæ фыдæбæттæй ницы рауайдзæн. Сбæрæг нæ кæнын хъæуы, ирон литературæйы дзуарæвæрд ног рæстæджыты размæ чи ахæсдзæн, уый. Ныхас дæр ыл нæй, уыцы хъуыддаг æнцон æххæстгæнæн нæу.

Стыр домæнтæ æвæры йæ авторты размæ журнал «Мах дуг»-ы редакци, æмæ йын нæ зæрдæ зæгъы сфæлдыстадон æнтыстытæ!

ХОЗИТЫ Барис,
РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдисы
сæрдары хæстæ æххæстгæнæг

ХУРЫ СКАСТАУ – ЙÆ АЛЫ РАЦЫД ДÆР



Зæххы цъарыл нывгонд дамгъæ куы фæзынд, уæдæй фæстæмæ дуне афтæ фæивта, æмæ йæ нал ис йæ фыццаг хуызæй базонæн. Ныры техникæ афтæ сырæзт, æмæ адæм хæйрæджы цæстытæ дæр аразынц. Фæлæ æнæнымæц компьютертæ куы æрымысæм, уæддæр мыхуыр дзырдæн баивæн ницæмæй ис. Уый йæ кад ницы диссæгты цур сафы. Раст фондзыссæдз азы размæ хæстæг нæ куырыхон, нæ кады фыдæлтæ уый тыххæй æрхъуыды кодтой Ирыстоны, Дзæуджыхъæуы сахары, аив-литературон журнал «Мах дуг» джиппы уадзын.

Æмæ ныр нæ бон у фидарæй зæгъын, нæ зонджын фыдæлтæ мис-

хал дæр кæй нæ фæрæдыдысты. Сæ гъæйтт-мардзæ нывæфтыд уацмыстæ-иу æппæты фыццаг рухс уым федтой нæ комæйкургæ фысджытæ Нигер, Æрнигон Илас, Мамсыраты Дæбе, Дзаболаты Хазби, Хъодзаты Æхсар, Ходы Камал æмæ иннæтæн. Ныры ирон фысджыты аивдæр уацмыстæн дæр сæ фæндаг уырдыгæй райдайы. Æцæг ирон чиныгкæсæг журналы алы ног номыры рацыдмæ, зæгъæн ис, æнæрхъæцæй уымæн фенхъæлмæ кæсы.

«Мах дуг»-ыл чи куыд зæрдæйæ у, уымæй базонæн ис, нæ нывæфтыд литературæмæ чи цы зæрдæ дары, уымæн. Æмæ уый цурон ныхас нæу, фæлæ æцæг афтæ хъуыды кæнын. Æндæр хабар у, нырткæккæ æнæхъæн дуне дæр бырынцъаг фæндагыл кæй лæууы – аивад бæрзонд исын, нæхицæн, нæ цардæн уырдыгæй аргъ кæныны бæсты нæ хъус дарæм æрмæстдæр нæхимæ мулк хафыныл. Бафсис нын ницæмæйуал ис. «Кадмæ бæлгæйæ, æгадæй мæлæм». Уымæ гæсгæ дуне стыр фысджытæй фидиуы, литературæ – зæрдæзæгъгæ аивадон уацмыстæй...

Нырткæккæ чи зæгъид, куыд цæрид Ирыстон æнæ ацы журнал? Мæнмæ гæсгæ, нæ ирон адæмæй бирæтæ æрхæссиккой сæ сæртæ нывондæн йæ сæрвæлтау. Æнусмæ хæстæг ирон дзырдæн лæггад кæй кæны, уымæй ныл хъуамæ йæ алы ног номырæй дæр хур кæсид.

«Мах дуг» æрмæст нæ рæстæджы цæсгом æвдисæг нæу, фæлæ йæ разы æвæры хæс, цæмæй æвдиса Ирыстоны цæсгом ивгъуыдæй фидæнмæ рæстагонæй, æнæхъæнæй. Æмæ уый кæд тынг зын хæс у, уæддæр æнæмæнг у æххæст кæнинаг, æмæ уыцы хъуыддагыл йæ къух уымæн никуы ауыгъта. Никуыдæр у рох кæнинаг.

Æппæлæн дзырдыл фыдæлтæй фæстæмæ чъынды куынæ уаиккам, хорзæй хорз зæгъын рæстæгыл куы уаид нæ бон, уæд нæ сæрыстырæй чи нæ уадзы зæгъын:

Абухы нæ уæнгты саг-туг –
Иры цæсгомæвдисæг нын у «Мах дуг»!

Æмæ нæм уыцы хъуыддаджы азымхæсджытæ, – Хуыцау уæлейæ кæсы, – дзæвгар нæ фæуаид, кæд зæрин хурыл дæр сау стъæлфытæ агурын ахуыр стæм, æмæ нын æнæ уый цард æхцон ад нæ фæкæны, уæддæр.

Фæлæ, куыдфæнды нымайæм, бæрæгбон зæрдæбын арфæтæй фидауы, æмæ мæн дæр ирон фысджыты номæй «Мах дуг»-ы редакцийы

кусджытæн æмæ журналкæсджытæн, нæ адæмæн фыццаджы-фыццаг фæнды фидар, æнæфæцудгæ æнæниздзинад, фидыдад, куыстхъомдзинад, йæ автортæн – аивадон-зонадон стыр æнтыстытæ, чиныгкæсджытæн ноджы фылдæр зæрдæрухсгæнæн уацмыстæ куыд лæвар кæной.

ХЪАЗИТЫ Мелитон,
Ирыстоны Фысджыты цæдисы æмсæрдар,
Къостайы номыл премийы лауреат,
Къостайы орденхæссæг фыццаг фыссæг

КОЛЫБЕЛЬ ОСЕТИНСКОЙ ЛИТЕРАТУРЫ

К 90-летию журнала «Мах дуг»

Каждый литературный журнал – это социокультурный феномен, хранитель литературных традиций и высоких эстетических стандартов, а журнал на национальном языке в нашу эпоху глобализационных рисков и утраты родных языков – это и национальное достояние. В нем – история мысли и духа народа, в нем соборность народа, в нем сходятся прошлое, настоящее и будущее нации, сходятся поколения. Образное звание колыбели осетинской литературы, данное журналу, уже говорит о непреходящем его значении в истории республики. 90-летие журнала «Мах дуг» мы, дагестанцы, воспринимаем и как свой праздник, потому что нас связывают традиции дружбы с Северной Осетией, потому что нам, писательской организации – Клуб писателей Кавказа, – близки те цели и задачи, которые стоят перед вашим изданием. Вы представляете панораму художественной и общественно-политической мысли прошлого и современности, воссоздаете полный, часто противоречивый образ текущего литературного процесса, поддерживаете и развиваете традиции литературы в их разнообразии, формируете и поддерживаете определенный уровень эстетического сознания общества, что в условиях снижения художественных вкусов крайне важно для любителей чтения и профессиональных участников литературно-художественной деятельности. Несмотря на сложность функционирования

в современных условиях, литературные журналы на национальных языках выживают и находят новых читателей, и в этом большая заслуга редакционного коллектива и главного редактора.

Благодаря продуманной и значимой политике коллектива, «Мах дуг» стал известен и в других республиках северокавказского региона. Издание обменных номеров, в том числе и дагестанского номера, – это прекрасный пример и для наших литературных журналов, подхвативших такой опыт. Презентация номера с произведениями дагестанских авторов на осетинском языке превратилась в Махачкале в настоящий праздник дружбы. «Мах дуг» вносит неоценимый вклад в развитие осетинской литературы, в дело сохранения родного языка, но кроме того журнал также – один из важнейших институтов развития межнациональных отношений, и в этом велика заслуга главного редактора Оксаны Хетагуровой, являющейся руководителем осетинского отделения Клуба писателей Кавказа.

Клуб писателей Кавказа сердечно поздравляет весь коллектив журнала «Мах дуг» с юбилеем, желает и дальше идти в ногу со временем и впереди него, завоевывая сердца новых читателей. Пусть читательское признание и дальше будет залогом вашего развития!

Миясат МУСЛИМОВА,
Кавказы фысджыты Клубы президент, Дагестан

«МАХ ДУГ» И НАША ЭПОХА

«Мах дуг» – это не только зеркальное отображение современной осетинской литературы, но и ориентир, а также и эталон хорошего вкуса. Это происходит только благодаря слаженной работе редакторов журнала во главе с талантливой и обаятельной Оксаной Хетагуровой, которую озаряет свет и согревает тепло великого сына осетинского народа Коста.

«И красота ветвей начинается с корней», – гласит балкарская пословица. Корни журнала «Мах дуг» – мудрый осетинский народ, Коста Хетагуров, Нафи Джу-

сойты, Камал Ходов, Руслан Тотров, Гастан Агнаев и многие другие мастера слова.

Желаю, чтобы плоды «Мах дуга» пришлись по вкусу его изысканным читателям и почитателям. Пусть будет мир под небом, покой в сердцах людей, счастье в каждом доме единокровного народа Осетии.

Журнал «Минги-Тау», младший брат «Мах дуга», с гордостью публиковал и будет публиковать лучшие образцы классиков и современных поэтов и писателей Осетии.

«Мах дуг» – не только «Наша эпоха», а эпоха дружбы и братства наших народов, что подтверждает правоту народного поэта Берта Гуртуева: «Россия велика, покуда в ней народ народу – брат».

Успехов и процветания тебе, литературный «Мах дуг!»

Аскер ДОДУЕВ,
литературон журнал «Минги-Тау»-ы сæйраг редактор,
Кæсæг-Балхъары Республикæйы адæмон поэт

УСПЕХОВ И ПРОЦВЕТАНИЯ!

Творческие связи между чеченской и осетинской литературами имеют давние традиции. Еще в 1980-е годы на страницах журнала «Орга» были опубликованы произведения писателей Северной Осетии. В начале нулевых благодаря редактору отдела прозы журнала «Мах дуг» Борису Гусалову и главному редактору журнала «Орга» Мусе Ахмадову был налажен культурный мост между редакциями журналов на национальных языках двух республик. Тогда же на страницах журнала «Мах дуг» были опубликованы произведения чеченских писателей в переводе на осетинский язык. С приходом на должность главного редактора журнала «Мах дуг» Оксаны Хетагуровой связи между двумя редакциями вышли на новый уровень. По ее инициативе был осуществлен проект, так называемый «обменник»: «Мах дуг» (№2, 2022) посвятил журнал чеченской литературе в переводе на осетинский язык, а на страницах журнала «Орга» (№2, 2022) были опубликованы произ-

ведения осетинских писателей в переводе на чеченский язык, причем были представлены как современные авторы, так и классики осетинской литературы.

Осетинская литература имеет богатую историю и традиции. Всей стране известны имена авторов, которые творили еще в XIX веке: Темирболата Мамсурова, Александра Кубалова, Георгия Цаголова и, конечно же, Коста Хетагурова. С установлением в крае Советской власти, когда повысился уровень общего образования населения, а у народов Северного Кавказа появились свои печатные органы, осетинская литература стала бурно развиваться, появились поэты, писатели, драматурги, которые вносили вклад в дело развития национальной культуры. Большую роль в этом благородном деле играл и до сих пор играет литературно-художественный журнал «Мах дуг».

«Мах дуг» – один из старейших национальных журналов на Северном Кавказе. Он основан в 1934 году, то есть является ровесником Союза писателей страны. Помимо литературы, журнал уделяет большое внимание фольклору, изобразительному искусству, театру, музыке... Отрадно отметить, что значительная часть читателей журнала «Мах дуг» – это молодежь. Свидетелем этому был на различных мероприятиях, организованных редакцией журнала. И это очень важно в наш век Интернета, когда малые народы России, в том числе и Северного Кавказа, столкнулись с проблемой, о которой несколько десятилетий назад трудно было и подумать – с проблемой плохого владения (или полного невладения) подрастающим поколением родным языком. К этому нужно добавить и такой факт, что в наше время невелик процент людей, которые вообще что-либо читают. И в такой ситуации журнал «Мах дуг» занимается очень нужным и благородным делом, живым художественным словом налаживая диалог с молодыми читателями, показывая им всю красоту и неповторимость родного языка, традиций.

Поздравляю редакцию журнала «Мах дуг» с девяностолетним юбилеем и желаю творческих успехов и процветания!

Сулиман МУСАЕВ,
Паддзахадон автономон уагдон «Издательский дом»-ы директор,
Цæцæны Республикæ

НÆХИ «МАХ ДУГ»

Йæ бонæй уа, абон зæрдиагæй кæуыл цин кæнæм, бирæ хъарм арфæтæ чи исы! Æмæ уый хуымæтæджы нæу. Журнал кад æмæ радимæ 90 азы дæргъы ирон адæмы культурæйы сæрхъуызойы бынаты хъæддыхæй лæууы. Мингай кæсджытæ йæ нымайынц национ литературæйы фидар цæджындзыл. Кæд йæ кары бацыд, уæддæр æрыгонæй-æрыгондæр кæны. Йæ рухсдæттæг фæрстыл цы рæсугъд хъуыдытæ фыст цæуынц, уыдон ныфсы, хъаруйы хос сты, чи сæ кæсы, уыдонæн.

Ахæм цины бон мæн фæнды иучысыл ивгъуыд рæстæгмæ акæсын.

1934 аз стыр амонд æрхаста ирон адæмæн. Коммунистон партийы Цæгат Ирыстоны обкомы бюро бауынаффæ кодта аивадон-литературон æмæ æхсæнадон-политикон журнал «Мах дуг» уадзын. Уый фæдыл историон гæххæттыл йæ къух бавæрдта обкомы секретарь, фыццаг ирон советон газет «Кермен»-ы раздæры редактор Бутаты Хъазыбег. Уый, нæ интеллигенцийы раззагдæр минæвæрттæй иу, хорз æмбæрста, æнæ сæрмагонд мыхуыры оргæнæй национ литературæйæн парахатæй рæзæн кæй нæй. Фысджытимæ иумæ уырзæй сгарæгау бацагуырдта журналы редколлегийы уæнгтæ. Уыдон уыдысты нæ разагъды лæгтæ: Къосираты Сæрмæт, Дзесты Куыдзæг, Дзанайты Иван (Нигер), Фæрниаты Къоста (Фæрнион) æмæ Боциты Барон. Сæйраг редакторы зын æмæ кадджын бынаты нысангонд æрцыд Къосираты Сæрмæт.

Мах абон хъуамæ сызгъæрин дамгъæтæй ныффыссæм, ахæм ахсджиаг хъуыддагмæ уыцы тыхст рæстæг йæ ныфс чи бахаста, нæ уарзон журналæн фидар къæйдуртæй бындур чи сæвæрдта, уыдоны нæмттæ.

«Мах дуг» хуымæтæджы нæ бачындæуыд Къосираты Сæрмæты бар. Уый æрмæст курдиатджын журналист æмæ литератор нæ уыдис, фæлæ арæхстджын организатор æмæ æхсæнадон архайæг дæр. Зæгъæм, 1932 азы Дзæуджыхъæуы дыууæ педагогон институты куы байгом ис – 2-æм Цæгаткавказаг æмæ Ирон, – уæд облæсты хицауад Ирон пединституты ректорæй сæвæрдта Сæрмæты, уымæн æмæ йын зыдта йæ зонд, йæ хъару, йæ ныфс. 1924 азы Мæскуыйы Журналистикæйы паддзахадон институты куы ахуыр кодта, уæд Мæскуыйы пролетарон фысджыты иугонды цур

сарæзта ирон хайад «Зиу». Йæхицæй дарддæр ма оргбюройы уыдысты Хъуылаты Созырыхъо æмæ Кокиты Георги. 1925 азы хайад Мæскуыйы рауагъта ирон æвзагыл литературон альманах «Зиу»-ы фыццаг чиныг.

1925 азы декабры хайад кусын райдыдта Дзæуджыхъæуы. Йæ алфамбылай æмбырд кодта Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны литературон тыхтæ. 1927 азы, йæ редактор Къосирайы-фырт, афтæмæй рацыд альманах «Зиу»-ы дыккаг чиныг. 1925 азы Сæрмæт сси газет «Рæстдзинад»-ы сæйраг редактор. Диссаджы зондджын æмæ фæллойуарзаг адæймаг стыр хæрзты бацыд æрмæст ирон журналистикæйæн нæ, фæлæ национ литературæ æмæ культурæйæн. Уыди Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдис саразыны оргкомитеты сæргълæууæг, уый фæстæ та – йæ сæрдар, журнал «Мах дуг»-ы фыццаг редактор. Йæ авналæнтæ цас парахат уыдысты, уымæн ма ис нoджыдæр иу æвдисæн. 1935 азы нæ номдзыд Ирон театр куы байгом, уæд Сæрмæт сси йæ фыццаг директор.

Гъе ахæм курдиатджын лæджы разамындæй боны рухс федта «Мах дуг». Журнал йæ фыццаг номырæй фæстæмæ бацахста ахсджиаг бынат ирон адæмы культурон царды, сси, фыссæджы куыст чи кодта, уыдоны хъарм авдæн.

Фидарæй афтæ зæгъæн ис, æмæ нæ классиктæ иууылдæр сæ бындурон фæллæйттæ рæгъмæ рахастой «Рæстдзинад» æмæ «Мах дуг»-ы фæрстыл. Боциты Барон, Мамсыраты Дæбе, Плиты Грис, Дзаттиаты Тотырбег, Мæрзойты Сергей, Цæголты Васили, Токаты Асæх, Дарчиты Дауыт, Джусойты Нафи, Дзугаты Георги, Плиты Харитон, Цæрукъаты Алыксандр, Хъазыбегты Хъазыбег, Цæрукъаты Владимир, Цырыхаты Михал, Темыраты Давид, Бесаты Тазе, Цæгæраты Максим æмæ Гиго... Абоны литераторты фæлтæры минæвæрттæ, дзæбæхæй нын цæрой, Дзасохты Музафер, Цомартаты Изæтбег, Агънаты Гæстæн, Кокайты Тотраз... Журнал йæ царды фыццаг бонтæй фæстæмæ дзыллæты ‘хсæн парахат кæны ирон адæмон сфæлдыстады хуыздæр æвдисæндартæ.

Уæлдай æхсызгон у, «Мах дуг»-ы кусджытæ æмæ авторты бирæ фæлтæртæн сæ фылдæр каст кæй фесты Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон педагогон институт, ныртæккæйы университет. Ноджы ма нæ фидар бастдзинадæн ис ахæм æвдисæн: нæ уæлдæр ахуыргæнæндоны ирон филологийы факультеты профессортæ, доценттæ, аспиранттæ, студенттæ, йæ рауагъдонтæ – скъолаты ахуыргæнджытæ – ахуыргæнæн чингуыты æмрæнхъ парахатæй пайда кæнынц «Мах дуг»-ы æрмæджытæй.

Журнал йæхимæ æрбаввахс кодта бирæ ахуыргæндты сæ зонадон уацтимæ. Йæ хъæппæрисæй журналы иузæрдион авторты систы бирæ профессортæ, зæгъæм, Тотойты Михал, Цуциты Барис, Мæхæмæтты Æхсарбег, Тедтойты Аслæмбег, Салæгаты Зоя æмæ æндæртæ. Уыдоны куыстытæ стыр пайда фесты ног фæлтæрты ахуырады æмæ наукæйы бæллиццаг фæндæгтыл æрлæууын кæныны хъуыддаджы.

«Мах дуг»-ы бирæ хорздзинæдтыл дзургæйæ, фидарæй зæгъæн ис, æмæ уый йæхи кæй нæ ныггуыбыр кодта æрмæст ирон литературæйыл. Йæ фæрцы бирæтæ сæ мадæлон æвзагыл бакастысты уырыссаг æмæ дунеон классикæйы хуыздæр минæвæртты: Лев Толстой, Федор Достоевский, Алишер Навои, Шота Руставели, Омар Хайям æмæ ноджы бирæ æндæрты. Уæдæ нæ сыхаг адæмты фысджыты хуыздæр уацмыстæ цæстуарзонæй кæй уадзы, уый дæр кæуылты æппæлинаг хъуыддаг у! Умæн та ма ис ноджыдæр стыр политикон ахадындзинад: æххуыс у алы æвзæгтыл дзурæг æмæ алыхуызон динтыл хæст адæмты кæрæдзимæ æввахсдæр кæнынæн.

«Мах дуг» цæрæд æмæ цæрæд, йæ кусджытæ та дзæбæх, æнæнизæй ног æмæ ног авторты æмæ фæндæгтæ сгарæнт.

МÆХÆМÆТТЫ Ахуырбег,
историон наукæты доктор, ЦИПУ-йы президент

«МАХ ДУГ» – НÆ УЛÆФТ, НÆ ТУГ

Никуы райхъуыст æргомæй йæ ном, журналыл йæ тæккæ ноггуырдæй ацы ном мыггагмæ чи аныхæста, уымæн.

Чиныгкæсджыты, чингуытæ фысджыты алы фæлтæр дæр æй цæмæй йæхи дуг-заман хона, йæ уацмыс дзы-иу фыццаг хатт кæмæн федта дунейы рухс, уымæн та-иу куыд басгуыха йе сфæлдыстадæн дзаг риуæй улæфт æмæ йæ зæрдæйы цыренгонд туг.

Ахæм амонды хур дзы мæнæ мæхиуыл скаст уартæ 1961 азы йæ 9-æм номыры – ныккритикæ дзы кодтон суанг Дæбейы ног роман «Адæм адæм сты». Æмæ мын, маладес, лæппу, маладес, зæгъгæ, чи загъта, мæ мæллæг æвзонг уæхскыл мын йæ дзæмбы стыр къух æрæвæргæйæ, уый кад та, уый – Цæрукъаты Алыксандры!

Мæ ивылгæ-æнхъæвзгæ цин ма арвы уæрæхы æмæ зæххы фæтæнты цыд! Уалынджы дын мын гонорар дæр куы бафидиккой – мæхи хуызæн студент лæппуты, Æхсар æмæ Васойы, ахоныны фаг, æмæ, нæ «гæлæбутæ куы стахтысты», уæд мын аца дыууæ æрыгон поэты мæ ном куы фæуæлбыл кæниккой: «Ныр ды дæр махæй дæ – фысджытæй…»

Рæстæг цыд, замантæ ивтой, хиды бынты бирæ дон акалд, æз дæр уайæнты ауадтæн, хæтæнты фæхаттæн, ахуыргæнæгæй дæр фæкуыстон, газетты – иннæ ахæм, стæй дын æнæхъæн 33 азы дæргъы фæстæ билцъ уадзын куы райдаин «Мах дуг»-ы куыстуаты. Уарзты бонтæ дæр æмæ дзы масты бонтæ дæр цы арвыстон, уыдон та мæрдты дæр – мæхи.

Сæйраг редактор Æхсар хæрды дæр æмæ уырдыджы дæр Æхсар уыд, нæрæмон поэт, фæлæ уæлдай арфæйагдæрæй æрымысын æмбæлы дзæнæты рухсы бадинæгтæ Дегъуаты Соня æмæ Хъæрæцаты Зæирæйы, ам, журналы редакцийы, æнувыдæй бирæ азты фæфæллойгæнджыты. Соня йæхæдæг дæр æнæ курдиат нæ уыд, аив дзырды бæрны-иу бацæугæйæ, уæдæ Зæирæ та тæлмац кæнынмæ арæхст. Уæздан ирон сылгоймагæй мæ цæстытыл ауайы нæ сæйраг бухгалтер Дзигасты Софья дæр. Рухсаг уæнт…

Зæронд кусджытæй ма, æнхъæлдæн, æз æмæ Хуыгаты Сергей стæм цардæгас. Рагон зæронд кусджытæй, ома…

Кæддæрты дын прозæйы хайады редактор Бицъоты Грисмæ куы бауырдыг уаин:

– Ныр цы уацмыстæн раттыс фæндаг журналы табуйаг фæрстæм, цы?! Къулы газеты рауадзыны аккаг дæр куынæ вæййынц, уæд…

Уый мæм бартхъирæн кодта:

– Мæнæ иуахæмы ды мæ бынаты æрфæтъæн уай, æмæ йæ уæд кæстæртæ фендзысты, ды та цавæр шедевртæн уыдзынæ дуаргæс, уый!

Цы загъдæуа: æнæ хæмпæлгæрдæг иу хуым дæр нæ вæййы, фæлæ та кæс, æмæ хъолоты ‘хсæнæй йæ курдиатджын сæр сдары йед… Номæй никæй амондзынæн – не ‘ппæты дæр æдзæстхиз рæстæг кæд рæстырдæм бахсæдид.

Фæлæ нын цыфæндыйæ дæр хуыздæр фидæнæй фидар ныфсæвæрдæй «Мах дуг» цæра, уымæн æмæ, аив дзырды бон дæр куыд ивгъуыйы, афтæ йын нæй æнæ фарн хæсгæ.

ГУСАЛТЫ Барис,
Уæрæсейаг фысджыты цæдисы уæнг

ИРОН УД ÆМÆ ФАРНЫ «ЦÆРÆНУАТ»

Йæ рæстæджы хæрз æрыгонæй сисфæлварæн кодтон, æмæ ме 'мдзæвгæтæ æмæ радзырдтæ мыхуыргонд цыдысты Хуссар Ирыстоны литературон журнал «Фидиуæг»-ы. Фидæныл хъуыдытимæ ма мын публицистон уацты æмбырдгонд дæр рацыд, æмæ ууыл мæ «литературон басгæрстытæ» ахицæн сты – уыцы уæззау æмæ бæрнон куыстæн мын рæстæг нал фæцис.

Фæлæ «Мах дуг» уарзын, æдзух æй кæсын, æмæ, йæ редколлегийы уæнг кæй дæн, уый мын æхцондзинад дæр хæссы, цавæрдæр хæс дæр мыл æвæры. Зындгонд ирон фыссæг, мæ мадыфсымæр Букуылты Алыксийы хæдзары сывæллонæй «Фидиуæг» бирæ фæкастæн æмæ уый руаджы мæ мадæлон æвзаг, мæ адæмы æгъдæуттæ æмæ традицитæ хорз зонын. Гъемæ мын уыцы хъуыддаджы «Мах дуг» дæр æххæстæй фæахъаз. Ирон уд, аив дзырд æмæ фарны «цæрæнуат» у журнал цæргæ-цæрæнбонты, æмæ йын уыцы хъару хъомысджындæр кæнæд!

Мадæлон æвзагыл цæуæг газеттæ æмæ журналтæ нæм Ирыстоны сты «Рæстдзинад», «Хурзæрин», «Мах дуг» æмæ «Фидиуæг», æмæ Ирыстоны дзыллæйы хæс у сæ редакциты кусджыты фарсмæ лæууын, æххуыс сын кæнын, сæ фыдæбоны тыххæй сын «бузныг» дзурын. Æз та «Мах дуг»-æн, куыд йæ редколлегийы уæнг, пайдадæр уæвынил архайдзынæн. Мæ зæрды ис ногæй бакусын мæ раздæры уацтæй иу «Если умный, то почему такой бедный»-ыл æмæ йæ иронау рауадзын. Йæ рæстæджы мын мæ уацтæ ирон æвзагмæ ратæлмац кодтой Букуылты Алыкси æмæ Æлборты Хаджумар. Чи зоны, уыдонæй дæр исты журналкæсджыты ног фæлтæрæн фæахъаз уа…

КЪУСРАТЫ Анатоли,
УНА-йы Дзæуджыхъæуккаг наукон центры зонадон разамонæг,
«Мах дуг»-ы редакцион советы уæнг

ИРОН ДЗЫРДЫ КУЫРДАЛÆГОН – «МАХ ДУГ»

Дзырд у царды æнусон бындур, йæ *аразæг* æмæ *пырхгæнæг. Дзырды* руаджы райгуырынц уарзондзинады æлутон æнкъарæнтæ, сомбоны фæрныг хъуыдытæ, абоны цин æмæ масты уылæнтæ, фыдæхдзинадыл тæрхон. *Дзырды* æнæ фæцудгæ тыхыл бирæ ныхас ис, суанг ма Библийы дæр: «Фыццаг уыд *Дзырд. Дзырд* уыд Хуыцаумæ, Дзырд у Хуыцау!»

Уæдæ ирон дзырды зæрдæйы рæбын дæр æмбæхст сты æппæт Алантæ-Ирæтты удварны хæзнатæ, сæ царды истори, сæ културæ æмæ даргъ фæндæгты азфыст.

Æмæ кæм рамбырд вæййынц ирон Дзырдтæ, кæм вæййы сæ *Ныхасы бынат*, кæм рахæссынц адæмы размæ сæ бæллицтæ, цин æмæ куырыхон хъуыддæгтыл тæрхæттæ?

Уыцы *Сызгъæрин Галуан* та у, ирон æвзагыл цы газеттæ æмæ журналтæ цæуынц, уыдоны хуры тынау хъарм æмæ урс-урсид *Сыф. Æмæ Сызгъæрин Галуаны* фынгыл кувæг у йæ 90 азы юбилейыл кад æмæ радимæ æмбæлæг журнал «Мах дуг». Абоны *Удварны Къæбицæн* Ирыстоны арф кæмтты æмæ бурдидинæгджын уыгæрдæнты йæ фыццаг зард куы азæлыд, уæд ыл *Саг амбæлд,* æмæ йæ адæм фыр буцæн схуыдтой *«Фыццаг зарæггæнæг».*

Фыццаг уæлмонц хъуыды та кæддæриддæр вæййы *Фарнхæссæг,* æмæ йæ фарны дзырд абон дæр ныфсджынæй ленк кæны ирон царды денджызы гуылфæнты æмæ сси *Адæмон.*

Адæмон кæй у журнал, уый бæрæг у йæ номæй дæр – «Мах дуг». Куырыхон ми бакодтой нæ хистæр дзырдаивады зиууæттæ, ахæм ном ын кæй æрхъуыды кодтой, уымæй. Бирæ æмæ бирæ фæлтæртæ сты сæрыстыр сæ *Дуджы журналæй*, уымæн æмæ у сæ рæстæджы *Азфыссæг.*

Абон та журнал йæ мидисджын æмæ актуалондзинады темæтæм гæсгæ ахызт Ирыурссæр хæхты сæрты бæстæйы æндæр рæттæм æмæ фæсарæнтæм дæр. Кæсынц æй, иронау дзурæг адæм кæмдæриддæр цæрынц, уым. Уыцы æвæлмон хабар та у йæ редакцийы алы азты æмæ абоны кусджыты хъазуатон архайды ирд дæнцæг.

Журнал «Мах дуг»-æн йæ хъуытаз хъæлæс раст Нарты номхæссæн Ацæмæзау хъуысы хæхты æмæ быдырты цæрæг ирæттæм. Хæссы сæм Аланты фæдонты рæсугъд кафт æмæ зарды мелодитæ, æвдисы сын се ‘хсар, сæ лæгдзинад, сæ фарн, у сын *Рухстауæг* æмæ *Цырагъдар.*

Уадз æмæ, алайнаг æвзаджы къæбицы цы дзырдты кæритæ ис, уыдон дидин æфтауой тъымы-тъыматæм!

ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
журнал «Мах дуг»-ы редакцион советы уæнг

ЙÆ ИСТОРИОН АХАДЫНДЗИНАДÆН АРÆНТÆ НÆЙ

«Мах дуг»-ы историон ахадындзинад искæд æнæмæнг бæстон иртæст æрцæудзæн. Æмæ уæд иртасджытæ зæгъдзысты, йæ бавæрæн æрмæст национ литературæйы рæзтæй кæй нæ ахицæн, – аргъ кæнын ын æмбæлы æмткæй нæ културæйы фæлгæты. Хатыр курын, журналыл дзургæйæ, мæхи кой кæй кæнын, уый тыххæй, фæлæ национ джиппы рауагъд хуымæтæг ирон адæймаджы цардыл ахадыны дæнцæг у.

Фыццагдæр æрымысон, цæрæнбонтæм мын се стыр курдиат, хæларзæрдæ ахаст, уæздандзинад æмæ æхсарæй фæзминагæй чи баззадысты, редакцийы уыцы кусджытæ Хъодзаты Æхсар æмæ Дзуццаты Хадзы-Мураты. Ирон литературæйы сын цы бынат ис, уый, мæнмæ гæсгæ, амонын никæмæн хъæуы. Кæй сæ уыдтон æмæ сæ кæй хъуыстон, уый нымайын стыр амондыл.

«Мах дуг»-ы кæсæгæй мæхи хъуыды кæнын 1970-æм азты райдианæй фæстæмæ. Уæд ма нæм уыди, кæсын чи нæ зыдта, ахæм хистæртæ. Æз сын кастæн, мæ зæрдæмæ тынгдæр чи цыдис, уыцы æрмæджытæ. Хорз хъуыды кæнын, Къарджиаты Бекызæйы куыстæн мæ мадымад цы стыр аргъ кодта, уый. Йæ «Ирон æгъдæуттæ» йын хайгай æппæты фыццаг «Мах дуг» рауагъта.

Фыдæлты æгъдæуттæ хорз кæй зыдта, уый тыххæй мæ мадымад адæмы ‘хсæн уæлдай нымад уыд. Уæды рæстæджы фæзынди «фы-

дæлты æгъдæутты ног аразджытæ». Нæ мæ рох кæны мæ мадымады ахаст ахæм æдылы хъæппæристæм. Йæ хъуыды-иу цыбырæй загъта: «Йæ хæдзары йæ кæнæд». Бекызæ мын цæрæнбонтæм уарзон авторæй кæй баззад, ууыл дзырд дæр нæй.

Дæс азы рацыд, студент ма уыдтæн, æмæ «Мах дуг»-ы фæзынд мæ фыццаг уац. Мæ ахуырадон къæпхæнтæ æмæ нæмттæ мын лæвæрд æрцыдысты, журналы мыхуыргонд æрмæджытæ ма наукон хатдзæгты номхыгъдмæ куы хастой, уыцы рæстæджыты.

Уæдæ, кæй зæгъын æй хъæуы, сæрыстыр уæвæн ис, мæ фыстыты фылдæр хай мæхи хъæппæрисæй нæ, фæлæ редакцийы кусджыты курдиатмæ гæсгæ кæй æрцыдысты мыхуыргонд, уымæй. Афтæ фæзындысты журналы фæрстыл, зæгъæм, Ирыстоны цыбыр истори æмæ Мамсыраты Темырболаты биографи.

Абон литературон журналты уавæр бæллиццаг нæу. Фæнды мæ, цæмæй йæ иузæрдион хæлæрттæ æмæ кæсджыты фæндиаг «Мах дуг» фæуæлахиз уа æппæт зынтæ æмæ цæлхдуртыл!

БЗАРТЫ Руслан,
историон наукæты доктор,
журнал «Мах дуг»-ы редакцион советы уæнг

ФÆСИВÆДЫ ЙÆ АЛЫВАРС ÆНГОМГÆНÆГ ЖУРНАЛ

Журнал «Мах дуг»-æн ирон адæмы царды йæхи сæрмагонд бынат ис, зæгъгæ, куы зæгъон, уæд, æвæццæгæн, рæдыд ныхас нæ уыдзæн. «Мах дуг»-æн йæ хистæр æфсымæр «Фидиуæг», Хуссар Ирыстоны журнал, уыд хорз фæндагамонæг æмæ хæлар зондамонæг. Ныр «Мах дуг» йæхæдæг дæр йæ кары бацыд, æмæ «Фидиуæг»-имæ иумæ хистæрты ном кадимæ хæссынц Ирыстоны æрыгондæр журналты æмæ журналкæсджыты раз.

Лæг йæ хæстæ, йæ нысан куы уына æмæ куы ‘мбара, уæд сæ æххæст кæнын æнцондæр у. Афтæ – мыхуыры фæрæзтæн дæр. Æмæ уыцы хорз миниуæгæй хайджын у «Мах дуг». Йæ райдайæнæй фæстæмæ

йын уыд курдиатджын разамонджытæ (номæй-номмæ сæ нæ нымайдзыстæм; кæм сты, уырдыгæй æххуысгæнæг уæнт сæ фæдонтæн). Уыдон хорз мыхуыры фæрæзы скъола сарæзтой æмæ ныууагътой абоны кусджытæн.

Æз хорз хъуыды кæнын, скъоладзауæй куыд кастæн журнал, уый. Фæлæ уæддæр мæ зæрдæмæ уæлдай хæстæгдæр фæци студенты бонты, фыццагкурсон уæвгæйæ, нæ факультеты æмæ æмдзæрæны алы бон кæй уыдтон, уыцы хистæркурсонты мыггæгтæ æмæ уацмыстæ журналы фæрстыл куы ауыдтон, уæд. Хуымæтæджы хъал нæ уыдтæн иу номыры æртæ хæстæгмæ зонгæ студенты уацмыстæ кæсгæйæ: Багаты Аврамы радзырд «Дыууæ талайы», Бутаты Победæйы æмæ Уалыты Лавренты æмдзæвгæтæ. Йæ хæдфæстæ иннæ номыры та ногæй – Лавренты æмдзæвгæтæ, Агънаты Гæстæны радзырдтæ «Кæстæр чындз» æмæ «Фырт», Цомартаты Изæтбег æмæ Цгъойты Хазбийы уацтæ æмæ уацмыстæ. Чысыл фæстæдæр сæм бафтыдысты Къибирты Амырхан, Фидараты Изетæ, Бабочиты Руслан æмæ бирæ æндæртæ. Уыдон иууылдæр систы ирон зындгонд фысджытæ æмæ мыхуыры бæрнон кусджытæ.

Абон журналтæ, гæххæттыл уагъд мыхуыры иннæ фæрæзтæ, зын уавæры сты, «тохы дуг» сын у: сæ алыварс фæзынд техникæйæ гæрзифтонг, бонæй-бонмæ фылдæргæнæг информацион фæрæзтæ. Æмæ ам журналы сæйраг хотых у мыхуыргонд æрмæджы хæрзхъæддзинад. Фæлæ хорз æрмæг хорз автортæй аразгæ у, æмæ, уыцы хъуыддаг рæвдздæрхъуаг кæй у, уый сусæггаг нæу, сусæг кæнын дæр нæ бакомдзæн. XX æнусы Дунейы Фарн цас рæдау разынд æрыгон курдиаттæ раттынмæ бæрцæй чысылгомау ирон адæмæн, уыйбæрц, хъыгагæн, фæстæдæр та æлгъин разынд.

Кæддæр нын ацы хъуыддаджы тыххæй Джыккайты Шамил афтæ загъта: «Бамбарут, курдиат асфальты хъæбæрыл гуыргæ ракæндзæн, фæлæ рæзгæ не скæндзæн… Акæсут-ма, нæ курдиатджын фысджытæ иууылдæр кæцæйты рацыдысты, сæ сабидуг кæмыты арвыстой, уымæ». Æмæ уый раст у – музæ (курдиат), æвæццæгæн, уæзданарæзт æмæ тæссонд у, хъæрахст-цъæхахстгæнæг дуне йæ зæрдæмæ нæ цæуы, тæрсгæ дзы кæны.

Фæлæ мæн уæддæр фидарæй уырны, кæмдæр, сæ уацмыстæ равдисын æфсæрмы цы фæсивæд кæны (алчидæр бавзæрста уыцы æн-

къарæн), ахæмтæ ис, æмæ сын мæ зæрдæ зæгъы, цæмæй фæныфсджындæр уой.

«Мах дуг» уыцы хъуыддаджы активон у, раппæлинаг сты йæ алыхуызон ерыстæ алы кары журналкæсджыты ‘хсæн. Раппæлинаг у йæ хæлардзинадтауæг архайд дæр æндæр адæмты литературæ æмæ культурæимæ бастдзинæдтæ фидар кæныны хъуыддаджы. Йæ зæрдæйы фæндиаг æнтыстытæ йæ къухы бафтæнт.

«Мах дуг», дæ гуырæн боны дын мæ зæрдæ зæгъы куыстхъом, цард- хъом æмæ фæрæзджын уæвын, ног курдиатджын авторта та дæм кæддæртау рады куыд лæууой. Хистæрæй, кæстæрæй, стыр хицауæй хуымæтæг чиныгкæсæджы онг дын, цы æххуысы æмæ кады аккаг дæ, уый куыд зоной. Дæ дыккæгæм æнусмæ ныфсджын къахдзæф куыд бакæнай, æмæ дын уый та бирæ ног хæрзтæ, стыр æнтыстытæ куыд æрхæсса!

БЕЗАТЫ Фаризæ,
педагогон наукæты кандидат,
ЦИПУ-йы ирон литературæйы кафедрæйы доцент

БÆТТЫ АБОНЫ ДУГ ИВГЪУЫДИМÆ

Мæнæн мæ цард баст у ахуырадимæ, ног фæлтæрты хъомыладимæ. Ахуырад æмæ хъомылад та æнцой кæнынц адæмы зондахастыл, фыдæлты æгъдæуттыл, фыдæлты дзыхæйдзургæ сфæлдыстадыл. «Мах дуг» у ирон аив ныхасы артдзæст, фыдæлты бæркадджын къæбицæй абоны цардмæ хæзнатæ хæссæг. Æнгом бæтты абоны дуг ивгъуыдимæ, у фидæнмæ хид, «Æрфæны фæд», ирон дзырды хъæздыгдзинæдтæ тауы не ‘мдугонтыл. Уыцы хъæздыгдзинæдтæ сты алывæрсыг, кæм – æлвæст æмæ арф, кæм – таурæгъон, дардылдзураг. Журнал сæ æнæ ивгæйæ хæссы нæ размæ. Уырдыгæй исын арф хъуыдытæ, уыдоныл æнцой кæнгæйæ, аразын мæ хъомыладон куыст. Йе ‘рмæджытæ фæхъæздыгдæр кæнынц мæ ахуыртæ, феххуыс мын вæййынц, цы темæ æвзарын, ууыл алывæрсыгдæрæй æрдзурынæн.

«Мах дуг» æцæгдæр у, дугимæ æмдзу чи кæны, ахæм мыхуыры

фæрæз. Йæ фæрцы нæм хæццæ кæны нырыккон ирон литературæйы комулæфт, фæлæ нæ рох кæнын нæ уадзы ирон литературæйы классикты уацмыстæ дæр. Рагон зонгæйыл фембæлæгау сыл зæрдиагæй бацин кæнæм, фыццаг хатт кæсæгау сæ æхсызгонæй бакæсæм. Бузныг дын, нæ уарзон журнал, уый тыххæй дæр!

МАЙРÆМЫХЪУАТЫ Фатимæ,
ЦИПУ-йы ирон æвзаджы кафедрæйы доцент

РÆДАУÆЙ НЫЛ УДВАРНЫ ХÆЗНАТÆ ТАУЫ

РЦИ-Аланийы Национ наукон чиныгдоны милуан æмæ æрдæджы бæрц фондæй 30 мин сты бæстæзонæн æвдисæнтæ. Æмæ уыдоны ʻхсæн сæрмагонд бынат ахсы журнал «Мах дуг». Ацы бæстæзонæн рауагъд адæм иннæтæй арæхдæр агурынц. Кæй Къостайы æмдзæвгæтæ зæрдæскъæфт кæнынц, кæй Брытъиаты Созырыхъойы аргъæуттæ, кæй та – Коцойты Арсены радзырдтæ æмæ Гæдиаты Секъайы таурæгътæ кæнæ Брытъиаты Елбыздыхъойы драмæтæ. Гъемæ сын сæ уацмыстæ йæ мадæлон æвзагыл чи кæсы, уыдон иууылдæр уарзынц «Мах дуг».

Нарыккон Ирыстоны зонадон, культурон æмæ ахуырадон тыгъдады журналæн ис аккаг бынат. Æрвылбон дæр æй агурынц алы кары адæм. Æмæ сыл уый дæр рæдауæй тауы удварны хæзнатæ. Уал азмæ дзы цас хъæугæ æрмæг рацыд литературæйæн аргъгæнджытæн, фысджытæн, ахуыргæндтæн. Уæдæ ахуыргæнджытæн æмæ уæлдæр ахуыргæнæндæтты гуманитарон факультетты студенттæн та «Мах дуг» сæ къух методикон амынддзинæдтæй саразы. Мах, чиныгдоны кусджытæ, журналы æрмæджытæм гæсгæ скæнæм поэзийы изæртæ, равдыстытæ, библиографион амонæнтæ.

Йæ равзæрдæй фæстæмæ журнал стыр æргом здахы ирон адæмы истори, этнографи, æвзаг, культурæйы фарстатæм. Гуытъиаты Хъазыбеджы «Ирон æмбисæндтæ», «Уыци-уыцитæ», «Нарты кадджытæ», Цагъаты Анастасияйы «Фольклорон-этнографион æрмæг», Туаты

Ольгæйы «Сылгоймаджы фæлгонц Нарты кадджыты», Тменаты Дзерассæйы «Ирон сывæллæтты фольклор æмæ хъæзтытæ» – æрмæст ацы фæстаг азты мыхуыргонд æрмæджытæн дæр сæ нысаниуæг кæуылты у!

Кæнæ рубрикæтæ «Не 'взаг – нæ фарн», «Нæ уидæгтæ», «Нæ разагъды лæгтæ», «Аивад, културæ», «Æмдугоны хъуыдытæ», «Бакæсæм нæ хурты хуртæн»… Бирæ азты размæ Уæрæсейы фыццаг хатт мыхуыргонд æрцыд (уыимæ ирон æвзагыл!) уырыссаг фæсарæйнаг литературæйы классик Гæздæнты Гайтойы радзырд дæр.

Куыд нæ хъуамæ фæнысан кæнæм, нæ культурæ æмæ зонадæн æвæджиауы хæрзты чи бацыд, уыцы Шегрен, Миллер, Ковалевский, Скитский, Долидзе, Чонкадзе, Дюмезилы сфæлдыстадон портреттæ.

Уæдæ дунеон аивадон литературæ дæр журналы бирæвæрсыгæй æвдыст цæуы. Ам адæмæн ирон æвзагыл сæ бон бакæсын у Эзопы, Еврипиды, Шекспиры, Байроны, Гюгойы, Пушкины, Чеховы, Тютчевы, Платоновы, Астафьевы уацмыстæ. Æрмæст фæстаг азты «Мах дуг» йæ кæсджыты размæ рахаста алы паддзахæдты минæвæртты 60 авторы фæллæйттæ.

«Мах дуг» æрмæст удварнæй нæ хъæздыг кæны, фæлæ ма йе 'ргом здахы нæ алфамбылай дунейы æрдзы æнæниздзинадмæ дæр. Уымæ гæсгæ сисы демографи æмæ экологиимæ баст фарстатæ дæр.

Уæдæ дзы цæстуынгæ æрмæг дæр парахатæй фæзынд. Рагон хуызистытæ, фысджыты къамтæ, нывгæнджыты куыстытæ – уыдон дæр æм адæмы æргом здахынц.

Журналы Коцойты Арсен, Малиты Георги, Къубалты Алыксандр, Барахъты Гино, Илас Æрнигон, Нигер, Гулуты Андрей, Дзесты Куыдзæг, Мамсыраты Дæбе, Плиты Грис, Хъодзаты Æхсар æмæ бирæ æндæр фысджытæ цы традицитæ сæвæрдтой, уыдоныл абон ноджы 'фты, æмæ «Мах дуг»-æн йæ алы номыр дæр свæййы Ирыстоны национ интересты фидиуæг, уыцы иу рæстæг литературон-аивадон рауагъды æппæт домæнтæн дæр дзуапп дæтгæйæ. Цæры æмæ кусы, нæрæмон Къоста куыд фæдзæхста, афтæ.

Зæгъдзынæн ма, чиныгкæсджытæ æхсызгонæй кæй агурынц тематикон номыртæ дæр. Уыимæ сæ 3-аг, 5-æм, 6-æм рауæгъдтытæ нæ фæхонынц, фæлæ Абайы-фырты, Гæздæны-фырты, Уатайы-фырты, Гамзатовы, Беслæны, Ставд-Дурты номыртæ.

Цыбыр дзырдæй, цы чиныгдоны кусджытæн, цы чиныгкæсджытæн «Мах дуг» у, зæрдиагæй кæмæ фенхъæлмæ кæсынц, ахæм хæлар. Гъемæ ма бирæ юбилейтыл сæмбæлæд, ног æмæ ног сфæлдыстадон бæрзæндтæм схизæд йæ иузæрдион автортимæ!

Хицæн арфæйы ныхæстæ – журналы сæйраг редактор, курдиатджын æрыгон разамонæг Хетæгкаты Оксанæйæн. Йæ коллективимæ иумæ йын бирæ бантысæд ирон аив дзырд парахат кæныны арфæйаг хъуыддаджы!

БИБУАТЫ Иринæ,
РЦИ-Аланийы Национ наукон чиныгдоны директоры хæдивæг

МÆ НЫФСЫЛ НЫФСÆФТАУÆГ



Адæймаджы цардвæндаг диссаг куыд нæу, фæлæ газет кæнæ журналы вард та ноджы цымыдисагдæр рауайы. Скъолайы райдайæн кълæсты райдыдтон «Рæстдзинад» кæсын. «Мах дуг» та мæ къухтæм фыццаг хатт хистæркъласон уæвгæйæ райстон. Уæдмæ мæ сисфæлварæнтæ мыхуыргонд цыдысты къласы æмæ скъолайы къулы газетты.

Куыдфæстагмæ сдæн газет «Рæстдзинад»-ы æхсæнадон уацхæссæг, профессионалон фысджыты журналмæ æрмæг дæттынмæ та мæ ныфс нæ хастон.

Фæлæ кæддæр-нæуæддæр бацыдтæн «Мах дуг»-ы сæйраг редактор Хъодзаты Æхсары кусæн уатмæ. Уый мын мæ къухфыстытæм æркаст æмæ мæ уæды бæрнон нымæрдар Гусалты Барисмæ барвыста. Уый мæ, цалдæр боны фæстæ æрбауай, зæгъгæ, бафæдзæхста. Бацыдтæн. Уæдмæ мын мæ фыстытæм æркаст æмæ загъта: «Фысс æмæ нæм хæсс де 'рмæджытæ».

Афтæ сдæн, мæ ныфс æмæ зондамонæг рагæй цы журнал уыд, уый автор. Очерктæ фыссынил уæд бæстондæр фæцалх дæн, æмæ мæ, 2022 азы «Мах дуг» цы дунеон конкурс расидт, уый лауреат рахуыдтой публицистикæйы жанры. Æхсызгон хабар! Фæлæ мын

ноджы æхсызгондæр та уый уыд, конкурсы бирæ æрыгон автортæ, суанг скъоладзаутæ дæр кæй архайдтой. Уыдон сты нæ адæмы, нæ мадæлон æвзаджы æмæ нæ уарзон журналы фидæн!

Бирæ хур бонтæ æмæ тымыгътæ баййæфта «Мах дуг» 90 азы дæргъы. Фæлæ йæ, йæ райгуырдæй фæстæмæ дзы чи куыста, уыцы куырыхон адæм фæцудын никуы бауагътой, иу уæлахизæй йæ иннæмæ кодтой. Йæ фыццаг номырæй фæстæмæ йыл цы фарны ном сбадт, уый йыл абон дæр фидауы.

Ныр та мæ зæрдиаг арфæ ракæнын фæнды редакцийы æрыгон æмæ куыстхъом кусджыты къордæн. Архайы мадæлон æвзаджы хæзнатæ адæммæ хæссыныл. Гъемæ йæ ныфс бонæй-бон фылдæр æмæ хъомысджындæр кæнæд, йе сфæлдыстадон къæбицы бæркад æвидигæ уæд!

МАМИАТЫ Таймураз,
журнал «Мах дуг»-ы
I Дунеон премийы лауреат

ИРОН ÆВЗАДЖЫ АРЦ ÆМÆ УАРТ

Кæуылты ахадгæ рухстауæн куыст бакодта «Мах дуг» 90 азы дæргъы, цас хæрзты бацыд Ирыстонæн, ирон удæн! Журнал у ирон дзырды ныфс, ирон æфсарм, æгъдау, дзырдаивады арц æмæ уарт, нæ ирондзинады астæумагъз!

Йемæ мæ фыццаг фембæлд тынг хорз хъуыды кæнын. Райдайын кълæсты ма ахуыр кодтон, афтæ-иу арæх кастæн мæ ныййарджытæн, нæ сыхы хистæртæн хъæрæй, мыхуыры цы хабæрттæ фыссынц, уыдæттæ. Æмæ мæнæ 1953 азæн йæ зæрдæвæрæны мæйы кæронмæ ‘ввахс мæ хоты хистæр æрбахаста «Мах дуг»-ы 3-аг æмæ 4-æм номыртæ. Тæнæг фæныкхуыз цъæрттæ, хуымæтæг фæлгонц. Цыма мæ цæстыты раз сты ныр дæр…

Сталины мæлæты тыххæй сæ цы æрмæджытæ уыдис, уыдон, стæй Маленков æмæ Мао Цзэдуны раныхæстæ мæ хистæртæн кæсын бахъуыд цалдæр хатты. Диссаг уый уыд, æмæ-иу сæхæдæг хъуыстой

лæугæйæ, мæн та-иу бадын скодтой. Уыдис дзы, чи-иу скуыдта, ахæмтæ дæр. Мæнæн, уæды фæндзæмкъласонæн, мæ зæрдæмæ арф ныххызтысты Мао Цзэдуны хъуыдытæ, æмæ куыд нæ бахъуыды кодтаин мæ фыццаг фембæлд журнал «Мах дуг»-имæ?!

Æфсады службæйы рæстæг, институты дард сахары ахуыр кæнгæйæ дæр никуы фæиппæрд дæн мæ уарзон журналæй. Фылдæрæй-фылдæр кæнæнт йæ кæсджытæ æмæ йæ рафысджытæ!

ИРОН ÆВЗАДЖЫ ТЫХ НЫН УАФЫС…

«Мах дуг»-æн йæ 90 азы юбилеймæ

Кæй дæ фæндон, æхцон журнал
Нæ мадæлон æвзагыл махæн,
Ыстæм сæрыстыр уымæй, хъал, –
Нæ цин, нæ арфæтæ дзы здахæм.

Дæ райгуырдæй ныры онг дæ
Æвзаг, ирон дзырдæн йæ артдзæст.
Ды нын кæддæриддæр уыдтæ
Нæ фидæны сæйраг цæст.

Дæ дзырд, дæ сидт – нæ фарн, нæ цард, –
Ирондзинадæй алкæй тавыс.
Ды нын нæ сомы æмæ ард
Æвзаджы тынтæй уафыс.

Цы дуг, кæй дуджы райгуырдтæ кæддæр,
Дæ ном дæр уыцы нæмттæй – арæзт…
Кæд ныр нæ дуг, нæ царды уаг – æндæр,
Журналкæсæджы бæрц дæр – ауæзт,

Дæ аудын нæ дзыллæтыл… мæныл –
Зындгонд… Ныллæг дын кувын æз мæ сæрæй.
Дæ юбилей, дæ архайды фæдыл
Æрвитын æз мæ арфæтæ дывæрæй!

ЕЗЕТЫ Марклен (ИРДИГОР Маки)

ЛИТЕРАТУРОН АХСДЖИАГ ХӔЗНА

«Мах дуг» у ирон адæмæн сæ литературон ахсджиаг хæзна. Уый парахат кæны куыд классикты, афтæ, литературæйы гуыргъахъхъ фæндагыл фыццаг къахдзæфтæ чи кæны, уыдоны сфæлдыстад дæр.

Мæнæн журналимæ ахастдзинæдтæ фæзынд 1974 азы. Мæ ахуыргæнæг Дзудтæгаты Эльмæ мæ сисфæлварæнты тыххæй базыдта æмæ дын мæ иу уалдзыгон бон арвыста Ходы Камалмæ. Скъоладзау чызг, куыддæртæй ссардтон журналы редакци. Тыргъыл бахызтæн æмæ Камалы дуар бахостон.

Йæ бынаты нæ разынд. Ныфсæрмытæ дæн бынтон, аздæхон æви цы кæнон, уый нал зыдтон. Гъемæ дын мæм Хъодзаты Æхсар дзуры: «Мæнæ дзæбæх чызг, мæ бон дын ницæмæй у баххуыс кæнын?» Радзырдтон ын ме 'рбацыды сæр. Айста мын мæ къухфыстытæ.

Фæззæджы рацыдысты ме 'мдзæвгæтæ мыхуыры. Киоскы журнал балхæдтон æмæ дзы мæ ном куы федтон, мæ рæнхъытыл цæстытæй куы æруадтæн, уæд ма зæххыл мæнæй амодджындæр кæм уыд! Базыртæ мыл базад.

Афтæ акодтон мæ фыццаг къахдзæф сфæлдыстады, æмæ ныр фæндзай азы литературон куыст кæнын.

Камалимæ дæр базонгæ дæн. Фылдæр уырыссагау фыстон, æмæ мын цæстуарзонæй бацамыдта, цæмæй ахуырмæ бацæуон нæ университеты ирон æвзаг æмæ литературæйы хайадмæ. Каст æй фæдæн, иронау дзæвгар фылдæр фыссын райдыдтон. Литературæйы алы жанрты фæлварын мæхи абоны онг.

«Мах дуг» йæ I Дунеон литературон конкурс куы расидт, уæд балæвæрдтон прозæ. Хуыгаты Сергей æмæ Гусалты Барисы фæстæ райстон æртыккаг преми. Уый мын кады хос дæр фæци æмæ мын цины æнкъарæнтæ дæр балæвар кодта…

ХАДЫХЪАТЫ Фатимæ,
журнал «Мах дуг»-ы
I Дунеон премийы лауреат

ИРОН АДÆМÆН ХÆССЫ КУЛЬТУРÆЙЫ РУХС

«Мах дуг» йæ фыццаг бонæй абоны онг лæггад кæны ирон поэзи, ирон литературæйæн, иу ныхасæй та – ирон адæмæн. Абоны бон æй абарæн ис газет «Рæстдзинад», Ирон театр æмæ ансамбль «Алан»-имæ, уымæн æмæ уыдонау хæссы ирон адæмæн культурæйы рухс. «Мах дуг»-ы руаджы бирæ зындгонд фысджытæ «райгуырдысты», уымæн æмæ, сæ уацмыстæ журналы мыхуыргонд кæй цыдысты, уый сын сæ ныфсыл ныфс æфтыдта. Уæлдай æхсызгон у, æрыгон поэтты æмæ прозаикты сисфæлварæнтæ кæй мыхуыр кæны, уый.

Советон Цæдис куы фехæлд, уæдæй фæстæмæ æрмæст «Мах дуг» нæ, фæлæ мыхуыры иннæ фæрæзтæ дæр уыдысты зын уавæрты, уымæн æмæ сæм фаг цæстæнгас нал уыд. Фæлæ журнал йæ редакцийы кусджыты руаджы нæ фæцудыдта, æмæ йæ абон кæсынц дунейы алы рæтты дæр. Уый та ууыл дзурæг у, æмæ не 'взаг, нæ традицитæ æмæ æгъдæуттæ рох нæ уыдзысты, цалынмæ журнал цæра, уæдмæ.

Æхсызгонæй мæ фæнды зæгъын уый, æмæ мæнæн дæр ме 'мдзæвгæтæ фыццаг хатт кæй рацыдысты журнал «Мах дуг»-ы. Мæ цинæн кæрон нал уыд, уымæн æмæ мæм мæ фыццаг сфæлдыстон къахдзæфтæ кастысты тынг диссаг. Ацы хъуыддаг мæ мæхиуыл бауæндын кодта, радта мын сфæлдыстадæн ног хъарутæ æмæ мæ дарддæры куыстмæ сразæнгард кодта. «Мах дуг» æрмæст мæнæн нæ, фæлæ бирæ æрыгон фысджытæн баххуыс æмæ бирæты зæрдæты бауагъта ныфс.

БАСИТЫ Зæлинæ

«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ



«Мах дуг»-ы I Дунеон литературон премi. 2021 аз

Дунеон конкурс-æркаст «Базыртæ». 2023 аз

«Мах дуг»-ы фембæлд Дагестаны культурæйы кусджытимæ

Цæцæн æмæ Ирыстоны литературон журналтæ «Орга» æмæ «Мах дуг»-ы кусджыты æмæ авторты фембæлдтытæ

Бутаты Победæйы чиныджы презентаци

Булкъаты Михалы 95 азы юбилейы фæдыл мысæн изæр

Австралийы Уырыссаг дзырды дунеон Академийы арæзт литературон конкурсы уæлахиздзаутæ

Журнал «Мах дуг»-ы кусджыты æмæ авторты фембæлд
Хæххон паддзахадон аграрон университеты технологион менеджменты факультеты студенттæ æмæ ахуыргæнджытимæ

«Мах дуг»-ы кусджытæ сывæллæтты сæрдыгон лагерь «Media camp»-ы

«Мах дуг»-ы арвылбоны цардæй

НОГДЗАУ

МАХ ДУГ

СФÆЛДЫСТАДОН ФÆНДАГЫЛ ЦЫРАГЪДАР

«Мах дуг» у ирон дзырдаивадмæ дуар, ирондзинад бауарзыны сæйраг фæрæзтæй иу. Литературæ чи уарзы æмæ йын аккаг аргъ чи кæны, уый дзы кæддæриддæр ссардзæн цымыдисаг æрмæджытæ.

Кæддæр, æмдзæвгæтæ фыссын куы райдыдтон, уæд мæ хъуыдыйы кæрон дæр нæ уыд, искуы сæ нæ уарзон журналы фæрстыл фендзынæн, уый. Хъысмæт мын ахæм фадат кæй балæвар кодта, уый тыххæй дзы тынг разы дæн – мæ зæрдæйы зæгъинæгтæ нæ дзыллæмæ феввахсдæр сты.

«Мах дуг» Ирыстоны æппæт фысджытæн дæр у се сфæлдыстадон фæндагыл цырагъдар, сæ цæдисон сæ удуæлдай куысты.

ГАБОЛАТЫ Зауырбег

ФÆТК ÆМÆ ÆГЪДАУ ÆВÆРÆГ ЖУРНАЛ

Иу райдзаст бон дын лæмбынæг кæсын, мæ мадыфыд йæ хæдтулгæимæ куыд арæхстджынæй архайы, уымæ. Уалынмæ уынгæй райхъуыст нæ постхæссæджы ныхас: «Уырысхан, рафыстон дын журналтæ «Мах дуг», «Дарьял», дæ хæрæфырттæн – «Ногдзау», газеттæй – «Рæстдзинад» æмæ «Социалистическая Осетия». Исты ма сæм бафтауын хъæуы, мыййаг?»

Гъе афтæ фыццаг хатт фехъуыстон нæ абоны юбиляр – литературон журнал «Мах дуг»-ы кой. Чи зыдта уыцы рæстæг, æмæ 33 азы фæстæ йæ редакцийы къæсæрæй кæй бакъахдзæф кæндзынæн! Мæ зæрдæ йæхи къултыл хоста, куы бахызтæн, уæд. Ноджы ма мæм къулæй алы рæстæджыты сæйраг редакторты портреттæ æдзынæг ныккастысты. Зæгъын, чи дæн æз сæ цуры?! Фæлæ мын редакцийы коллектив ныфсытæ авæрдта, сразæнгард мæ кодта мæ хъуыдытæ дарддæр мæ мадæлон æвзагыл фыссынмæ…

Уæвгæ та ма зæгъдзынæн, журналы номы цы дзырд ис – «дуг», уымæй кæй пайда кæнынц истори, биологи, географи, этнологийы. Дзурæг у, адæм сæ равзæрдæй абоны онг цы эволюцийы фæндагыл рацыдысты, уыл. Уымæ гæсгæ тынг цымыдисæг рауад XX æнус. Уый æрбалæууыд адæмы уæлхъус, сæ къухы кусæндзаумайæн уыд дзывыр, афтæмæй, уадзгæ та сæ ныккодта Интернетимæ.

Раззаг технологиты дуджы йæхи ахсджиаг бынат ис нæ уарзон литературон журналæн дæр! Раздæрау цæуы гæххæттыл, фæлæ «балымæн» Интернетимæ дæр, æмæ уый руаджы бирæ адæмы æргом здахы ирон æвзаджы хæзнатæм, дзыллæйæн бирæ хабæртты у фæтк æмæ æгъдау æвæрæг. «Мах дуг» ма нæ разæнгард кæны фæлтæрты æвзагмæ цæстуарзон ахаст дарынмæ, сиды нæм, йæ уавæрыл ын цæмæй бамæт кæнæм. Чи уыдзыстæм, цы уыдзыстæм æнæ æвзаг, æнæ литературæ, æнæ культурæ, æнæ Къоста?! Æнæуд, æнæныфс гоймæгтæ. Æмæ хъуамæ уымæ нæхи ма ‘руадзæм… Ацы ахсджиаг хъуыддагыл куысты тыххæй мæ фæнды стыр бузныг зæгъын «Мах дуг» æмæ «махдугонтæн»!

ГОДЖЫЦАТЫ Георги

КАСАТЫ Батрадз

ЗÆРÆХСИДЫ ФÆЛМÆН САГЪÆСТÆ

«МАХ ДУГ»-Ы МИДМОНОЛОГ



Поэзийы хайады редактор

Бæрзонд дзырдаивады фарнæн
Лæггадгæнгæ æз абонмæ цыдтæн.
Куы-иу кæрон нæ уыд мæ зардæн,
Куы та – мæ адæмы тыхстæн...

Уæддæр-иу удварны рæстдзинад
Мæ риуы агуырдта бынат.
Æмæ-иу срæмыгъта рæстцинад,
Рæстыл дзурæгæн арæзтон фадат.

Кæд мыл къæвдатæ дæр æрцыди,
Уыдтæн-иу тыхст æмæ уырыд...
Мæ ныфсæн басæттæн нæ уыди,
Æмæ гъе уымæн дæн æвзыгъд.

Кæддæр мæ къухæй-къухмæ скъæфтой,
Ныр дæр мыл удхæцæг фæзынд.
Рæвдаугæ мæ сæ зæрдæты фæхастой,
Ныррухс кодтой мæ кад, мæ цыт!

Мæ удцæхæртæ райхъал сты ногæй,
Мæ бæллицтæм æдæрсгæйæ цæуын,
Æрхызтæн азты сæрты рогæй,
Нæ фидæны сыгъдæг ныфсæй цæрын.

НЫЙЙАРÆГ

Быдыры мæнæуы змæлдæй
Хъусын, ныййарæг, дæ зард,
Сгарыс та цыма дæ уырзтæй
Æвзарты абухгæ цард.

Хуымгæрон, кæрдойы фарсмæ
Амоныс рувын мæнæн.
Кусгæйæ хъусын дæ зардмæ,
Арын дзы царды гуырæн.

Алкæд дæ куыстуарзон къухтæй
Зæхмæ бæркад-сойтæ тагъд.
Слæмæрстай сау къуытты дуртæй
Цардхæссæг уардиты цагъд.

Радтай мын, радтай, фæндагæн
Де 'ууæнк, дæ хъару, дæ зонд.
Гъæй-джиди, чи хæссы Мадæн
Царды сыгъдæгæй йæ ном.

ТЫРСЫГОМЫ

Æхсæв ныйирд и сæгъы цæстау,
Стъалыты 'хсæн нæ цæуы æнгуылдз.
Мæйы цалх – арвы бæстастæу,
Адæргъ йæ рухс тынтæм галты цур куыдз.

Бонвæрнон… Арвыл стъалыты хистæртæ
Скалдтой нæ сæрмæ сæ хуыз.
Комгæрон дымгæ æркафы æхситгæнгæ,
Фелвасы хосы мæкъуылтæн сæ хыз.

Суатъисдон абухы заргæ уæрæх комы,
Иу ранæй иннæмæ ивы йæ фæд,
Уазæг æрлæгæрды уыцы дæвдæг доны,
Хъарм къæсмæ бахауын уымæн – йæ фæнд.

Мæсыг бæрзонд тигъыл баззади сидзæрæй,
Афтид гæнæхтæ йæ бынмæ – къуырма…
Иугай цæрджытæ ма… Рох фарнмæ сидæгæй
Норст цæхæр зæрдæты дарынц нырма…

Ацы уæлмонц кæмтты чи бафсæст зарынæй,
Чи сын æнкъары сæ цинтæ, сæ тыхст,
Уыцы нæртонтимæ иу фынгыл баронæй
Сурæм кæрæдзийы сагъæстæ, рыст.

ИЗÆРЫГОН ХÆХТЫ

Ехх, куыд хорз у,
Изæрыгон хæхты хъæбысы
Арты фарсмæ куы ‘руадзай дæхи!..
Сабибонтæ зæронд лæг куыд мыса,
Афтæ æхсызгон – дæ бонгуысты цин…

Рагъыл хосгæрсты раивылд уистæ
Мæйдзырагъмæ куы дарой бæрæг,
Уд куы ссыгъдæг уа де уæнгты рисæй,
Маст куы тайа, куы судза хæлæг.
Уыцы сабыр дзæнæт-изæр дардæй
Зонгæ хъæлæс куы ахса дæ хъус,
Арты ‘взæгтæ куы бийой сæ хъазтæй
Уарзон цæстыты цинæйдзаг рухс.

Арвы астæу стъалыты цинтæ
Рухс зæрдæтау куы калой цæхæр…
Кæд, дæу мысгæйæ, фегъуыссæг чидæр,
Слæууыд амонд дæ размæ цæхгæр, –
Уæд цæй хорз у,
Изæрыгон хæхты хъæбысы
Арты фарсмæ куы ‘руадзай дæхи…
Сабибонтæ зæронд лæг куыд мыса,
Афтæ æхсызгон – дæ бонгуысты цин…

ХОСГÆРСТЫ

Рагъыл мæкъуылтæ – тохы мæсгуытау…
Хур æрныгуылд, уæддæр ма кæрдынц…
Уистæ хуссары хъулон кæлмытау
Рагъæй комы рæбынмæ бырынц.

Зарынц хосдзаутæ, раззæгты разæй
Чидæр айста кæмæндæр йæ уис,
Стæй изæры бынатмæ куыстдзагъдæй
Здæхынц, байдайынц се ‘нтыстыл дис.

Ехх, куыд хорз у фæлладæй æрхауын
Ногкарст хосыл, уæлгоммæ хуыссын,
Бонвæллойæ зæрдæцин æфтауын,
Сусæг уарзтыл æмдзæвгæ фыссын.

МАДЫ ФÆДЗÆХСТ

Мæ цард мыдадз цырагъау тайы,
Йæ сой æртах нæу баййафын мæ бон.
Мæ ныййарæг мæ хъуыддæгтæй кæм райы,
Уæддæр фæзæгъы: – Царды ныфс дын уон.

Мæ уд дæ фæхъхъау, искæй мулкмæ ма бæлл,
Дæхи фæллой дæ фарсыл хæцæг уæд.
Мæнгард царды бæсты мын амæл,
Æгады бæсты хъарæг дыл кæнæнт.

Æмæ йæ цæссыг – уарзты уаз æвдисæн –
Фæрдгуытау уадултæй тæдзы...
Фæнды йæ айсын зæрдæйæн йæ риссаг,
Мæ халас сæрыл хъарм къухтæ хæссы:

– Дæ нывонд фæуон, фестон дын рæствæндаг,
Дæ Фыдызæххыл макуы су уæлхох.
Ныййарæгæн кæд уыд хъæбул йæ фæндиаг,
Фæлæ мæ фæдзæхст макуы фæкæн рох...

Кæм хъæуа судзын адæмы сæраппонд,
Мынæгæй нæ, цырен артæй-иу судз.
Йæхи хуызæн дæ ма скæнæд фыдраконд,
Чысыл дымгæ нæ рафæлдахдзæн тулдз.

Хуыцау дæ скæнæд дунетæн хæрзгæнæг,
Æххуысмæ сидтæй ма бамбæхс дæ сæр.
Æмæ, куы ралæууа дæ фæззæг,
Уæд бабæлдзæн дæ амондмæ кæстæр.

Уæд тайдзысты фæстаг митау дæ зынтæ,
Нæ сыхбæстæ та дзурдзысты мæнæн:
– О, басудзæнт нæ зæрдæты дæ рынтæ,
О, Уацамонгæ базарæд дæуæн.

Мæ мады фæдзæхст дардæй хъустыл уайы,
Йæ сæххæст та кæй бон баци, кæй бон...
Ызгъоры цард, мыдадз цырагъау тайы,
Фæлæ æрхæссы ног ныфсытæ бон.

* * *

Дæу та мысын, мæ ивгъуыд бонты уалдзæг,
Кæй уындæй сæфт мæ сагъæс æмæ маст,
Кæуыл нывæстон уды тæгтæй зарæг,
О, ма мыл фæхуд, ма-иу ракæн хъаст.

Ныр нал зонын, цы раны дæ, цы куысты,
Цы уылæнты дæ баппæрста хъысмæт.
Кæй зæрдæ тавыс рухс хурау йæ рысты,
Æнафонты кæуыл фæкæныс мæт.

Фæлæ, мыййаг...
О, ме 'взаг æй нæ кæрды...
Фæтарст кæд амонд де 'гъуысгæ зынгæй,
Дæ уд фæхастай рухс фидæнмæ уæгъды,
Уæддæр-иу ма 'ртас, ма фæтæрс зынтæй.

Уæддæр-иу зон, дæхи стъалы кæй судзы,
Дæ цин кæмæндæр удыхос кæй у.
Кæмдæр ма чидæр д' амондмæ кæй кувы,
Дæ хуыз йæ риуы удæгас кæй у.

* * *

Кæйдæртау æз уæлбæх цардæй нæ цæрын,
Мæ хъуыддæгтæ нымæт ехсæй нæ рæзынц,
Мæ фæндæгтыл мын байтауынц хæрæгсындз,
Уæддæр мæ уд мысайнагæн æвæрын.

Куы сфæлмæцын мæ цард æмæ мæ рардæй,
Ыстыхсын æз, куынæ мæ 'мбарынц, уæд,
Ныссуйтæ кæнынц, амарынц мæ фæнд,
Фæлæ та ног тых раивылы дардæй.

Сыгъдоны норст цæхæр æвзаргæ,
Цæуын куыстдзагъд лæгау рыстæй.
Мæн тоны сайды тых рæстæй,
Уæддæр та алæгæрдын заргæ.

Кæйдæртау æз уæлбæх цардæй нæ цæрын,
Мæ хъуыддæгтæ нымæт ехсæй нæ рæзынц,
Мæ фæндæгтыл мын байтауынц хæрæгсындз,
Уæддæр мæ уд мысайнагæн æвæрын.

ЦЫ ЗÆГЪДЗЫСТЫ АДÆМ?

Æнæфхæрд бинонтæн
Сæ уыгæрдæн карст æмæ амад куы фæуа,
Сæ фарсмæ та сидзæргæс усмæ
Æппындæр фæкæсæг куынæ уа, –
Цы зæгъдзысты адæм?
Дæ уазæджы разæй
Хуыздæр уат куы 'ркæнай,
Фысым ын куынæ уай
Цæхх æмæ кæрдзынæй, –
Цы зæгъдзысты адæм?
Ныхасæй – ыстыр лæг,
Хъуыддагæй – быдзынæг,
Фыдызæхх куы судза,
Куы хуыссай хуыррыттæй,

Куынæ уай фæдисон, –
Цы зæгъдзысты адæм?
«Цы зæгъдзысты ахæмæй адæм?» –
Дзырдта-иу мæ фыд
Æмæ адæмæн рафтыд.
Егъаудæр хæзна йын – йæ сыхагæн баххуыс.
Ныр бамæгуыр дуне,
Ныр алчи дæр – лæг,
Йæхи къæс ысвæййы фыццагдæр йæ мæт.

Цæмæй тыхст мæ фыдæл?
Цæуыл уыд йæ маст?
Уый зæрдæйы фарнæн
Фæцудынæй тарст.

ИРОН ÆВЗАДЖЫ САГЪÆС

Мæ ном хæссæг адæм!
Мæн радта сымахæн
Стыр Хуыцау цардæн.

Лæггад уын фæкодтон
Зæлланггæнаг мыртæй
Уæ маст æмæ уарзтæн,
Уæ хъарæг, уæ зардæн.
Ныр сидзæр сабийау,
Фыдусы æлгъыстау,
Уæ хъалты фæндиаг кæнын.

Уæ царды фæндæгтыл мæ
Дардмæ лыгъдыстут,
Æрмæст ма уæ сусæг нымыгъдæн хъæуын.

О дуджы цагъартæ!
О рæстæджы хъалтæ!
Кæдæм мæ фæтæрут æнæном цыртæн?!

Уæ тæригъæд карз у,
Мæн фæхæссын уаз у.
Цæмæй уын фæбæзза уæ саби фыртæн,

Ныййарæджы риуæй,
Йæ зарæг, йæ цинæй
Æз суадонау хур бон сымахмæ цыдтæн.

Хъуыдтæн уæ уæ масты,
Уæ цардбæллон уарзты,
Уæ зыны цырагъау сыгъдтæн.

Къостайы фæхъхъау уын
Зæгъин, фæлæ фауын
Мæстæй дæр нæ комы мæ зæрдæ мæнæн.

Уæ хъæбултæн зарут,
Мæнæй сæ рæвдаут,
Уæ тыхсты рæстæг уын фæдисон уыдзæн.

Æрыхъал ут, адæм.
Мæн банкъарут адæн,
Уый нæ, уæд нæ фидæн
Нæ дыууæйы сæфтыл кæудзæн...

ГУСАЛТЫ Барис,
журналы редколлегийы уæнг

АДГУР

Этюдтæ

СÆКÆРДЖЫН МЫД

Хъулон-мулон цард, кæркæ-мæркæ хъулæттæ адæм: иу сæ хом зæгъы, иннæ – хæрзвых; ирон дæр, дам, далыс æмæ кæсгон дæр далыс дзырдта, фæлæ уæддæр кæрæдзи не 'мбæрстой...

Дыууæ къæзæнæг лæджы дæр уыйадыл фæхыл сты: æнхъæлдтой, æмæ сæ иу иннæйы фæзмы – мæстæй йæ мары.

Уыцы сыхаг мын афицер уыд, афæдз-иу æрмæст иу хатт фæзынд сæхимæ. Æхсызгон дæр-иу куыд нæ уыд йæ фенд, фæлæ:

– Сколько лет, сколько зим! Фæзындтæн та кæдæй-уæдæй. Куыд у дæ маханя?

– Бузныг, дзæбæх у нырма...

– Дæ иунæг хо та – ницыма, нæма?

– Ацыд чындзы. Уый дæр кæдæй-уæдæй...

– Æмæ куыд у, фидауынц?

– Нырма уал...

– Мæнæ диссаг, дæхи тыххæй дæ куыд нæ фæрсын! Йед... Дæ усгур цъæх цухъхъайыл, так сказать, иту нæма 'вæрыс?

– Ацы хуыцаубон дзы ницы рауайдзæн...

– Худыс, æмæ уый хорз у! Йед... Æмæ дæ дзæбæх мадыхоты нæ абæрæг кæныс? Мадыхо, дам, мады ад куы кæны...

– Уыдон дæр сæрæгас сты.

– А, дæ сахатмæ 'ркастæ – æвæццæгæн дæ æгæр ныддардтон ныхæстыл. Цæй, мæ номыл саламтæ 'ппæтæн дæр. Хæст ма уæд, æндæр истæмæйты цардамал кæндзыстæм. О, æмæ йед та... А, æнæвдæлон куы дæ. Цæй, фендзыстæм ма фæстæдæр.

Ард хæрын, кæд дзы-иу тæрсгæ не скодтон, ныртæккæ мæ асдæрдзæн, зæгъгæ.

Иу чидæр та дыууæ лæгæй афтæ фæйнæхуызон зæгъын фæцарæхст: «Йæхицæй дæ куы ралгъита, уæддæр дын хъыг нæ уыдзæн, зæрдæбын арфæ дын цыма ракодта, уыйау», – уый – фыцца-

гæй. Дыккаджы тыххæй та – афтæ: «Салам дын куы ратта, уæддæр дæ цыма фыдæлгъыст ракодта!..»

Сæ иу дæр нæ фидауы не ‘рвылбоны царды: мыдыл дæр ма сæкæр зæрдæг, стæй, йæ мыд хъылмайы ад кæмæн скæны, уый дæр...

Фæлæ – о, уæддæр хæст ма уæд.

РАЙГУЫРÆН УÆЗÆГ

Кæд райгуырæн уæзæг искæмæн рæдау мадау у, уæд æппæты разæй æмæ æцæгдæрæй зайæгойтæн, уæлдайдæр та – бæлæстæн. Нодджы йын ахæм зынаргъ æмæ адджын хъæбултæ сты, æмæ дзы кæйдæрты æнæхъæн мингай азты дæргъы цæрæццаг фæкæны.

Адæймаг нæ фæллайы-нæ фæлмæцы къорд цæмæйдæртæм кæсынæй: лæугæ æмæ цæугæ донмæ, хæххон хæлхæлаг, урсбæрц къада дон уа, науæд фурдмæ нæхæццæгæнæг тагъд дон, кæнæ денджыз æмæ фурд дæр сæхæдæг; нæ тыхсы лæг артмæ кæсынæй дæр, иннæ ахæм хæхтæ æмæ тыгъд быдыры фæтæнтæ-уæрæхтæм, суанг ма мæлдзыджы æнæвдæлон разгъор-базгъормæ кæсынæй дæр...

Федтон, зæгъгæ, къабузджын-къабазджын пæлæхсар бæлас – мæ зæрдæйы баззайы, нал æмæ йæ нал ферох кæнын: Даргъ-Къохы-Хъахъхъæдуры иу кæйдæр кæрты сæ тæккæ къæсæрмæ йе уæнгтæ уыцы сæрибарæй аивазы, ныр цал азы зæгъон – нæ зонын, уæйыгтæ арæзт тулдз. Талайæ йæ ныссагъдæуыд ахæм æвæтчиаг ран, хæдæвзæрдæй сын фæадджын хионау æмæ йе скъахынмæ сæ къух нæ батасыд, уый та мæгъа, мæгъа...

Горæтæй Беслæныхъæумæ цæугæйæ æфсæнвæндаджы сæрты арæзт хидыл куы фæуырдыг кæнай, уæд ма дæ цæст æрæвæр рахизæрдыгæй бæстонæй æрбынатон тута бæласыл – бæсты фидауц у раст, сæрды æнтæфты та йæ сатæг аууон дзæнæтæн дæр – хæлæггаг. Уымæн æй равзæрстой халсартæ уæйгæнджытæ дæр «торговая точка»-йæн...

Æмæ далæ Ставд-Дурты гæды бæлас та, стæй Пушкин йæ фæллад цы егъау тулдзы бын уагъта, – Кæсæг-Балхъары æфсæнвæндаджы станцæ Котляревскийы абон дæр зайæг, – уый та; стæй Атлантикæйы фурды фале Майамийы арвы милтыл йæхи хафæг стæвдты сæвджындæр бæлас та; æмæ Адлеры стыр уынджы иу хай йæхи бакæнæг хæрис та; æмæ...

Хохы цæгатварс – быгъдæг, фæлæ йæ хуссар фахс хъæдæмбæрзт

кæй у, уый рындзы бæлæстæй бæрæг дары – хъæдау æнгомæй фалейæ зынынц. Гъемæ уыдоны рæнхъæй сæхи иуварс хибар ранмæ райстой дыууæйæ. Сæ иу – чысыл бæрзонддæр æмæ уæрæхдæрты зылд къалиуджын, иннæ дæр – хæрзконд, гуырвидауц, æрмæст къаннæгдæртæ. Æмæ дæлæмæ, Куырттаты комы донвæдмæ, уыцы хъал, буц æмæ сæрыстырæй бæрзондæй ныллæгмæ фæлгæсынц.

Дыууæ уарзонау сты раст, æндæр уæдæ афтæ цинæфтау цæмæн фидауынц фæрсæй-фæрстæм – тарæрфыг хъуынтъыз бонты дæр сæм-иу куы скастæн, уæд-иу бар-æнæбары дæр бахуызæнон мæ зæрдæ, барад-иу, о. Æууæнкджын, кæрæдзийæн адджын æмæ зынаргъ хæлæртты уындау...

Æмæ цы тæригъæд вæййынц райгуырæн зæххы уарзон хъæбултæ, арт сæм йæ сауæвзалыгæнæг сырх-сырхид æвзæгтæ ивазын куы байдайы, уæд – фæлидзиккой-иу бæргæ, фæлæ... æрмæст... Куыдæй, и, куыдæй?

Ау, æмæ мæнæн дæр, Хуыцауы фæндонæй цæрæгойты зонджындæрæн, нæй артæй мæхи бахизæн?! Уæлдайдæр та мæхи – адæймаджы – æндзæрст хæсты артæй? Нæу, дам, Хуыцауы бон дæр лæджы нывгонд хъысмæт аивын…

Æмæ ма мæ уæд цæмæн хъуыдысты музыкæ дæр æмæ поэзи дæр, зарын æмæ кафын дæр, суанг уарзондзинад йæхæдæг дæр, и?! Кæд æмæ...

МИДЫСТЪÆЛФТ

Уыд ахæм литературон критик æмæ Лев Толстойы биограф – Виктор Шкловский. Æмæ иуахæмы загъта – йæ ахуырдзау Бицъоты Грис мын фæзмыдта йæ хатдзæг:

– Николай Васильевич Гоголь фыссы: «Отворилась дверь, и вошел черт». И я ему полностью верю. Но вот пишет современный автор: «Открылась дверь, и вошла учительница». И я ему абсолютно не верю.

Гъемæ та мидыстъæлфты ахасты бахауыс – бауырдыг вæййыс, бакъуымы кæныс дæхи, ды та чи дæ æмæ цы дæ, зæгъгæ. Æмæ та уæд зæрдыл æрбалæууынц Лев Николаевичы фæсмойнаг ныхæстæ: «Ну и сотворил же я такую дребедень, как «Война и мир», «Анна Каренина» и тому подобную чушь!»

Бынтон афтæ кæд нæ загъта, уæддæр дзы йæхимæ балæвæрдта. Мах та, ау, тутт æфсиртау схъæлботтытæ стæм? Цыдæр фыссæггæндтæ...

Фæлæ уæддæр хæст ма уæд, хæст.

КÆМДÆР ИРОН ЛÆППУТÆ

Ардыгæй, Элберды обауы сæрæй, æрмæст Иры дзыхъхъ хæхтæ æмæ рæгъты адджын хъæбысæй нæ зыны, фæлæ ма дзы цæст аххæссы Мæздæджы быдыртæм, Мæхъхъæл æмæ Цæцæны бæстæм, Гуырдзы æмæ Кæсæг-Балхъары арврæхойæг бæрзæндтæм.

Æмæ дзы ам сæрæн лæппутæ сæхицæн цæлхбадæн найфат скодтой – æфсæн æрмæгæй арæзт. Æмæ гуылвæндты фæстæ ам куы бакъæбæлдзыгзæрдæ вæййынц, уæд цъæхснаг хъæлæстæй цæлхъзардæй ныззарынц, æмæ Хуыцауы сфæлдыст уæрæх дунейæн дæр æхцон вæййы сæ нæргæ цин.

Фæлæ – куыннæ стæй!

Ма дын дзы разына зарæггæнджытæ æмæ фæрсаггæнджытæхъырнæджытæ. Бæргæ уыдис Ногиры Плиты лæппу æмæ Зилгæйы та Додто, æрмæст, ох-хай – уыдысты...

Æмæ дын дзы найфаты кафын дæр – æцæг ирон кафт, акробатикæ нæ фæлæ, – исчи, цымæ, зондзæн?..

Мæнæ æз – арс бæласы сæрмæ схылди... Зарынмæ та – Калачы консерваторийы рауагъд халон.

Ох-хына, æмæ-иу куыд ныззарыд зындгонд нывгæнæг Хетæгкаты Хъазыбег! Æмæ-иу куыд фидыдтой хæрз æрæджы дæр ма дæсны зарæггæнæг æмæ поэт Æхсар æмæ йæм дæсны хъырнæг, номдзыд поэт Камал!..

Абон та...

Æцæг, уæддæр æмæ уæддæр хæст ма уæд, ма.

ХÆЛÆГÆЙМАРД

Йæ цардбарæн бонты лæг цæмæ нæ бахæлæг кæны, цæмæ нæ батæхуды!

О, æппæты разæй æмæ фыццаджы-фыццагдæр низæй æнæхъæрзгæ уавæрмæ, бинонты амондмæ, фæлæ мæнæ æз чи дæн, уымæн та рæстæгæй-рæстæгмæ иу ахæм тæхуды свæййы йæ хæлæджы сæр:

кæсын, зæгъæм, рагон къаммæ – «Едысы Ныхасы лæгтæ» – æмæ хъæрзæгау арф ныуулæфын, зæгъгæ, уыдоны алы кæйттæ-хабæрттæм ма байхъус, ма сын сæ ныффысс, ма!

Цымæ, цас аргъæуттæ, æмбисæндтæ, зарджытæ, кадджытæ, таурæгътæ ахастой семæ æдзæм бæстæм Ирыстоны хъæуты æмæ кæмтты Ныхæстæ, цас!..

Ис ма ныры размæсхуыст дуджы дæр алы хуызы нымад Ныхæстæ дæр, фæлæ...

Æрæджыты дын фæцæуын иу хохаг стыр хъæуы уынджы, кæсын, æмæ дымгæтæй хъахъхъæд хуссарварс бадынц ахсджиаг уынаффæтæн бæззон ас лæгтæ, дзурынц цæуылдæрты, фæлæ сæ зæрдæ та фыдæлтыккон тæрхæттæгæнæг-æхсæны уынаффæтæгæнæг Ныхас схонын нæ бакуымдта: кæд æмæ хъазыдысты къамæй.

Æмæ уый, æвæццæгæн, сæхи азар дæр нæу: бæрны æвæрд бынæттон хицауад сæ уынаффæйы хæсæй раджы ссæрибар кодта. Кæд искæд истæмæн бахъæуой сæ диссаджы цардвæлтæрдæй дæр, уæд Æвзæрстыты рæстæг – ома сæ хъæлæстæ. Фæлæ уый дæр ахæм ахсджиагæн нæ, уымæн æмæ... О цæй: дуджы фæтк фыдæлты æхсæндзарды уагæн ницыуал бавæййы, кæд нæм суанг Стыр Ныхас дæр ма ис, суанг паддзахады арæнты сæрты æнхъæвзгæ, уæддæр.

Æрмæст хæст ма уæд, хæст ма зæгъæд Дунесфæлдисæг.

БАФÆРСЫН АЗИМАГ МА УÆД

Уæддæр та, иугæр æгас дæ, рыст дæр æмæ дæм цин дæр хъарынц, уæд иу æвдæлон сахат æнæфенды фæрстытыл схæцыс. Зæгъæм, дзырдæн, мæнæ уыцы хуызы: «Цы бæллæх сæмбæлд нæ дзырдарæхст дзыллæйыл ссæдзæм æнусы ссæдзæм азтæй фæстæмæ, æмæ нæдæр иу зæрдæмæдзæугæ ‘мбисонд равзæрд се ‘хсæн, нæдæр фыццагон зарджыты æмдых, æмсæр зарæг» æмæ а.д.

Æмæ хъæуты нæмттæ та, хъæуты! Ирон зонды хъæстæ æппындæр нæ фесты: Михайловское, Комсомольское, Октябрьское, зæронд Хъæдгæроны фæзмыгой нæмттæ – Донгæрон, Комгæрон...

Уый æмæ дын кæддæрты æрхъуыдыгонд топонимтæ! Цагъаты Анастасияйы чиныджы сæ стыр поэзийы рæнхъытау кæсыс, кæд æдзух, цы амонынц, уый нæ фембарыс дæ ныркон зондæй, уæддæр.

Хозиты дзæнæтыбадинаг Федыр дæр сæ йæ чиныджы цас бамбырд кодта, уый дæр диссаг у, уæдæ циу! Иуцалдæр дзы рафыссон дæнцæджы охыл: Амасин, Сулæртæ, Хуыскъæлы, Тимцъына, Уарцъегом, Сæлварс, Цъызы, Чыстæ, Ксурт, Нагъора, Цъебат, Быхнар, Зригæттæ, Элхо, Джинат, Цхисалгъат, Халацъа...

Махмæ та Камбилеевкæ, кæд Змейкæ дæр ирон туг æмæ стæг нæу, уæддæр. О, стæй Даскъоф дæр ницы раппæлинаг ирон æнгæс у...

Æрмæст уæддæр, хуыцæутты сæргълæууæг Стыр Хуыцау, хæст та ма ныннæрæд – мингæйтты æвæдгæнæг, сидзæртæ æмæ сидзæргæсты инкубатор...

Тъæнджы мæй, 2024 аз,

Уæллаг Фыййагдон

ЗÆФЦЫ ФЫДÆЙ

Советон табуйаг дуджы раджыма-раджы уыдаид æви урс паддзахы заман, фæлæ ма-иу уæд азмæлæн куы нал уыд мæрддзыгойæ нæ уæлмæрдты, уæд, дам, иу чидæр, ингæнтæм дзургæйæ, афтæ бакодта:

– Æ, цы мæгуыр уæ уыд уый, æмæ зæфцы фыдæй чи æрбафтыд ардæм!..

Ома æвæгæсæй, æнæ феххуысгæнæгæй.

О, афтæ дæр зарыдысты, зæгъгæ, «дан приказ ему на запад, ей в другую сторону» хæстмæ, æмæ, дам, кæд мæлæт, уæд «смерти мгновенной», кæд цæф, уæд та «раны небольшой», йæхи къахыл цæуынхъом ма куыд уа, афтæ...

Дæ къахы бынтæ дын хъыдзы кæнынц, фæлæ дæ худын та нæ уадзынц, доны дæ тъыссынц, сурыл дæ уырды над кæнынц, æцæг дын кæуыны бар та нæй. Хæст нын йæ номæй хонын та уайсадæгау у!

Айфыццаг мæ хорз зонгæ лæппулæгимæ горæты хæрхæмбæлд фестæм. Куыд, цы, зæгъгæ, афæрстытæ кодтам кæрæдзи, фæлæ мæнæн йæ тыхст хуызмæ мæ зæрдæ фехсайдта:

– Циу, цы хабар у, цыдæр тардзæсгом дæ зианджынау...

– Зиан... Уæдæ ма зиан цы вæййы – Нузалæй мардмæ рацыдтæн: не ‘ввахс хæстæджыты цæринаг гуырды мард Ростовæй сластой,

уым иуцасдӕр морджы фӕцис, нӕ сын ӕй хъӕр кодтой, ӕгас у, мард у, уый къорд боны бӕрӕг нӕ уыд. Хӕсты кӕм бацыд йӕ тохы ӕмбӕлттимӕ ӕмӕ кӕм фӕцӕф, уырдӕм, дам, бацӕуӕн ницы амалӕй уыд – фаллӕгтӕ сӕ цавд комкоммӕ уырдӕм скодтой. Гъемӕ цӕфӕй йӕ туг фӕцыд...

Дзыхъмард фӕдӕ – куыд нӕ дӕ уӕддӕр ӕвгъауаг ӕмӕ тӕригъӕд. Фӕлӕ ахӕм рӕуӕг цӕф фӕдӕ, ис ма дын фервӕзыны хос, ӕцӕг дӕм исчи афойнадыл ӕххуысмӕ фӕзынӕд, уӕд та...

Нӕй. Ӕрмӕст дын рагуалдзӕджы уазал арв фӕлмӕн сӕлфынӕгӕй дӕ цардбӕллон туг ӕхсы...

Цӕуы ерыс, йӕхи размӕцыддӕр ӕмӕ культурондӕр цы фӕрӕздджындӕр паддзахадтӕ хоныныц, уыдоны 'хсӕн: уӕдӕ сӕ кӕй ӕр- хъуыдыгонд хӕцӕнгарз амардзӕн фылдӕр адӕм ӕмӕ сӕ кӕй рӕмудзӕн хотых ныффалгӕрон кӕндзӕн иу рыппӕн фылдӕр цӕрӕнуӕттӕ.

Фӕлӕ та уӕддӕр ӕмӕ уӕддӕр нӕ зӕрдӕ хъал вӕййы фынтӕй: бон цӕуы ӕмӕ уыцы фарнхӕссӕг дӕр басгуыхдзӕн, ӕмӕ кӕд ӕрцӕудзӕн кӕрон хӕстӕн. Уӕвгӕдӕр хӕстӕн.

Науӕд Хуыцау дӕр, ӕцӕгӕй, бынтон фӕсмойнаг нӕ кӕны, йӕхи сурӕт ӕмӕ нывтыл ахӕм хъӕбулы кӕй сфӕлдыста, уымӕй – йӕ фыр зонддджынӕй цъаммар адӕймаджы? Ӕмӕ уӕд нӕ дзӕбӕх дунейы сӕфт не 'рцӕудзӕн зӕфцы фыдӕй, и, и?

Ӕртхъирӕны мӕй, Дзӕуджыхъӕу

ЗӔДӔЙ – ЗӔДГОНДДӔР, СЫРДӔЙ – СЫРДДӔР

Амард, йӕ рухс дунейӕ ахицӕн мӕ уарзон хистӕр, ахуыргонд лӕг, зонды рухс парахатӕй тауӕг.

Ӕмӕ загътон тыхст-уырыд зӕрдӕйӕ:

– Дӕ фӕстӕ, Максимиллиан, цӕрын фӕзындӕр ацы хъулон-мулон дунейы, хӕлар-фыдохуарӕг дунейы, фӕцу ӕмӕ ма 'рцуйы фӕндагыл фӕраст уӕвынмӕ та зынгӕ фӕныфсджындӕр дӕ: дӕ зианӕн дӕр та куы быхсы, дзӕвгар хӕрзты кӕмӕн фӕцыдтӕ, уыцы ирон дзыллӕ, уӕд мӕ ацыд ницы ахӕм зианӕрцыд уыдзӕн…

Ис царды амонд. Тӕхудиаг! Табуйаг!

Фӕлӕ къаддӕр бӕллиццаг – зӕгъӕм, мӕнӕй иу лӕгӕй – нӕу дӕ

адзалы нывыл фæзынд, кады æмгъуыдтæ нæ нымайгæйæ дæр – де 'мгæртты фæд-фæдыл се 'нусон фæндагыл куы афæндараст кæнай æмæ лæдзæгау æнæ къабаз, æнæ къалиу æхсæстæй куы аззайай, уæд мæ, сæдæ азы сæрты акæс-афæлгæс, зæгъгæ, ахæм арфæ дæр ничердыгæй æндавы.

Нæ йын зонын йæ бæлвырдтæ, нæ зæххон цардæн йæ хæрзтæ хуыздæргæнгæ цæуынц, æви йæ бæллæхтæ бæллæхдæр, æвирхъаудæргæнгæ ивынц сæ иу иннæйы…

Уалдзæг – йæ тæккæ ракæнон арæзтæй, фæзынд зараг цъиутæн сæ фидиуджытæ – лæвар дын рæвдауынц де 'ргъæвст уд, цæрыны монц та фæсойхъæстæ, фæхъацæнджын цыфæнды сынкъджын-рæхуыстытæ зæрдæйæ дæр.

Царды хостæн се 'вдадздæр – хорз адæймаг, суанг зæдæн дæр ма хæлæггаг зæдæнгæс гуырд. Ахæмты фæрцы ныхъхъал, ныббуц вæййы, æвæццæгæн, йæхицæй Сфæлдисæг, нал вæййы фæсмойнаг, мæн, адæймаджы, кæй рауагъта дунемæ, уый фæдыл.

Уалынджы та зæрдæ æмæ зонды талынджы рæбын ахæм æнахъинон фыдракæнд рауадзы тугмондаг билцъ, æмæ ма мах зæрдæтæ дæр – Бесланы сау боны цæфтæ æмæ рæтъузынтæй цъæхфæныкгонд – ныккæрзынц, нырризынц бындзарæй…

Хуры цæст амылазон вæййы, хъæрмуст уалдзæг ахъызтзымæг, лæг йæхимæ бар-æнæбары азымджын æркæсы, цыфæнды зонды къуыбылойæ дæр ахæм æнæбон, æнæхъару, æвадат, æнæмадзал кæй у адæймаггондæй сырдæй-сырддæры ракæнды ныхмæ, уый амидингæнæг, разæнгардгæнæг, ардауæг цæйдæр-кæйдæр тугдзых удысконды ныхмæ.

Æмæ та – цæрæм.

Æмæ та – хæрæм.

Æмæ та фыдæлтыккон ныфс æвæрæм нæхицæн: «Бон цæуы æмæ фарн хæссы…»

Æмæ нæ уыцы уавæры дæр иу зæдæй зæддæргæнгæ ивы, аннæ та…

Ау, кæд йæ боны фыддæртæм æрцыд, сыдæй мæлы йæхæдæг дæр æмæ йæ бинонтæн дæр уæд та ма мамæлайы къæбæр дæр нæй, уæддæр йæ зонд фæцыд бынтон, йæ зæрдæ схъуына æмæ скъозо, йе 'фсарм дæвдæг хус бацис, æмæ йæм нал хъары Хуыцауы тæф,

нал æм хъуысы адæмы хъæр, кæронмæ дæр адæймаджы цардæй цæрыны уынæр?!

Æви нæ алкæмæн дæр йæ фарн йæхирдыгон у æмæ йæ æнæтæригъæд сабийы туджы æвдылдæй дæр æхсызгонæй хъæуы?!

Æмæ мæнæ цы зын у, мæнæ, АХÆМТИМÆ æмдугонæй цæрын æмæ хæрын, цæрынты хъазын æмæ мыггагмæйы мардæй мæлын.

Фæлæ та цæрæг удæн æндæр хос нæй, кæд дæуæй аразгæ æрмæстдæр, айдагъдæр иу фæзилæн у, уæддæр: дæхæдæг чи дæ, дæхæдæг, иунæг дæхæдæг, уый, Хуыцауæй тæрсгæйæ æмæ Йын табу кæнгæйæ, Йе сфæлдыст нывыл адæймаг у: кæйдæр цин дын – бæрæгбон, кæйдæр рыст дын – судзгæ дудаг.

Уæ Хуыцау, нæ бон бафæразын кæмæн нæу, ахæм дур ныл нæ рæзинæгтæ-æнхъæлцауты тæригъæдæй уæд та ма ма ‘рхауæд арвæй: уæддæр æмæ уæддæр ма суадзæнт пиллон дун-дунетæ, сауæвзалыгæнæг æлгъыст хæст…

Хуымгæнæны мæй, 2024 аз, Дзæуджыхъæу

БУЛКЪАТЫ Игорь

ГÆРÆН

Роман

(Скъуыддзаг)

Знон фæссихæртты, дыууæ сахатæй цыппор æхсæз минуты куы аивгъуыдта, уæд æнæнхъæлæджы дзыхъмард фæдæн æз – Хъалæгаты Гадзыбейы фырт Бекмырзæ. Уæхи фæуромут, уæ кæуын уал фæуадзут, уæ рустæ æмæ уæ сæрыхъуынтæ нырма ма тонут. Цыбыр ныхасæй, тагъд ма кæнут, хъынцъымы рæстæг дæр уын фæуыдзæн. Чи зоны мыл уæ къах æркъуырат æмæ мæстыйæ зæгъат, нæ гæбæр куыйтимæ ныгæд æрцæуæд, зæгъгæ. Уæд ма æнæхъуаджы хи æфхæрын та цы у!

Æмæ уын уый дзырдтон: знон фæссихæртты, дыууæ сахатæй цыппор æхсæз минуты куы аивгъуыдта, уæд, нæ чысыл сахарæй ныгуылæнырдæм фæцæйцæугæйæ, ресторан «Арвы дуар»-æй иудзæвгæр аивгъуыйгæйæ, стыр бæллæхы бахаудыстæм. Ме 'мдзидзидай æфсымæр Тотраты Сослан, æз æмæ ма ноджы нæ рауагъдады кусæг дыууæ чызджы, «Ниссан Х-Трейл»-ы маркæйы машинæйы бадгæйæ, æнгуз бæласы бындзæфхадмæ нæхи бахастам, æмæ уæ балгъитæг мæнау фæуæд. Цæугæ тынг цырд нæ кодтам. Машинæйы спидометр 85-ыл асалд, фæлæ уæддæр фæндаггон фыдбылызы хай фестæм. Æз схæпп кæнын дæр нал бафæрæзтон. «Айрбег» дзы не скуыста, здахæны къæлæт мын мæ риу бацъист кодта, æмæ уайтагъд Мыкалгабырты хай бадæн. Сослан тых æмæ фыдæй фервæзт æмæ ныр нæ рынчындоны травматологийы хайады урс сынтæгыл уæлгоммæ хуыссы. Кæд ма уым ис, æмæ йæ мæ фæдыл ничи рарвыста, уæд. О Стыр Хуыцау, Ды йе 'ххуысгæнæг фæу! Тотраты Сосланы ме 'мдзидзидай æфсымæр хонын, хæрз чысылæй кæй фæсидзæр и æмæ мын мæ мады дзидзи кæй фæдадта, уый тыххæй. Æгайтма фыдбылызæй фервæзт. Стыр Хуыцауæн нывондæн æз фаг дæн. Уæ уайдзæфтæ гæрæны сæрты тæхынц æмæ мыл ныдзæвынц нæмгуытау. Уæ цæстыты уазалæй мæ уазал буар ноджы уазалдæр кæны. Ома дзы дыууæ чызджы цæмæн ферох сты. Рауагъдады бæрнон кусджытæ уæвгæйæ, хæтаг сылтимæ хæтын сæ сæрмæ куыд хæссынц, зæгъгæ.

Басабыр ут, чызджытимæ хæтын нæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыд. Стæй мæ нæдæр рох фесты, æмæ уын зæгъын, цъæррæмысхтытæ дæр

кæй нæ фесты, уый. Хуыцау сæ нырæй фæстæмæ дзæбæхæй уадзæд æмæ сæ ноджы сбæрзонд кæнæд сæ карьерæйы асиныл.

Æз уын кæй тыххæй хъуамæ радзурон, уыдон нæдæр рауагъдады, нæдæр культурæйы хъæуынц. Уыдон фылдæр-фылдæр хъæуынц, нырыккон системæйы йæхи царды хицау чи нымайы, ахæмты. Тынг сбирæ сты, æмæ сæ сæ бынæтты баурæдта фæсаууон, сæ тæккæ разы йæхæдæг чи слæууыд æмæ йæ рахиз къух дард кæдæмдæр чи адардта, уыцы æппæтхъом адæймаг. Æз уæддæр дзурдзынæн æмæ нымайдзынæн хабæрттæ. Чи зоны, æз кæй тыххæй хъуамæ зæгъон, уыдон райсом искæмæн йæ идейон знаджы ныхмæ хотыхæй басгуыхой. Чи зоны, ныллæууа рæстæг, æмæ адæм урсы урс схоной, сауы та – сау.

Мæнæн сæйраг редакторы хæдивæджы бынатмæ схизын бантысти. Фидгæ дзы ницы кодтой, фæлæ мæ фæсномыгæй хатт «дыккаг» дæр хуыдтой, мæхæдæг мæ уæле лæууæджы «фыццаг» куыд хуыдтон, афтæ. Раст куы зæгъон, ацы бынатыл нæ тох кодтон. Йæхæдæг мæм æрцыд. О, бауырнæд уæ, нæ бæллиццаг дуджы ахæм диссæгтæ дæр цæуы. Биржæйы никуы лæууыдтæн, тауыстæ æмæ политикон анекдоттыл нæ цуан кодтон, цæмæй сæ стæй къæбæлдзыгæй радзырдтаин æмæ «фыццæгты» зæрдæтæ барухс кодтаин. Пенсимæ тыхтард функционерты къæлæтджынтæм гæппæввонгæй нæ лæууыдтæн. Стæй мæ уыдæттæ Барастыры дунейы дæр нæ бахъæудзысты. Уый сæраппонд хабæрттæ идеологийы дзидзакæрдæны нæ ауадздзынæн æмæ уын сæ уæ разы афтæмæй не ‘рæвæрдзынæн. Кæд нæ æхца кусыны рæстæгæн ахæм фæтк нæма ис, уæддæр цауты нымайдзынæн се ‘рдзон хуызы.

Иугæр цыппарæй уыдыстæм, уæд зæгъдзыстут: «А-а-а, цæмæн бакъæйттæ сты, уый бæлвырд у. Кæцæй рахъуытты сты æмæ кæдæм фындзæфтыды хай кодтой, уый дæр зонæм!» Фæлæ афтæ нæу хъуыддаг. Мæ тæккæ фарсмæ цы бурдзалыг Нелли бадтис, уый кастис тарстхуызæй, æмæ йæ дзыхæй нозты хъылма тæф калди. Йæ къаба уыд æнцъылдтытæ æмæ ранæй-рæтты скъудтæ. Тагъд ма кæнут, тас, нозт æмæ скъуыдтæ дарæс уыцы иу заман иу адæймаджы хай куыд фесты, уый дæр уын зæгъдзынæн. Нелли нæ сахары уазæг у, йе ‘цæг ном хуыйны Дзыгыдæ, фæлæ, хæххон æвæлтæрд чызджы институты ахуыры фæстæ сæ хъæуы Культурæйы хæдзары директорæй куы сæвæрдтой, уæд йæ ном æмæ йæ фыды ном фæивта. Дзыгыдæ Цамеловнæйы бæсты ссис Нелли Шамиловнæ. Уыдæттæ мæхæдæг

дæр базыдтон раздæр æмæ уын сæ дзурын, куыд сты, афтæмæй. Ме ‘мдзидзидай æфсымæр Сослан æмæ Ледæ Кимовнæ (уый та Лезæ Кимовнæйæ Ледæ Кимовнæмæ агæпп ласта) бадтысты фæстаг къæлæтджыныл. Сослан чызгмæ йæ хъус нæ дардта, йемæ нæ ныхас кодта, буцтæгæнæгау æм йæ къæбут сыздæхта æмæ рудзынгæй кастис дард кæдæмдæр. Ледæ Кимовнæйæн дæр йæ дарæсы конд, йæ цæсгом æмæ йе ‘рбакаст уыдысты хæццæ-мæццæ æмæ змæст. Сымах, æвæццæгæн, хъуыды кæнут: ацы дыууæ мондаггæнæг чызджытæн батых кодтой, сæ рæсугъддзинадæй сын сæ дойны басастой æмæ сын сæ зæрдæтæм тас бауагътой, зæгъгæ. Афтæ нæу. Нæ дыууæ Сослан æртах дæр нæ бануæзтæм, фæлæ Нелли Шамиловнæ æмæ Ледæ Кимовнæ та сæ дзыхæй уагътой сæ нозты тæф. Уый та ууыл дзуры, махимæ нæ, фæлæ æндæр кæйдæртимæ кæй нуæзтой. Иумæ бадгæйæ, уыдон нуазгæ кодтаиккой æмæ сæм мах та сурдзыхæй кастаиккам, уый гæнæн нæй. Чи зоны, зæгъат, сæ фембæлды фыццаг хай сæххæст кодтой æмæ йын йæ дыккаг, сексуалон, хайы аныгъуылынмæ хъавыдысты, фæлæ сын нæ бантыст, зæгъгæ. Афтæ нæу, гæнæн уæвгæйæ, уыцы дыууæ чызгæн сæ иувæрсты ахызтаиккам, фæлæ, уыдоны цы уавæры федтам, уым ахæм ми нæ сæрмæ нæ бахастам.

Гъемæ уæдæ фæндаггон бæллæхы нывтæ æз цардæгасæй сыстын кæндзынæн, æмæ мын мæ ныхас фæнды кувыныл банымайут, фæнды йæ пъæлицæйы фарстаты протоколы фæнысан кæнут дзуаппы бæсты. Не ‘хсæн цы сау гæрæн схъил ис, уый мæ æппæт бæрзонддзинадæй ссæрибар кодта. Рæстдзинады хыгъд налдæр мæхи «фыццаг»-æй тæрсын æмæ налдæр уый уæле лæууæг «фыццаджы-фыццаг»-æй. Бынатмæ нæ фæхæццæ стæм, афтæмæй тæхгæ-тæхын æнгузы бындзæфхадыл нæхи сцавтам. Æз тæккæ уыцы ран дзыхъмард фæдæн. Сослан травматологийы хайадмæ бахауд. Нелли Шамиловнæ æмæ Ледæ Кимовнæ та афонмæ сæ хæдзæртты дзæбæхæй бадынц. Чи зоны, ме ‘намонд ныййарджытæм тæфæрфæсмæ дæр æрбацæуой.

Лæмбынæг уын зæгъдзынæн фыдбылызы бынаты ныв: машинæ сахатмæ цыдис 85 километры, афтæмæй йæ ных бахаста æнгузы зыкъуыритæ бындзæфхадмæ. Шофыр (мæхæдæг) уромæнтæ нылхъывта, фæлæ, бæласы онг цы дæрддзæг уыд, уый йæ бауромыны фаг не ссис. Радиатор атыдта æмæ йæ хæлд фæрстæй йæ антифриз фæйнæрдæм ныцъцъæгъгъæст ласта. Мотор фыр цæфæй фæстæмæ рабырыд æмæ,

машинæйы бæзджын астæрдыл кæй схæцыд, уый фæрцы мæлæтæй фервæзтысты ме 'мбæлттæ. Æниу, уыдонæн сæ «айрбегтæ» дæр феххуыс кодтой. Стæй, раст куы зæгъæм, уыцы япойнаг машинæтæ ницы сты. Мæхи «айрбег» та не скуыста, здæхæны къæлæт мын мæ риу нылхъывта æмæ бацъист кодта сустæ, зæрдæ, игæртæ. Æнгуз бæласы бындзæфхадæй иу стыр чъепс схаудта. Уый фыдæй бæлас, чи зоны, фидæнмæ дидин нал рафтауа. Табу Стыр Хуыцауæн, уый йеддæмæ паддзахадыл иу капеччы аргъ дæр зарал не 'рцыд. Сосланы хосты аргъ æмæ хирурджы мызд бафидын бахъæудзæн. Проблемæ нæу, махуæттæ бафиддзысты, фæлæ сæ исчи бауадздзæн? Æрхъуыдыджын æмæ амалджын бæргæ у Сослан, фæлæ, чидæртæ йæ разæй ма фæуой, уый гæнæн нæй. Æппындæр æй куы ницыуал бахъæуа, ахæм фыдбылызы хай йæ нæ фæкæндзысты?

О Стыр Хуыцау, сидзæр лæппу дæ фæдзæхст фæуæд! Мæ уды зианыл та мæ ныййарджытæ фæкæуздзысты, мæн тыххæй афæдзы дæргъы саутæ фæдардзысты, нана сæ, чи зоны, цæргæ-цæрæнбонты фæдара. Чи зоны, чидæртæ мæ фæдыл ратутæ кæной æмæ зæ- гъой, дæ фæндаг раст, дæ уагъæлд цардыуаг дæ уды зианæй кæй сæмраст кодтай, уый тыххæй дын дзæнæтæй хай уæд, зæгъгæ.

Мæ машинæ мын Сослан æмæ мæ кæстæр æфсымæр Тъæрæс йæ къахыл слæууын кæной, уый мæ нæ уырны. Уæлдайдæр та, Нелли Шамиловнæ, Ледæ Кимовнæ æмæ Сосланы тагъд æххуысы къарет рынчындонмæ куы аласта, уæд ын ДПС-ы инспектор бабайы æрбацыдмæ йæ хæйттæй цыдæртæ кæй рафтыдта æмæ сæ йæхицæн кæй ахаста, уый аххосæй. Æниу баба йæ КАМАЗ-ыл уайтагъд куы 'рбацыдаид, уæддæр машинæмæ не 'ркастаид. Куы 'рбацыд æмæ мын мæ «Ниссан» цъистæй куы ауыдта, уæд йæ рустæм фæлæбурдта æмæ ныддодой кодта: «Бекыз æмæ Сосыкъо, уый цы ми бакодтат? Чидæртæ уын цы фыдбылыз бакæнынмæ хъавыдысты, уый уæхæдæг цæмæн æруагътат уæ сæртыл? Æнæ сымах ма куыд фæцæрон? Хурмæ ма куыд скæсон? Кæйдæрты ныхтæй кæй фелвæстон æмæ уын уæ разæй кæй аластон, уый æнæ дæу куыд фæцæрдзæн, Бекыз?» Баба Сосланы дæр мард æнхъæлдта. Кæйдæрты ныхтæй та фелвæста Чертыхъоты Тамбийы. Уый мæт мæрдтæм мемæ хæссын. Кæй ныхтæй йæ фелвæста æмæ йæ кæдæм аласта, уый дæр уын зæгъдзынæн, тагъд ма кæнут. Мæ хъуыдытæ рæдзæмæдзæгæнаг æнус-æнусы хуылфмæ бафардæг

сты. Мæхæдæг та сау гæрæны сæрты атахтæн æмæ мæ адæймагон мидис фæфæлдæхт зыгъуыммæ. Уæвгæ, диссаг у, диссаг! Тæригъæд кæй хонæм, уый дард кæмдæр аззад, æмæ йæ мысын алы минут, кæд уыцы æнкъарæнæй дыууæ дунейы ‘хсæн ницыуал ис, уæддæр. Уый у, буарæй кæй фæхицæн кæнынц, фæлæ йæ рис импульсты хуызы нæхимæ кæмæн æрбаздæхы, ахæм лыг къахы хуызæн. О, кæмдæр æнæ фæкæсгæйæ лæзæры, тæригъæд кæй хонæм, уый. Мæнæй фæхицæн и. Цыма йæ æз фыны федтон, фæлæ йæ фæлгонц æрбаймысын мæ къухы нал æфты.

Табæты уæлгоммæ чи ‘рхуыссы, уыдонæн нал вæййы бардарты хицæуттæ æмæ «фыццæгтæ». Искæмæй бæрзонддæр куы разыной, уый тасæй рабадтыты гуыбыргомау нал фæлæууынц. Сæ паддзахады æмбис сын зæй куы ныххафа, уæддæр æй сæхи риуыл ауадзынц æмæ расидынц, зæй мыл рацыд, зæгъгæ. Уый тыххæй æз дæр дзурдзынæн «мæнмæ», «мæ фæндаггон фыдбылызы», «мæ редакцийы», «мæ мæлæт», «мæ бæллæхы марды», «мæ сæйраг редактор», «мæ адæм». Афтæ хуыздæр уыдзæн, сомы уын кæнын МÆ ХОХЫ бардуагæй! Мæ мæлæт, мыййаг, сусæг кланты хъаугъатæ куы расайа, уæд сын сæ сау митæ хурмæ ракалдзынæн. Уый мæ къухы куынæ бафта, уæд дыккаг мард фæуыдзынæн. Мæрдтæм мæ ницы фæхæццæ уыдзæн, Бекыз секс æмæ нозты амæттаг фæцис, зæгъгæ, куы зæгъат уæд.

Этилы спъиртты уагъд тулдз фæйнæджытæй арæзт бургомау табæты хуыссын æнцад. Мæ нывæрзæн дæргъæццон мыдадзын цырагъ судзы цъæхснаг къæрцкъæрцгæнгæ. Аргъуаны ритуалон фæткмæ раздæр джырыз цæстæй кастæн. Абон та мын мæхицæн кæнынц дины раг-рагон æгъдæуттæ. Мæ нывæрзæн мын судзынц, парафин кæмæ фæхæццæ чындæуыд, ахæм мыдадзын цырагъ æмæ, кæм хуыссын, уым калынц сæрзилынгæнæг буд. О, цы бæллæх нæм рауад уыцы дæргъæццон мыдадзын цырагъы тыххæй! Ахæм ран адæймаджы цы нæ хъæуы, уый нæ фиппайы, афтæмæй йæ иувæрсты ахизы. Кæнæ йæ дзых бынтон ныммыр кæны, кæнæ та зæгъы æрмæст хорз, фæлæ ахæм ахастытæ алы хатт дæр æххæст не ‘рцæуынц. Мах нæ фиппайæм дины хуыссæгæфтæуаг æгъдæуттæ. Махæн æнцондæр у цæрын нæ хицæутты хъæддых закъæтты домæнтæм гæсгæ, æмæ нæ мораль ссæрибар хъуамæ уа мæнгуырныдзинады алыхуызон уаргътæй. Æниу сæ чи иртасы – æцæгуырныдзинад кæнæ мæнгуырнын-

дзинад. Мæ «фыццаг» кæддæр афтæ загъта – хист æмæ мардæн рухс кæнынил мæм дзурын дæр нæ цæуы, фæлæ ингæн къахын, ныгæнын æмæ уæлмæрды дуртæ æвæрын дæр, – уыцы ракæндтæ къаддæр сты баст дины æцæгуырнындзинадимæ. Марды æрвитæм æнусмæ, ритуал та у рисы ныхмæ лæууыны мадзал. Иубон та «бынтон бæрзонд» хицаумæ æмбырды «фыццаг» æнæхъазгæйæ расидтис, афон у, мæлæты æмæ царды ‘хсæн цы æгъдæуттæ ис, уыдонмæ ног цæстæй æркæсын, зæгъгæ. Уæвджытæ кæрæдзимæ бакæсын нал бауæндыдысты. Хатæны-иу айхъуыст, сæтæлæг, йæ хъузджы хуылфмæ ныббыргæйæ, йæ сæтимæ цы цъыввыст-цъыввыст суадзы, уый хуызæн æлгъаг уынæр. «Æмæ уæдæ нæ мæрдты уæлæуыл ныууыдзæм, æви нын цы дæ зæрды ис?» – æрæджиау æй афарста «бынтон бæрзонд». «Фыццаг»-æн йæ монгойладжы цæсгом ноджы фæтъæпæндæр ис, æмæ йæ роцъо цуркау рацыргъ. «Буддисттæ сæ мæрдты ныгæнгæ нæ кæнынц!» – срæцыгъта уый. «Раст зæгъыс, басудзынц сæ чъырын арты æмæ сын се ‘ртхутæг байзæрынц зæххыл!» – дыккаг хатт бафиппайдта «бынтон бæрзонд». Мæ «фыццаг» бирæ дзурын нæ уарзта æмæ та ныр дæр цыбырæй загъта: «Æмæ уым æвзæрæй цы ис?» Уæвджытæн се уæнгтæ стымбыл сты сæтæлæджы хъузджытау. «Бынтон бæрзонд» æмæнкъарæн цæстытæ бацагуырдта, фæлæ цæсгæмттæ дæр хъузджыты мидæг бабырыдысты. Уалынмæ сæты æлгъаг цъыввыст-цъыввыст ссыд дæлиауæй æмæ разынд æфсæст цæсгом: «Æвзæрæй дзы ницы ис, фæлæ уыцы æгъдау дæр дины амындæй рацыд!» – загъта сæтæлæг. «Кæм, кæцы дины амындæй цæуы?» – йæ былтæ фæрæты комы хуызæн акодта мæ «фыццаг». Сæтæлæг йæ комыкъулты дон ссыллыпп ласта æмæ йæ мидбылты бахудт, ома дæ къухмæ Библи никуы систай, афтæмæй мын дины амынды ныхмæ тох кæныс, мæгуыр дæ бон фæуа. «Буддæйы амынды цы ис фыст, уый нæ зонын, фæлæ Матфейы Евангели амоны, сыджыт уыдтæ æмæ сыджыт фест, зæгъгæ. Æртхутæг зæххыл куы байзæрынц, уæд адæймаг æцæгдæр фесты сыджыт! – мæ «фыццаг»-æн йæ дæллаг был иу ран фæсаст, æфсæйнаг куыд фæцъула вæййы, афтæ. – Дæ хуызæн æнувыд чырыстон лæг аргъуаны пæлæз ма хъуамæ скæнид æмæ Чырыстийы хæтæнты ма хæтид!» Æмбырды боныгъæд куы æрбацасæста, уæд «бынтон бæрзонд» фестад æмæ, йæ къух размæ адаргæйæ, феххæлд мæ «фыццаг»-мæ: «Алы хъуыддаджы дæр хъæуы фæзминаг! Дæ

оригиналон хъуыдыйы цæвиттойнаг фæу дæхæдæг æмæ уал дæ ныййарджыты мæрдтæ ды басудз!» Мæ «фыццаг» фæстæмæ фæлæууын нæ зыдта, æмæ йыл уый дæр сыскъæрдта: «Басудздзынæн! Бахъуаджы заманы мах къутæрты не 'мбæхсæм, фæлæ размæ цæуæм!» Ахæм цыргъ æнкъарæн уыд.

Газеты корреспондентæй куы куыстон æмæ резинæ цырыххъыты мидæг цъыфдзаст быдырты куы рауай-бауай кодтон, уæд мæ уырныдта, рæстдзинады сæраппонд кæй тох кæнын, уый. Фæлæ мын мæ оптимизм чысыл фæстæдæр дон йæ бынмæ нылласта, æмæ бæрзонд хæхты цъуппытыл æппæт адæймагады рухс мæнг аргъады цæсткуырмгæнæг тынтæ аныхъуырдтой. Ныр дæр та ахæм инцидент кæй хъуамæ æрцыдаид, уый фенкъардтон мæ мæрддаг зæрдæйæ, æмæ мæ схордта мæ галиу æрфыг. Æцæгдæр фæссихæртты фæзындысты мæ «фыццаг» æмæ редколлегийы уæнгтæ. Цæмæй йæм мæрдадзы адæм æркастаиккой æмæ хъусдарды центрмæ бахаудаид, уый тыххæй уаз хуызы слæууыд фæскъæсæр. Се 'гасыл дæр уыд финляндиаг сау-сауид костюмтæ, голландиаг сау-сауид хæдæттæ, немыцаг сау-сауид «Саламандрæ» дзабыртæ æмæ францусаг тарбынсырх галстуктæ. Сæ дарæсы лæгъз сконд цæстыл ныдзæвд, цыма сæ гал йе 'взагæй басдæрдта. Фыр нозтæй сæ хытъынтæ куынæ раскъæрдтаиккой, уæд англисаг джентльменты хуызæн уыдаиккой. Булкъдаст цæсгæмттæ уыдысты æфсæст æмæ æлгъæд. Æмхуызон фаст сæртыл бриолин æрттывта. Сау дарæс барысчъийы нысан кæй уыд, уый алчи дæр зыдта, фæлæ сырх галстуктæ мæ калд туджы символ кæй æвдыстой, уый базыдтон æрмæст æз. Уый мæ «фыццаг» хуыдта нæ цытджын рауагъдадæн йæ куысты стиль, йæ цардыуаджы хуызæг, йæ цæсгомы уæздандзинад.

Тæфæрфæсгæнджытæ сæ къухтæ райстой мæ мадæн, мæ мадымадæн, мæ фыдымадæн, мæ хойæн, мæ фыдыхотæн, ме 'фсымæртæн æмæ æппынфæстаг сæркъулæй слæууыдысты мæ фыды раз. Уымæн дæр йæ къух райстой, радгай йæ ныхъхъæбыстæ кодтой æмæ, фæсдзæуинтæ æддæмæ куы ахызтысты, уæд мæ «фыццаг» йæхи фæурæдта уæлахиз æфсадфæтæгау. Йæ дзыппæй митау урс-урсид къухмæрзæн сласта, йæ ныхыл æй ауагъта, йæ хус цæстытæ дзы асæрфта æмæ мæ фыдмæ, йæхиуыл æввæрсгæ, æрдзырдта уæлейæ дæлæмæ:

– Гадзыбе Гарсиевич, Бекмырзæ Гадзыбеевич не 'гасæн дæр нæ

удтæ йемæ ахаста, фæлæ йын æнæ мыдадзын цырагъ мæрдадз скæнæн нæ уыди, цымæ?

Мæ фыд «Беломор»-ы хæтæл ауyæрста, арт ыл бандзæрста æмæ, мæ «фыццаг»-мæ йæ чъылдым фездæхта, афтæмæй бапъироз адджын пъæртт скодта.

– Гадзыбе Гарсиевич, дæумæ дзурын, дæумæ! Бекмырзæ Гадзыбеевич нæ рауагъдады бæрнон кусæг уыд, æмæ йын йæ нывæрзæн уыйдæргъæн мыдадзын цырагъ кæй ныссагътат, уый худæджы ми у! – йæ хъæлæс чысыл фæтызмæг кодта мæ «фыццаг», мæ фыд æм куыдзæй хъауджыдæр йæ хъус куынæ ‘рдардта, уæд.

Фæдисау дæн. Мæ «фыццаджы» уыйдæргъæн хъуыдыйæдтæ дзургæ никуы федтон. Æвæццæгæн-иу æй æндæр хæттыты бардзырдтæ дæтгæ уыдтон, æмæ йæ ам та бахъуыд æрдзурыны метод. Мæ фыд йæ къухтæ тæфæрфæсгæнджытæм фæдарынæввонг дæлæмæ æруагъта æмæ, йæ «Беломор» йæ дзыхы рахиз кæронмæ бабырын кодта, афтæмæй фæздæджы цъæх-цъæхид къуымбил суагъта йæ хъæлæсæй. Æз мæ табæтæй фæфиппайдтон мæрдджыны хурсыгъд цæсгомы ивæнтæ; фæлæ мæ «фыццаг» нæ фæфиппайдта, кæимæ дзырдта, уый кæй рамæсты ис, æмæ ноджы барджындæр хъæлæсæй загъта:

– Гадзыбе Гарсиевич, чырыстон дины æгъдæуттæ мах ницæмæн хъæуынц, æмæ цырагъ ахъуытты кæнæм ардыгæй. «Бынтон бæрзонд» æрбацæуинаг у æмæ цы зæгъдзæн, нывæрзæны цырагъ судзгæ куы фена уæд, а-а-а? – цыма æз табæты мардæй нæ хуыссыдтæн, фæлæ фынæй уыдтæн, уыйау мæ стыдта мæ «фыццаг».

Мæ фыд у, галстуктыл æлгъ чи кæны, уыцы хуымæтæджы шофыртæй. Мæ «фыццаг» æмæ редколлегийы уæнгты тынг нæ уарзы. Уæлдайдæр та сæ мæ фæндаггон фыдбылызы фæстæ йæ удхæссæг уыны. Газеты корреспондентæй мæ рауагъдадмæ куы хизын кодтой, уæд мын цæхгæр загъта: «Бекыз, Дзанхотты Бæркъа (уый мын мæ «фыццаджы» хоны афтæ) дæ йæхицæн коммæгæс фæсдзæуин, дзырдхæссæг æмæ нымудзæг саразынмæ хъæвы. Фæлтау, дæ резинæ цырыхъхъытæй цъыф куы змæнтай, уæд хуыздæр уаид. Байхъус мæм, уыцы куыстыл нытту кæн æмæ мæнæ зæхх барæвдау!»

Гадзыбе йæхæдæг кæд шофырæй куыста, уæддæр зæххы куыстæй нæ фæцух иу бон дæр. Нæ цæхæрадоны-иу æхсæвыгæтты фæкуыста, барывта-иу æй, æмæ-иу хъæздыг тыллæг куы ‘рзадис, уæд-иу æй йæ

хæдæвдæлонгæнæг машинæйыл уæй кæнынмæ аласта базармæ. Иухатт ын æз афтæ зæгъын, æнæ зæхх дæ бон цæрын куынæ у, уæд ма уыцы дзæгъæйлаг машинæйы здæхæныл та цы ныйичъи дæ, зæгъгæ, æмæ мын йæ дзуапп уый фæцис: «Æмæ æвзæр аз куы скæна, тыллæг куынæ ‘рзайа, уæд сымах хуызæн хæрыны уæнгæлты цæмæй схæссон? Æви Дзанхотты Бæркъайы алы бардзырдæн цæттæ дзул æмæ дзидза фестын æнхъæл дæ?» Нæй, нæ йæм байхъуыстон, хъал богъау мæ фындзы базырыл конд уромæн бæттæн атыдтон æмæ мæ фæндон аскъæрдтон. Уæгъдæй мæ куы федта æмæ кæй фембылд и, уый куы базыдта, уæд йæ зæрдæйы хæрам бындзары онг скалдта: «Куырм дæ, куырм, Бекыз, Дзанхоттæн мæрдты бæхæй фæцæуай! Цы чингуытæ уадзут, уый куы фенин, æндæр мæ ницы хъæуы. Дæ хистæр æхца давын æмæ искæй бæрзонд къæлæтджынмæ гæппæввонгæй лæууыны йеддæмæ кæй ницы зоны, уый не ‘нкъарыс? Йæхæдæг цы у, æмæ йæ суинаг кадртæ цы уыдзысты? Цы дын зæгъон, уый зоныс: уæ рауагъдад суинаг кадрты куырдадз нæ, фæлæ нымудзджыты, дзырдхæсджыты æмæ пайдайы бынæттæ агурджыты ахстон у! Æмæ, кæд рæдийын, уæд мын ацы цонг ралыг кæнут! Кæд сæ къухдариуæггæнджыты холыхор куыйтау хъахъхъæнынц, цæмæй, сæ пайдайы бынæттæй куы рахауой, уæд сын сæ холытæ бахсыной æмæ сын сæ бынæттæ бацахсой, уæд сæ чингуытæ цавæр уыдзысты? Уыдон ирон адæмыл, сæ сабитыл хъуыды кæнынц? Афтæ цард сæ сæры къуыдыры мидæг! Мæ уæнгæл у Дзанхотты тъæпæндзæсгом Бæркъа. Æмæ йæм æххуырсты куы ныллæууай, уæд ды дæр мæ уæнгæл фестдзынæ!»

Нæ, Дзанхотты Бæркъа æмæ йæ хæрзкусджыты фендæй-иу мæ фыдæн йæ зæрдæмæ хур нæ бакаст. Ныр дæр æй куы ауыдта, уæд йæ цæстытæ æрæхгæдта æмæ йæ хурсыгъд уадултыл фыццаг хатт ферттывтой тæвд цæссыгты æвзистхуыз фæдтæ. Зæд кæнæ хохы бардуаг нæ уыд. Хуымæтæджы адæймаг уыд, фæлæ цардис йæхи принциптæй. Æгæрыстæмæй-иу искуы «левый» уаргъ ласинаг куы фæзынд, уæдиу фæстæмæ нæ фæлæууыд æмæ-иу æй бавгæдта йæ машинæйы. Мæ «фыццаг» ын йæ зæрдæйы сконд зыдта æви нæ, уый нæ зонын. Кæд ын æй зыдта æмæ афтæмæй йемæ сæрыстырæй ныхас кодта, уæд ын сæрхъæны йеддæмæ ницы ис схонæн.

– Гадзыбе Гарсиевич, Бекмырзæ Гадзыбеевичыл цалынмæ нæ фыдыбæсты сыджыт ныккæла, уалынмæ йын редколлегийы активы

номхыгъдæй сисæн нæй, æмæ хъуамæ цæра йæ закъæттæм гæсгæ. Сис уæртæ уыцы даргъ цырагъ æмæ йæ бамбæхс. «Бынтон бæрзонд» æй куы ‘рбаййафа, уæд фæхудинаг уыдзыстæм! – загъта мæ «фыццаг» цæхгæр.

Гъе уым дын Гадзыбе йæ сохъхъыр цæстæй бынты куы скæсид æмæ, йæ «Беломор» зыдæй пъæртгæнгæ, «фыццаджы» ‘рдæм» хаст богъы цыд куы ракæнид:

– Дирехтур, цалынмæ дыл мæ Гæбоц куыдзы нæ бандзæрстон æмæ дын дæ фæлмæнтæ нæ ныттонын кодтон, уæдмæ ардыгæй дæхи куы айсис, уæд, цымæ, хуыздæр нæ уаид?

Ныппыррыкк кæнынмæ мæ бирæ нал бахъуыд. «Фыццаг» йæ финляндиаг къандзолы мидæггаг дзыппæй итувæрд къухмæрзæн сласта æмæ йæ дыдагъæй ауагъта йæ цæгæр сæрыл.

– Гадзыбе, дæ сæрмæ цытæ хæссыс, цытæ? Мах ардæм дæ жаргонмæ хъусыны сæраппонд не ‘рбацыдыстæм, нæ! Мах æрбацыдыстæм нæ сæфт хæрзкусæджы раз нæ хæс бафидынмæ!

Ау, мæ «фыццаг» ныры онг ахæм цыбыр зонд куы никуы æвдыста, уæд ыл абон цы ‘рцыдис? Гадзыбе йæм йæ чъылдым фездæхта, йæ «Беломор» адджын цъырд скодта æмæ йын йæ фæздæг йе уæхсчы сæрты «фыццаджы» ‘рдæм» ауагъта даргъ:

– Æз та дын дзурын, ардыгæй дæхи айс æмæ де ‘рбадæнты фæлмæнтæ бахъахъхъæн, кæннод мæ Гæбоц куыдзы рæхыс сисдзынæн!

Ахæм æбуалгъы хабар Иры дзыхъхъы нæма æрцыд. Марды уæлхъус туджджынтæ дæр сæ хотыхтæ æруадзынц дæлæмæ, фæлæ мæ фыд, тынг уæзбын лæг уæвгæйæ, йæхи нал баурæдта. Кæй зæгъын æй хъæуы, мæ «фыццаг» фефхæрд, йæ разамонæджы принциптæ йын срæмыгътой йæ миддуне, æмæ адæмы фарн ницæмæуал æрдардта. Ме зноны коллегæтæ иу ран фембырд сты æмæ сæ дзæнгæлтæгæнæг сусу-бусуйæ айдзаг кодтой хатæн. Хъарæггæнджытæ сæ кæуын фæуагътой, æз та рохуаты аззадтæн.

– Гадзыбе, нæ редколлегийы ныхмæ кæй цæуыс, уый хорз нæу! – загъта «фыццаг». – Нæ зынгхуыст коллегæйы нын æгас республикæ зыдта, æмæ йæ дины æгъдæутты æвджид нæ ныууадздзыстæм!

Мæ мад, зонджын ус уæвгæйæ, фенкъардта, хъаугъайы арт ноджы тынгдæр кæй сцырен уыдаид æмæ нæ хæдзарвæндагæн мæ мард кæй сдзырддаг уыдаид æгас комбæсты. Йæ кæлмæрзæны къабазæй йæ

цæссыгтæ асæрфта, йæ къухтæ йæ синты сæртыл авæрдта æмæ йæ лæджы раз слæууыд хылкъахæгау:

– Гадзыбе, уанцон бапъироз нæ дымыс, дæ дзых заводы фæздæг-дзæуæн цы фестын кодтай? Хатæны æнæуый дæр сулæфæнтæ куынæуал ис, æмæ устытæн сæ хъæлæстæ куы фехгæдтой, уæд ма сыл ды та цы калыс дæ фæздæг? Уый бæсты уал дæлæ кæртмæ ахиз! – стай-тай йыл кодта уый.

Гадзыбе йæ уæзæгджын армытъæпæныл æрту кодта æмæ йæ бапъирозы судзгæ сæр сæты мидæг цъысцъысгæнгæ нытътъыста.

– Хуыйы сыст! – загъта уый. – Лæппу фесæфт, фæлæ мæ лæгдзинад æз никуы фесафдзынæн! Ды йæ газеты корреспонденты куыстæй куы æрбаластай, уæдæй фæстæмæ фестад дымысдæр æмæ гуыбындзæл. Дæ зæронд машинæ йын ауæй кодтай æфстау æмæ йæ æрцахстай йæ хъустæй. Кæцæй уæм цæуы утæппæт уазджытæ, Бекмырзæ йæхионы æдде мæ мызд дæр ихы бын куы ауадзы æмæ фæсахсæвæрты йæ цыппæртыл куы 'рбабыры, уæд? – цыма æз нозтвæлладæй хуыссыдтæн æмæ та ахсæв дæр нæхимæ мæ цыппæртыл æрбабырыдтæн.

«Фыццаг»-мæ тæргайгæнæджы хуызы ацæуын аив нæ каст æмæ йæ редколлегийы уæнгты йæ алфамбылай æрбатыгуыр кодта, афтæмæй лæууыд кæрты.

– Уыцы мæгуыры мын ды фæцахуыр кодтай хицæутты фæстæгтæ сдæрынил. Стæй йæхæдæг та æндæр кæйдæрты сахуыр кодта сæ къæдзилтæ тилын, æмæ дунейыл емынæ бафтыдтат! Уый у уæ куыст, æндæр ницы! Уæ чингуытæ дæр федтон – зæгъæм, «бынтон бæрзонд»-ы опус «Скъоладзау чызджытæ цы хъуамæ хæрой æхсæвæры» кæнæ «Хæдзарон фосы анатоми». Къостайы чингуытæ ма уадзут, фæлæ хæдзарон фосы анатомийæн пропагандæ кæнут. Знон нæ амард мæ лæппу! Дæ ахстонмæ фыццаг хатт куы бацыд, уæд мын амард! – бынтон балæгæрста Гадзыбе «фыццаг»-ыл.

«Фыццаг» цæхгæр фæзылд. Цыма æппындæр ницы 'рцыд, уыйау ме 'рдæм йæ сæрæй æрбакуывта æмæ кулдуары 'рдæм сæрыстырæй фæраст. Редколлегийы уæнгтæ йæ тутитау бафæзмыдтой æмæ сæ фæдыл аластой сæ бæзджын сусу-бусу: «Су-су-су-су!..»

ÆФСИР ЗÆРИНАУ ЗАД ХУЫМТЫ ÆРТТИВЫ

Хильде Домин

МÆЛÆТДЗАГ ДУГЪ

Журналы тæлмацгæнæг

Дзырдтай-иу мæм науы сыгъдæттæй:
– Мæ рагон фæныкмæ мын ‘ркæс.
Науы æнгуыры ферттывдмæ-иу
Цагътай дæ сæнттæ фæндæгтыл.

Уæллаг фурдæй абухтай æцæгæлон
донбылтæм.
Æцæгæлон мæры дæ бавæрдтой.
Æцæгæлон бæлас ысзадис дæ зæрдæ, дæ риуæй.
Æцæгæлон ном ын уыдис, æцæгæлон нæмттæй
Мæ бæлас æвæлмастæй
Арвмæ кæсы…

Нейдхарт фон Ройенталь

УАЛДЗÆДЖЫ АРФÆ

Нæ уалдзæгæй мын арфæ ‘рхаста йемæ уад, –
Мæ хадзарæн йæ фарсмæ сырх дидинæг æрзад.
Нæ фæхсытыл æрттивы цъæх гауызау кæрдæг.
Цæмæ у каст, фæсивæд, æркафæм ыл цæрдæг!

Йæ зарæг сау мæлгъ сисы – æмбал йæ зардæн нæй!
Фыр цин æмæ фыр дисæй куы нал кæнын фынæй.
Цæхæртæ калы бæстæ мæ цардæй алыгъд риз:
Фыдбон æмæ фыдлæгæн кæрон, бæгуыдæр, ис!

УÆЗЗАУДÆР ФÆНДАГ

Уæззаудæр фæндагыл
Иунæгæй æмбæлы цæуын.
Зæрдæхудты, сæфты æмæ амæттаджы фæндæгтыл
Адзал йæхæдæг æрмæст ратты дзуапп, –
Иунæг бузныг дæр не здахы фæстæмæ.
Æргомæй нæ размæ нæ рацæуы,
Цæмæй бæлвырддæрæй фена,
Чи стæм, цытæ у нæ бон, стæй цы стæм?
Æгас адæм ивазынц сæ къухтæ дæумæ
Цыдæртæ сын бантысы, æнæмæнг,
Зымæгон тар хъæды къалиуты хуызæн.
Мæргътæ ныхъхъус сты
Райхъуыст кæйдæр къахдзæфтæ –
Чи афардæг, стæй чи ацæудзæн æнæмæнг?
…Æрлæудзæн,фæстæмæ ма ракæсдзæн,
Стæй фæраст уыдзæн иунæгæй надыл.

РАЙС ДÆ ЦЫРАГЪ

Цыма незаманты лæгæтты уыди,
Уыйау ма дыдзырухс тыхулæфт кæны.
Дæргъвæтин хæтæнты алæмæт æрбайсæфы уайтагъд
Бæргæ, тъымы-тъыматæн цæхæртæ куы калид цырагъ.
Махæн æнæ аудæгæй а зæххыл куынæ вæййы
Ссудзæн цырагъ бонты сæрибар улæфтæй.
Хуыссын та-иу æй акæн дæ мидбылты худгæ,
Хурæн йæ рухс тынты найгæ
Дидинæгкалгæ дыргъдæтты.
Æмæ бæркадджынæй фынг æрбаййафдзынæ дæ хæдзары.
Æмæ, æгас адæмæй чи фæдзæгъæл,
Æмæ куырыхон мæрдтæн æрсæтдзынæ кæрдзын.
Æмæ йæ ныттулдзынæ сау сæны
Æмæ та сын сæ хъæлæстæ фехъусдзынæ
Хæстæгдæрæй дæ зæрдæйы къуымты.

Вальтер фон дер Фогельвейде

УАЛДЗÆГ ÆМÆ ‘ХСИН

Фæхæцыд дидинæг кæрдæгыл,
Сæууон сæуæхсид æй æмбуды.
Йæ фын фæуагъта мæлгъ æрдæгыл,
Æмæ йыл хур уæларвæй худы.
Йæ зарæг алкæмæ дæр хъары, –
Кæм ма ис диссагдæр йæ кондæй!
Сыгъдæг, цъæхснаг æмæ бæрзондæй
Йæ зæлтæ дунейыл луары!
Лæгæрды май, фæлдисы хинтæ
Чындздзонтæн, мойджынтæн, æхсинтæн…
Æхсин йæ мæйтæ-хуртæ калы
Йæ чинты даритæй, йæ худæй.
Йæ фæдыл бадзурын,тæхуды…
Тæхуды фест йæ риуыл стъалы!
Йæ будтæф рог дымгæ фæйлауы,
Нæ вæййы ахизæн йæ рæзты,
Йæ кондæй дисы æрдз æфтауы,
Уæзданæй ахады йæ цæсты!
Чызгайæн бахæрин йæ низтæ, –
Ды дæр-ма зæгъ, мæ уарзон, исты!
Зæгъ-ма мын: чи сæ у рæсугъддæр?
Мыййаг, дæ дидинæг Æхсинæй?
Æз дын зæгъын уæдæ фыр цинæй,
Æхсинæн авæрин мæ уд дæр!
Зæгъ-ма мын, чи вæййы хæрзконддæр
Зæринтæмæнтæлалхуыз майы?
Цы кæны сонт зæрдæйы сонтдæр,
Кæнæ æхцондæрæй цы сайы?
Кæмæн ис уалдзæгимæ барæн?
...Уæддæр æз ме ‘хсины æвзарын!

* * *

Генрих Гейне

Мæсты нæ дæн, фæлæ мæ цард ныссаст.
Мæсты нæ дæн, мæ уарзтæй баззад маст.
Тæмæнтæ калыс – циу дæ разы хур:
Дæ фæндтæ – тар, дæ хивæнд зæрдæ – дур!
Зыдтон дæ æз, фæлæ мыл бафтыд фын.
Дæ риуы хъавгæ бахылдис фыдрын.
Хæры йæ калм, ысбадт йæ къултыл сыг –
Дæ бон – Мæгуыр, дæ тар æхсæв – гæвзыкк...

* * *

Стефан Георг

Нырма дæм бон йæ мидбылтыл фæхуды,
Сæндæттæн у сæ будтæф рог нырма,
Фæкæны уад дæ дзыккумæ тæхуды,
Фæлæ йæ митæм рагæй у къуырма.

Æфсир зæринау зад хуымты æрттивы, –
Уыдзæни дзадджын азгæрон Цыппурс!
Мæтæг йæ хуыз æхсæвæй бонмæ ивы:
Вæййы куы сырх, куы лалхуыз, куы фæлурс.

...Нæ бон ын циу? Мæстæй нæ рæстæг мары,
Уæддæр дзы мах фæхæрæм алкæд ард!
Нæ бонтæ згъорынц, аз цæуы йæ кары,
Хæрдмæдзæуæгæн азæлы йæ зард...

Немыцаг æвзагæй ЗОЛОЙТЫ Аркадийы тæлмац

ТЫБЫЛТЫ Алыксандр

«МАХ ДУГ»

Уац

Рацыд «Мах дуг» – Цæгат Ирыстоны фысджыты журнал.

Йæ сæр тынг хъуыди уыцы журналæн, хъуамæ афонмæ дæр рацыдаид.

Рæзы Ирыстоны советон литературæ, ног æмæ ног фысджытæ зынынц Цæгат Ирыстоны. Куыд рæзы социализм Ирыстоны, куыд рæзы ног социалистон адæймаг, куыд сæфынц къласон тохы цæхæры зæронд царды фæлхортæ, – гъе уыдæттæ хъуамæ равдиса ирон советон литературæ. «Мах дуг» у йæ хæцæнгарз. «Мах дуг» йæ алфамбылай æмбырд кæндзæн ирон фысджыты, уынаффæ кæндзæн сæ литературон куыстæн, фæндаг сын амондзæн.

Фыццаг номыртæй куыд зыны, афтæмæй «Мах дуг» уæрæх айвæзта йæ базыртæ, бирæ хъузæттæ ссардта йæхицæн. Фыссынц дзы зæронд фысджытæ, фыссынц дзы нæуджытæ. Фыссынц дзы Къубалты Алыксандр, Гулуты Андри, Ардасенты Хадзыбатыр. «Мах дуджы» ис аив уацмыстæ, ис дзы критикон уацтæ.

Уыцы уацмыстæ, уыцы уацтæ къаннæг сты асæй. Æвæццæгæн, «Мах дуджы» фысджытæ дзæгъæлы дзурын нæ уарзынц, сæ алы ныхас дæр бæрæг кæнынц. Даргъ æмæ æвзæр уацмысы бæсты цыбыр, фæлæ рæсугъд исты куы ныффыссай, уæд уый зæрдæмæ хуыздæр цæуы.

Стихтæ хæрз чысыл ис «Мах дуджы», æвæццæгæн, журналы уынаффæгæнджытæ лыстæг сасирæй луарынц æмæ сæхи хизынц æнæуд, æвидауц стихтæй. Уымæй тынг хорз æгъдау æвæрынц. Кæннод уыцы æвзæр стихты лакъон дон йæ быны кæны æвзонг ирон литературæйы. Бæгуыдæр, хæрзгъæд аив стих къаддæр нæу аив прозæйæ, фæлæ нæ фысджытæ, стæмты йеддæмæ, рæвдз не сты дзæбæх стихтæм, æмæ сын цы бачындæуа! Æцæг, нæ фысджытæ ногæй-ногмæ уадзынц стихты чингуытæ, фæлæ нæй, нæ фæци амонд ирон стихы.

«Мах дуджы» фыццаг чиныджы ис дыууæ нывы Фæрниаты Къостайы «Уады уынæр»-æй. «Уады уынæр»-æн йæ иннæ нывтау адон дæр аив æмæ удæгас рауадысты.

Гъе фæлæ хорз уаид, Фæрнион «Уады уынæр»-ы хъуыддаг куы фæ-

тагъддæр кæнид, науæд йæ егъаудæр хæйттæ куы ракæнид адæмы размæ. Кæннод хицæн чысыл скъуыддзæгтыл адæймаджы цæст нал æххæссы.

Хорз уаид ноджы, Фæрнион анекдоттæй куы хизид йæ аив уацмысты, æмæ йæ иуæй-иу хъайтартæ æгæр æдылы куынæ уаиккой. Æрхы хъæуы адæм афтæ æнхъæлынц, æмæ æфсæдтæ хæстмæ æнæ хæцæнгарзæй цæуынц, паддзæхтæ та дзы хъæбысæй хæцынц. Паддзахы æфсæдтæ сæ фыр æмбаргæйæ булкъоны раз революцион зарджытæ кæнынц. Уанцон æдылы нæу?

Хорз уаид ноджы, Фæрнион йæхи куы хизид æргом натурализмæй: «Уады уынæр»-ы ис цавæрдæр сылгоймаг... «Йæ къухæй йæ гуыбын æрцавта æмæ загъта:

– Кæй хъæуы... æхца...»

«Мах дуджы» фыццаг чиныджы Дзесты Куыдзæгæн ис иу чысыл радзырд, йæ ном – «Цырагъ». Нæ фысджытæй Дзесты Куыдзæджы йеддæмæ ничи фыссы уацмыстæ сывæллæттæн. Стыр æхсызгон куыст кæны уымæй Куыдзæг. Сабиты литературæйы сæр нæ тынг хъæуы. Сабиты уацмыстæ цы фыссæг фыссы, уымæ литературон курдиатæй уæлдай хъуамæ уа педагогон дæсныйад. Сабиты фæлгонцтæ рæсугъд сфæлдыста Куыдзæг «Хорхæссæг» æмæ «Фæстаг аргъау»-ы, йæ ног уацмыс «Цырагъ»-ы дæр сабиты кой кæны. «Цырагъ» æмæ «Додти тæрхъус кæд æрцахсид» иу джиппы уагъд сты. Сæ дыууæйы дæр Куыдзæг зонд амоны сабитæн. Зонд æвзæр нæу, фæлæ æгæр зондæй саби цъæхдæндаг кæны, хъыг дзы кæны. Сæ дыууæйы дæр Куыдзæг садзгæ хабæрттæ, садзгæ ныхæстæ кæны.

Сабитæн æмæ сабиты цардæй æмбæлы фыссын аив уацмыстæ, царды æцæгдзинадæй хъацыд чи уа, туг кæй цæсгомы зила. «Хорхæссæг» æмæ «Фæстаг аргъау» чи ныффыста, уымæн йæ бон бауыдзæн ахæм уацмыстæ сфæлдисын.

Уыйхыгъд æмбисонды рæсугъд уацмысимæ ралæууыди Куыдзæг «Мах дуджы» дыккаг номыры. Уыцы уацмысæн йæ ном – «Лæг нæ дæ». Цард æнхъизы Куыдзæджы радзырдæн йæ алы фисынæй. Комсомолы рæнхъыты сæвзæрдис ног адæймаг, ног хъуыдытæ æмæ ног зæрдæимæ, æмæ уыцы адæймаджы Куыдзæг æвдисы Бедтойы удæгас фæлгонц. Æвæджиауы сюжет ахæм дæс-

ныйæ нывæнды Куыдзæг, æмæ йæ иугæндзон зæрдæ йæхимæ исы. Уыимæ дзадджын, рæсугъд æвзаг.

«Мах дуджы» поэзийы сæр лæууынц Нигеры æмдзæвгæтæ. Курдиатджын æмæ культурон фыссæг Нигерæн йæ фæд «арфдæр æмæ уæрæхдæр» зыны ирон советон литературæйы. Нигеры поэтикон уацмыстæ æххæст вæййынц эмоционалон удæй, йæ хъуыдытæ, йе 'нкъарæнтæ ахæм джиппы ауадзы, æмæ зæрдæйы хъустæ ныццæвынц, адæймаджы уæнгты ахъарынц.

Цагъар заманы адæймаг алцыппæтæй дæр тарсти, тынгдæр та тарсти мæлæтæй. Социализмы дуджы, социалистон бæстæйы сæрибар адæймагæн йæ «тугдадзин – æгæрон», «æгæрон тыгъд – йæ зæрдæ», йæ цæстæнгас, йæ каст – размæ, æмæ уый тыххæй мæлæтæй нæ тæрсы, ныфс æмæ æнхъæлцауæй кæсы цардмæ. Гъе уыцы хъуыддаг зæрдæйыдзаг æвдисы Нигер йæ уацмысы: йæ ном уыцы уацмысæн – «Нæ тæрсын æз».

Йе 'ртыккаг уацмыс «Гыцци»-йы Нигер ныхæй-ныхмæ æркодта рагон ирон сылгоймаджы цард æмæ ног сылгоймаджы цин. «Рагон сылгоймаг» «судзгæ сау фыдты» тыхсти. Ног сылгоймаг «кусы ерысæй», йе 'мбал – зиукусæг æмбæлттæ, йæ фæндаг уымæн ныр – уæрæх. Советон бæстæйы æцæг чи ссæрибар, уыцы сылгоймаджы циндзинады пафос ивылд донау йæ былтæй кæлы Нигеры «Гыцци»-йы. Гъе фæлæ кæддæр Дантейы «зындон» хъацыддæр куыд рауад нывтæй æмæ фæлгонцтæй æмæ йæ «дзæнæт» та фæлурсдæр, афтæ рацыди Нигеры хъуыддаг дæр: зæронд цардæн уый ссардта йæ аккаг нывтæ æмæ ныхæстæ, фæлæ ног цард æвдисы фæлурс ахорæнтæй, схематикон æгъдауæй. Уый уымæн, æмæ нæ фысджытæ хаттæй-хатт ног царды процесстæн сæ арфы нæ цæуынц, нæ сæ зонынц.

«Мах дуджы» критикон уацтæй скойы аккаг сты Нигеры «Æдзард зынгхуыст», Дзанайты Сергийы «Нигеры сфæлдыстад» æмæ Къоситы Сæрмæты «Мæхъхъæлы литературæ».

Йæ лирикон рецензийы Нигер мысы «æдзард зынгхуыст» Хъамбердиаты Мысосты. Стыр курдиат, стыр æнхъæлцау ахаста ингæнмæ Мысост. Зæрдæйы бынæй чи цæуы, ахæм ныхæстæй йын æвдисы Нигер йæ рæсугъд сурæт.

Хорз бакодта Сæрмæт, нæ сыхаг адæмты литературæйыл ныхас

кæй ракодта, уымæй. Ноджы хуыздæр бакæнид, уыцы литературæйы аивдæр уацмыстæ тæлмацгондæй куы фæзыниккой «Мах дуджы».

Дзанайты Серги фыссы Нигеры тыххæй. Нигеры кой арæх хъæуы æмæ Сергийау къæзгæйæ нæ, фæлæ нæртон æвзагæй. Дзанайы-фырт дзуры Нигеры уацмыстæн сæ тæмæнтыл, сæ аппыл, фæлæ ницы зæгъы сæ аивдзинады тыххæй, сæ конд, сæ фæлгонц æмæ се 'взаджы тыххæй. Уырысы загъдау, Серги æрмæст «социализирует». Уый æгъгъæд нæу.

Æвзонг фыссæгæн канд йæ хъæнтæ нæ, фæлæ йæ хорздзинæдтæ дæр рæгъмæ куы рахæссай, уæд ныфсхаст кæны, йæ базыртæ не 'рхауынц.

Равзаргæ уацмыстæ
(Ирон æвзаг æмæ литературæйы фарстыты фæдыл). –
Цхинвал: Хуссар Ирыстоны
рауагъдады чингуыты сектор, 1964. – 262–266 ф.

МАДÆЛОН ÆВЗАГ

Адæймаг цы хæрзтæ сфæлдыста, уыдонæн сæ сæр у æвзаг. Æвзаджы фæрцы иу фæлтæр иннæ фæлтæрæн дæтты йæ зонынад. Æвзаджы фæрцы адæм æмбарынц кæрæдзи, æнцонæй базонынц цæрыны фæрæзтæ æмæ аразынц цард. Æвзаджы фæрцы адæмæн ис æгъдау, истори æмæ философи. Уыдоны руаджы цæрæгой сси Адæймаг – æрдзы сæр, фидауцы фæлгонц æмæ зонды цырагъ.

Æвзаг у алæмæт, таурæгъон цыкурайы фæрдыг æмæ Сатанайы арвайдæн. Йæ бон у алцы дæттын, зыны дзы, цы уыд æмæ цы ис, уый.

Æвзаг у лæугæ хох æмæ цæугæ мæсыг. Хохæн ис бын æмæ бæрзæнд, хуссар æмæ цæгат, скæсæн æмæ ныгуылæн, ис ын афæдзы афонтæ, æмæ ивы йæ хуызтæ, фæлæ йæ мидис æмæ йæ цард сты æнусон. Цæугæ мæсыг фидар у, фæлæ, мæсыгæй дур куы рафты, уæд къахыр æмæ дызгъуын кæны.

Æвзаг уымæ у рæсугъд æмæ тæссонд гæлæбуйы базырау, уардийы сыфау, чызджы æфсармау, нæй йæм бавнæлд – дæрзæг æвнæлдæй хæлынц йæ конд æмæ йæ фидауц, уыдонимæ та сæфы йæ сыгъдæг мидис.

Уымæ гæсгæ æвзаг у хъахъхъæнинаг, буцæй даринаг. Кæсын æм хъæуы цæстуарзонæй, узæлын æмæ йыл аудын хъæуы æдæрсгæ, кусын дзы хъæуы арæхстгай – уæлдай æвнæлдæй æрмыдул æмæ гуылмызтæ кæны.

ДЖЫККАЙТЫ Шамил

ТЪЕХТЫ Тамерлан

РАГБОНТЫ ТЫРНÆНТÆ

Цыбыр нывтæ

ФЫССÆДЖЫ САГЪÆСТÆ

Фидæныл æууæндæн монолог

Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор

– Иронау фæфыссыс? Дæхæдæг, æнæ тæлмацгæнæгæй?

Зын, тынг зын у ахæм ныхæстæ хъусын. Ацы «сгуыхтдзинады» руаджы искæй цæсты кадджын кæнын, мæ «æвæджиауы стыр курдиатæн» мын аргъгæнæг у, уый зæрдæйæн циндзинад нæ хæссы. Иронау дзургæ дæр цъæррæмыхстытимæ кæнæм, фысгæ та… Æвзаджы сæфтыл цъиувæдис кæнын, алан-фыдæлты стауын, гаджидæуттæ уадзын… Уыдон скодтам нæ царды рæстдзинад. Цы гæнæн ис – кæсаг йæ егъаудæр æфсымæры амæттаг бавæййы. Фæлæ уый ныууадзы йæ фæстæ чысылдæр кæсæгты, æвзаджы фарн та мынæг кæны æнустæм. Кæсæгты мытгаг адæймаджы къухæй конд цадты руаджы бахъхахъхъæнæн ис, алмаси дзырдтæ та ныгъуылынц æцæгæлон æвзаджы мырты арфы…

Æмбарын, рæстæг йæ кæнон кæны, чысыл адæмыхатты æвзаг зондджын машинæты дуджы бирæтæн къуылымпыйы хос сси. Фæлæ, кæд æвзаг сæ туджы нæй, уæд сын цæмæн вæййы хъыг, цы адæмы ныхасыуаг райстой, уыдоныл сæ куы банымайынц, уæд? Цæмæн фæзæгъынц, «ирон дæн», зæгъгæ?!

Фæрсынц та рæсугъд ирон дзырды нысаниуæгæй… Иууыл «зондджындæр» та разындтæн… Куыд зын уромæн у мынæггæнæг арты фæстаг суджы къæцæлтæ æппарæджы уаргъ…

Хæссын æй нырма уал… Мæ кæстæртæм æй нæ дæттын. Æвæццæгæн, тæрсын, æгæр уæззау сын куы уа, уымæй. Гъе уый дын «аудындзинад»! Ссардтон, сæ цард сын цы хуызы фæрогдæр кæнон, уый! Цæуылнæ уарзы мæ цæст сæ рæзгæ удтæн ирон аив дзырды тавиц?! Куынæ мæ фæбузныг уыдзысты, «сызгъæринæй» йедзаг хæзнадоныл гуыдыр кæй сæвæрдтон, уый тыххæй, уæд цы хабар у?..

Ӕдзӕстуарзон нӕ дӕн, ратдзынӕн ацы «сызгъӕринӕй»… зӕгъӕм, мӕнӕ мӕ рӕзты чи ссӕуы, уыцы сывӕллӕттӕн. Фӕлӕ… сӕ мадӕлон ӕвзагыл дзурынц. Махӕй бирӕ стырдӕр чи нӕу, ахӕм адӕмыхаттӕй сты. Цӕмӕн бахъуыд не ‘хсӕн райгуырӕг ӕмӕ цӕрӕг ӕнӕхин удты сӕ фыдӕлты ӕвзаг, сӕ уӕзӕг Ирыстоны куы ис, уӕд?! Кӕцӕй сӕм фӕхӕццӕ райгуырӕн дзырды тӕваг, цӕмӕн сӕ бауагътой сӕ хистӕртӕ, авд хохы фӕстӕ чи ис, уыцы ӕвзаджы хӕзнадон «фӕкъахын»? Зын куынӕ уыд ацы уаргъӕй сӕ бахизын…

…Дзуапп мын радтой уырыссагау. Раппӕлыдысты, англисаг ӕвзаг дӕр хорз кӕй зонынц, уымӕй. Ӕмӕ та кӕрӕдзимӕ сӕхи ‘взагыл дзурынц.

Иронау фыссын, уый фӕхъуыды кодтон… Тӕрсын, исчи та мӕ куы бафӕрса, мӕ хъуыдытӕ кӕй ӕххуысӕй ратӕлмац кодтон, уымӕй…

Сонтӕй мӕ кӕстӕрмӕ йӕ мадӕлон ӕвзагыл сдзырдтон. Диссӕгтӕ! Уал азы дзы ‘мбӕхстӕй цы хӕзнадон дардтон, уырдыгӕй ист дзырдтӕй мын дзуапп раттын сарӕхст!

Фефсӕрмы дӕн, ӕз ын сӕ кӕй нӕ балӕвар кодтон, ӕнӕ мӕн сӕ кӕй амал кодта, уымӕй. Ирон аив дзырды лӕггадгӕнӕджы уаргъ фӕстӕмӕ сӕккой кодтон. Мӕхицӕн баззайдзӕн ӕви йӕ адӕмыл уардзынӕн?

ЧЫСЫЛ ДЗӔНГӔРӔДЖЫ ЗӔЛЛАНГ…

Номарӕны бӕсты

Ӕгӕр бирӕйӕ бахостат дзӕнӕтмӕ дуар... Кӕд ма дзы уыди уыцы иу рӕстӕг афтӕ бирӕ бӕлӕттӕ? Чысыл дзӕнгӕрӕджы зӕлланг уӕ ахуыдтаид зонындзинӕдты фӕндагыл. Ныр сси уӕ уды хъӕр ӕвдисӕг фӕдисон.

Уыйбӕрц чысыл бӕлӕттӕ ӕмхуызонӕй никуыма стахтысты Дӕ цурмӕ. Нӕ сӕм арвыстай ирвӕзынгӕнӕг, нӕ сыл сахадыдта сӕ сахары зӕд-бардуаг. Урс дарӕсы Дӕм фӕзындысты. Бынат сын разындзӕн Дӕумӕ…

Сӕ Фыдӕл-Нарт фӕрсдзысты: цӕмӕн, куыд, чи?! Цы зӕгъдзысты чысыл удтӕ? Сӕ дойны уал куы басӕттой, уӕд... Уӕлӕуыл зындон сын сарӕзтой… адӕм? Нӕ, нӕ сӕ схондзысты афтӕ. Сырдтӕ? Ӕмӕ куыд бацӕуой ӕрдзы сфӕлдыст цӕрӕгойты хъыджы? Уыдысты сау ӕндӕргтӕ, нӕ сын уыдис зӕрдӕтӕ, нӕ тарстысты. Диссаг – сӕ тӕригъӕдтӕ фидӕг ӕндӕргтӕ дзӕнӕтмӕ ‘нхъӕлмӕгӕсӕг уыдысты.

Уæд сидзæртæй цы мад-фыды ныууагътой, фæрсдзысты уыдонæй. Цы зынтæ ‘взарынц уым, Зæххыл?

Чысыл дзæнгæрæджы зæлланг… Кæсут сæм стъалыты хуызы. Уæ иумæйаг мад – Мæй. Нæ уын тæрсы – йæ алыварс стут, йæ цæст уæм дары. Уыны уæ цæссыг, йæхæдæг дæр кæуы…

Кæсут – сау тыхтæ сæ сау фæнд кæнынц дарддæр. Сæ азарæй та чысыл бæлæттæ сæ мады хъарм хъæбысæй æвæндонæй куы атæхой, мыййаг… Сæ фыд та сын сæ туджы ‘ртæхтæ агургæ куы зила… Нæ йæ уырндзæн – сæ цæфтæн байгас кæнæн нал ис…

Уынут – кæнынц дзы иу фыдгæнæгæн тæрхон. Йæ аххос ын æвзарынц, куыд адæймагæн. Ау, адæймаг æй хонынц, цæмæн æй тæрынц къалатимæ? Йæ сау фæндтæ сæрибарæй куы тæхынц алырдæм, æрмæстдæр марг тауæг куы у…

Нæ мæсты кæнут никæмæ, нæ сидут зæххон суадæттæ сырх-сырхид фестын кæнынмæ. Уæ цæссыг куы сты… Кæм ма ис зæххон амонд – иу изæр дæ уаты чиныг рафæлдах, иу æхсæв базыл æрхуысс, иу райсом хуры фыдуаг тыны æмбæхсæнтæй хъазтмæ райхъал у…

Чысыл дзæнгæрæджы зæлланг… Ахæм амонд фæци, уемæ фæстаг балцы сæ мад-фыд кæмæн рацыдысты, уыцы, ныр сидзæр сыгъдæг удты. Фæлæ чингуытæй æппæтæй адджындæр æрмтты хъарм нæ исынц, баз сæ цæссыгæй баруад, хуры тынæй мады рæвдыд агурынц. Дзæнгæрæджы бæрæгбонмæ уыдоны дæр сæ къах нал бахæсдзæн…

Чысыл дзæнгæрæджы зæлланг… Уемæ сты, зонгæ дæр кæй нæ кодтат, ахæм бæгъатыртæ. Сæ номарæн мыдадз цырæгътæ кæм судзынц, уым сын баззад æппæты зынаргъдæр хæзнатæ – ноггуырдтæ æмæ сымах карæн царды дидинджытæ. Уый тыххæй сæ разы къæмдзæстыг ма ут – нæ уыд уæ аххос. Сæ зæрдæтæ нæ бакуымдтой дард фæндагыл уæ иунæгæй ауадзын. Ныр зонæнт – сæ хъæбултæ систы уæ сахары уазæг, æмæ йын сымах барæвдауын цы нæ бантыст, уыйбæрц сыл узæлдзæн.

Чысыл дзæнгæрæджы галуан сси уæ ингæн. Зæххон царды рæстдзинад агурыны, рæсугъд фæндтæ æххæст кæныны нысан уыди йæ зæлланг. Ныр йæ зæлты уыдзысты уæ дис, уæ тарст, уæ удхар дæр. Æнкъардзысты йæ уе ‘мгæрттæ. Уæ цыртытæм хæсдзысты дон, хъазæнтæ, дидинджытæ. Уе ‘нæбасæттгæ ныфс сын дæтдзæн цардбæллондзинад. Уæ бæсты цин кæндзысты райсомы хурыскастыл…

Чысыл дзæнгæрæджы зæллангмæ та арвы тыгъдадмæ тæхдзысты сабырдзинады фидиуæг Урс Бæлæттæ…

КЪУХЫЛХÆЦÆГ

Астойы цинæн кæрон нал уыд: йæ хистæр, йе ‘мбæлтты хуыздæр Герам чындзæхсæв кæндзæн! Рæсугъд Кити йæ хæдзармæ фарны къах бавæрдзæн!

Рагацау ын загъта Герам, къухылхæцæг æй скæнинаг кæй у, уый. Æрыгон лæппу ахæм хабары нæма бахауд æмæ нæуæндæгау кодта. Фæлæ уыдта, уый размæ йе ‘мгæрттæ куыд рæсугъд æгъдау лæвæрдтой, стæй бабайы дæр фарста. «Искæд истæмæй райдайын нæ фæхъæуы?» – ныфсджынæй скарста лæппу.

Йæ цæст цы къухдарæныл æрæвæрдта, уый балхæнынæн æм æхца уыд, уæдæ æнæуи дæр ницæмæй фæтыхстаид. Йæ цæстытыл уад, куыд бацæудзæн хойау ын адджын чызджы хæдзармæ, йæ алы къахдзæфæй, сныхасæй дæр уæздандзинад æвдисыныл куыд архайдзæн. Ныхасæппарæнтæ уыдзæн, фæлæ йын хи дарын амонын хъæуы!

…Керче къухылхæцæг къуыри размæ уыд. Бæгуы, исты хабæрттæ ракæнид. Цыдæр фæлладæй сцæйцыд, æмæ йæ афарста:

– Æнæфæразгæ дæ, Керче? Цалдæр боны уынгмæ куынæ ракастæ.

– Мæ игæр мæ æфхæры, æмæ йæм æз дæр дзыхæй нæ дзырдтон.

– Ныр цыма фæлымæндæр стут. Тезгъо кæнынмæ куы рацыдтæ, – æмбаргæ мидбылхудтимæ загъта Асто. – Ницы кæны, нырма дæ къухылхæцæджы лæггад бирæтæ базондзысты, – чындзæхсæвы æгъдæуттæм куыд аздæха, уый нæ зонгæйæ, æваст йæ ныхасмæ афтыдта лæппу.

– Æмбалæн балæггад кæнын удыбæстæ у. Иубон мæ дыууæ мыггаджы истæмæй рахъаст кодтой? Чындзхæссæг ацæуыны размæ æгъдау радтон – иу сидтæн дæр «нæ» нæ загътон. Уый фæстæ – лæппуйы каистæм… Куыд хорз ныл сæмбæлдысты! Фынгыл – гаджидау гаджидауы фæстæ. Æгъдау… Уæдмæ чындзы хиуæттæ æрбацыдысты æмæ мæм нуазæн радтой. Уый фæстæ – йæ дард хæстæджытæ. Уæдæ мæ рагон зонгæты нуазæн та! Æгъдау… Уæдмæ – чындзы ракæныны афон. Æмæ – йе ‘мбæлтты нуазæн. Стæй – дарæс кæнджыты нуазæн. Уалынмæ – æфсинтæ, стæй… æфсинты æххуысгæнджытæ уыдысты, æнхъæлдæн. Æгъдау… Хистæртæ фæндарасты ныхас загътой æмæ –

нуазæн. Уæдæ куыд вæййы? Ме 'рдхорд-æфсымæры хæдзары уыцы изæр загътон нæ æнæфыдбылыз сæмбæлды, дыууæ уарзæгой зæрдæйы амонды тыххæй. Ноджы ма – дыууæ мыггаджы цæрæнбон. Æгъдау… Хуындзæутты æрцыдмæ алцыдæр – цæттæ. Сидтытæ – авд-авды. Æгъдау, уæдæ! Нæ, хъæстагæй мæ ничи баззад, – йæ фарсыл аныдзæвгæйæ, хъæрзæгау балхынцъ кодта Керче.

Асто йæ мидбынаты лæугæйæ баззад. Ссæдз азы рацард æмæ уал сыкъайы нæма бануæзта. Куыд сарæхсдзæн ныр, донæй скувын æфхæрæгау куы у, уæд?! Уæдæмæ йын къухылхæцæг ныллæууынæн нырма раджы у.

Æхсæвы йæхи йæ фыны федта. Асто нæ хуынд, фæлæ Сослан. Къухылхæцæг уыд Мæсгуыты бæстæйы. Кафт, зард, къæрццæмдзæгъд. Цы рæсугъд куывдтытæ кодта, фæлæ дзы нуазын ничи домдта. Дзырдтой – æгъдау, æгъдау… Бæрнон хæс дыл æвæрд ис, æмæ сарæхс. Бафæллайдзынæ, æмæ æнæ акомдзаггæнгæ нæй.

Агуындæйы рахастой Уырызмæг, Хъуыдæберд, Дзантемыр æмæ иннæ чындзхæсджытимæ. Ныр хъæлдзæгæй сæ бæхтыл сабыргай сыхаг коммæ ныццæудзысты. Æмæ та – фæндырдзагъд, ерыс-кафт, ирон бæгæныйæ кады нуазæн…

Асто фехъал. Рагон цардæй ныв йæ зæрдæмæ фæцыд. Æгъдау цыма æндæр уыд. Ехх, ныр уыцы бæгæныйæ саход!

Райсомæй Гераммæ бацыд æмæ йын загъта, цæмæй æндæр къухылхæцæг бацагура. Чи зоны та Керчейы игæр дыууæ къуыриййы фæстæ дæр рисса…

БЫНТОНДÆР АМАРД...

Райсомæй нырмæ Госæдайы нæма равдæлд хæдзары куыстытæй. Бафснайдта, кæрты цыдæртæ азмæлыд. Ныр та хæринаг кæныныл балæууыд. Изæры бинонтæ сæ куыстытæй здæхдзысты, æмæ сын се 'рбацыдмæ истытæ ацæттæ кæна. Уæдæ йæ чысыл Сосланæн та уæливыхтæй зæрдæ бавæрдта.

Мигæнæнтимæ архайгæйæ, æнæрхъуыдыйæ бакъуырдта фарфорæй конд нывæфтыд цайдан, æмæ уымæн зæххыл йæ тъæпп фæцыд.

– Уæууа, мæнæ йæ куыд нæ фæхъуыды кодтон, – батыхст Госæда æмæ цайдан зæххæй фелвæста. Фидар бæргæ разынд, фæлæ йæ бырынкъ фæсаст æмæ стъолыл æвæрынмæ нал бæззыд.

– Мæ фыдбылызтæ дæ хай! – сбустæ кодта Госæда. Цайдан ма йæм ис, фæлæ уый йæ зæрдæмæ тынгдæр цыд, цай дæр ын дзы æндæр ад кодта. Йæ хистæр чындзы лæвар ын у. Хъæуккаг цард йæ зæрдæмæ нæ фæцыд, æмæ горæтмæ йæ къæдзил аздыхта...

Уалынмæ уынгæй кæйдæр хъæр æрбайхъуыст.

– Кæцы дæ? Мидæмæ рацу!

Кæртмæ æрбахызт сыхæгты лæппу – уæдæгонд Уази. Чысылæй фæстæмæ рынчын рахаста, рæстмæ дзурын дæр нæ базыдта. Умæ гæсгæ зæрдæхæлар лæппуйыл «уæдæгонды» ном абадт.

– Госæда! Нана мæ рарвыста. Дæ гыццыл аг, дам нæм авæр.

– Ныртæккæ дын æй ратдзынæн, мæ къона, – зæронд ус къæбицмæ фæраст.

Йæ рацыдмæ Уази саст цайдан райста æмæ йæм ракæс-бакæс кæны.

– Госæда, дæ рæсугъд цайдан дын чи асаста? Æри-ма, æз æй баба-йæн баныхасын кæнон.

– Ахæсс æй, ахæсс, мæ къона. Мæнæ аг дæр ма ферох кæн, – сразы Госæда. Йæ зæрдæ ницæуыл дардта, фæлæ Симон къухæй рæвдз у, æмæ цы нæ вæййы...

Иу сахаты ‘рдæг рацыд. Госæда бафæллад, йæ хид акалд, фæлæ, йæ уæливыхтæн асудзынæй тæрсгæйæ, пецы цур æрбадт. Хъуыдыты аныгъуылд æмæ йæм дуарæй кæйдæр кæуын куы ‘рбайхъуыст, уæд фестъæлфыд.

– И-и-и... Амарди... Амарди... – богъбогъгæнгæ æрбахæццæ Уази.

Зæронд ус цавддурау фæци. Дысон-бонмæ æвзæр фынтæ уыдта æмæ ма йæ бинонты фæдзæхсгæ дæр куы бакодта.

– Мæ бындурыл... Цы кодтам? Чи нæ бабын кодта?! Чи мын æр-байхæлдта мæ хæдзар? – йæ рустæ тонынмæ фæци Госæда.

– Амарди-и-и... Дæ цайдан амарди-и-и... Асинтыл æй сцæйхастон, æмæ æрхауд. Ныппырх и бынтондæр. У-у-у... – тынгдæр ныккуыдта Уази.

Госæда фæджих. Исдуг Уазимæ кæсгæйæ аззад.

– Цайдан... амарди? Цайдан?! Ард дæ хæдзары бацæуа, кæд мын мæ уд цы ауайын кодтай! Хуыцау, табу Дæхицæн. Æнæ фыдбылыз нæ уадз! – сфæрæзта ма Госæда æмæ, йæ зæрдæйыл хæцгæйæ, бандоныл æрбадт...

ХЪЫРГЪАТЫ Анжелæ

МÆ ЗАРÆГ – УАРЗТЫ ТЫНТÆЙ УАФТ

Журналы корректор

МÆ ХЪÆУ

О, мæхи, мæ уарзон хъæу,
Уарзын бирæ, уарзын дæу!
Ды – мæ цард æмæ мæ цин!
Амонд мын æнæ дæу циу!

‘Рттивы хур дæ сæрмæ ‘дзух,
Базау мын дæ зæхх у пух.
Ды – мæ цард æмæ мæ цин!
Амонд мын æнæ дæу циу!

ÆППÆТÆЙ ЗЫНАРГЪДÆР

Нæ хæхтæ, нæ хъæдтæ,
Нæ хъалзараг дæттæ,
Сымахыл мæ зарæг кæнын.

Сымах стут мæ царды
Æппæтæй зынаргъдæр.
Сымахыл мæ цард дæр дæттын.

Мæ зæрдыл фæлæууут,
Уæхимæ мæ ‘лвасут.
Сымахмæ æдзух дæр бæллын.

Уæ уындæй æфсæдгæ
Нæ кæны мæ зæрдæ,
Æмæ та уæм ногæй кæсын.

ЗЫМÆГ

Зымæг, зымæг та нæм ногæй
Дард бæстæй æрцыд.
Урсзачъе дада та дардæй
Футгæнгæ фæзынд.

Мит тъыфылæй уары, уары
Урс гæлæбутау.
Зымæг хъæлдзæг футт нылласы
Зарæггæнæгау.

Сабитæм йæ цæст нықъулы:
– Дзоныгътæ цæттæ?
Цомут уæдæ хорз фæбырæм.
Чи уæ у цæттæ?
Рихи хинцæстæй æрфасы:
 – Уазалæй тæрсут?
Æмæ хъæлдзæг футт нылласы:
– Чи у ам тæппуд?

– Зымæг, мах дæуæй нæ тæрсæм! –
Сабитæ зæгъынц.
– Бирæ, тынг бирæ дæ уарзæм! –
Хъæлдзæг зард кæнынц.

УАЛДЗÆГ

Уалдзæг ралæууыд нæ зæххыл,
Мидбыл худгæйæ цæуы
Салд быдыртæ æмæ фæзтыл,
Хъæлдзæг зарджытæ кæны.

Уый цæуы æрмæстдæр размæ,
Алкæй хъалгæнгæ цæуы.
Сырдты, цæрæгойты змæлдмæ
Уалдзæг мидбылхудт кæны.

Цъиутæ хъарм бæстæй здæхынц –
Уыдонæн фæцис сæ балц.
Хуры тынтæ тынгдæр тавынц,
Мигътæй асыгъдæг ис арв.

Миттæ тайынц, дæттæ згъорынц
'Мæ сæ сыр-сыр хъуысы дард…
Ахæм рæстæджы, фæзæгъынц,
Райдайы рæсугъд ног цард.

СÆРД

Æз уарзын 'ппæтæй фылдæр сæрд.
Нæ зæхх куыд рæсугъд вæййы уæд!
Йæ хъулон дарæстæ куы скæны,
Мæ зæрдæмæ куыд тынг фæцæуы!

Цъæх арвыл хур бæрзæндты тулы,
Йæ цæст мæм хъæлдзæгæй ныкъулы,
Йæ тæвд тынтæ æрвиты зæхмæ –
Нæ быдыртæм, нæ хъæдтæм, хæхтæм.

ДИДИНÆГ

Мæ рудзынджы бын иу дидинæг зайы.
Куыд рæсугъд у, куыд аив у, кæс-ма!
Йæ бакастæй, йæ уындæй зæрдæ райы.
Уадз алкæмæн дæр цындзинад хæсса.

Йæ сырх къаба йын рог дымгæ фæйлауы,
Йæ цæстытæ та хуры тынтæй – дзаг.
Æмæ сæ тæвдæй алкæйы рæвдауы –
Нæ алкæмæн дæр уыцы тæвд у фаг.

СÆРДЫГОН ИЗÆР

Арвыл хъуызгæ стылди мæй,
Стъалытæ цæхæртау ‘рттивынц.
Ахæм изæрты мæнæй
Дард мæ хъуыдытæ фæлидзынц.

ДЫМГÆ

Дымгæ, дымгæ, радзур-ма, кæм уыдтæ,
Ногæй та цы базыдтай, зæгъ-ма?
‘Гас Зæххыл, æвæццæгæн, æрзылдтæ,
Уæд кæдæм фæтæхдзынæ ныр та?

Дымгæ, дымгæ, радзур-ма, кæм цæрыс?
Чи у де ‘мбал, чи дын у ызнаг?
‘Хсæвæй, бонæй иу ран ды нæ лæууыс, –
Баулæф, фæллад дæ кæд, мыййаг.

Дымгæ, дымгæ, абад-ма мæ цуры,
Радзурон мæ хъуыдытæ дæуæн.
‘Рмæст дæуæн мæ сусæг ныхас дзурын, –
Зонын æз, ды бамбардзынæ мæн.

Дымгæ, дымгæ, ехх, дæуæй куы фæстин,
Уæд æз дæр дæуау фæтæхин дард.
Уæлдæфы-иу кафæгау ныззилин,
Фенин дуне, адæмтæн сæ цард.

Дымгæ, дымгæ, адæмтæн-иу мемæ
Уæд æрмæстдæр циндзинад хæссин,
Стыр фæзмæ сæ иууылдæр æрхонин,
Æмæ иумæ кафиккам уым симд.

Дымгæ, дымгæ, стъалытæм фæтæхин,
Уыдонæн дæр базонин сæ цард.
Æз мæ хъæбысы сæ ирд зынгтæй æрхæссин –
Уадз æмæ нæ Зæхх дæр ‘рттива дард.

АХУЫР

Нæ зыдтон æз фыссын, нымайын,
Нæ зыдтон, мæй цæмæн у бур.
Нæ зыдтон æз кæсын, ныв кæнын
Æмæ цæмæн æрттивы хур.

Фæлæ мын скъола бирæ радта, –
Ныр зонын алы фарстæн дзуапп.
Æмæ мын скъола царды скодта
Рæсугъд æмæ уæрæх фæндаг.

Æз акодтон фыццаг къахдзæфтæ
Мæ ахуыргæнджыты фæрцы.
Æмæ мæнмæ кæсы ныр афтæ,
Цыма мæм мин цæсты кæсы…

ЦИНЫ ЗАРÆГ

Бон-изæрмæ уары, уары,
Дымгæ сау мигътæ хæссы.
Фæлæ диссаг! Зæрдæ зары,
Уарзты уылæнты фыцы!

Зæрдæ байдзаг цинæй, хъазтæй.
Уалдзæг, уалдзæг æм æрцыд!
Нæй тыхджындæр ницы уарзтæй, –
Цард æрмæст ууыл хæцы!

Æз дæуæн кæнын мæ зарæг.
Уый – мæ уарзты тынтæй уафт.
Ма у зарæгæн йæ марæг,
Ма кæн й‘ аскъуынынмæ тагъд.

УАНИОН

* * *

Гусалты Барис йæ ахсæны рыстæй хъæрзыд æмæ дохтыртæм бацыд, хостæ мын рафыссут, мæ рыстæн нал быхсын, зæгъгæ. Дохтыр рынчыны басгæрста, æмæ йын иу дæргъæй-дæргъмæ номхыгъдæй хостæ рафыста. Барис гæххæтт йæ къухмæ куы райста, уæд хорзау нал фæцис, йæ зæрдæ дæр æй срæхуыстытæ кодта.

– Фæлтау мæ ахсæн риссæд мæ зæрдæйы бæсты, – бахъуыр-хъуыр ма кодта рынчын æмæ дуарæддæ фæцис.

* * *

Мæскуыйы сырх фæзы уыд Чингуыты фестиваль. Куыд иннæ азты, афтæ дзы ныр дæр архайдтой нæ республикæйы минæвæрттæ, делегацимæ уыд журнал «Мах дуг»-ы редактор Хетæгкаты Оксанæ дæр. Фестиваль фæцис. Адæм сæ хæдзæрттыл сæмбæлдысты. Уымæй рацыд æртæ къуырийы, æмæ, журналы кусджытæ сихор куыд кодтой, афтæ газет «Рæстдзинад»-ы редактор æрдзырдта журналы редактормæ, ома архайдтай фестивалы, хабæрттæ бæстон зоныс æмæ æрмæг бацæттæ кæн газеты рауадзынмæ.

– Алæ, уый «фарон» куы уыд, кæй ма хъæуы. Уый бæсты æндæр исты ныффыссæм, – бабустæ кодта Оксанæ.

– Куыд æрæджиау сæ зæрдыл æрлæууыд, – бадис кодта редакторы хæдивæг Къелойты Альбинæ.

– Цыппæрæм уæладзыджы ис сæ куыстуат, æмæ сæм хабæрттæ æрæгмæ фæхæццæ вæййынц, – фæрæвдз прозæйы хайады редактор Ælборты Дианæ.

* * *

Журналы кусджытæ иннæ хæттытау сихор кодтой, фынгыл – æртæ кæрдзыны, карк, цæхджынтæ, адджинæгтæ... Ирон фынгæн куыд æмбæлы, афтæ дзы уыдис нозт дæр. Гусалты Барис Тъехты Тамерланмæ дзуры:

– Батрадзæн рауадз, уый ахæм нозт никуы бануæзта, – йæхæдæг сæ йе 'рфгуыты бынæй хъахъхъæны.

– Уанцон нæу!

– Тъехты Тамерлан æй æрбахаста, – фелхыскъ та кодта Барис Тамерланы.

– Гъеныр мæ ахæмæй зоныс? – фæрæвдз уырдыглæууæг.

– Æниу Хъуыранылл ард куы бахордтаин, уæддæр мæ бауырныдтаид, – бахудт Барис .

* * *

– Эхх, гъеныр мæ уартæ уыцы пъамидоры æмбис куы уаид, – сфæрæзта Касаты Батрадз, стъолы кæрон тæбæгъы цы пъамидортæ уыд, уыдонмæ кæсгæйæ.

– Æгъгъа уæдæ! Æмæ йын уæд йæ иннæ æмбис та цы фæкæндзыстæм? – фæрæвдз та Тамерлан.

* * *

Литературон музейы кусæг, поэт Цхуырбаты Сергей йе 'мдзæвгæтæ редакцимæ æрбахаста. Мыхуырмæ дзы иу цикл Касаты Батрадз бацæттæ кодта. Фæлæ дзы йæ зæрдæ цалдæр рæнхъмæ фæкъæпп кодта, «афтæ цыма хуыздæр уыдзæн», зæгъгæ сын сæ сæрмæ ног рæнхъытæ афыста. «Æнæ Сергейы разыйы дзуаппæй сæ куыд раттæм, уæд та не сразы», – сагъæсы бацыдыстæм.

– Марадз, æз æм бадзурон æмæ йын сæ бакæсон, кæд йæ зæрдæмæ фæцæуой æмæ сразы уа нæ ивддзинæдтыл, уæд – мыхуырмæ, кæннод сын иумæ исты æрхъуыды кæндзыстæм.

Тагъд-тагъд мæ телефоны рацагуырдтон йæ номыр.

– Сергей, дæ бон хорз! Оксанæ дæн, Хетæгкаты! Иу минут дæ æвдæлы? Байхъус-ма мæнæ де 'мдзæвгæмæ, гыццыл дзы цыдæртæ аивтам, æмæ, кæд разы дæ, уæд æй афтæмæй ныммыхуыр кæндзыстæм.

Сдзурын дæр æй нал бауагътон, æрмæст ма айхъуыстон:

– Дæ бон хорз, Оксанæ!

Кæсын æмдзæвгæ хъæрæй, мæ алыварс ме 'мкусджытæ, афтæмæй. Иууылдæр æнхъæлмæ кæсæм авторы дзуапмæ. Кæмдæр нæхимидæг тыхсгæ дæр куыд нæ кодтам – цæхгæр ивд æрцыд æм- дзæвгæйæ цалдæр рæнхъы, æмæ, мыййаг, куы фæзæрдæхудт уа. Мæ удæй бацыдтæн, Ирон театры артистты фæсте фæуагътон! Кæсын, мæ хъæлæсы гæнæнтæ фæндыры тæнтау минмырон фестадысты.

Сергей тынг лæмбынæг хъусы. Хъыпп-сыпп дæр дзы нæ цæуы.

«Ӕгъгъа, уæдæ! Ӕвæццæгæн, йæхи зæрдæмæ дæр фæцыд!» – бацин кодтон мæхинымæр.

– Цæй цы, дæ зæрдæмæ фæцыд?

– О, тынг хорз у!

– Омæ йæ уæд афтæмæй рауадздзыстæм! – сулæфыдыстæм.

– О, фæлæ æз æмдзæвгæтæ нæ фыссын…

Мæ хæдзар куыд уыдис! Мæ телефоны фыстмæ æркастæн, ай кæмæ бадзырдтон, уыйбæрц рæстæг æмдзæвгæтæ кæмæн кæсын, зæгъгæ. Фыст дзы: «Сергей. Цветы». Фарон сæрды нæ хæдзары балкъонмæ Камбилеевкæйы хъæуы дидинджытæ кæмæй балхæдтон, уый – Музайты Сергейы номыр!

Ӕгас редакцийæ гуыбындихтæ фестæм. Фæхудтис немæ Сергей дæр!

* * *

2019 азы редакцимæ кусынмæ куы 'рбацыдыстæм, уæд нæ бирæ хъуыддæгтæм бахъуыд дысвæлдæхтæй бавналын. Уыдонæй иу уыд нæ кусæн уæттæ сцалцæг кæныны фарста. Ӕхца, кæй зæгъын æй хъæуы, редакциийы нæ уыд, афтæ æмбæлгæ Комитеты дæр. Подпискæйæ цы фæрæзтæ æрæмбырд, уыдоны иу хайæ балхæдтам ахорæнтæ, кусæн дзаумæттæ æмæ – размæ! Уæдмæ нæм куыстмæ редакторы хæдивæгæй æрбацыд, педагогон училищейы кæимæ ахуыр кодтон, уый – Къелойты Альбинæ. Уый дæр – мах æмрæнкъ, мæхæдæг сæ разæй, афтæмæй ахорæм, чъырæй цæгъдæм, æхсæм, калæм, аразæм... Уæдмæ нæм цыппæрæм уæладзыгæй бæрæггæнæг Хозиты Барис æрхызт. Мæ кусæн уаты аныхæстæ кодтам. Аргъ скодта нæ куыстæн, батæхудытæ кодта. Тыргъмæ йæ фæстæ ракастæн. Уыцы рæстæг Альбинæ уыцы куыстхуызæй асиныл лæууы æмæ къултæ водоэмульсионкæйæ цæгъды. Барис уымæ дæр лæмбынæг бакаст æмæ мæм дзуры:

– Ацы чызг дæм ремонт кæны?

– О.

– Ам куы фæуа, уæд ма-иу æй «Рæстдзинад»-мæ дæр сæрвит, махмæ дæр кæмдæрты рацæгъдын, рацахорынтæ хъæуы.

– Хорз, Барис! Ууыл æппындæр ма тыхс, – хабар фембæрстон æмæ йæ æз дæр хъазыны 'рдæм аздæхтон.

Уымæй цалдæр боны рацыд, æмæ иу кусгæ бон Барис ногæй редакцимæ æрбацыд:

– Барис, рацу-ма, мæ ног хæдивæгимæ дæ базонгæ кæнон.

Альбинæйы куы ауыдта, уæд хорзау нал фæцис, цы бамбарын ма йæ хъуыд... Хъæрæй ныххудт.

* * *

Редакцимæ уазæджы æрбацыд æппæт кусджытæн дæр æхсызгон вæййы. Иубон та нæм фæзынд Баймæтаты Зоя. Цалдæр сахаты бæстон ныхас фæкодтам. Кæй кой æмæ цæй кой нæ ракодтам… «Нæ республикæйы сæйраг критик» æй дзæгъæлы нæ фæхонын. Хæссæм ивгъуыдæй дæнцæгтæ, бирæ цæимæдæрты разы не стæм дыууæйæ дæр, кæмдæрты-иу быцæу дæр фестæм. Уый цы, уæдмæ нæм Тъехты Тамерлан йæ кусæн уатæй рахызт, æмæ ма уыимæ дæр нæ ныхас къаддæр кæм фæуыдаид.

– Тамерлан, мæн демæ бæстон аныхас кæнын хъæуы, – зæгъы Зоя. – Ацы «Стыр Ныхас»-æн цы кæнæм, уый-ма мын зæгъ?! Дзæбæх сæргълæууæг ын сæвзарын хъæуы, мæнæ, æцæг ирон лæг кæмæй фæзæгъынц, ахæм!

– Æз иуцалдæр ахæм лæджы зонын, – тынг хъуыддагхуызæй загъта Тамерлан, фæлæ сын сæ нæмттæ нæма загъта.

Уый айхъусгæйæ, Зоя хæрдмæ фæхауд, йæ къухтæ Тамерланы ‘рдæм сцагъта æмæ мæстæлгъæдæй нытъттъæлланг ласта:

– Уыдон иууылдæр нæ бæззынц!!!

ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ТЫХХÆЙ ЗАГЪТОЙ…

Прозæйы
хайады редактор

✓ Литературæ аргъуан у, цæуæн æм ис æрмæст сыгъдæг хъуыдытимæ æмæ уæздан тырнæнтимæ.

Степан ШАУМЯН

✓ Уæлдæф цас сыгъдæгдæр уа, уыйас хуры тынтæ ирддæр зынынц. Прозæ цас рухсдзыддæр уа, уыйас йæ рæсугъддзинад æххæстдæр у æмæ адæмы зæрдæтæм арфдæр хизы.

Константин ПАУСТОВСКИЙ

✓ Фыссæгæн æмæ æрмæстдæр фыссæгæн ис иунæг ахуыргæнæг. Уыдон сты йæ чиныгкæсджытæ.

Николай ГОГОЛЬ

✓ Адæймаджы асайæн ис уарзондзинады, политикæйы, медицинæйы, фæлæ йæ аивады нæй асайæн.

* * *

✓ Æцæг фыссæгæн незаманты пехуымпарау йæ цæст уынаг у.

* * *

✓ Цыфæнды фыдуынд адæймаг дæр йæхицæн йæхимæ гæсгæ къай ссæрдзæн; цыфæнды ницы-мацы аивадон уацмысæн дæр разындзæн йæхи чиныгкæсæг.

Антон ЧЕХОВ

✓ Дзырдаивады æппæты зындæр хъуыддаг у дæхицæн тæрхонгæнæгæй ныллæууын.

Михаил ПРИШВИН

✓ Мæнæ Золушкæ феяйы лæвар ног къабайæ куыд рафидыдта, афтæ хуымæтæг дзырд та рафидауы поэты къухы.

* * *

✓ Тæлмац кæнгæйæ æрмæст гæххæтмæ нæ хъæуы кæсын, фæлæ ма-иу рудзынгæй æддæмæ дæр акæсут.

* * *

✓ Литературæ æнæ критикæйæ æнæцырагъ уынгæй хъауджыдæр нæу.

Самуил МАРШАК

✓ Æвзæр адæймагæн хорз автор уæвæн нæй.

Николай КАРАМЗИН

✓ Тæлмацгæнæг прозæйы цагъар у, поэзийы – ныхмæлæууæг.

Васили ЖУКОВСКИЙ

✓ Поэзийæ дæсныйад куы саразынц, уæд æрбайсæфынц йæ хуымæтæгдзинад æмæ хæдхуыздзинæд.

Максим ГОРЬКИЙ

✓ Зондджын, удцырынгæнæг чиныг арæх адæймагæн йæ хъысмæт дæр аивы.

Васили СУХОМЛИНСКИЙ

✓ Адæймаг чингуытæ куынæуал фæкæсы, хъуыды кæнынхъом дæр уæд нал вæййы.

Дени ДИДРО

✓ Литературæйы бæллæх уый мидæг ис, æмæ хъуыдыхъом адæймæгтæ фысгæ кæй нæ кæнынц, фысгæ чи кæны, уыдон та хъуыды кæй нæ кæнынц.

Петр ВЯЗЕМСКИЙ

✓ Хорз чиныгдон æвæджиауы стыр хæзнадон у.

Виссарион БЕЛИНСКИЙ

✓ Чингуытæ хъуыдыты наутæ сты. Царды уылæнтыл ленк кæнынц æмæ сæ зынаргъ хæзнатæ фæлтæрæй-фæлтæртæм хæссынц.

Фрэнсис БЕКОН

✓ Литературæ хъуамæ адæмы хотых суа – арвнæрдæй тызмæгдæр, дзулы къæбæрæй хуымæтæгдæр.

Жоржи АМАДУ

✓ Литературæ у аивады æппæты сæрибардæр æмæ хæдбардæр хуыз; балхæнæн ын ис, зæгъгæ, уæд саст суарийы аргъ дæр нал у.

Уго ФОСКОЛО

✓ Æцæг фысджытæ сæ адæмы цæсгом сты.

Людвиг ФЕЙЕРБАХ

✓ Адæм фысджытæн алцыппæт дæр ныббардзысты, фæлæ, тыхст рæстæг хъусæй куы фæлæууынц, уый сын никуы ныббардзысты.

Максим ТАНК

✓ Фыссæгмæ хъуамæ æфсæддоны æхсар уа: фыссæджы критиктыл хъуыды кæнын нæ хъæуы, æфсæддоны та – госпиталыл.

СТЕНДАЛЬ

✓ Раздæр хъазы систæй æнусон хъуыдытæ фыстæуыд, ныр та æнусон систæй хъазы хъуыдытæ фыссынц.

Владимир СОЛОУХИН

✓ Кæд æмæ литературæ адæмы цард æвдисæг у, уæд æм критиктæ фыццаджыдæр хъуамæ хæссой æцæгдзинад æвдисыны домæн.

Георги ПЛЕХАНОВ

МÆ АБЕТЫ ЧИНЫГ

Æвæццæгæн, алы адæймаг дæр йæ зæрдыл бадары, фыццаг хатт джиппыуагъд дзырдимæ куыд базонгæ, уый. Фыст дамгъæты руаджы йын диссаджы райдзаст дунемæ фæндаг чи ратты, уыцы Абеты чиныг æхсызгонæй куыннæ хъуамæ мыса! Æз дæр афтæ зæрдæрухсæй мысын мæ Абеты чиныг.

1944 аз. Алагир. Немыцы оккупацийы фæстæ. Бæстæ – хæлæттаг. Адæм уæлæдарæсæй – зыбыты мæгуыр. Цардысты мамæлайы къæбæрæй, сæ къухтæм æмхасæнтæ кодтой. Не скъола – хæлд. Райдайæн къластæ ахуыр кодтой Фардзинты Дашæйы хæдзары. Дыууæ æмкъул уаты бадтысты 1 – 4-æм къæсты сабитæ. Уыди сын иу ахуыргæнæг – Багаты Баграт.

Аз æмæ иннæ фыццагкъласонтæ ахуыр кодтам раззаг уаты, немæ бадтысты хистæр ахуырдзаутæ дæр. Партæты бæсты нын уыд алыхуызон цауд стъолтæ. Цæуыл бадтаиккам, уый нæ уыд, æмæ бандон алы саби дæр хаста йæ хæдзарæй. Тетрæдты, ахуыргæнæн чингуыты кой нал кæнын – немыц чиныг æмæ гæххæтты мыггагæй цæуыл хæст кодтой, уыдон-иу басыгъдтой. Фæлæ не скъолайы куыддæртæй баззадысты журнал «Мах дуг»-ы цалдæр номыры. Иттæг хорз хъуыды кæнын уыцы журнал. Уæд йæ формат æндæрхуызон уыди, стæй йæ мыхуыры хъæд дæр абоны «Мах дуг»-ы хуызæн нæ уыд, ай-гъай. Журнал иу арæхстгай фæдихтæ кодтой, цæмæй иу номыр дыууæ адæймаджы фаг суыдаид. Ахуыргæнæг-иу нын журналы дамгъæтæ къухæй амыдта, мах та-иу сæ хъуамæ хъуыды бакодтаиккам. Не ‘мбæлттæй кæмæдæрты разынди хæсты агъоммæйы тетрæдтæ – фыстытæй семыдзаг, ноджы бухгалтеры гæххæттытæ, алыхуызон бланктæ. Фыст рæнхъыты ‘хсæнты цы бынæттæ аззад, уым-иу нæ гыццыл æвæлтæрд къухтæй «нывкодтам» нæ царды фыццаг дамгъæтæ æмæ дзырды хæйттæ – уæнгтæ. Ахуыргæнæджы фæдзæхстытæ дæр стандартон нæ уыдысты: «Банымайут, иу рæнхъыл дамгъæ «а» /кæнæ æндæр искæцы дамгъæ/ цал хатты æмбæлы»/.

Махимæ нумæ æртыккагкъласонтæ журналы кастысты ирон таурæгътæ, Нарты кадджытæ, аргъæуттæ. Мах дæр-иу сæм æхсызгонæй хъуыстам.

Фæстæдæр царды уавæртæ куы фæхуыздæр сты, ахуыргæнæн чингуытæ, газеттæ цæуын куы байдыдтой, уæддæр журналæй нæ

фæхицæн стæм. Нарты кадджытæ, Къостайы, Секъайы, Цомахъы, Мамсыраты Дæбейы, Бесаты Тазейы, Плиты Грисы уацмыстимæ зонгæ кодтам «Мах дуг»-ы. Хистæр кълæсты ахуыргæнджытæ дæр сæ куысты иудадзыг пайда кодтой журналы æрмæджытæй.

Уалынмæ нæм фæзындис æндæр чингуытæ дæр. Канд ирон фысджыты уацмыстæ нæ, фæлæ Пушкины, Гоголы, Толстойы, Тургеневы, Гюгойы, Марк Твены, Джек Лондоны æмæ иннæ классикты радзырдтæ, уацаутæ, пъесæтæ кастыстæм ирон æвзагыл – мыхуыр сæ кодта «Мах дуг». Цыдысты хицæн чингуытæй дæр, фæлæ уыдон фæстæдæр фæзындысты. Фыццаг Абеты чиныг та нын «Мах дуг» уыд. О, фыццаг уарзты хуызæн нын æппæты зынаргъдæр, ахсджиагдæр ацы журнал уыд.

Ныртæккæ дæр дзы нæ хицæн кæнын, кæсын æй æхсызгонæй. Æрмæст ам фæмбæлын æцæг ирон литературон æвзагыл. Зæрдиагæй фæцин кæнын, нæ Ирыстоны ног курдиатджын литератортæ куы фазыны, уæд.

МЕДОЙТЫ – ÆРЧЪЕГКАТЫ Светланæ

* * *

Уæ бон хорз уæд, мæ зынаргъ журнал «Мах дуг»-ы кусджытæ сæрдарæй, хуымæтæг кусæгæй! Стыр удуæлдай куыст кæнут, æмæ уын Хуыцау раттæд фылдæр тых æмæ ныфс.

Æз дæн хуымæтæг хъæуккаг сылгоймаг. Мæ арфæтæ уын, чи зоны, ницы ахъаз фæуыдзысты, фæлæ уын Хуыцау стыр арфæ ракæнæд уе ‘ппæтæн дæр. Æвзæр рæстæг у, æмæ уæ макуы макæй хæдзары цæджындз банкъуысæд. Зæрдæрыст макуы баййафут уæ уарзон адæмæй, бинонтæй.

Æз ныртæккæ тынг ас адæймаг дæн, цæугæ никæдæмуал кæнын, фæлæ стыр бузныг зæгъын Касаты Батрадзæн, алы мæй дæр мын журнал йæхæдæг кæй æрбахæссы, уый тыххæй. Æз дзы куы бакæсын не ‘дзард фысджыты тыххæй æмæ нæ сыхаг республикæты фысджыты уацмыстæ, уæд мæ дисы бафтауы, цас у уæ бон æмæ кæуылты æххæссут, уый. Уæлдайдæр та дзы мæ райгуырæн хъæу Хъобаны тыххæй фыст куы вæййы, уæд.

Нæ зынаргъ журналы кусджытæ, бузныг уын зæгъын, уæ уды цæхæрæй адæмы дæр кæй тавут, уый тыххæй. Бирæ ма уын бантысæд,

уæ размæ цы цæлхдуртæ æвзæра, уыдон рогæй куыд иуварс кæнат, ахæм хъару уæм разынæд Дунесфæлдисæг Хуыцауы руаджы. Уæнгрог æмæ зæрдæрухсæй цæрут. Алчи дæр уæ йæ зæрдæйы иу къæртт æвæры журналы, æмæ уæ зæрдæтæ макуы фæхъæдгом уæнт.

ТАРХАНАТЫ Верæ

* * *

Уæ бон хорз, мæ уарзон журнал «Мах дуг»-ы зынаргъ кусджытæ!

Зæрдиагæй уын арфæ кæнын, «Мах дуг»-ыл 90 азы кæй æххæст кæны, уый фæдыл. Æнæниз, амондджын æмæ зæрдæрайгæйæ цæрут. Фарн уемæ æмдзу кæнæд. Уæ бинонтæй, хиуæттæй, уæ алыварс чи цæры, уыдонæй уæ зæрдæтæ рухс уæнт.

Тынг зынаргъ мын у журнал. Зæрдæйы хъарм бынат чи ссары, ахæм уацмыстæ бирæ ис йæ фæрстыл. Йе 'рмæг у бирæвæрсыг, цымыдисаг. Афæдзæй афæдзмæ хъæздыгдæр кæнæд. Иунæг Kадджын Стыр Хуыцау арфæ ракæнæд, æмæ, ирон адæмы чи æрбамбырд, æрбаиу кæна, ахæм æрмæджытæ йæ фæрстыл фылдæр зынæд. Цалынмæ ирон адæймаджы цæст æрттива, уæдмæ цæрæд «Мах дуг». Бирæ æнтыстдзинæдтæ æфтæд уæ къухы. Зæрдæрай ут уæ куыстæй!

ТЕМЫРАТЫ Галинæ

Max Dug

1934

№ 1

NOMYRY:

RAZDZYRD.

FÆRNION KH.—Iu bon.

NIGER—Xur-fædison.

DZESTY K.—Cyrah.

GULUTY A.—Poetmæ.

FÆRNION KH.—Mæ khuxy.

KHUBALTY A.—Six.

BOLAJY-FYRT—Čermeny zaræg.

BÆDOATY Q.—Ualdzygon bycæu.

XOZITY J.—Či u uyj?

NIGER—Ædzard zyngxuyst.

KHOSIRATI S.—Mæqæly literaturæ abon.

DZANAJTY S.—Nigery sfældystad.

SOVETON FYSDŽYTY CÆDISY UAGÆVÆRD.

ARDASENTY X.—„Bazyrdžyn æzty“

NIGER—Dzesty Kuydzæg.

LITERATURON ARXIV, XRONIKÆ.

„MAX DUG“

CÆGAT IRYSTONY SOVETON FYSDŽYTY CÆDISY AIV LITERATURON ÆMÆ ÆXSÆNADON-POLITIKON ÆRVYLMÆJON ZURNAL

CÆUY AXÆMTY REDAKCIGONDÆJ: Bædoaty Qazybeg, Galati Stepan, Ezesty Kuydzæg, Kodzyrty Aguybečyr, Khosirati Særmæt, Sælbity Qambolat, Totraty Xadzybatyr, Færnion Khosta.

Bærnon redaktor: KHOSIRATI SÆRMÆT.
Bærnon sekretar: FÆRNION KHOSTA.

„MAX DUG“-mæ æmkusdžytæj xuynd ærcydysty:

1. Abajty Samil.
2. Ardasenty X.
3. Æmbalty C.
4. Ærnigon Ilas
5. Bocity B
6. Besati T.
7. Bedžyzaty Č
8. Bolajy-fyrt.
9. Guluty A.
10. Galaty St.
11. Gatuty Dz.
12. Dzadtiaty A.
13. Dzaguyrty G.
14. Dzylyxty G.
15. Epxity T.
16. Kocojty A.
17. Khubalty A.
18. Qajtyqty G.
19. Maliti G.
20. Mamsyraty D.
21. Muguty X.
22. Niger.
23. Tybylty A.
24. Xuythinaty C.
25. Cægolty G.
26. Vasiljev (prof.).
27. Semjonov (docent) æmæ ændærtæ.

RAFYSSYNY UAG:

1 afædzmæ—18 s; 6 mæjmæ—9 s; 3 mæjmæ—4 s. æmæ 50 k. Xicæn n-ry arh—1 s. 50 k.

„MAX DUG“ rafyssæn is æbpæt posty xæjdty dær æmæ postxæsdžytæj dær

REDAKCIJY ADRIS: Goræt Ordžonikidze, Proletaron prospekt, 12, Zurnal „MAX DUDŽY“ redakcimæ.

АДРЕС РЕДАКЦИИ: г. Орджоникидзе, Пролетарский проспект 12, в редакцию журнала „Мах Дуг“.

Redakci khuxfystytæ fæstæmæ næ dædty.

MAX DUG

CÆGAT IRYSTONY SOVETON FYSDŽYTY CÆDISY AIV-LITERATU-RON ÆMÆ ÆXSÆNADON-POLITIKON ÆRVYLMÆJON ZURNAL

MAJ

FYDDZAG ČINYG

277

„RÆSTDZINAD“ —— 1934

МАХ ДУГ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

ОРГАН СОЮЗА СОВЕТСКИХ ПИСАТЕЛЕЙ СЕВЕРНОЙ ОСЕТИИ

1934
МАЙ
КНИГА ПЕРВАЯ

СЕВ.-ОСЕТИНСКОЕ ИЗДАТЕЛЬСТВО „РАСТДЗИНАД“

NÆ XÆSTÆ.

Fyddzag fondzazon phlan nodžy tyngdær bazmælyn kodta æbpæt dunejy socialon tyxty.

SSRC æmæ æbpæt duncjy fællojgændžyty uarzondzinad, entuziazm æmæ orgænizacidzinad—jæ fars.

Æbpæt dunejy mulkdžyntæ æmæ zæxdžyntæ, uydon xæram stæj kælændzinad—jiæ nyxmæ.

SSRC—socializmyl tox scyrynis. Ingæny tægkæ bylmæ či ærxæddzæ, jæ sæft či fedta,—uycy kapitalistty fæstag bazzaædtægtæ, chulbertæ, mælæty tox saræztoj aly madzal, aly færæzæj.

Fondzazon phlan næ sæxxæst uydzæn, zæhgæ, dzyrdtoj kapitalisttæ. Kærædzijæn qyrngæjæ, ragacau sæ fyr cinæj SSRCædisyl mærdon zaræg kodta æbpæt dunejy burzuazi.

Uyjas styrdær u abon jæ qynchym.

Æd uældajdžyntæ, fondz azy bæsty cybpar azmæ æxxæstgond ærcydis fondzazon phlan. Uyj bakænæg uydysty SSRC proletartæ æmæ fællojgænæg zæxkusdžytæ. Sæ arazæg, sæ razgærdæg ta uydi kommuniston parti.

> „Fondzazony itogtæ ravdystoj, iu bæstæjy midæg socialiston æxsænadæn æxxæstæj sarazæn kæj is, uyj, uymæn æmæ axæm æxsænady ekonomikon byndur aræst ærcydis SSRC midæg. (Stalin. Fyddzag fondzazony itogtæ).

Marksisttæn abctau ærgom bælvyrd u, socialiston ekonomikæjy fædyl, æbpæt socialiston aræstadyl ængom bast kæj u kulturon revoljucijy quydtag.

Lenin jæ aqazzadžy nomdzyd statja „Kooperacijy tyxxæjjy“ fysta:

„Ævædza, maxæn ma bazzadis „ærmæst“ iu: næ adæmy uyjas „civilizacidžyn“ skænyn, cæmæj uydon bambaroj kooperacijy æbpæt æmtgæj bacæuyny pajdadzinad æmæ dzy cæugæ dær bakænoj. „Ærmæst“ he uyj. Nicy xuyzy ændær styrzonddzinædtæ qæuy max nyrtægkæ socializm arazynæn. Fælæ cæmæj uycy „ærmæst“ æxxæstgond ærcæua, uyj tyxxæj qæuy ænæqæn fæfældæxt, æbpæt adæmty massæty kulturon ræzyny ænæqæn fæltær... Civilizacidžyn kooperatorty cardaræst, kuystady færæztæ æxsænady khuxty, aftæmæj proletariat burzuazijyl klasson toxy fæuælaxiz uævgæjæ—uyj u socializmy cardaræzt... Maxæn nyrtægkæ fag u uycy kulturon revoljuci, cæmæj bynton socialiston bæstæ festæm, uyj tyxxæj, fælæ maxæn uycy kulturon revoljucijy is styr zynzæhæn zyndzinædtæ syhdæg kulturon uagæj dær (uymæn æmæ max kæsyn-fyssyn næ zonæm), stæj materialon uagyl dær (uymæn æmæ kulturon suævynæn qæuy kuystady materialon caværdær bælvyrd bazæ)“.

Fæzyndi, sævzærdi æmæ darddær fidar kæny axæm ekonomikon bazæ, kæcy fadat radta zærond Uæræsejy talyng æfxærd adæmtæn abon balæuuyn socializmy khæsærmæ. Ærcydis æmbisondy styr ivdtytæ fællojgænæg adæmy cardy. Bynton pyrxgond ærcydi

qæubæsty fæstag eksploatacigænæg klass—chulberty klass. Bonæj bon khaddær kæcy goræt æmæ qæubæsty æxsæn xicændzinad. „Je'xsænadon formæjæ qæuuonxædzarad æmxuyzon kæny industriimæ, qæuuon xædzaradon kuyst styn bajdydta, industrion kuysty xicæn xuyz"... (ÆK(b)P XVII sjezdy rezoljuci æmb. Molotov æmæ Kujbisevy dokladty fædyl).

Iron adæm (SSRC innæ axæm čysyl adæmtau) uældaj tahddær safync se'naxuyrdzinad, sæ talyngdzinad æmæ bynton ivync sæ bæstæjy xuyz. Kæd iu khord (5—7) azy razæj dær ma C. Iryston nymad uydi agraron bæstæjyl (uyj dær qæuuon xædzarady ekstensivon formæimæ), uæd abon ta C. Irystony fæzyndysty tyng ehau industrion kuystuættæ (Beslæny nartxory kombinat, Elektrocink, Myzur, ximzavodtæ æmæ æ. a.), kæcyty ruadžy C. Iryston abony ong ssi industrion-agraron bæstæ.

Qæuuon xædzarad dær æværd æercydi nogdær texnikæjyl, jæ arazæg MTS-tæ aftæmæj.

Næ literaturon zurnaly razdzyrdy rajdajæny max xuymætædžy ne'rlæuuydystæm aftæ læmbynæg ekonomikon farstatyl. Rox næ qæuy, uycy xædzaradon alæmæty æntæstytæ xæddzujæ kæj næ sævzærdysty, uyj. Zærond cardy zamany eksploatacigænæg tyxtæ æbpæt dunejy kapitalistyty fidar æncojæ mælæty tox saræztoj socialiston aræstady, socializm arazdžyty nyxmæ.

Uycy toxy arty sfyxtysty iron fællojgændžytæ dær.

A fæstag 5—7 azy dærhy bynton fendær xuyzæn is sæ cardy uavær, sæ psixikæ. Zærond zamany jæ koj dær kæmæn nikuy uydi, axæm nog æhdæudtæ fæzyndysty nog ekonomikæ, nog kulturæjy fædyl. Fælæ ma is zærond cardy bazzajægkag iuæj-iu quydytæ, zærdaxastytæ abony kollektivon card arazdžyty æxsæn dær.

Klasson tox abon dær næ ma fæci, uyj næ, fælæ uyj nodžy cyrhdær kæny, uymæn æmæ eksploatatorty klassty bazzajægkag xærræhtæ sæ mælæt, se'sæft uyngæjæ, syrdau, uældaj qyqqag kænync nog card arazdžytimæ toxy.

Næj bambaræn næ iron literaturæjæn dær uydædtæ lystæggaj ænæ ravzargæjæ, ænæ zærdyl dargæjæ. Ærmæst aftæmæj max bafærazdzystæm bambaryn, soveton literaturæmæ, særmagondæj ta iron literaturæmæ, cy xæstæ xauy, uyj. Æmbal Stalin fysdžyty sxuydta „udty inzenertæ" oma nog zondaxast nog adæjmag arazyny aqazzadžy styr kusdžytæ. Æmæ bæguydær, kuystmæ socialiston isbonmæ bynton nog cæstæj rakæsyny quydtadžy soveton literaturæ tyng fexxuys is, nodžy tyngdær ta quamæ fexxuys ua darddær.

Bæræg ekonomikæjy ruadžy sævzærgæjæ, literaturæ jæxædæg ævxuys kæny uycy ekonomkæjy darddær ræzynæn. Cy 5—7 azy koj ærkodtam uældær, uycy æzty dærhy tyng syræzydi iron literaturæ dær.Fæzyndysty fæd-fædyl zurnaltæ „ZIU", „Abon" „Literaturon qazuaton", Xussar Irystony a cal a ual azy dærhy cæuy zurnal „Fidiuæg", „Bolsevikon aivad"—gazet, racydis dzævgar činguytæ—xicæn fysdžyty sfældystadtæ.

Biræ æntystytæ is iron soveton literaturæmæ. Fælæ uæddær (basædtyn qæuy uuyl), abony cardy domæntæj zyngæ fæstædær bazzadi æmæ nog, socialiston Irystony arazyny jæ agkag bærnon bynat næma ærcaxsta.

Kæd ekonomikæjy, stæj iuguyræj rajsgæjæ—kulturæjy dær max biræ razdzyddær adæmty æjjafæm, uæddær uyj zæhæn næma is næ literaturæjæ.

Tematikæjæ dær ma dzævgar ibpærd u næ iron soveton literaturæ socialiston industrijæ, qæuuon xædzarady kollektivizacijæ. Cy fystytæ fæzyndi, uydon ta fyldær sty sxematikon, zærdæmæ ænæ xizgæ, xus didaktikon uagyl.

Maksim Gorkijy zahdau, ævzag u literaturæjy aqazzagdær element, jæ sæjrag mæchis æmæ cardy fakttimæ, cautimæ, iumæ rajsgæjæ literaturæjy ærmæg. Ævzag, uæl-

dajdær ta literaturon ævzag quamæ ua, xæcængarzau, xærz cyrh, xærz aræst. Uyj zæhæn næj iron literaturon ævzagæj, uymæn æmæ kæd jæ sarazynyl isty kuyst cydi, uæddær fysdžyty-literatorty ,rdygæj næ, fælæ gazetty kusdžyty-publicistty 'rdygæj.

Fælæ is xorz fadættæ iron soveton literaturæjæn tahd æmæ tyxdžyn ræzynæn.

Cy fændy kuy fædzuræm, uæddær næ literaturæjy aivady æmæ idejon ræzyn uynæm. Uynæm, literaturæmæ kæj bacydysty fællojgændžytæ sæxuydtæg, sæ fæsivæd. Razdæxtis sovetcn xicauad, stæj socialiston aræstadmæ iron fysdžyty xistær fæltær.

Zurnal „Max dug" uahd cæuy SSRC soveton fysdžyty fyddzag sjezdy xæd razæj. Sjezdmæ ædzædtæjæ næ cæuæm. Sjezdy ahommæ biræ diskussity fæstæ maxæn idtæg bælvyrdgond æ rcydi næ abony (æmæ sombony) kuysty tyxdžyndær færæz—socialiston realizm, kæcy u „soveton literaturæjy æmæ literaturon kritikæjy bynduron metod" (Sov. fysdžyty uagæværdæj). Socialiston realizm jæxædæg dær arvæj ne'rxaudta, fælæ „kuyd metod, uyj sævzærdi iuæj ivhuyd zamany literaturon byntæ kritikon æhdauæj xi bakænyn, innæ 'rdygæj ta kuyd socializm æmæ socialiston kultury arazyny fælværd bazonyny rezultaty". (P. Judin).

Fngelsy zahdau,—max axuyrad næu dogmæ, fælæ u arxajynæn razamynd. Uymæ gæsgæ „socialiston realizm literaturæjy bæræg iu xuyzy recepttæ næ dædty, fælæ socializm arazgæ fyssægæn min-min færæztæ amony.

Ærmæst uyj qæuy, æmæ cæmæj max literaturæ bambara je styr xæs, cæmæj uycy styr xæstæ æxxæst kænyn dær jæ bon sua, uyj tyxxæj soveton fysdžytæ quamæ ibpærd ma oj cardæj,—uyj næ, fælæ quamæ næ zamany dune ædzynægæj irtasgæjæ ta arazoj.

Nog Irystony nog zondaxast, nog æhdaudžyn adæmy uæjguyty tox agkag aivæj ravdisyn qæuy. Jæ ravdisyn ta sæ khuxy ærmæst uæd baftdzænis, æmæ iron soveton fysdžytæ sæxi kuy bambaroj, kuyd socializm arazæg gærziftong xæstontæ æmæ uyj kuy ravdisoj se'bpæt fystytæj.

Uycy quydtag arazyn, soveton fysdžyty kuystæn æxxuys kænyn,

nog æmæ nog fæltærtæ soveton literaturæmæ kænyny kusyn,

iron literaturæjy idejondzinad æmæ aivad nodžy bærzonddær kænyn,

æbpæt soveton Iryston æmæ fællojgænæg kolxozontimæ ængomæj socializm arazynyl tox kænyn,—

uydædtæ 'bpæt jæ aqazzagdær, jæ fyddzagdær xæstyl nymajy zurnal „Max Dug".

Færnion Khosta.

IU BON.

(„*Uady uynæry*“ *Dygkag činygæj*).

Xui saxary særmæ ærlæuuydis æmæ ædzynægæj kæsy saxary čhizi naiæg uyngtæm. Khazarmajy iudzguyty ævgty qazync xuiy qældzæg tyntæ...

Fæsivæd syhdæggond festy sæ xæcængærzty, gærztæn sæ aly æfsæjnag xæjdtæj xur jæ cæst nykhuly. Abon innæ bonty xuyzæn næu. Bæræg u, adæm cæuyldær kæi tyxsync, cæmædær kæj tyrnync, uyj. Aficertæ rauaj-bauaj kænync khazarmajy uæræx kæitæn jæ aly khuymty, lystæg kæsync sæ æfsædton xæjdtæm, uynync ædzynæg alcy dæi. Sæ cæsgæmdty ælxynchytæj æmæ sæ cæstyty færsag kastæj bæræg u, sæxi cæmædær kæj cædtæ kænync, uyj. Æfsady iænqytæj slæuuyn kodtoj æmæ lystæggaj uynync alkæmæn dær jæ fadyvarc. Efrejtortæ bauajync sæ iænqytæm, sæ khuxtæ athyssync æfsædtonty ronbastyty æmæ kæd ron læmæh bast væjjy, uæd ta fæqær kænync:

— Dæ ron tyngdær balvas!

— Dæ cæbpartæ dzæbæx sævæi!..

Kæd isdži, kuyd æmbæly, aftæ næ fælæuuy, kæd jæ sær guyrmæ ægær nyllæg æruadzy, kænæ jæ astæu khædz væjjy, uæd yn efrejtor jæ særyl sxæcy xærdmæ æmæ jyn jæ guybyn asxojy fæstæmæ:

— Rast slæu!

— Bæizonddær sis dæ sær!..

Innæ bontæj uældaj abon axæm znæt bon cæmæn u, uyj næ æmbarync saldættæ, æmæ kuyddæi mæsty xuyz syiddzastæj kæsync xicæudtæm.

Saldættæ kuy srævdz sty iuuyldær, uæd kæstær xicæudtæ xabar sæmbælynkodtoj xistærtyl. Aficertæ ta ærbacydysty æmæ sæ cæst axastoj sæ rænqytyl. Sabyr mæsty xuyzæj ærzyldysty sæ xæjdty aly fars. Ualynmæ iu aficer clæxsnag qælæsæj skhamandækodta:

— Sa-byr!

— Caliu-mæ!—Jæ cæst saldættæj kæuyldær fæxæcyd æmæ fæmæsty:

— Uyj kæcy dæ, dzæbæx cæuynnæ zilys? Zilyn dær næma saxuyr dæ, kuydzæi guyrd!.. Efrejtor! Maradz æmæ jæ iunægæj acaxuyi kæn.

— Qusyn uæm, uæ bæizonddzinad!—radta dzuabp efrejtor. Rakodta nyllæggomau sau lahz læbpuiy æmæ jæ iaidydta axuyr kænyn.

— Sa-byr!—Læbpu jæ mid bynaty cyma cavd dur festad, aftæ æncad slæuuydi, darddær khamandæmæ ænqælmæ kæsgæjæ. Ualyndžy ta efrejtor radta nog khamandæ:

— Raxiz-mæ!—Læbpu ta cæxgær fæzyld jæ midbynaty. Nogæj ta rajquyst:

— Raxiz-mæ!..—Fæzyldis ta, fælæ uymæj darddær cy uyd, uyj ævæddzægæn, sau lahz læbpujæn jæxicæj dær ferox. Ærmæst ma jæ qustæ quystoj efrejtory qæitæ, fælæ cy mi kodta, uyj dzæbæx nal æmbærsta. Jæ særy mahzy zyldis iu quydy æmæ jæ uycy quydy atxærdta. Suang sabi kuy uydi, uædæj nyimæ dær iu biræ xædtyty sxæddzæ kodta galiu æmæ raxiz fars. Acy bon dær ta jyl uycy mi ærcydis, kuyddær, æmæ bary, raxizmæ azilyny bæsty fæzyldis galiuyrdæm. Nyr uycy rædydy tyxxæj fidy fydudæntæj. Acy quydy zily læbpujæn jæ særy mahzy æmæ jyn æfxæry jæ udy...

Efrejtor æpauærdonæj, tahd-tahd khamandæ læværdta, cas yn æntystis, uyj bærc:

— Raxiz-mæ!.. Galiu-mæ!.. Raxiz-mæ!.. Galiu-mæ!.. Galiu-mæ! Midbynaty zil!.. Midbynaty zil!..

Sau lahz læbpujæn jæ nyxyl fæzyndis xidy stavd cæbpærtæ æmæ uæzzauæj tyldysty jæ rustyl uyrdygmæ. Ævæcdzægæn æntæf bon kuy næ uydaid, uæd jæ særmæ, jæ xidy tæfæj, ursursid mih sbadtaid, rælæ 7

æntæf kuyd u, uymæ gæsgæ mih næ zyny, uæddær jæ cæsgom zyngau syrx festad æmæ jæ cæstytæ nykhuly aræx. Cæstytæm cæuy xid æmæ sæ æfxæry. Jæ qustyl kuy auajy khamandæ:

— Raxiz-mæ!.. Iu, dyuuæ!,—uæd cæxgær fæzily, jæ sær bærzond sisgæjæ æmæ ta jæ midbynaty bancajy, ænæ zmælgæjæ, ajnæg khædzæxau.

Sau lahz læbpujæn nyrtægkæ jæ særy cy quydytæ is, uydon niči bazondzænis, uymæn æmæ jæ cæstyty cyrhængas, stæj jæ qusty ærhævd aræst sty efrejtormæ. Zyny jæ cæsgomyl tyng æj kæj fændy kuy næ færædid, uyj. Fændy jæ alcy dær rast sæxxæst kænyn, ærmæst tærsgæ dær kæny, kuy færædija, uymæj. Jæ zængtæ zyr-zyr kænyn bajdydtoj, nal sæ is fag qaru. Uæddær nyrma jæ axuyr fæuynmæ næ qavy efrejtor, jæ dzyx cy kærdy, uymæj sidy:

— Galiu-mæ!.. iu, dyuuæ!

— Raxiz-mæ!.. iu-dyuuæ!

— Midbynaty zil!..

Læbpujæn jæ cæsgom fælurskænyn bajdydta. Jæ qusty byn, æfsærty dzonyhtyl cy nordtæ is, uydon xadtæj xadt fætymbyl væjjync. Cæstytæ xidæj dudync, syrx kænync. Sæ nykhuyld aræxæj aræxdær kæny. Uæddær næma uadzy efrejtor:

— Galiu-mæ!.. Iu, dyuuæ!..

— Æmrast acu!.. Iu, dyuuæ!..

— Raxiz-mæ!

Bærgæ æxxæst kæny læbpu khamandæjy fælæ jæ riuæj zærdæjy gybar-gybur quysyn bajdydta. Cæstytæ tartæ kænync. Qustæ xorz nal axsync nyxæsty. Zængtæ fidar nal sty. Sær dær guyrmæ dzynazyn bajdydta. Læbpujy axsy xuyssæg. Tyxxæj ma uyromy jæxi. Tyng æj fændy zæxxyl jæxi kuy auadzid æmæ kuy baulæfid, uyj. Zæxx æj lasy jæximæ. Jæ sær zily. Jæ cæstyty raz fæzyndysty caværdær sau ændærgtæ æmæ cudyn bajdydta...

Efrejtor mæstyjæ qær kæny:

— Cy mi kænys uyj. Dæxiuyl xæc. Qædtyx læu.

Acy nyxæstæ ma jæ qustyl bærgæ auadysty, mænæ dymgæ dardæj syftærty sybar-sybur kuyd ærbadavy, aftæ, fælæ jæ bon nal baci.

Zæxmæ ærxaud. Fætymbyl. Nal syzmælyd. Jæ fælurs cæsgomyl xidy stavd færdguytæ særttyvtoj, mænæ sæuuon xurmæ bæzdžyn kærdægæj ræssuhd ærtæx kuyd fertivy, aftæ. Jæ khæxtæ adarh kodta æmæ jæ komæj urs fynk razyndi. Fælurs cæsgomyl tudžy ulæntæ, carmy byn, kærædzijy kuyd surync, uyj iu fæzyndis xadtæj-xadt. Zærdæ qæræj nal kuysta, nal quystis jæ uynær...

Istugmæ efrejtor læugæjæ bazzad, læbpujy cur. Kuyddær fædžix æmæ jæ khuxy nicual æftyd, ualynmæ jæ khux atyldta æmæ baivhuydta æfsady curmæ. Ærlæuuyd kæstær aficery cur æmæ salam ratgæjæ zahta

— Axuyr kæj kodton, uæ bærzonddzinad, uyj fæsur, axaudta æmæ ma jæ kuyd axuyr kænon?

— Ædyly sær, æmæ dyn či zahta sur adæjmadžy axuyr kæn, zæhgæ? Cu æmæ fersylmæ fædzur.

— Qusyn uæm, uæ bærzonddzinad.—Dzuabp radtgæjæ arast...

Calynmæ fersyl cydis, uædmæ læbpu jæxædæg sabyrgaj čhicyn bajdydta, jæ riu ulæftæj bærzonddæræj - bærzonddær kodta. Jæ cæsgommæ tug kuyd zdæxtis, aftæ sæuæxsidtau fælmæn syrx axoræntæ axoryn bajdydtoj cæsgomy aly tihty. Fælværdta jæ cæstytæ bajgom kænynyl dær, fælæ jyn næ bakuymdtoj...

Ualynmæ dyuuæ lædžy ærbacydysty, semæ ærbaxastoj synt æmæ jæ uym cæværgæjæ axastoj kædæmdær. Synty midæg rakast jæ cæstæj. Næ bambærsta, cy jyl ær ydi, uyj. Don yl kuy bapyrx kodtoj, uædrog sulæfyd. Jæ raxiz khuxæj jæ zærdæjyl fæxæcyd. Zærdæ ta jæ cybpærtæ tilyn bajdydta, ryztis ænæ fengæ rissæj.

Læbpujy baxastoj iu styr ahuystmæ æmæ jæ uym syntædžy sxuyssyn kodtoj. Efrejtory nal fedta, fælæ uæddær jæ xabærdtæ jæ zærdyl læuuyn bajdydtoj...

Innætæ kærty sæ quydtag kodtoj darddær. Biræ kuy færazil-bazil kodtoj saldættæ, uæd sæ uycy ærmæst rænqytæj bauyrædta aficer æmæ khamandæ radta jæ qælæsy dzag:

— Sa-byr!

Rænqytæ aftæ basabyr sty æmæ kærty cy byndzytæ taxtis, uydon bazyrty uynær bælvyrdæj axstoj qustæ.

Aficer razyld jæ xajy aly færsty æmæ tihtæj akastis rænqytæm, stæj jæxædæg dær sæ razæj æncad slæuuyd, jæ khuxtæ jæ færstæm balvasgæjæ.

Ualynmæ kulduar bajgomi æmæ khazarmajy kærtmæ ærdacydysty iu khord baræ-džy.

Bardžyn cæstængasæj afælgæsydysty æfsadyl. Radtoj syn salam. Æfsad æmqælæsæj radta bzuabp:

— Cingængæjæ arxajdzystæm, uæ bærzonddzinad!

Æfsædty razæj cy xicau læuuyd, uyj caldær sanchexy bakodta bæxdžyntæm, jæ khux jæ nyxyl aværdta æmæ radta raport

— Uæ bærzonddžinad... Iron brigady...

— Uæhdibar dæ—zæhgæ, jyn kuy zahta bæxdžynty xistær, uæd ta aficer jæ fyddzag bynat ærcaxsta. Ualynmæ bæxdžyntæ ærfistæg sty. Sæ phagontæ cæxær kaldtoj. Uældaj dissagdær uydysty kardzyddær či uyd, uyj ærdtivag phalettæ. Saldættæ bambærstoj, uyj bulkhon kæj uydaid uyj, uymæn æmæ sæm uyj razmæ uydis qusqus nyxæstæ „tahd, dam, næm uynynmæ ærbacæudzænis bulkhon“.

Bulkhon aficertimæ æfsady aly fars, ærzyldis læm bynægæj fedta æfsady iuuyldær, stæi radta dzyrd, cæmæj axuyr kænyn rajdydtaigkoj, uyj tyxxæj...

Efrejtortæ sæ khordty bydyrmæ akodtoj æmæ sæ aly rædty cæuyn axuyr kænync. Calynmæ cæuynmæ se'bpæt dær færævdz sty, uædmæ sæ ratær batær kodtoj. Bydyry aly rædtæj quystis khamandæjy qærtæ. Cæuyn bærgæ bazydtoj, æmist kænync sæ khæxtæ, fælæ sæ zaryn niči zony cæugæ-cæuyn.

Efrejtor Kulakovy khord zaryn dær zony æmæ uyj tyxxæj Kulakov qældzæg u.

Bulkhon aficertimæ zyldis khordtyl æmæ iu jæ zærdæmæ či fæcydis, uydonæj ta iu rabpælydis. Jemæ cy aficertæ cydysty, uydon dær iu uæd sæxiuyl fervæssydysty. Kæd iu bulkhon iskæmæj razy næ uyd, uæd iu aficertæ dær fækhæmdzæstyg sty, sæ byltæ iu fæqædtyx sty, bæx jæ qustæ kuyd fægæmæl kæny, aftæ. Bulkhonæn jæ zærdæjy uag aficertæ æmbærstoj iu bakastæj dær æmæ sæ ud uymæj uadis, myjjag syn jæ bæzdžyn qælæsæj.

— Uæ cæst uæ kuystmæ xuyzdær darut!—kuy zæha, uymæj.

Kulakovy khordmæ kuy ærbacæjcyd bulkhon, uæd Kulakov fædzæxsta jæ khordæn.

— Qusut, kuy uæ færsa— „Či uyn bacamydta acy zaræg?“—uæd iu zæhut æm—qælæsæj:

— „Efrejtor Kulakov“—bambærstat?

— Bambærstam!—zæhgæ, dzuabp, radta khord.

Kulakovy zærdæ, mænæ ualdzygon urs uærygk chæx næuuyl kuyd fækafy, aftæ kafydis jæ riuy. Jæ særy zdyxsyn bajdydtoj aly quydytæ. Zahta jæxi nymær he nyr myn tas nal u, isty xærziuæg myn radtdzænis bulkhon. Jæ rustyl qazyn bajdydta cindzinady syrx axoræn æmæ jæ cæstytæ dær ærttyvtoj dissadžy ciny cæxæræj. Uældaj tyngdær uymæn cin kodta æmæ uyj khordy jedtæmæ zaryn khordtæj niči zydta. Acy xabar Kulakovy zærdæjy uahta styr nyfsytæ æmæ jæ ænqæltæ ræzydysty styr cændtæj. Kuyddær jæ zængty tyx æmæ jæ cængty nyfs, aftæ sbiræ sty æmæ jæ khæxtæ tasyn dær nal kuymdtoj, fælæ sæ uycy sqæl ist kodta. Jæ sær guybyr nal kodta, fælæ jæ fætæn fyndzy xuynčhytæj zydæj hyqquyrdta syhdæg uældæf. Jæ cæstytæ arvy jedtæmæ dældær nicæuyl ual xæcydysty, uymæn æmæ fyr cinæj bærzændty kastis.

Cærajy zærdæmæ næ cydysty efrejtory mitæ æmæ iu xadtæj-xadt jæ mid bylty baxudt. Kulakovmæ kæsgæjæ Cæraj quydyty bacyd æmæ jæxi nymæry tærxædtæ kodta. Fyddzadžydær jæ zærdyl ærlæuuyd, jæ cæstyty razmæ ærbacyd, jæxi dissadžy card. Jæxi abarsta Kulakovyl æmæ Kulakovmæ, cærgæs karčy chiutæm bærzondæj kuyd ærkæsy, aftæ ærkastis jæ zondy quydyty chubpæj uyrdygmæ. Zahta: cymæ adæjmadžy cardæn jæ axsdžiag dær quydtag kadmæ bællyn u, cyt æmæ namys aguryn u? Kom-kommæ dzuabp radtyn næ bafæræzta jæ farstytæn, fælæ ta jæ razy nog farstytæ fevzærdysty: ciu kad, cyt, namys? Kæj qæuync?.. Či sæ dædty... cæmæn sæ agurync adæmæn sæ fyldærtæ?...

Aftæ kuy sparaxat sty farstytæ Cærajy særy, uæd sæ jæxædæg sabyrgaj jæxi nymæry xalyn bajdydta. Adæm iuuyldær adæjmægtæ sty æmæ iu adæjmag innæmæj cy uældaj u, cæmæn quamæ dædta iu adæjmag innæmæn cintæ?.. Cymæ uycy cintæ či dædty, uydonæn uycy bartæ či radta? Cymæ sæ iskuy adæm sæ astæuæj ravzærstoj? Kænæ sæ kuy ravzærstaigkoj, uæd dær cæmæn qæuync?

Næ-æ, adæjmag quamæ særibar ua, iuadæjmag innæmæn cintæ kuy fædædty, uæd cintæ či fæisy, uyj mæguyr jæ bon, næ fembāry ægady mi kæj kæny, uyj. Cintæ isgæ isyn uyj jæxicæn kæjdær ældary bynaty feværy, jæ bartæ kæmædær fædædty.

Axæm quydyty kuy bacydi Cæraj, uæd khamandæmæ dær quysta æmæ jæ æxxæst kodta idtæg ræsuhd. Jæ azyld, jæ acyd, innæty azyld æmæ acydæj uældaj fidaucdžyndær uydysty. Kulakov aftæ srædau æmæ Cærajæn arfæ dær ma rakodta, jæ aræxstdžyn uængajsty tyxxæj.

Cærajmæ uycy arfæ kuyddær fækasti, fækhæmdzæstyg, fændyd æj cydærtæ zæhyn, fælæ dzurgæ nicy skodta ærmæst jæ midbtyly baxudti.

FÆRNION KHOSTA—„UADY UYNÆRY“ DYGKAG ČINYGÆJ. 9

Kulakov dardmæ auydta bulkhon jæ khordmæ kæj ærbacæuy, uyj. Jæ khordæn radta khamandæ, cæmæj sæ fondzæxstædty 'aivæj, sæ'fæddžitæj asærftaigkoj, aftæ. Khord ta adaudtoj xæcængærzty. Xæcængærztæ xury tyntæm tæmæntæ kaldtoj.

Bulkhon xæstægæj xæstæg dær kodta khordmæ, jæmæ cydysty caldær aficery. Bynton kuy ærbaxæstæg, uæd Kulakov skhamandækodta.

— Sa-byr! — æmæ khord æncad ærlæuuyd ræsuhd rænqæj. Kulakov jæxædæg dær sæ razæj slæuuyd. Jæ zærdæ aftæ fidar uydis, cyma jæ fæstæ styr biræ æfsad xærziftongæj læuuyd. Jæ cæstytæj kaldysty ciny cæxærtæ æmæ færsæg cæstyngasæj kastis bulkhonmæ.

Bulkhon sabыm næma radta, fælæ uælbæxæj uydta khordy cæugæ-cæuyn. Bulkhon khordy cur ærŭyrædta jæ bæx.

Kulakov, uajtahd, bulkhony curmæ bakodta caldær khaxdzæfy, jæ khux jæ nyxyl aværdta æmæ radta bulkhonæn raport:

— Uæ bærzonddzinad, acy ran axuyr kæny... efrejtor Kulakov. Bulkhonæn jæ zærdæmæ fæcyd Kulakovæn jæxi axast, stæj jæ khordy fadyvarc dær æmæ jæ mid bylty baxudgæjæ sdzyrdta:...

Maladec!

Kulakov jæxiuyl nodžy tyngdær fervæssyd æmæ ja khux jæ nyxyl aværgæjæ sqær kodta:

— Nodžy zærdiagdæræj arxajdzynæn, uæ bærzondzinad!

Bulkhony zærdæmæ Kulakovy khord tyng kæj fæcydis, uymæ gæsgæ jæ bafændydis khordmæ læmbynægdæræj ærkæsyn æmæ radta dzyrd:

— Cæj, rajdajut axuyr kænyn!

Kulakolov jæ mid-bynaty chilau nyzzyldi ferox dzy is bulkhonæn dzuabp radtyn æmæ jæ khordæn khamandæ radtynmæ jæ dzyx kuyd fæxæliu kodta, aftæ jæ aibp jæ zardyl ærbaluydis. Bulkhonmæ ta fezdæxti, jæxi ta fesqæl kodta æmæ zahta:

— Qusyn uæm, uæ bærzondzinad!

Jæ khordmæ razdæxtis æmæ cydær zæhynmæ qavydis, uycy ræstædžy kuyddær ænæbarygomau jæ riumæ ærkastis, aftæ jæm fækastis, cyma jyn bulkhon caværdær cindzinad jæ riuyl basahta, nicy uydis jæ riuyl, fælæ uæddær jæ zærdæ maguyr næ uyd. Uyrnyndzinad aftæ arf baxystis jæ quydyty æmæ jæm kæcæjdær, dard ranæj, ærttivyn bajdydta majdan. Qældzæg qælæsæj skhamandæ kodta jæ khordæn:

— Sa-byr!—khord kuyd læuuydis, aftæ læugæjæ bazzadis.

— Galiu-mæ!— Cæugær fæzyldysty.

— Raxiz-mæ—ræsuhd ta sæxxæst kodtoj khamandæ.

— Æmræst, razmæ sau cyd!— mænæ qriqubpytæ kuyd fætæxync aftæ axal sty æmæ æmist kodtoj sæ khæxtæ.

Kulakovæn uycy ræstædžy jæ riuy nyfsyty æmæ ænqælty art tyngæj-tyngdær syhdis. Styr cæmædær ænqælmæ kastis, fælæ cæmæ kastis ænqælmæ, uyj ræstmæ næma zydta. Xadtæj-xadt iu, aivæj jæ cæsty tih bulkhony cæskomyl axasta. Bulkhon kastis ædzynæg. Khord aftæ xorz æxxæst kodta khamandæ æmæ fyr cinæj Kulakovæn jæ ærfguytæ jæ nyxy astæumæ byryn bajdydtoj, jæ cæstytæ ta, cyma sæ xuyjy sojæ bajsærsta, uyjau tæmæntæ kældtoj jæ tar cæsgomæj...

Buznyg uyd bulkhon Kulakovy khordæj, cin kodtoj aficertæ dær æmæ sæ cæsgæmdtæj zyndysty uyryngtæ.

Kulakov jæ ævdisinægtæn sæ dzæbæxty fæstagmæ nyuuahta. Aftæ kænynmæ qavyd, cæmæj fæstagmæ bulkhony zærdæ byntondær ærfælmæn uydaid, cæmæj bulkhonæj ferox uydaigkoj innæ khordtæj jæ zærdæjy cy mæstytæ uydis, uydon. Kulakovy aftæ uymæn fændyd, cæmæj jyn bulkhon styrdær lævar, kænæ cin radtaid. Fændyd æj, cæmæj jæ khordæj bulkhon æmæ aficertæ dær idtæg razyjæ acydaigkoj. Jæ khordæn ta bæzdžyn qælæsæj skhamandækodta:

Cæugæ-cæuyn, zaræg bazarut!—Jæxædæg ta jæ xin cæst bulkhon æmæ aficertyl asærfta. Aficertæj čidærtæ fyr cinæj sæ mid bylty baxudtysty, æmæ qus-qus kærædzijæn cydærtæ dzyrdtoj. Se'bpæt dær tyng razy uydysty Kulakovy khordæj æmæ dzyrdtoj kærædzijæn:

—Aj dissag kuy razynd Kulakov æmæ jæ max kuy næ zydtam. Khord æmqælæsæj cæugæ-cæuyn zaræg nyccælq kodta:

> Šmel tovarič naga,
> Dux okrepnem borba.
> Carstvæ slaboda darogæ,
> Grudæm proložæm sabe.

Bulkhon jæ mid bynaty festhælfydis, fæsyrx æmæ rizæg qælæsæj, uajtahd, fæqær kodta:

— Nyuuadzut!

Khord sæ zaryn nyuuahtoj. Kulakov xudæn bylæj bakast bulkhonmæ. Bulkhon nodžy mæstydæræj qær kodta:

— Ærlæuut.

Khord ærlæuuydis. Kulakov dær ærsabyr

...æmæ kuyddær dyzærdyg cæstængasaj kæsy bulkhonmæ.

— Či t..yn bacamydta acy zaræg?—Bafarsta bulkhon.

—Efrejtor Kulakov!—Uyd khoidy dzuabp.

Bulkhon, mænæ cærgæs jæ cyrh dzæmbytæ karčy sinty kuyd fæsadzy, aftæ jæ cyh cæstytæ fæsahta Kulakovy cæsgomy.

— Dy syn bacamydtaj acy zaræg?

— Rast aftæ, uæ dæizonddzinad.

Aficeitæ fæsyis sty æmæ sæ sæt sæ kory sui kæ yn bæjdydta, bakæstysty bulkhonmæ tæst cæstytæj. Sæ cæsgæmdtæ tæ tyzzylyntæ sty, cyma syn uycy saxat ...ler sæ xuylfydzaumædtæ syzdyxta. Dzuryn jæ færdyd cydæitæ, fælæ sybyit kænyn ...nal uærd dysty.

Bulkhon jæ dændægtæ fæzyqqyr kodta, aftæmæj aficeitæ m ...itqnæny kast bakodta. Aficeitæ sabyrg... sæ sæitæ uyi dygmæ aiuahtoj.

Bulkhon cæf arsau nyqqæi kodta jæ dzyxy dzag:

— Cavær xabai u ai, cæmæ ma ka sui, cy gæs stut?

Aficeitaj čidær cydær sdzurynmæ qavyd, fælæ bulkhon jæ khux auyhta:

— Æhhæd-æhhæd, am dzuiinag nicy ual is, acy dær æmbaryn!

Quydtæg kæcyrdæm fezdæxt, uyj dzæbæx ne'mbærsta Kulakov æmæ tarst fysy kast kodta bulkhonmæ. Aftæ jæm fækast, cyma tænthivæg, rixidžyn bulkhon aficertæn sæ cæstmæ dary Kulakovy khordy xuyzæn xorz kæj ne sty innæ khoidtæ, uyj. Cymæ gæsgæ Kulakovæn jæ byltæ xudtysty sæxiuyl fervæsgæjæ æmæ jæ cæst nal ...sta bulkhony ærttivag phalettæj.

Bulkhon aftæ smæsty æmæ jæxi uyromyn nal færæsta. Kuy iu jæ guyr batyldta, kuy ta iu jæ khæxtæj bæxy færstæ æuuærdyn bajdydta. Jæ phalettæ æi ltyvtoj, mænæ biræ gælæbutæ kuy 'iæmbyrd væjjync, uæd uydon kærædzimæ qazgæjæ kuyd chyllindžytæ fækænync uældæfy, aftæ. Jæ aly ærttivag bædtæntæ æmæ dzaumatæ ælæmtau zmælydysty. Jæ cæstytæ, mæj arvy astæu kuyd fælenk kæny, aftæ nyddzahuyr sty, aftæmæj cæstyty ursyty lenk kodtoj sautæ. Rixitæ byltimæ ne zmælydysty, fælæ kæsagdar ænguyr xærdmæ kuy fexsy, uæd kæsag jæxi kuyd færazdux-bazdux kæny, aftæ iu kuy iu rixi sgæbp kodta uælæmæ, kuy ta innæ. Cængtæ byntondær æncoj nal ardtoj æmæ sæ mid bynaty nal læuydysty, fælæ aly xuyzæn xæxxytæ ævdystoj bulkhony ...ærmæ uældæfy.

Jæ sætimæ jæ dzyxæj taxtis biræ nyxæstæ, fælæ syn bambaræn næ uyd, uymæn æmæ, mænæ ævzær kuyjtæ kauy ræbyn xylgængæjæ sæ kærædzijy kuyd feuuæidync, aftæ sæmxæedzæ sty sæt æmæ nyxæstæ.

— Sybyr. .qybyltæ...Paddzax...

Tæiihædtæ isgæjæ iu adæjmag saudžyny raz kuyd æncad æmæ zæxmæ kæsgæjæ læuuyd, jæ zonguytyl, aftæ æncad læuuydysty aficeitæ. Qybp-sybp niči kodta bulkhonmæ.

Bulkhon nal æncadis jæ qæi æmæ axstæj. Tyldta jæ khuxtæ æmæ qær kodta:

— Sybyr... Sybyi...safgæ...

Cæraj æmæ je'mbældtæj čidæitæ xabai fembærstoj æmæ ædzynægæj sæ cæstængas bulkhonmæ saiæstoj. Qasbolæn jæ zærdæ syzmælydi jæ riuy, cavæidæi tas bacydi jæ uængty æmæ quydyjyl fæcis. Jæ sahæstæ ta jæ suang Sybyry bamidæg kodtoi. Jæ zærdyl ta ærlæuuydysty jæ Sybirag æmbældtæ, uycy zaiæg yn či bacamydta, uydon. Zahta jæxi nymæry:

— Nogæj ta Sybyrmæ. Kulakov zæhdzæn, zaiæg Qasbol bacamydta, zæhgæ, æmæ uæd mænaj uyj, xast æicæudzæn Sybyrmæ. Cæj, cy ua, uyj uæd, kuy jæ zydton zaræg cavær u, uyj. Mæ sybirag æmbældtæn cy dzyid radton, uyj sæxxæst kodton; Kævkazy bæsty, Irystony zæxxyl fæsivæd nyzzarydysty Sybirag æmbældty zaræg. Fequystoj Irystony bydyitæ, iron fæsivæd, Sybirag xast adæmy zaræg... Kuy ta mæ axæssoj Sybyrmæ, uæd mæ æfxærd æmbældtæn radzuidzynæn acy ciny xabar...

Qasboly zardæ nal æncadis sxojynæj, cyma riuy fæjnæg ratonynmæ qavyd, aftæ znæt tyldta zærdæ jæ khabæztæ. Jæ cæstytæ zæxxy anyhuyldysty, aftæmæj ædzynæg quysta bulkhonmæ. Jæ qustæ tæxgætæxyn axstoj bulkhony nyxæstæ.

Bulkhon byntondær kuy sæxsyst, uæd jæ bæxy ærcavta æmæ jæ khazaimæmæ saræsta æmrast. Dymgæ ma fæstæmæ skhæfta bulkhony sætæjdzag nyxæstæ, uycy nyxæstæ axstoj aficerty qustæ:

— Tahd, rakænut sæ midæmæ...Cavær... Æz uyn bacamondzynæn...

— Tahd rakæn khazarmamæ — zæhgæ, sdzyrdta Kulakovmæ aficeitæj iu, stæj uydon dær sæ bæxty bulkhony fædyl khazarmajy kærtmæ saræstoj.

Kulakov čysyl starsti, fælæ bulkhon cæuyl mæsty kæny, uyj bæstonæj næma bambærsta. Jæ khordæn skhamandækodta:

— Sa-byr!—Jæ cæst axasta rænqytyl.

— Raz--mæ, ærmæst æmcyd!—Khord rarast khazarmamæ.

Sæ aly fars či axuyr kodta, uydon fembærstoj, Kulakovyl cydær kæj ærcydis, uyj, æmæ ædzynægæj kastysty bulkhony fædyl. Iuæj-iutæ aftæ ænqældtoj, cyma Kulakovy khazarmamæ xærziuæg dædtyny tyxxæj kænync, jæ khordy dzæbæx kæj axur kæny, uyj tyxxæj. Innætæ ta, xabar bambargæjæ, sæ midbylty xudtysty. Sebpæty dær tyng fændyd xabar bæstonæj bazonyn, fælæ khazarmamæ cæuyn afon næma uydis æmæ uymæ gæsgæ xurmæ aræx skæs-skæs kodtoj.

Kulakovy khordæn sæ fyldær bambærstoj cy ærcyd, uyj æmæ alči dær jæxi nymæry quydytæ kodta. Qasbol quydtag alygkodta, zahta jæxicæn: Nyr ta myn Sybyrmæ ænæ axæsgæ nal is. Jæ zærdyl læuuyn bajdydtoj Sybyry fændægtæ. Æræmysyd Sybyræj kuyd lyhdi, uyj dær æmæ jæ cæstytyl uadysty aly nyvtæ.

Cæraj dær fenkhard, jæxicæn myjjag næ tarsti, fælæ smæsty cardy aræstyl. Jæ quydytæ adard sty adæjmadžy card kuyd aræst u, uyj fædyl. Ærmæst æj uyj fændydis, kuy festadaid uycy saxat axæm tyxdžyn adæjmag æmæ bulkhon uæd, khazarma uæd, se 'bpæty dær kuy bafærazid iu fevnældæn nyppyrx kænyn. Kænæ ta jæm kuy uaid axæm qaru æmæ kuy radtid adæmæn se'bpætæn dær xorzæxtæ æmæ xorz card, cæmæj ma či mæsty kæna, uyj tyxxæj. Jæ særy sævzærd nog quydytæ æmæ jæ cæstyty raz adæm iuuyldær festadysty paddzæxtæ, kærædzimæ bar či næ dary, axæm paddzæxtæ, kærædzijæ særibar či u, axæm paddzæxtæ. Aftæ jæm fækast, cyma uæd adæm iuuyldær suaigkoj æmxuyzon, iu innæmæn nal uaid uynaffægænæg, ældar æmæ adæm iuuyldær cærigkoj æfsymærtau æmzond æmfændæj, uæd nal uaid xicændzinædtæ adæmty æxsæn. Nal dædtid iu adæjmag innæ adæjmagæn cintæ, nal uaid iu innæmæj bærzonddær, nal æfxærid adæjmag adæjmadžy.

Darddær kuy aquydy kodta, uæd ta jæ fænd fæfidar; Adæm quamæ suoj iuuyldær æmxuyzon, æm-bar; kænæ paddzæxtæ, kænæ ta xuymætædžy adæm. Paddzæxtæ kuy suoj, uæd sæ či dardzæn, cy xæroj, uyj syn nal uydzæn æmæ kusyn bajdajdzysty iuuyldær. Kusyn kuy bajdajoj, uæd ta suydzysty xuymætædžy qjamætgændžytæ. Jæ ærfguytæ bærzond sista, cæugæ cæuyn, æmæ zahta, uyj uydzæn ræstdzinad, æmbardzinad æmæ særibar.

Bulkhon khazarmajy kærty jæ bæxæj ærxyzt æmæ midæmæ baivhuydta æmbuxgæjæ. Stholy raz bandonyl mæsty badt ær kodta, stæj sthol tymbyl khuxæj aftæ tyng nycdzavta æmæ čysyl ma baqæua sthol jæ astæuyl dyuuæ dixy ma fæua. Jæ cæstytæ cæxærtæ kaldtoj, jæ dændægty khæs-khæs quystis tyrhmæ. Kæd jæ cury niči uyd, uæddær jæ nyxas kodta:

— Adonæn kuyd qæuy, aftæ kuy na fæuon, uæd myn mæxi fesafdzysty, fælæ fendzystæm... Nyr uældær xicæudtæ acy xabar kuy fequsoj, uæd cy zæhdzysty?

Jæ særyl fæxæcyd jæ dyuuæ khuxæj æmæ jæ bynatæj festadi. Ærdjaggængæ ra cy-bacy kænyn bajdydta ahuysty khuymty.

— Mæ cin myn sisdzysty, Sybyrmæ mæ arvitdzysty æmæ ma istæjy tyxxæj dær kuy uaid, uæd nicy kæny, fælæ caværdær efrejtory mity tyxxæj...

Calynmæ bulkhony særy axæm znæt quydytæ jemylyk bæxty ræhauæj xuyrrydytæ kodtoj, uædmæ aficertæ dær duary zyqqyræj bafarstoj:

— Bacæuæn is, uæ bærzonddzinad?

— Racæut!

Aficertæ bacydysty æmæ khæmdzæstygæj slæuuydysty bulkhony cur. Bulkhon ta jæ badæny ærbadti, fælæ istugmæ dzurgæ nal kæny æmæ ma aficertæ cy fæuoj, uymæn nicy ual zonync, kuyddær uælqædæj bampyldysty sæ midbynætty.

Bulkhon jæ mæsty cæstytæ aficertyl axafta, jæ rixitæ adaudta, stæj fæqærkodta.

— Ardæm myn ærbadædtut uycy efrejtory!

— Qusæm uæm, uæ bærzonddzinad! aficertæj iu dyuuæ æmuad rakodtoj kærtmæ, Kulakovmæ, fæsidynmæ.

Kulakov jæ khordimæ kærty læuuydi æmæ ænqælmæ kast aficerty dzyrdmæ. Cy mi kodtaid, uymæn nicy zydta æmæ syvællon jæ madmæ ænqælmæ kuy fækæsy, uyj cæstængasæj kasti aficertæ cy ahuystuydysty. uymæ. Ualynmæ rajquyst aficer qælæs:

— Kulakov, khord suæhd kæn æmæ dæ xædæg ardæm racu!

— Qusyn, uæ bærzonddzinad! — Axæ dzuabp radta, stæj skhamandækodta:

— Sa-byr, fæpyrx ut!—jæxædæg aras ahuystmæ.

Khord ænæbarygomau fæpyrx sty æmæ sæ kærædzijy midæg tærxædtæ kænyn bajdydtoj. Cæraj æmæ Qasbolæn sæ cæstænga kærædziuyl sæmbældi æmæ ænæ dzurgæjæ innætæj axibar sty. Iu dzævgar kærædzimæ ædzynæg fækastysty, stæj Cæraj zahta:

— Cy bakodtaj uyj?

— Mæxædæg dær xorzau nal dæn, Cæraj. Cy kodton, uyj æmbærston, fælæ xabar iftæ rauajdzæn, uyj næ zydton. Acy zaræg Sybyry bynton ærgom zarync xastytæ. Mæticæn næ tærsyn. Mæxi mæt mæ næj...

Cæraj jæ midbylty baxudti:

— Sybyry xastytæn cy zarægæn is nyzzaræn, uymæn am zaræn næj.

— Uyj rast u. Mæ sahæstæ uuyl sty; mæn tyxxæj, mæ ædylydzinady tyxxæj, symax dær kuy bafxæroj.

— Max mæt ma kæn, maxæn nicy uydzæn, stæj donlast xuylydzæj dær nal fætærsy—zahta Caræj æmæ ærxosta Qasboly bærzæj.

— Cy mæguyrbon ærkodta Kulakovyl, lintæ æmæ arfætæ rajsyny bæsty chysymy li baxaud! Tæxudy, nyr uymæn cytæ dzuync, uymæ bajqus...

Axæm nyxæstægængæjæ bajjæfta Cæraj æmæ Qasboly, Budzi.

— Axæm ma carcjaty dissægtæ uydzæn—kudgæjæ zahta Budzi.

Ærtæ dær kærty durtyl ærbadtysty æmæ tamakotæ styxtoj. Dzurgæ sæ ničiual nicy kæny, fælæ sæ cæstyngas tærxon kæm cæuy, uycy ahuystmæ saræstoj.

Kulakov bulkhony curmæ kuy bacydi, uæd tobpy fatau æmrast ærlæuuydi æmæ ædzynæg bakasti bulkhony cæstytæm. Tyng æj fændyd bazonyn bulkhon cy fændtæ kodta, uyj. Jæ zærdæ aly sahæstæj dixtæ kodta. Aficertæ jæm fæjnærdygæj dzahultæ kodtoj, fælæ sæ uyj uyngæ dær næ kodta, jæ cæstængas bulkhonmæ radta suuyldær. Ærædžjau bulkhon læhzqælæsæj, sabyrgaj, fyd jæ fyrty kuyd fæfærsy, axæm qælæsæj bafarsta Kulakovy:

— Či dyn bacamydta uycy zaræg?

Bulkhon ægær fælmæn qælæsæj kæj dzyrdta, uyj Kulakovy zærdæjy nyfs bauahta æmæ ta jæxiuyl fervæssydi. Kulakov dzuabp radta:

— Mæxædæg æj bazydton, uæ bærzonddzinad!

— Uæd æj saldædtæn ta či bacamydta?—Afarsta ta jæ bulkhon.

— Mæxædæg, uæ bærzonddzinad!

Kulakov jæxi nymær quydy kodta.

— Symax aftæ ænqæl stut, cyma æz bynton ædyly dæn. Aftæ uæ fændy, cæmæj ta mæ bæsty cin aficertæj isči rajsa. Axæm ædylyjyl næ sæmbældystut. Næ basætdzynæn. Quamæ cin mæxædæg rajson.

Bulkhon jæ mast nal bauyrædta æmæ mæsty xuyzæj fæqær kodta...

— Au, zaræg mysgæ dær dæxædæg ærkodtaj?

— O, mæxædæg, uæ bærzonddzinad!

— Æmæ dyn aficertæj niči baxxuyss kodta?

— Æbpyndær niči, uæ bærzonddzinad!

Bulkhon aficertæm azdæxt:

— Nyr uæ cy sxuyndæua, symax? Uæ fyndzy byn revoljucion propagandæ kæny caværdær efrejtor æmæ jyn symax zongæ dær nicy kænut...

Kulakov bulkhony dzyrdtæ næ bambærsta, fælæ aficertæm ægær znætæj kuy dzyrdta bulkhon, uæd æm aftæ fækasti, cyma aficerty bulkhon uyj tyxxæj æfxæry. Jæxi nymær starsti jæxicæn. Zahta: nyr bulkhon kuy acæua, uæd ta mæ aficertæ sæ mast sisdzysty, fæltau syn nyrtægkæ baxxuys kænon. Uycy quydy jæ særy kuy fevzæryd, uæd sdzyrdta...

— Propagandæ, uæ bærzonddzinad, æz zongæ dær næ kænyn, uyj myn aficertæ bacamydtoj. Xorz myn fæamonync alcy dær. Xorz aficertæ sty.

— Či?

— Aficertæ!

— Propagandæ aficertæ bacamydtoj dæuæn?

Bulkon aftæ xync farst kodta, aftæ mæsty xuyz uydis æmæ ta Kulakov fædyzærdyg. Jæ zærdæ ta axsajdta; či zony propagandæ ævzær quydtag u, æmæ dyzærdygæj radta dzuabp:

— Nyr ma myn æj xorz næma bacamydtoj, fælæ næ ænæuyj xorz axuyr kænync. Xorz aficertæ sty.

Acy nyxæstæ kuy kodta Kulakov, uæd aficertæ sæ mid bynaty styxstysty. Ærædžiau sæ iu bulkhonæj rakuyrta dzyrd æmæ zahta:

— Uæ bærzonddzinad, dzyrdy bar myn radtut...

— Dzur, dzur...

— Gædy nyxæstæ kæny. Æmbargæ dær næ kæny propagandæ cy u, uyj.

Aficery nyxæstæ Kulakovmæ mastau fækastysty. Jæ zærdæ ta fexsajta kæd myn mæ cin isync, zæhgæ, æmæ jæ dzyrd babpærsta:

— Æmbaryn, æmbaryn alcydær, æmbaryn!..

— Maradzut axæstonmæ jæ akænut, quydtag æfsædton tærxondon ravzardzæn.

Acy nyxæstæ bulkhony dzyxæj kuy sxaudysty, uæd Kulakov dzahyræj azzadis, cydær zæhynmæ qavydis, fælæ jæ dzyxy dzyrd nal baftyd. Aficertæj iu jæ khux jæ særyl aværta æmæ dzuabp radta bulkhonæn:

— Qusyn uæm, uæ bærzonddzinad.

Acy nyxæstæ či zahta, uycy aficer jæ midbynaty fæzyld æmæ racydis ahuystæj. Kulakovæn jæ cæsty bynaty fæzyndysty dyuuæ stavd ærdtivag cæstysydžy. Læuuyd æncad. Kastis ænqælmæ...

Xur jæ sær xoxtv qæbær bazyl æræværdta æmæ fælladæj jæ fælurs qærmust tynty ærvysta saxary naræg čhizi uyngtæm. Xurmæ skæs-skæs či kodta, uydonæn sæ bællic ræstæg ærcyd—nyr u khazarmamæ cæuyn afon. Bydyry aly rædtæj khazarmamæ cæuyn bajdydtoj æfsædtæ. Khazarmamæ sæm sidt signal. Ragacau či ærbacyd, uydon ma fedtoj efrejtor Kulakovy khazarmajy kærtyty axstæj kuyd rakodtoj dyuuæ saldaty, uyj.

Æfsædtontæ sæ dzaumatæ æfsnajdtoj æmæ sæxi cædtæ kodtoj æxsæværmæ. Aly khuymty fæsivæd bardzgaj æmbyrdtæ kodtoj æmæ dzyrdtoj efrejtor Kulakovy quydtagyl. Cy ærcyd, uyj bynton bælvyrdæj kæj niči zydta, uyj tyxxæj nyxas kodtoj xærz sabyrgaj, mænæ xædzary mard kuy væjjy, uæd kuyd fædzurync æmbisæxsæv, aftæ.

Cæraj, Qasbol æmæ Budzi nyrma sæ bynatæj næma systadysty. Dzurinagæj sæm cy uyd, uydon festy iuuyldær æmæ nyr nyxas uyj bærc nal kænync, fælæ sæ tamakotæ chirgæjæ ædzynæg kæsync kærædzimæ. Cædtæ sty sæ fændtæ, cy fændy kuj ærcæua, uæddær. Sæ zærdætæ cydær ænkharync æmæ sæ kærædzimæ dær uymæ aftæ æxsyzgonæj kæsync.

— Qasbol dæ sær cy æruahtaj? — baxudi Cæraj.

— Cy fændy dzur, Cæraj, uæddær dzj særibardzinadæj xuyzdær nicy is—kuy zahta Qasbol, uæd jæ sær xærdmæ sista æmæ Cærajy ærttivag cæstytæm bakast;

— Mykalgabyrty stæn, nyr ma ual ba kæsæm, fælæ amæj uældaj kuy næ ua uæd fæstæmæ næ fæd bacaguræm.

— Budzi! fæstæmæ fæd aguryn qæuy, zæhys? Ssardzystæm fæd ærmæst fæstæmæ næ, fælæ razmæ, fæd kæm næ ua, uym ta næxædæg kændzystæm fæd. Xæsty bydyrmæ, xæsty bydyrmæ! Dæzærdejy dæ Balqædæj ardæm badynmæ skodtoj.

— Cæraj xæst, xæst, uyj næ mady æxsyrimæ kæj badadtam, axæm quytag u, æz xæstæj næ tærsyn.

— Tahd ma kæn Budzi, bafsæddzynæ xæsty dissægtæj dær. Dy æz cy xætænty axattæn, uymyty kuy udais, uæd aftæ næ tyrnis xæstmæ...

Qasboly nyxæsty askhuydta uadyndz. Bon fæci.

Niger

XUR—FÆDISON[1]

Mit fældzæhdænæj
Uary sau kæmdty,
Mit, uæd Zalty mit
Bæstæ bambærzta.
Æxsæv, tar æxsæv
Bartæm baxyzti.
Dard ærytydta
Xæxtyl fædžčitæ...

* * *

Čyndz, xærz næuæg čyndz
Art ærnyuærzta...
Gædy khonajyl
Tarf ærfynæj is.
Azdzyd buc sabi
Riuyl afynæj
Madæn. Dzidzi dær
Rast jæ bylty 'xsæn.
Uaty čyndzcon čyzg
Fyny baxudy.
Zonyn—cæstytyl
Uajy sau læbpu.
Bynæj se'skhæty,
Uærygk sænaryl
Qarmy, batymbyl,
Kæs, jæ mady cur.
Mad—fyddzagzædtag,—
Addžyn astæry,
Kuyd fys madælon,
Byltæ qæbulæn...

* * *

Bon rædzæ-mædzæ
Xæxtyl bajdydta...
Xur jæ fyddzag tyn
Zæxmæ rarvity:
„Batav sabity,
Batav ræzgæty.
Rævdau uarzædtæn
Dy sæ zærdætæ.“

* * *

Xæxtyl galægon
Dardyl akafy.
Rahæj rabpærsta
Uyj jæ uælæftau.
Mit, uæd Zalty mit
Rahæj feskhuydi...
Kæs: Arašenda [2])
Am uyd—atar is...

* * *

Xur jæ dygkag tyn
Tahd-tahd rarvity,
Tahd-tahd rarvity
Uæd fædisonæn:
„Hæjdt! Khuydargomy
Kæn fædisy qær:
„Baci caræftyd
Qæu Arašenda.“
Zæh tahd: „Džusojtæn
Abon xurimæ,
Oj, sæ byny qær
Arvyl sæmbældi!..

* * *

Fændyr, qis fændyr [3])
Zæjyl baniuy.
Riuy anyxsy...
Zærdæ ampyly.
Cæstæj cæsty syg,
Nodžy tug xæddzæ,
Kąny 'xsærdzæntæ,
Uajy gagatæj...
Fændyr, qis fændyr
Zæjyl baniuy.
Tar cæst, tar ærfyg—
U jæ amonæg.
Tar cæst, tar ærfyg
Ryst, ærhævst uyrztæj
Qistæ alqivy,
Qistæ fændyræn.

[1]) Tuhanty Muxarbedžy kond nyvmæ gæsgæ. Nyv xuyjny „Arašendajy sæft“
[2]) Qæu—Khuydargomy. 1932 azy jæ zæj fælasta.
[3]) Is axæm æhdau: zæjlastyty agurgæjæ zæjyl fæcæuync qisfændyr cæhdgæ, mard, dam, kæm is, uym fændyry qælæs femyr væjjy, zæhgæ.

Kærc, jæ khærit kærc,
Iuuyl bampyldi.
Dystæ—sadžiltæ,
Xud nyppaka is.
Cæstyl cæsty syg
Qysty asæly.
Čhiutæ—uadultyl,
Xuyz—fydox zærdæ.
Adæm—komfædis—
Uajync zærondmæ,
Kuyd syvællædtæ
Madmæ gaga'nqæl.
Sær ærkhul kæny,
Qusmæ baxæssy
Fændyr tahd gomau
Æmæ bajqusy.
Kæd fyr dissagæj
Uyrztæ femhujync
Æmæ fændyræn
Jæ niud feskhuyjy,—
Uæd jæ xæd uælvæd
Zærond festhælfy:
„Tahd, ærbeldzæf kæn,
Tahd, ærbeldzæf kæn!„..

* * *

Xur jæ fæstag xal
Xæxtyl ajvæzta,
Syntmæ baxysti
Uæd næ čyndzcon čyzg.
Mad, kuy jæ zonys,
Dyson xuyssæny
Dardta buc fyrtæn
Uyj jæ qarm dzidzi,
He, he uycy mad,
Kæs, æd sabitæ
Zæjyl bakændzæn
Nyr æxsæviuat.
Čyndz, næ næuæg čyndz
Dyson artdzæsty
Abon—rajsommæ
Zyng bærgæ thysta,
Fælæ atar is,
Fælæ axuyssyd,
Qazgæ, xudgæjæ
Nyr jæxi zyng dær.
Gædy khonajyl
Qarm bærgæ xuyssyd...
Nyr yn mity byn
Xuyssæn ualdzægmæ.
Fys, æd urs uærygk...
Fædis sarazdzæn
Æxsæv sald mærdtæn
Nyr mærdæxsævær...

* * *

Dymgæ baniuy
Kæmdty, sau kæmdty.
Iryl ajquysy
Dard jæ fædis qær:
„Qæu Arašenda
Abon babyn is,
Abon Džusojtæ
Festy caræftyd!“

Dzesty Kuydzæg.

CYRAH.

(Syvællædty cardœj radzyrd).

Uæhhag Qobany dæle komy, dony aly fars, uydi næudzar bydyr. Donyl aræst uydysty čysyl xæxxon kuyræjdtæ, sæ aly fars ræsuhd chæx næudzar. Syvællædtæ uym xyztoj, rodty qazydysty uisyn bæxtyl—či færazdær uydzænæj. Kuyrojy dony iu nybpærstoj lædzæg, stæj jæ fædyl zhordtoj. Nukmæ iu kuy fæcæj xæddzæ kodta, aftæ ta iu æj racaxstoj.

Fælæ iu bon cæjdær biræ adæm ærbacydysty syvællædtæ kæm qazydysty, uycy fæzmæ. Darh lædzdžytyl styr syr xæchiltæ bakodtoj, caværdær dissadžy uasæntæj uasydysty. Stæj uæd radygaj cydærtæ dzyrdtoj.

Uædæj fæstæmæ biræ adæm fændægtæ arazyn bajdydtoj, khædzæxtæ khaxtoj, xældtoj sæ. Uycy fæzæj midæmæ, komy 'rdæm khædzæxty bajgærstoj. Cæjdær gæræxtæqųysti komæj. Xædzærdtæ dær aræstoj uycy fæzy. Dyndžyr xædzærdtæ.

Iu casdær ræstæg kuy racyd, uæd xædzærdty cur darh qædtæ nyssaxtoj, teltæ syl babastoj. Qædty sær bærzond æreauyhtoj styr tymbyl, kærdojy xyuzæn, cyræhtæ. Uycy cyræhtæj, aftæ tyng ruxs kodtoj æmæ æxsævygon dær bony xuyzæn ruxs uyd uycy fæzy.

Syvællædtæj styrdær či uyd, uydon sæ-xædæg cydysty bonygon uycy cyræhtæm uynynmæ. Fælæ cyræhtæ bonygon næ ruxs kodtoj. Uæddær iu sæ cyd dzæhæly næ uyd. Fedtoj iu biræ adæm. Nodžy dissadžy styr uærdony xuyzæn cydær. Jæ cælxytæ uærdony cælxyty xuyzæn dær næ uydysty. Galtæ ivtyhd yl næ uyd, bæxtæ dær. Adæm jæ xuylfy badtysty æmæ sæ aftæmæj lasta.

Izærygon. Ærtalyngærædtæ. Syvællædtæ racydysty bylgæronmæ. Kæsync dælæmæ, kommæ. Uyrdygæj ærttivync biræ, biræ cyræhtæ. Bycæu kænync syvællædtæ.

— Dalæ æbpæty astæuæj cy styr cyrah is, uyj mæn u, dzury Boli.

— Jæ farsmæ cy ændær styr is, uyj ta mæn,—fæcærdæg Mikka.

— Symax aly xadt styrty uæxicæn ajsut,—zæhgæ, fætærgaj Šælizæt. Digkæjy khuxyl fæxæcyd æmæ xædzarmæ acydysty.

* * *

Bonygon ustytæ cydysty styr cyræhtæ kæcæj zyndysty, uyrdæm. Uym uydis dukani. Xastoj uyrdygæj ustytæ quymæctæ, xuyd dzaumatæ, xædzary migænæntæ. Syvællædtæ sæ madælty cæugæ kuy uydtoj, uæd iu biræ fælæxstæ kodtoj: „nana, mæn dær ma dcmæ àkæn" zæhgæ. Xadtæj-xadt iu fætærihæd kodtoj ustytæ syvællædtæn—akodtoj iu dzy kæjdærty.

Æræd žy acyd Mikka jæ madimæ. Nyccydysty uycy fæzmæ, cyræhtæ biræ kæm is, uyrdæm. Kuyvd dær dzy næ nyd æmæ xist dær, fælæ dzy adæm uæddær biræ uyd.

Xæstægmæ fedta Mikka uycy styr ruxsgænæg cyræhty.

Mad bacyd dukanimæ. Mikka dær jæ fæstæ. Balxædta mąd cæx, fætægen, nodžy ma xædzary lystæg dzaumædtæ. Uyj fæstæ jæ khuxæj acamydta dukanigæsæn æmæ jæm badzyrdta:

— Dæ razy ma myn æxxæst uycy cyrah dær kuy radtis!

Uycy nyxas kuyd skodta mad, aftæ jyn Mikka jæ khabajy fætči ærivæsta æmæ ænæuændgæjæ syndæggaj sdzyrdta:

— Nana!

Næ jæm fækast nana. Dukanigæs yn jæ razy æræværdta, mænæ fætæġen kæm auadzync æmæ spičkæjæ kæj ssudzync, axæm cyrah.

— Nana,—qærdæræj dzyrdta Mikka.

— Cy ta dæ qæuy,—sxuyst nyxas skod-

17

ta mad æmæ Mikkajy khux jæ khabajæ ratydta.

— Uyj næ, fælæ ma ændær balxæn...

— Næj dzy khafettæ, æncad, dæ dzyxyl xæc,—ærkarsta mad Mikkajy nyxas.

— Khafettæ mæ næ qæuy, næ, nana, fælæ dælæ uyndžy... bærzond qædtyl cy cyræhtæ is, uydonæj balxæn...

Dukanigæs sxudt Mikkajyl. Mad dær yn jæ nyxas nicæmæ ærdardta.

Racydysty fæstæmæ.

Næ rox kæny Mikkajæ cyrah.

Fæzæj radard sty, fælæ ma uæddær Mikka fæstæmæ fækæs-fækæs kæny. Fæxærdgænæny iu dury sær ærbadtysty.

— Nana, nyr acy cyrahy bæsty æz kæmæj zahton, uyj kuy balxædtais, uæd xuyzdær næ ruxs kodtaid?—bafarsta Mikka.

— Uycy syrah maxmæ næ ruxs kæny,— dæ nyvond fæuon,—uyj jedtæmæ jæ kuynnæ balxædtain.

Acy xadt qældzæg nyxas skodta mad Mikkamæ. Uæd biræ fæfarsta Mikka jæ mady, cyrahy tyxxæj, fælæ uæddær næ bazydta—cyrah uym kuy sudzy, uæd uydonmæ cæuylnæ suddzæn.

* *
*

Iu khord bontæ aivhuydta. Bacydysty syvællædtæ skholamæ. Ærmæst Digka nyrma čysyl u, uyj xædzary bazzajy iunægæj.

Iu bon ænaxuyr uazdžytæ ssyd qæumæ, xædzærdty fæzyldysty. Aguyrdtoj fatertæ. Mikkajy fyd Babi dær syn iu uat radta. Iu caldær bony acardysty uym... Nodžy ma ændær kusdžytæ cæjdær teltæ bastoj bærzond qædtyl, fælæ syn syvællædtæ nicy bazydtoj. Sælizæt ma sæ gærztæ auyndzæn tel xuydta, fælæ aftæ bærzond bast cæmæn u tel, uymæn nicy zydta.

Uycy bon ærægmæ ærbacydysty syvællædtæ skhlaojæ. Axuyry fæstæ syn uyd æmbyrd, stæj ta qast-izær. Afon suang æxsæværafdtæm axæddzæ.

Biræ fenqælmæ kast Digkæ skholadzautæm. Acy xadtæj xuyzdær xabar syn nikuy radzyrdtaid. Fæbadti izærdalyngtæm kærty duary baxizæny, calynmæ uændyd, uædmæ, stæj bacyd æmæ khæsærgæron sbadt. Sfælmæcyd iunægæj, Bafynæj.

Dis kodtoj Mikka, Boli æmæ Sælizæt sæ xædzarmæ kuy ærbavvaxs sty, uæd. Axæm ruxs nikuy kaldi rudzguytæj.

— Ævædzægæn ta næm uazdžytæ is æmæ næ dyuuæ cyrahy dær ssyhtam,— zahta Sælizæt.

Bacydysty xædzarmæ. Nikæj dzy bajjæf toj. Syqal kodtoj Digkæjy.

Xædzary astæu cydær auyhd misyndzædžy xuyzæn ærdtivag, ruxs kæny. Cæstytæ jæm næ læuuynrc.

— Mænæ cy cyrah is,—dis kæny Sælizæt.

— Uyj dælæ biræ adæm kæm cæry, komy, uym cy cyræhtæ is, uydon xuyzæn u,— amony Mikka.

— Uyj nodžy uydonæj xuyzdær u,— zæhy Boli.

— Cymæ cæmæj sudzy?—færsy Sælizæt.

— Uælæ jæ næ uynys?—jæxi zonæg skodta Mikka.— Uælæ cy telyl bast is, uym midægæj lystæg xuynkh is æmæ cyrahmæ uyrdygæj fætægen cæuy æmæ aftæmæj sudzy.

—Æmæ uæd yn fitel næ uaid,-næ uyrny Bolijy.

— Fitel dær yn is, ualæ ma skæs, jæ xuylfy cy lystæg ændaxy xuyzæn is, uyj jæ fitel u,—næ sædty Mikka. Bauuændydysty syvællædtæ Mikkajyl.

Alči dær sæ jæ nyxas kæny. Kæsync telmæ cyrahmæ. Sælizæt jæ khuxtæ sdardta cyrahmæ. Kæsy sæm aftæmæj.

— Akæs ma, Boli mænæ mæ khuxtæ zyndžy xuyzæn kuyd sty...

— Cæj ma, Mikka telmæ fætægen kæcæj cæuy, uyj ssaræm,—dzury Boli Mikkamæ.

Aguryn bajdydtoj. Fæzyldysty duary ædte dær. Nicy ssardtoj. Ærædžiau kuyddær fakomkommæ sty khæpsyrmæ. Bavnældta jæm Mikka. Arxajy jemæ. Kuyddær æhdauaj jæ fæzyldta. Axuyssyd cyrah. Fætarstysty syvællædtæ. „Fexældtam, ævæddzægæn, cyrah“, quydy sæ kæny alči. Æz færazdæronæj rakaldysty duarmæ. Kærty khuym mæng ahuysty bambæxstysty.

Babi uyd jæ syxægtæm. Nyxæstæ kodta uym elektrony cyrah cas u xuyzdær xæzaræn, uyj tyxxæj. Qældzæg kodta jæ zærdæ jæ xædzary rudzguytæj, cyrahy ruxs aftæ tyng kuy kaldi, uæd. Fælæ ævibpajdy ruxs kuy axxuyssyd, uæd aivæj systad æmæ racyd sæximæ. „Myjjag kæd fexæld, kæd lampæ basyhd“, quydy kodta jæxi nymær. Bacyd xædzarmæ. Æræsgærsta khæpsyr. Fæzyldta jæ. Ssyhd cyrah. Scin kodtoj syvællædtæ.

— Max æj axuyssyn kodtam, uyj mači zæhæd,— fædzæxsy syn Mikka. Bacydysty xædzarmæ. Ærlæuydysty Babijy aly fars. Digkæ nal fælæuyd.

— Babi æz næ uydtæn, Mikka jæ axuyssyn kodta.

— Ægongæj, jæxædæg axuyssyd,— næ basast Mikka.

— Qusut, ma, æz uyn bacamonon kuyd sudzgæ u, uyj,— dzury sæm Babi. Mænæ acy khæpsyr aftæ kuy fæzilaj, uæd cyrah axuyssy.

Fæzyldta Boborc khæpsyr æmæ axuyssyd. Stæj jæ nodžy iu zyld kuy akænaj, uæd ta fæstæmæ ssudzy.

Cyrah ssyhd. Æxsyzgon uyd syvællædtæn. Nyr iu cyrah sæxædæg ssuddzysty, stæj iu æj xuyssyn dær akændzysty.

— Uæd sudzgæ ta cæmæj kæny,— færsy Boli.

Mikka aftæ zæhy, uælæ uycy telæj, dam, æm fætægen cæuy,—jæ nyxas æbpary Sælizæt.

— Aftæ jæm tyx uahd is æmæ uymæj sudzy, jæ nom elistričesvæ xuyjny,—amony syn Babi.

Fændyd Babijy kuy bacamydtaid syvællædtæn, cyrah cæmæj sudzy, uyj, fælæ jyn jæxædæg dær nicy zydta æmæ syvællædty sæxibar nyuuhta. Kæsgæjæ bazzadysty syvællædtæ cyrahmæ.

Bazzadysty, sæxi quydytimæ. Uycy dissadžy ruxsgænæg cyrah syl cy quydytæ baftydta, uydonimæ.

Nyr myst cyxtytæ kuyd xæra, aftæ cyrah ævibpajdy ssudz, uæd cymæ næ fætærsid,— quydy kæny Sælizæt.

— Næ, fælæ biræh ærcaxs æmæ jyn jæ barzæjyl babædt uycy cyrah, stæj jæ ssudz æmæ jæ aftæmæj auadz... Uyj alidzid je 'mbal biræhtæm, uydon dzy̌ fætærsigkoj, jæ razæj lidzidkoj, uyj ta sæ fæstæ e...,— fændtæ kæny Boli.

Mikka xædzardzindær u. Uyj ændær quydytæ kæny. Uyj biræ spajda kænid uycy cyrahæj.

— Uydon nicy,— bardžyn nyxas kæny Mikka,— fælæ uycy cyrahy æxsævygon bæxy becygkyl babædt æmæ uæd aftæmæj qædmæ dær acu, gorætmæ dær acu, uæddær bæxæn jæ razy cy fændag is, uyj dzæbæx zyndzæn.

— Mikka, uædæ Soltanæn cæuylnæ is axæm cyrah,—færsy Sælizæt.

— O, o, æmæ uæd cyrah tyng kuy sruxs kæna, uæd iubon jæ čyryntæ. kæm bambæxsta xædzary pholy byn, uydon dær razyndzysty æmæ jyn sæ uæd axæsdzysty.

* * *

Digkæ aly'xsæv dær jæ fydy madimæ iu xuyssæny xuyssyd. Ævzær fydxuyssin uyd Digkæ. Jæ khuxtæ iu fæjnærdæm abpærsta zærond usy cæsgomyl, jæ dællagquyryl iu ærtyxstysty.

Ærtalyng. Bady Digkæ khæsæry ærbaxizæny. Kæsy kærty duarmæ. Dælæ biræh jæ sær ærbadardta duary byn zyqqyræj æmæ syndæggaj ærbabyry. Digkæ dzy næ tærsy. Jæ fale bæxtæm zily Babi. Uyj kuy fenid biræhy, uæd æj amarid. Fælæ jæ kæcæj fendzæn — talyng u. Uymæn dær xos zony Digkæ. Kærtyrdæm auyhd is ehau tyng ruxsgænæg nog cyrah, biræh kærty astæumæ kuy ærbaxæddzæ ua, aftæ Digkæ cyrah ssuddzæn æmæ biræh sahdauæj azzajdzæn. Uædmæ jæm Babi ærbagæbp kændzæn æmæ jæ færætæj amardzæn. Kæs ma kæs, dælæ jæ guybyny charyl ærbabyryd kærty astæaumæ. Afon u nyr. Ærxæcyd Digkæ khæpsyryl. „Biræh!“— nyqqær kodta Digkæ æmæ cyrahy khæpsyr fæzyldta. „Biræh, Babi“, nyqqær kodta dygkag xadt jæ fydmæ.

— Zærond us ævibpajdy feqal, fælæburdta Digkæmæ.

— Cy kodtaj! cæj biræhy koj kænys!?

Digkæ nicy dzury.

Fyny myjjag fedtaj biræh, Digkæ?—færsy zærond.

— Iu biræh næ kærtmæ ærbacyd.

— Kæd?

— Nyrtægkæ.

— Æmæ mæ farsmæ fynæj kuy uydtæ, uæd æj kæcæj fedtaj?

— Nicual dzury Digkæ. Bambærsta, uyj fyn kæj uyd, uyj.

— Mæ fyndzyl ta myn cæmæn nyxxæcydtæ,—færsy ta jæ zærond.

— Æz aftæ zahton æmæ cyma cyrah ssuddzynæn—ænæbary dzury Digkæ.

— Mæ fyndz dæm cyrahy khæpsyry xuyzæn fækast... Næ, næ dæ nyvond fon, uyj cyrah næu, cy fændy jæ syzduxaj, uæddær dyn ne'sruxs kændzæn.

Biræ fæxudt zærond. Digkæ ta bafynæj.

* * *

Babi dzonyh arazy. Ærbambyrd sty syvælædtæ jæ aly fars. Kærædzijæn bar næ dædtync, aftæmæj færsync.

— Babi uærtæ maxmæ cy cyrah is, uyj xuyzæn dy næ sarazis, —færsy Mikka?

— Næ, æz axæm arazyn næ zonyn.

— Uædæ či arazy axæm cyræhtæ.

Cy dzuap yn radta Babi? Fabrik — zæhid æmæ uyj dær næ zonync syvællædtæ, nodžy ta jæ færsdzysty, æmæ jæ næ ævdæly. Jæ zærdyl ærbalæuuyd dzuabp. Iu xadt uyd Džyzældonaræsty kusdžyty bærægbony æmbyrdy. Uym arfæ či kodta,

DZESTY KUYDZÆG—CYRAH. 19

uydon aræx dzyrdtoj —„Leniny cyrah“... æmæ zæhy syvællædtæn:

— Uycy cyrah skodta Lenin.

— Æmæ Lenin ta cy u?

— Læg.

— Æmæ uædæ faron cæuylnæ kodta axæm cyrah?

— Faron ta ændær rædty aræsta — mæng dzuabp dædty Boborc.

Xorz cyrah saræsta uycy Lenin. Ævæddzægæn jæxædæg dær xorz læg u. Xorz kuy næ uaid, uæd axæm cyrah dær næ saræstaid. Syvællædty uyrny Babijy nyxas. Babi mæng nyxæstæ nikuy fækæny.

Fælæ uæddær uycy cyrah cæmæj sudzy? Uyj ne'mbarync syvællædtæ. Mænæ fætægenæj cy cyrah fæsudzy, uyj dær adæjmag sarazy, fælæ jyn ænæ fætægen ssudzæn næj. Jæ fætægen syhd kuy fævæjjy, uæd axuyssy. Uædæ acy cyrah ta cæmæj sudzy? Mikkajæn jæximæ dær rast næ kæsy—ærdæbon kæj zahta, uyj, oma uycy tely fætagen uahd is. Færsynmæ qavy Babijy, fælæ jæm uændgæ dær næ kæny. Sælizæt fæcærdæg æmæ uyj afarsta Babijy:

— Babi, æmæ uæd uycy cyrah sudzgæ ta kuyd fækæny!

Fændyd Babijy kuy næ ual æj farstaigkoj syvællædtæ, uyj. Jæ nyfs dær næ xasta—cyrah cæmæj æmæ kuyd sudzy, uyj bambaryn kænynmæ. Fælæ jæ zydta, syvællædtæ jæ ænæ uyj radzurgæjæ kæj næ nyuuaddzysty. Jæ dzonyh arazyn nyuuahta æmæ rakodta syvællædty qæuy dæle—uæzægmæ. Uyrdygæj syn khuxæj æmæ dzyxæj amonyn rajdydta cyrahy quydtag.

— Dælæ komy styr don uynut!—Uycy dony fædyl komy midæmæ kuy bacæuat, uæd uym iu ran don bærzond khædzæxæj kæly dælæmæ. Uycy bærzond bynatæj lystæg trubajy midæg rauahtoj don dælæmæ. Trubajy kæron sa æstoj kuyrojy calxy xuyzæn. Uycy don cævy iu calxy, uycy calx zilyn kæny ændar calxy. Uycy ændær calx ta dædty, mænæ cyræhtæ kæmæj sudzync, axæm tyx. Isguy uæ axuyrgænædžimæ bacæut æmæ uyn bacamona uycy tyx kuyd ravzæry, uyj. Æz kæmæj zæhyn, uyj čysyl stancæ u, calynmæ dyndžyr syræza, uædmæ. Mænæ max cyrah dær uycy čysyl stancæjæ ruxs kæny.

Dælæ komy cy biræ adæm cærync, uydon styr stancæ dær arazync, čysyl ma jæ qæuy jæ fæudmæ. Komy don bærzondæj khædzæxæj dælæmæ kæm kæly, uym dony raz styr sis samadtoj. Don skul uydzæn. Khædzæxy xuylfy styr xuynkh rakodtoj, styr læg ænærguybyr kængæjæ kæm racæua, axæm. Uycy xuynkh u kilometr æmæ ærdædžy dærhæn. Don rakældzæn uuylty, stæj ualæ næ qæumæ xæstæg uym khædzæxæj ædtæmæ razyndzæn. Uyrdygæj jæ komkommæ dælæmæ—kommæ trubaty rauaddzysty, stancæ aræst kæm uydzæn, uyrdæm. Uycy stancæ biræ tyx dædtdzæn. Ardygæj jæ Dzæudžyqæumæ dær, bydyry qæumæ dær auaddzysty... Cæj acæut ual nyr, æz ual mæ dzonyh sarazon. Uæ axuyrgænædžy iu bafærsut æmæ uyn æj uyj xorz bacamondzæn.

Fæci jæ nyxas Babi. Syvællædtæ jæ næ bambærstoj, fælæ uæddær sfænd kodtoj sæ axuyrgænædžimæ kommæ uynæg bacæuyn.

— Babi, æmæ uæd uycy Lenin ændær nicytæ arazy,—fæste ma jæm aqær kodta Boli.

— Cæuylnæ alcydær arazy, kard dær, dzonyh dær,—nymajy Boborc æmæ cæxæradonmæ arast uælduajnægtæm.

Uycy dissadžy dæsny Leninæj nal cux kæny syvællædty zærdæ. „Kuyd saræsta axæm cyrah!“

„Uyj mænæn guyrdt-guyrdtgænag dzabyrtæ kuy sarazid, uæd calynmæ sdyndžyr uain, uædmæ dær myn næ fæuigkoj“—quydy kæny Digkæ.

Sælizæt sdyzærdyg. „Kæd uycy Lenin læg u æmæ khaba xuyjyn næ zony“. Uyj jedtæmæ uyj khaba kuy baxuyjid, uæd... Cy xorz fidauid! Stæj læugæ dær biræ fækænid.

Bolijæn ajfyddzag Babi duræxsæn balxædta. Biræ lystæg xuyrtæ æræmbyrd kæny Boli. Jæ duræxsænimæ acæuy chiutæ marynmæ. Fælæ chiumæ kuy baqavy æmæ jæ kuy fexsy, uæd yl næ sæmbæly. Iu xadt ta dur fæstæmæ jæ nyxyl sæmbæld. „Fælæ uycy Lenin kuy sarazid duræxsæn, uæd uyj chiuy cæst dær næ fevhuid“.

Mikkamæ fyldær quydytæ is. Axuyrgænæg syn tetrady kuy fæfyssyn kæny, uæd Mikka styxsy. Jæ phero tetrady ædzux dær nyxsgæ kæny, suang innærdygæj azyny. Kæd æj axoryny tyng stuly, uæd ta tetradyl ærtædzy æmæ jæ fesafy. Tyng æj kuy næ saxory, uæd ta fysgæ næ kæny. Fælæ uycy phero Leniny aræst kuy uaid, uæd nyxsgæ dær æpæ tædzgæ dær næ kænid. Axuyrgænæg dær iu æm næ xæcid.

Kænæ iu xadt Babiimæ qædmæ acydysty. Babi qædtæ lyg kodta. Biræ fæcarxajdta. Ærægmæ fæci sugtæ kond. Uædmæ Mikkajy xuyssæg dær ma ærcaxsta. Babi uæd jæ færætmæ dær smæsty. Fælæ uycy færæt Leniny aræst kuy uydaid, uæd dzy

styrdær cy bælas u, uymæn dyuuæ kænæ ærtæ cæfy nykkæn æmæ uajtahddær afældæxdzæn. Stæj bælæstæ kald kuy festy, uæd sæ uærdony samadtoj. Ærbabasta sæ Babi bændænæj. Tyxxæj-fydæj ærbaxxæst bændæn. Fælæ jæ Babi gærčhyzduxænæj kuy æryzdyxta, uæd bændænæn jæ „phært" fæcyd. Balxynch ta jæ kodta Babi, fælæ dygkag xadt dær askhuyd. Uæd Babi dær fyrmæstæj bændæn dard fexsta sugtæj biræ rakaldta fæstæmæ, æmæ uærdæxtæj ærfidar kodta uærdony sugty. Fælæ uycy bændæn Leniny kond kuy uydaid, uæd... e... e... uæd dzy fændy ægas Qobany babædt, uæddær næ askhuydaid axæm fidar bændæn uaid...

Guluty Ændyri

POETMÆ.

(*Mality Geuærgimæ*).

Ragæj næ zarydtæn... Ragæj mæ zarægæn,
Zlanggængæ, dardyl næ fequyst jæ qær.
Nog æztæj, nog bæstæj cardy xæs darægæj
Bonæj, æxsævæj æz zajyn kuyddær.

Atæxync bontæ, ærdtivgæ cæxærau,
Batajync aztæ—fæzzygon syftær...
Tajys, syftærau, mæ uarzon, mæ xælar,
Bontæ kuyddæræj ærvitys dy dær.

Aftæ fæzæhys: „Nyuuaxton mæ liræ,
Toxy gæræxtæm næ zary bynton.
Ualdzygon chiutau, næ fysdžytæ biræ,
Biræjæn, khordæn fyldær u sæ bon".

Sast nyxas, sast zærdæ toxæn—kælæntæ,
Fesaf byntondær dæ qarædžy koj.
Rajs-ma dæ fændyr! Jæ syzhærin tæntæ
Ma zonoj quamæ æbpyndær æncoj...

Zonæm, fæltærd dæ... Tyxdžyn u dæ zaræg...
Acæuy zærdæjy, basædty dur...
Nog dudžy domæntæj ragon xæsdaræg—
Nog dudžy cardæn ærcæhd ma jæ xur!

Akæs-ma dunemæ: dune nyrrysti,
Fexæld, fækaldi, nybpyrxi bynton.
Ragon sæft cardy uag uærmmæ nyxxysti,
Rajsom-innæbon—jæ fæstag tærxon...

Akæs næ bæstæm dær... Zæxxy æxsæzæmyl,
Rajdzast bydyrty, giganttæ læuuync.
Bonmæ dyndžyrdæræj, nodžy tyxdžyndæræj
Ferttivync dardmæ, uælærvtæm hyrsync.

Basasta ærdzy tyx kusæg-fællojgænæg,
Saræsta dædtæn ænuson fændag.
Bonæj, æxsævæj jæ quydtadžy kojgænæg
Qajmæty toxmæ uydzæni uændag.

Znagsuræg uadau fætæxy næ bæstæ,
Duhæn jæ taxty fyddzægtæj fæci.
Xurzærin tyntæm nyn toxy færæztæ
Amony biræ Soveton Cædis.

Is næm khuyldymtæ dær... Dard u næ fændag
Dardmæ bælddzonæn jæ nysan—jæ bon.
Qazgæ ærttivgæjæ,—fendzæn næuændag—
Xur næm bærzondæj ærkæsdzæn bæston!

Me'mbal, fændyrdzæhdæg, rajs-ma dæ, fændyr!
Tahddær jæ tæntyl æruadz-ma dæ khux.
Radzur, ærzar nyn dæ zærdæjy fændtæ,
Radzur, fyrcinæj kuyd rajys ædzux.

Zonæm, fæltærd dæ... Tyxdžyn u dæ zaræg...
Acæuy zærdæjy, basædty dur...
Nog dudžy domæntæj ragon xæsdaræg—
Nog dudžy cardæn ærcæhd ma jæ xur!

22

Fœrnion Khosta

* * *

Mæ khuxy mæ fyssæn næ cudy,
Næ kæny tæbpudau zyr-zyr.
Rævdauyn ta nogæj mæ udy,
Mæ khuxmæ ta isyn fændyr.

Kæd iskuy lædžy khux nyffysta.
Ræstdzinad, zærdæjau fætæn,
Uæd abon mæ khuxtæn sæ uyrztæ
Ædærsgæ ælqivdzysty tæn.

Uæd abon mæ fændyr nyzzardzæn,
Uændonæj fæxæsdzæn mæ mæt.
Mæ riuy mæ sahæsty ardzæn,
Mæ tugæj skændzæn jæ fæd...

Myjjag mæ kuy sajoj jæ qistæ,
Fælyvd dzyrd kuy axsa mæ qus,
Uæd zonut: mæ fændyr nysqistæ,
Mæ zærdæ mæ riuy nyxxus.

Nyrma ual æuuændyn mæ uyrztyl,
Mæ fændyr sæ kommæ kæsy.
Ærttivync mæ tugtæ mæ fysty,
Mæ fændyr cæhdynmæ bæzzy...

Mæ fændyr, mæ qisyn, mæ uarzon!
Qæbatyr, ærgom nyxas zon.
Kæd isty æmbæxstæj nyuuadzon,
Uæd iu myl dæ qistæ nytton.

Nykku iu, nyqqærz iu, dzynazgæ,
Kuyd duda cæsty sygæj ud,
Uæd iu mæm fælmæn nyxas ma skæn,
Uæd iu myl særbærzondæj xud.

Khubalty Alyksandr

S I X *).

(Fragment).

Uydis zymæg. Max cardystæm uætæry. Zyldystæm fosmæ. Xordtam kasdon æmæ xælthamætæ.

Asæx izæræj acydi sugmæ. Qæd dard næ uyd. Fæstæmæ ærcydi tarst xuyzæj.

— Cy kodtaj, Asæx?

— Nicy,—zahta Asæx,—„Kuyddær mæ zærdæ rissy... Cæuyn qæumæ. Rajsom fæstæmæ ssæudzynæn."

Acydi Asæx. Rajsom jæ mard syquysti. Dzæbæx læg uydi Asæx,—kusag, sabyr xælarzærdæ. Qyg uyd ne'bpætæn dær jæ mard. Acydystæm mardmæ.

Ne'rcydmæ Asæxy banygædtoj.

Adæm badtysty xisty. Ærbadyn kodtoj max dær.

Mæ razmæ badt fæcis Dzæbædzi. Uæd zærond næma uyd. Dzæbædzi kusynmæ dombaj næ uyd. Xærynmæ dær aftæ. Dymdta lulæ. Ranyxasy læg dær næ uyd. Xicauæj uydta je sæft. Ærmæst iu xadt uydi Dzæbædzi sudy, uæd dær ævdisæn.

— „Obau dzy uydis, obau," farsta jæ sudy læg

— „Obau, zæhys, obau? Næj! obau dzy næ fedton! obau næ uyd! Næ uyd! Næ uyd!

Næ uyd!

— „Ærx dzy næ uyd, ærx,—færsy jæ innæ læg.„—Ærx zæhys, ærx?

— Næj! ærx dzy næ fedton! Ærx, ærx, næ uyd! Næ uyd! Næ uyd!"—Jæ xid akald Dzæbædzijæn, æmæ jæ sudy lægtæ nyuuahtoj.—

Dzæbædzijy farsmæ badt Gæbæti,—bærzond, khæsxuyr, kusag æmæ xærag. Gæbæti bæræbgon dær ne'fsæsti.

— „Uæddær næ bambærston, Dzæbædzi,—cæmæj amard Asæx,"—zahta Gæbæti æmæ Dzæbædzijy xæjdtæm sævnældta. Dzæbædzijæn qyg uydis uycy ævnæld, fælæ uyj tyxxæj nicy zahta.—„Næ zonyn zahta Dzæbædzi,—„Mælæt kuy ærcæua, uæd næj, næj, næj."

— „Uyj tyxxæj Dzæbædzijy ma færs, dæ xorzæxæj, Gæbæti",—zahta xæjdtæ uaræg Becæ æmæ Gæbætijy raz æræværdta igærtæ...—Dzæbædzi—zærond læg! Sojæ dzag! Axæm quydtægtæn nicy zony!—Cæmæjdæriddær, Gæbæti,—Asæx uætæry cardi—acydi sugmæ æmæ qædy six fedta! zæhync—uymæj amardi!"

— Æmæ six ta cy u?—færsy Gæbæti.

— „Æmæ ha" zahta Becæ,—saudžyn næ dæn! mollo innæ axæm, fælæ næ jæ xorzæx uæd, kæd æm isty bartæ læværd is, uæd.

— Cyma Ilasy xuyzæn uydi,—sahta Gæbæti æmæ xærgæjæ Becæmæ skæsti.

— „Æmæ dyn uymæn cy zæhon,"—zahta Becæ. Ilas—qædgæs! paddzaxy læg! six ta six u!—Uycy dyuuæ quydtadžy iumæ kuyd sbædton, næ zonyn, dæ xorzæxæj, Gæbæti aibp ma uæd"?

Becæ badgæ næma ærkodta, fælæ nuazæntæj uydi dzæbæx sxuyst æmæ uæd nyxas kodta uælvong! Ualynmæ adæm systadysty. Fyddzag badt raxæliu. Racydystæm uætærmæ. Gæboc art skodta. Jæ dzabyrtæ ralasta. Artmæ sæ æræværdta. Iu kast skodta jæ qisyn fændyrmæ, fælæ cæhdyn, kænæ zaryn aiv næ uyd, æmæ uætær bajdzag kuyrysmædzog, six æmæ xæjrædžy kojjæ. Gaboc jæxi cæstæj dyuuæ xadty xæjræg fedta! Simdta semæ Cady Bylæj Chajy Særmæ! Xabosæn jæ us fedta kuyrysmædzodžy sæ qug ducgæ. Tembotæn jæ xordonmæ bacyd bæsty xicæu! Asæx fedta six! Uuyl dyzærdyg niči uyd,—aftæmæj six ciu, uyj zongæ dær næ kodtam!

Racydis biræ æztæ. Asæxy mard ferox. Gæbæti æmard. Dzæbædzi dær aftæ.—Be-

*) Pysylmon Sejx.

cæ nyr dær ma xæjdtæ uary! Ærcyd nog card, nog æhdæudtæ, tyxdžyn, æmbærst, cardyl bast!..

Iu rajsom Ilas ærbacyd, bærzond, fætæn uæxsk, jæ cæsgom tyxdžyn, mongojlag æværd.

— Fydbylyzy baxaudtæn,—zahta Ilas,—æmæ myn gæxxæt nyffyss!"

— Nyffyssdzystæm!

— „Æmæ mæm æxca næj!"

— Æxca næ qæuy!

— „Uædæ cy?"

— Uædæmæ dæ Asæx kuyd fedta sixæj, uyj radzur!

Ilas sxudt.

— „Ruxsag uæd, mæguyr, dzæbæx læg uyd Asæx,—zæhta Ilas.—Æmæ jæ dy ta cæmæj zonys?".

— Au! æz læg næ dæn?

— Cæuyl næ dæ, fælæ mæxicæj kuy ferox!..

— Uæddær?

— Æmæ dyn nyr cy zæhon?—Æz six ciu, uyj zongæ dær næ kænyn,—xudtis Ilas—Adæm dzyrdtoj! Adæm dzurynæj fyldær cy kænync?

— Ænæ zyng fæzdæg næ væjjy!

— Mæxi myn fedta,—uyj dyn jæ zyng, uyj dyn jæ fæzdæg,—zahta Ilas.

— Æmæ dæ fyddzag nikuy fedta? Cæmæj fætarst?

Nyxas jæ særæj kuy næ rakænaj, uæd zyn æmbaræn u,—zahta Ilas, sista tamako, styxta, sdymdta.

— Cæmæjdæriddær,—zahta Ilas,—æz ma uæd qædgæs uydtæn. Qædæj ærcydtæn. Bæx bafsnajdton. Khæbær axæron,—zæhgæ,—ualynmæ læbputæ ærbadzyrdtoj:

— Sæfæm,—zæhgæ zahtoj—bæxtæ radavtam, ærduzy bast sty, æmæ sæ iskædæm fesaf! Fædis ærbaxæddzæ!

Auadtæn. Ærduzmæ sxæddzæ dæn. Mit aftæ uaryd æmæ qæd ursursid afældæxt! Mæxædæg dær aftæ. Kæsyn,—Asæx ærbacæuy, je'ggojy sug. Fæsfæd ærlæuuydtæn,—xuysnæg tærsag u. Asæx dær mæ fedta. Kuyddæn tæssarmæ jæxi saræsta æmæ ty fesæft. Uyj dyn jæ six, jæ zyng, æmæ jæ fæzdæg!

Uyj mænæj fætarst, æz uymæj!

Uymæj læg fesæft?

— Uædæ uyj ciu? Mænmæ je 'fsymær nyr dær ma næ dzury, fælæ dzy mæ axxosæj cy is? Cæmæn æj uyrnydta six,—zahta Ilas, ærxosta mustuk æmæ jæ bærcahudy nythysta.

Bolajy-fyrt.

„ČERMENY ZARÆG".

AVTORÆJ.

Teatron æmdzævgæjy, oma, scenæ kæj domy, axæm æmdzævgæjy problemæ cæxgær æmæ karz æværd u soveton dramaturgijy raz. Acy pjesæjy mæn fændy basgaryn uycy nog, chau quydtagæn jæ færæztæ. Æmbaryn—uyj styr xæs u, styr zonynad, cædtædzinad æmæ sfældisynady qaru domy. Ærmæst formalon farsta næu, teatron æmdzævgæjy farsta. Uyi dær mæ rox næu. Mæ pjesæ či bakæsa, uydonæj se'bpætæj dær, æbpæty fyddzag ta næ literaturon kritiktæj mæn fændy fequsyn—cas ævvaxs bacydi avtor jæ nysany domæntæm.

Acy pjesæ u trilogijy fyddzag xaj (pjesæ), jæ dygkag xajy (pjesæjy) avtor nysan kæny ravdisyn midbæston xæsty zaman—čermenonty, je'rtygkag xajy (pjesæjy) ta ævdyst quamæ ærcæua abonygkon card—socaræstad. Nyr ma fyst fæci ærmæst fyddzag pjesæ „Čermeny zaræg". Am myxuyrgond cæuy jæ fu nyv. Pjesæjæ kuyd zyny, aftæmæj, „Čermeny zaræg" u mæ ragon temæ—„Čermeny" xicæn variant—dramatikon poemæjy domæntyl aræzt.

Avtor.

FYDDZAG ARXAJD.

Kuyvddony khuyldymyl qæuguyvd. Fæskhuyldymæj razyndi khædzæx. Čermen bady khordy æxsæn, xærync, nuazync, zarync).

O, bægæny,—
bægæny
Sau bægæny,—
bægæny
Sau bægæny
sær-sær gængæ,
Bur fizonæg
chys-chys gængæ,
Soj bægæny,—
bægæny.
Cytdžyn xory bægæny.

(Sylgojmægty khordy æxsæn sau lahz Æxuyndæ-Čermeny us, bady ænkhardæj, jæ cury Čermeny xo nærton qældzæg čyzg Afassæ).

AFASSÆ.

Æxuyndæ.
Urs khabajy—sau sudzgæ mast...
Dy quamæ cin kænaj.
Særægas ærcydi
Næ bælcdzon,—
dæ khaj,
Riuy
mæ zærdæ—
Uærygk u,
uærygk.
Halæ, ho,
Nyuuadz ænkhærdtæ,
Card jæ cintæj u
xændyg.

ÆXUYNDÆ.

Zony
mæ zærdæ—
xalon,
Qusyn
fidæny
qælæs.
Mæ ud
mæ midæg—
uallon,
Mæstytæn
quydy
mærhgæs...
Zonyn æj,
zonyn,
cy zæhdzæn,
Jæ qusyl
kuy'ruaja
uad.
Jæ uælæ
baxus jæ kærddzæm,
Rahæn
næ zony
jæ kard.
Uasy
mæ zærdæ—
xalon,

Æz qusyn
xæsty
qælæs,
Mæ zærdæ
riuy—
uallon,
Sau u
mæ quydy—
cærgæs.

A S Æ X.

O, mæ uarzon kæstærtæ,
Æhdau u næ særy baræn,
Čermen! dæ fæqqau næ særtæ,
Cæj-ma, xæc, æmgærdty nuazæn.
Xajdžyn dæ nyfsæj æmgærdtæ,
Ænæ dæu cybyr u sæ khux,
Uisæj næ barync ældærdtæ.
Uærdæxy darync næ xurx.
Kæmæ næ xauy næ næmyg,
Uymæ dær quysy dæ qær—
Dzyllæ dæ uazæg—næ mæsyg,
Dy dæ næ fætæg, næ sær.

ČERMEN.

Buznyg,
buznyg
æmgærdtæ,
Uæ namys
zærdæjæn
ruxs,
Kuy qæua—
o, sylvaz!
ældærdtæ!
Næ uad
nyddymdzæn
uæ mus.
Bægæny
nuazæn,
uæ særtæj
Či skændzæn,
khustæ
uyj—max,
Sæ kuydz
ræjag u
sæ kærtæj;
Sæ cyg dær
xonync—iu
sax.
Symaxæj
buznyg,
æmgærdtæ,
Uæ namys
zærdæjæn
ruxs.

Æxsaræj
cyrh sty
uæ kærdtæ,
Æz nuazyn
cinæj dzag
khus.

(Sæmdzæhd yn kodtoj).

Ajs æj,
Anaz æj
Færnydžy migænæn ravdælon kæn,
Ajs æj,
Anaz æj.

(Sæ qældzægdzinad „čepenamæ“ raxyzt. Amonæg u Acæmæz).

Uæ čepena
či næ zæha!
O, hoj,
čepena!
Uyj xædzaryl
ma sæmbæla.
O, hoj
čepena!
Naræg astæu,
fætæn ærfyg...
O, hoj
čepena!
Iu nyxasæj
quyry færdyg.
O, hoj
čepena
O, čepena
či næ skæna...
O, hoj
čepena!
Uyj ræssuhdy
fydæx fæua...
O, hoj,
čepena!
Kæd jæ uyndæj
zærdæ mæly,
O, hoj,
čepena!
Uæd jæ dzyxæj
lægtæ 'rgævdy!
O, hoj,
čepena!
Tænæg byl u,
qæbærdzyx,
O, hoj,
čepena.
Mæjruxs kæny
jæ tærnyx.
O, hoj,
čepena.

(Xudync, sbadtysty, xærync).

BOLAJY-FYRT—„ČERMENY ZARÆG“. 27

AFASSÆ

Æz qusyn
jæ qælæs,
Uyj zary mænæn.
Chæx arvyl
mæ cærgæs,—
Æd bazyr ærfæn,
Nykkæs ma
zærdæmæ,
Uym ualdzæg u...
Xur tavy
læxstæmæ—
Zæxxy uazæg u.
Mæ buar
didinæg,
Chæx dari fælyst
Mæ zærdæ
fidiuæg,
Dæuæj u ærvyst.
Æz qusyn
jæ qælæs
Uyj dzury mænæn
„Acæmæz, dæ cærgæs,—
Æd bazyr ærfæn".

QÆDDZAU.

(Fædison fæzynd).

Bajstoj
næ zæxx,
næ qæd.
Mælæt
xuyzdær,
mælæt.
Næ sær
exsæj
ræhæd.
Mælæt
xuyzdær,
mælæt.
Nal is
qædmæ
cæuæn,
Mælæt
xuyzdær,
mælæt.
Isync
færæt,
rætæn,
Mælæt
xuyzdær,
mælæt.

ČERMEN.

Zæh-ma či u, jæ nom?

QÆDDZAU.

Tægiatæ
Qæddzauyl cæuy sæ bon!

XUYMON.

(Fædison fozynd).

Auædzy
sahdæj
Kuy bazzad mæ dzyvyr...
Mælæt
xuyzdær,
mælæt...
Fætærync
mæ galtæ,
Amarztoj aryng, fælguyr,
Mælæt
xuyzdær,
mælæt!

ČERMEN.

Zæh-ma:—či u, jæ nom?

XUYMON.

Tægiatæ,
Xuymonyl cæuy sæ bon.

DONDZAU ČYZG.

(Fædison fæzynd).

Qulæj—
qazægau
Kuyd qazync uæ syltæj.
Mælæt
xuyzdær,
mælæt...
Qaudžy
næ kænync
Čyndz æmæ čyzgæj,
Mælæt
xuyzdær,
mælæt!

ČFRMEN.

Au?! Či sty, sæ nom?

DONDZAU ČYZG.

Tægiatæ...
Næ syltyl cæuy sæ bon!

ÆXUYNDÆ.

Fydbylyztæ!
uajync
fædisy...

Sæ dzyxæj
kæly
cæxær...
Mænæ myn
fidæn
ævdisy,
Chæx zyngæj
sudzy
mæ sær.

FYJJAU.

(Khædzæxyl).

O, mæguyr
fyjjau,
Æd kuyjtæ fækænync dæ dzug...
Cy niuys dzæhæly
kuydzau,
Cy kalys dæ cæstæj dæ tug...
Mælæt
xuyzdær,
mælæt!
O, mæguyr
fyjjau,
Dæ zærdæ dæ riuy nyjix...
Zyldægæj mænæ
cyrttau
Xæxtæ dæumæ kæsync džix...
Mælæt
xuyzdær,
mælæt!
Cædtæ u
dæ ingæn
Arf æmæ sau æmæ gom...
Mælætæn iu xæs
fæfidæm
Ajs mæ, banygæn mæ don!

(Jæxi kommæ abpærsta)

XICÆN QÆLÆSTÆ.

Kuyvdy badgæjæ
xisttæ xæræm.
Zærgæjæ fækæn'æm næ qaræg.
Cærgæjæ
mælætmæ bællæm.
Næ znægty xonæm næ daræg.

ÆMDZYXÆJ.

Sæstoj arænt æj zæxxæn jæ riu,
Sau zæxxy cæsgom næ tugæj æxsync.
Cær dæ is: ku kænæ niu...
Cæfxaddžyn bæxæj næ riuyl xætync...

ČERMEN.

Je'znagæn
či kæny
xatyrtæ;
Xi khuxæj
sædty
jæ sær.
Is ma
næ cærgæstyl
bazyrtæ,
Mæxæn
fidiuæg
sæ qær...

ACÆMÆZ.

Qyrny jyn mæ zærdæ...
Tox æznagimæ,
tox!
Urs tugæj cæxsæm næ kærdtæ,
Tox ældarimæ,
tox!

A S Æ X.

Æxsidy mast,
Mast,
Mast.
Aftæ·ma fæ'xsidy
Dendžyzy
cad.
Næ nyfs sast,
Bast.
Xast.
Baxusi
uælæuyl
kad.
Araq,
Araq,
Araq.
Sykhaty
Chæx-chæxid
furd
Bægæny sau,
Sau,
Sau.
Khusty
æxsidy
jæ fynk.
Anaz,
Anaz,
Anaz.
Sykhajy
nyhuyly
tæbpud.
Sau cyrt
Dæuæn
Dæ xudinag.
Ingæny khæj dyn
Mænæ
næ fyng.

(Muzikæ æxsidy. Adæm nyqqus sty zæxmæ æmdzastæj).

BOLAJY-FYRT—„ČERMENY ZARÆG". 29

ČERMEN.

Iu suaræj
guyrync
iuyl mæstytæ,
Xonync æj—æffxærdty card,
Tox; tox
sarazæm
sæ riuyl xæstytæ
Razdzæuæg
fæuæd
mæ kard.

KHORD.

(Acæmæz semæ, æmqælæsæj)

Max—cædtæ...
Tox æznagimæ
tox!
Is æxsar, is kærdtæ
Tox ældarimæ,
tox!
Is ud, is riu
Tyxæn jæ nyxmæ—
tox!
Uydzæni abon sæ fiu,
Næ kærdty cæxærtyl
fyx!

ČERMEN.

Kafy
mæ zærdæ—
æfsurh,
Uæ nyfsæj
mæ uælæ
bazyrtæ.
Nyfsytyl
kadmæ
næ duh
Uadæmdyx,
xuræmsær,
memæ qæbatyrtæ!

(Fyddzag arxajdy kæron).

UALDZYGON BYCÆU.

Bædoaty Qazybeg

(Očerk).

Bycæu rajdydta oblæsty partkonferencijy tribunæjæ.

Æbpæty razæj jæ rakhaxta uælladžyron Soxity zærond læg—Xadzymussæ. Uyj tribunæmæ kuy sxysti konferencijæn arfæ kænynmæ, uæd fæstagmæ jæ „dzæhæl-dzyx“ nal fælæuuydi:

— Uælladžyry kolxoztæm fequysti Dygur, dam, uæm erysæj sidy, zæhgæ.

— Dygury delegættæ uæd bazmælydysty sæ midbynætty, sæ khubæ!dtæ darhdær sivæztoj, sæ særtæ razmæ baivæztoj. Zaly ædærtæ sxudti.

— ...Rox uæ ma uæd, Dygur!.. Cy 'rcæuy, uyj qazgæjæ ærcæuy, uyj xudgæjæ ærcæuy! Max uyn uæ fyndz amærzdzystæm...

Stæj uæd nodžy zærdiagdæræj dzuryn rajdydta:

— Max dzyrd dædtæm—syvællonæj—zærondæj, nælgomagæj—sylgojmagæj, kæj tox kændzystæm æmæ kæj fæuælaxiz uydzystæm.

Soxijy-fyrt qæræj rabpælydi sæ rajony tybpar syrx tyrysajæ.

Qæbær dzyrdtoj Uælladžyry delegættæ. Suang ma sæ rajkomy sekretar Alædžyqoty Mæcyqo dær zahta:

— Uælladžyr-Ærydony bolseviktæ isync Dygury sidt. Fæuælaxiz uydzystæm! Fælæ ma sidæm Ordžonikidzejy rajonmæ dær æu rajonimæ erysyl či kæuuy)!

Acy dyuuæ rajony delegættæ quystoj, fælæ ædas dær kæm uydaigkoj. Kuyd væjjy, cy væjjy,—či færazæj uydzæni—cy bæræg is.

Æmæ uycy tribunæjæ Ordžonikidzejy rajkomy sekretar Særælity Elmærza kuy dzyrdta, uæd Uælladžyræn radta idtæg „uæzdan“ dzuabp:

— Uælladžyry sidty tyxxæj zæhyn: sidt isæm. Tox kændzystæm, næ razmæ cy xæstæ iş, uydon baxxæstyl. Næxi qardzystæm, æmæj fæuælaxiz uæm, uuyl.

(Uæd Elmærza rajony kuysta ærmæst iunæg khuyri æmæ jyn jæ qaru dær dzæbæx næma zydta).

* * *

Racydis mæj æmæ 20 bony. Uædy ong kolxoztæ cædtæ kodtoj sæxi: calcæg kodtoj sæ kusængarz, æmphyztoj sæ iftyndzæntæ, zyldysty sæ fosmæ, zyldysty sæximæ.

Æmæ ma fæstag xadt sæ cædtædzinad baxyncynmæ, sæ tyxtæ kærædziuyl abarynmæ ærcydysty kolxozon qazuatonty xuyzdær qazuatontæ. Uyj uydi oblæsty qazuaton kolxozonty 2-ag sjezd.

Rast ta uycy bæstyxajy—Syrx Æfsady xædzary—aj fyddzadžy tribunæjyl scyren is bycæu. Am nyr dzuryn æncondær uydi—bycæugændžytæj alkæmæn dær jæ tyxtæ uydysty bæræg.

Æmb. Xasity Qambolat doklad kængæjæ dzyrdta æmæ fænymadta biræ quag dzinædtæ:

„— ...Elxoty masinæ-traktorty stancæjy razamondžytæ fequsyn kodtoj, næ traktortæ iuuyldær cædtæ sty ualdzægmæ, zæhgæ, fælæ ærædžiau sæ traktortæ razyndysty nogæj bæston calcæg kæninag“...

„—...Ærydony stancæjy razyndi kommæ znagkady kuyst. Calcægkond fæudy tyxxæj aktytæ skodtoj, sæ khuxtæ dzy æræværdtoj, aftæmæj traktortæ kusynæn bæzgæ næ razyndysty“.

„—...Tauinadžy qæd ragacau sbæræg kænyny tyxxæj agkag arh ne skodtoj, Cykolajy, Æxsærysæry, Ţolzguny, Leskeny, Xuymællædžy, Zamanquly, Ærydony“...

— Zamanquly kolxozon bæxtæj mæly gæbæræj... Dygury rajony „Tækhojy-fyrty“, „Belockijy“, „Vorosilovy“ æmæ innæ rajonty dær biræ kolxozty bæxtæ nyrma sty mællæg...

Xasijy-fyrt biræ fænymadta quagdzinædtæ æmæ sidti qazuatontæm:

„— Sur nyxæštæj quydtag nal ræzy nyr. 31

Tox qæuy quydtagæj!.. Æbpætæj dær bacæuæm, uædæ, bærzond xorærzadyl toxy"!

Lystæg sasiræj balorstoj kolxozon æfsad sæ cædtædzinad æmæ ma dzy chata biræ ærævzærdi. Kritikæ-kuyrojy fydtæ æengomdær ærkodta sjezd æmæ dzy rauahta oblæsty kolxozty kuyst.

Ærtæ bony axxæssydi toxy, bycæu uycy tribunæjæ æmæ fæstagmæ nyxæstæ sfyxtysty iumæ:

„Qældzædžy xos u næ fælloj, fidaræj kæsæm max næ fidænmæ, uymæn æmæ kolxozon fændag u iunæg rast fændag. Uycy fændagyl kæny max kommuniston parti æmæ dunejy fællojgænæg dzyllæty razamonæg, qazuatonty fyddzagdær qazuaton æmb. *Stalin*. Uyj max xony kulturon, qældzæg æmæ amonddžyn cardmæ".

Æmæ qæræj fæsidtysty oblæsty æbpæt kolxoztæm, kolxozontæm:

„...Iu mæjy fæstæ bavnaldzystæm ualdzygænd tauynmæ. Uyj kuyd arvitæm, uymæ gæsgæ uydzæn næ darddær xorærzady quydtag, kolxozty fosy ræst, kolxoz æmæ koxozony pajdadzinad".

Uyj tyxxæj nebpætæn dær—

— „Næ tyxdžndær sahæs quamæ ua kolxozon bæxyl, fos biræ kænynyl...

— Razmæ rakænut xuyzdær qazuatonty bæxmæ, fosmæ zilynmæ! Arazut kuysty qædmæ kæsæg inspektortæ, fos æmæ bæxmæ kuyd zyld cæuy, zæx kuyd kuystgond cæuy, uydon bæræg kænyny tyxxæj...

— Zærond kolxozon gvardiontæ! Radtut uæ fæltærddzinad, uæ zonyndzinad fæsivædæn. Ravdisut, kuyd arxajyn qæuy bæximæ, æmæ dzy kuyd kusyn qæuy, kuyd zilyn qæuy fosmæ, kuyd kusyn qæuy bærkad dædtæg zæxxyl...

— Acy azy ualdzygænd maxæj domy næ fællojad xærz-iftong skænyn, fællojy disciplinæ ændonau sfidar kænyn.

— ... Razdær aquydy qæuy brigady midæg, badzuryn qæuy alcæj tyxxæj, aly lystæg quydtagyl dær...

S'ezd cy xæstæ æræværdta, uydon aræst sty uymæ, cæmæj—

... Acy az max nodžy styrdær sančhex akænæm razmæ, kolxozon qæzdyg cardmæ, cæmæj aly kolxozon xædzary dær ua fag xor, qug, lystæg fos, marh..."

* * *

„Kuyd væjjy, cy væjjy,—či færazæj uydzæn—cy bæræg is"—uycy quydy sæ særæj næ cux kodta Ordžonikidzejy rajony kolxozontæn, razamyndæn.

Khardony MTS-y politxajad æmæ rajony razamynd uajtahd sahæstæ raivtoj quydtagæj.

Politxajady xicau Merezkomæ isči kuy bakæsa jæ kuysty uælqus, uæd dzy ænæmæng zæhdzæni: „acy lægæn jæ xuymgænd dældzæxy is", zæhgæ. Rajkomy sekretar Særælijy-fyrty ta dzæbæx či næma zona, uyj dzy zæhdzæni: „acy læg styr quydtag nikuy sarazdzæni, uymæn æmæ mæsty kuy qæuy, uæddær uyj xudgæ fækæny".

Nyrtægkæ jæ koj kuy næ skænæm, uæddær næ ferox uydzæn, fælæ ma acy rajony is iu masinæ-traktorty stancæ—Džyzæly. Xuymmæ racæuyny xæd-razmæ uyrdæm ærvyst ærcydi politxajady xicauæn æmb. Droznikov. Nikuy uydi a-bæsty æmb. Droznikov æmæ kuyddær gorætmæ sxæddzæis, aftæ jyn iu bærnon kusæg aftæ dzyrdta:

— „Dæuæj zyndær fadætty, ævæddzægæn, niči kusdzæn næ oblæsty: nog MTS... Dyuuæ rajony kusæg... Qæd-gærædtæ... Ævzær ærdzy fadættæ... Læmæh partion orgænizacitæ kolxozty... Fælæ...

Æmb. Droznikov næma uydi MTS-y, næma fedta kolxozty æmæ ædzynægæj quysta nyxasgænægmæ. Stæj jæ khepkæjyl bærzonddær sxæcyd æmæ zahta:

— „Ничего, годовое испытание на Кубани выдержал не в лучших условиях. Поработаем, увидим".

Jæxædæg systadi æmæ arasti ænæ zongæ fændagyl ænæzongæ qæumæ—fælæ nyfsdžynæj—Džyzælmæ, uyrdygæj kæm kusdzæni—uycy kolxoztæm.

Uycy ræstædžy rajony centyry—Khardony—innæ MTS-y politxajady xicau Merezkojæn scædtæ sty jæ xæston phlantæ æmæ rajdydta manevyrtæ kænyn.

Merezkojy manevyrtæ uydysty aftæ: caldær bony dærhy politxajady æmæ rajony bærnon kusdžytæ uydtoj kolxozy bæxty. Iu bæx dær næ bæzzadi, kæmæn næ asgærstoj jæ færsdžytæ uyrzæj, kæmæn næ rafæjlydtoj jæ barc, jæ khædzil æmæ jæ quyn, kæmæn næ basgærstoj jæ komy khultæ, jæ khaxy sæftdžytæ... Iu guton, iu tauæn æmæ iu xamut dær nal bazzadi kæmæn næ fedtoj jæ gajkæty zdyxt, jæ æfsæn, jæ aly xæjdty rævdzdzinad. Æmæ rabæræg kodtoj: bæxtæj 25 procenty sty nyrma mællæg, fyd-quyn, sæ khæxtæ makhrecæj xæld. Kusændzaumatæ sty nog bazilinag. Ærmæst Khosta æmæ Farn razyndysty ænæ dæuc dzag cædtæ.

Politxajad dzyrd radta:

— Dæs bony uyn æmhuyd! Uædmæ iu-

:æg bæx dær mællæg kuy nal ua, makhre-
:y xælmægtæ kuyd fesæfoj, gajkætæ fidar
:dyxt kuyd oj, stæj gutædtæ, tauæntæ, pox-
:itæ—iuuyldær saxaty xuyzæn kuyst-iftong
kuyd oj, aftæ. Dæs bony fæstæ aftæmæj
:: næ racæua ærkastmæ, uymæn bar næ
:ydzæni fælvaræny kuystmæ racæuynæn.
Dæs bony fæstæ kolxoztæ iuuyldær bar
rajstoj fælvaræn kuystmæ racæuynæn æmæ
ersahtoj sæ gutædtæ zæxxy,—ævæddzægæn
syn politxajad kæj bacamydta, uycy qæn-
tæ bamphystoj. Ærmæst næ rajstoj fælva-
rynmæ racæuyny bar dyuuæ qæuy kolxoz-
tæ—Fyjjadžybyl æmæ Dzuaryqæu,—ævæd-
dzægæn ta adon uæddær fag cædtæ næ
razyndysty, æmæ ta syn nodžydær dæs bo-
ny æmhuyd læværd ærcydi.

...Scædtæ sty Dzuaryqæu æmæ Fyjjadžy-
byl dær æmæ bar rajstoj sæ gutædtæ zæx-
xy bafælvarynæn. Uæd politxajad fæsidti
MTS-y sovetmæ-kolxozty særdartæm. Uym
baxyhtoj sæ manevyrty itogtæ, ærkastysty
fæstag xadt sæ xæston phlantæm æmæ fæn-
don alygkodtoj:

— Kartof sahd quamæ fæuæm 5-æm ap-
relmæ.

Uycy bon—5-æm aprely—æbpæty fæstag
jæ guton zæxxæj sæftydta Narty kolxoz—
tæsty kartof sahd.

* * *

Droznikov fyddzag xadt Džyzælmæ kuy
ærbacydi, uæd uym biræ fænyxas kodta jæ
xædivæg Tabolty Germænimæ. Germæn Džy-
zæly æryncadi fyddzag traktortimæ æmæ
stancæjy istori, sæ toxy bydyrtæ dzyrdta
uycy ran Droznikovæn.

Uyrdygæj acydysty sæ dyuuæ dær kol-
xoztæm, æmæ sæ uædæj fæstæmæ ændær
ran ssaræn nal uydi.

... Badync iu bon Džyzæly MTS-y 4-æm
kolonnæjy traktoristtæ æmæ khæbær xæ-
rync. Droznikov æmæ Germæn dær badync
semæ æmæ lystæg nyxas kænync.

Traktoristtæj iu jæ dzybpæj ænchyldtæ
gazet sista æmæ dzy kæsy, innætæ jæm
bajquystoj æncad, se uuyld dær fæsabyr-
dær:

— „Aly kolxozy, aly brigady, aly fer-
mæjy æmæ aly zvenojy dær socialiston erys
kuy sarazæm, uæd næ khuxy baftdzæni
styr uælaxizdzinædtæ!“ — aftæ fyst is mæ-
næ oblæsty-qazuatonty 2-ag sjezdy fæsid-
ty. Æmæ quydtag uymæ cæuy ændær cy!?

--- Aj-haj, quydtag uymæ cæuy!---dzuapb
radtoj Droznikov æmæ Germæn.

--- Aj-haj, aftæ bakænyn qæuy!---dzuabp
radtoj traktoristtæ æmæ sæ xærd dær
fæuahtoj.

Dygkag bon avd traktoristy khux ævær-
dæj „Ræstdzinady“ racydi axæm sidt ob-
læsty æbpæt traktoristtæm, traktoron kol-
lonnætæm:

... „Max domæm, cæmæj oblæsty
MTS-ty xuyzdær kolonnætæj ævzærst
ærcæua 20. Uycy „20“ æxsænmæ ba-
cæuynmæ æbpæty razæj næ nyfs
xæssæm max.

Max sidæm oblæsty æbpæt trak-
toristtæm, traktoron kolonnætæm, kuyd
ærcæuoj æbpætæj dær oblæsty trak-
toron kolonnæty erysmæ. „20“-y æx-
sænmæ baxauynyl sarazæm karz tox.

... Max gæxættyl næximæ biræ
xæstæ næ isæm, fælæ næximæ kæj
isæm, uydonyl stæm dzuabp dæd-
tæg, uydonyl tox kændzystæm bolse-
vikon æxsaræj...

Sæximæ ta rajstoj axæm xæstæ:
Normætæ æxxæst kændzystæm uæl-
dajdžyntæj. Kuysty qæd axæm æh-
dauyl sæværdzystæm, æmæ jæm iu mis-
xaly ong dær fau kuyd niči ærxæssa.
Artadžy normæ kændzystæm fæstauarc
aly gektaryl dær, traktoryl nicy zjan
æruadzgæjæ. Næ traktortæ qaqqæn-
dzystæm cæsty gaguyjau, ædzuxæj
dær kusdzystæm sæ texnikæ xorz
bazonynyl. Iunæg progul dær næ niči
skændzæni. Axuyr kændzystæm 17-æm
partsjezdy uynafætæ æmæ næ kuyst
arazdzystæm uydon byndury“...

Sæ nyfs nyxæstæj næ xastoj, fælæ quyd-
tagæj. Traktorist Gædiaty Datikho iu
smenæjy „Fordzon“ traktoryl kæny 4,4
gektary, Xuygaty Vladimir—4,3 gekta-
ry, Xuygaty Serge—4,2 gektary, Nani-
ty Akim—3,8 gektary, Bærojty Misa—
2,5 gektary (normæ 2 gektary uævgæjæ).

Oblæsty qazuatonty sjezdy uynaffæ æx-
xæst kænyn Farnyqæuy kolxozontæ rajdyd-
toj socialiston erys sarazynæj. Socialiston
erysmæ adon aftæ kæsync: Max næxædæg
færazæj uydzystæm (uyj guyrysxojag næu),
fælæ uyj dissag næu. Quamæ færazæj oj
æbpæt kolxoztæ, æbpæt rajontæ æmæ
ægas oblæst dær. Quamæ næ oblæst fæuæ-
laxiz ua Kæsægimæ erysy. Uyj tyxxæj sæ
brigadirtæn bafædzæxstoj æmæ fæsidtysty
æbpæt kolxozty æbpæt brigadirtæm:

...„Quydy kænæm! cy uydzænis
xuyzdær mæchis, xuyzdær madzal
Kæsægimæ erysy cæj færcy fæuælaxiz
uæm, uymæn. Xuyzdær næm kæsy,

faron næm cy erys uydis oblæsty xuyzdær „30“ brigady alfamblaj, uyj...

Acy quydtagyl max badzyrdtam næxi midæg. Bakuystam æj. Bauynaffæ kodtam—quamæ ta bajdajæm erysæj kusyn „30“ brigady alfamblaj... Max kolxozy 5-æm brigad (jæ brigadir Coræty Mylyxo) uydi ædzuxdær uycy „30“ brigady æxsæn. Jæ zæx uydi innæ brigædty zæxxæj cauddær, uæddær uycy brigad gektaræj æræmdyrd kodta nartxor 29 centnery, kartof—110 centnery. Acy brigady ajjafynyl tox kængæjæ innæ brigædtæ dær sxuystoj razmæ. Næ kolxozmæ ærcydi biræ xor. Aly kolxozon dær næm jæ fællojbonæn rajsta ærmæst nartxoræj 16 kilogrammy, kartoftæj 20 kilogrammy æmæ ænd...

Max acæuinag stæm nodžy darddær. Quamæ ænæqænæj sæxxæst kænæm æmb. Staliny lozung. Quamæ æmxuyzonæj dær suæm qæzdyg cærdžytæ... Næ bon u æmæ quamæ acy az max suæm qæzdyg cærdžytæ...

...Max, Farnyqæuy brigædtæ, kærædzijy æxsæn socerysæj kusgæjæ, iuuyldær cæuæm acy xuyzdær „30“ brigady rænqytæm. Næ nyfs xæssæm, razzægtimæ kæj ærcæudzystæm“.

1-æm aprely fondz brigadiry khux fystæj oblæsty kolxozontæ gazet „Ræstdzinady“ bakastysty acy nyxæstæ.

Oblæsty partion komitet jæ razyjy dzuabp zahta axæm xorz qæbpærisdzinædty fædyl.

Æmæ 1-æm aprely jæ uynaffæjy fysta:

Oblæsty aræst ærcæuæd „20“ traktoron fæzminag brigady erys, kuysty bærzond æmæ bærzond æntystdzinady fædyl.

...Ævæstiatæj kuystgond ærcæuæd Džyzæly MTS-y 4-æm brigady traktoristty sidt æbpæt brigædty æxsæn dær (myxuyrgond uydis „Ræstdzinady“ 26-æm marthijy, № 68) axæm xuyzy, æmæ æbpæt brigædtæ dær kuyd tox kænoj, cæmæj bacæuoj kuysty bærzond æntystdzinad æmæ bærzond xorærzadyl toxy xuyzdær toxgænæg brigædty—„20“onty æxsænmæ

3-æm aprely ta fysta:

„...Næ oblæsty nyry ong cy „30“ brigady erys kodta, uydon bæsty aræst ærcæuæd „50“ razzagdær brigædty erys, uydon xast kuyd ærcæuoj næ Krajy „500“ brigady æxsænmæ“...

Erysy ulæn nogæj anqævsta kolxozon brigædtyl, traktoron kolonnætyl.

Nyxasy bar dædtæm uycy brigædtæ æmæ kolonnætæj iu khordæn:

— „Džyzæly MTS-y 5-æm kolonnæjy traktoristtæ sæ normætæ æxxæst kænync 130 procenty, artag fæstauærcgond cæuy... Uymæ gæsgæ domæm, cæmæj nymad ærcæuæm „20“-onty erysy.

— „Max, kolxoz „Narty“ 4-æm brigady kolxozontæ, kastystæm gazet „Ræstdzinady“ Farnyqæuy brigadirty pismo æmæ uyj fædyl ÆK(b)P Obkomy uynaffæ næ oblæsty „50“ xuyzdær brigadæn erys sarazyny tyxxæj.

Uycy pismo æmæ uynaffætæm gæsgæ max saræstam næ tyxtæ æmæ cæuæm uycy „50“ erysy, kuyd næ kolxozy razzag brigad.

Cæmæj xæssæm næ nyfs axæm erysy bacæuynmæ, æmæ uycy „50“ æxsæn razzægtimæ racæuynmæ?

Næ kolxoz acy az ualdzygændmæ cædtæ kænyn kuy bajdydta, uæd max næ kuyst aftæ sæværdtam, æmæ calcægkænyny, bæxtæm zilyny—æbpæt kuystyty dær razæj racydystæm. Bajstam næ kolxozy cæugæ syrx tyrysa dær...

Bydyrmæ kuy racydystæm, uæd æbpæt brigædty æxsæn dær aræst ærcydi socerysy badžyrdtæ... Max brigady æxsæn zvenojæ zvenojy æxsæn, xicæn kolxozonæj—xicæn kolxozony æxsæn dær cæuy erys. Æmæ næm iunæg kolxozon dær axæm næj, jæ normæ či nexxæst kæny...“

— „Næ razmæ is biræ bakæninag xæstæ—fyssync Xuymællædžy „Molotovy“ kolxozy 3-æm brigadæj—bærzond xorærzadyl toxy, kolxozty bolsevikontæ, kolxozonty ta qæzdygcærdžytæ skænynyl toxy. Uycy xæstæ max kæj sæxxæst kændzystæm, uyj tyxxæj dædtæm qazuaton kolxozony dzyrd næ partijy xuyzdær minævaræn—politxajadæn“.

Fænymadtoj se,ntystdzinædtæ binonyg æmæ agurync bynat „50“-y æxsæn.

—„ Max, Raxizfarsy rajony 1-æm MTS-y 11-æm kolonnæjy traktoristtæ... politxajady fædzæxstytæ æcæg quydtagæj æxxæst kænynyl saræstam tox.

Mænæ uyn næ bærzond tempytyl toxy ævdisæntæ: 26-æm marthijy bony rady nyn cy dyuuæ traktory kuysta (sæ traktoristtæ Bihaty N. æmæ Sæbætquaty B.), uydon quamæ baxuym kodtaigkoj 8 gektary, æntysgæ ta syn bakodta 10,4 gektary. Uycy

1?.4 gekt. normæmæ gæsgæ artag quamæ xardzgond ærcydaid 271 (kilojy, xardzgond ta ærcydi 190 kilojy, fæstauærc 81 kilojy.)

... Traktorty fæstæ ædzux zily zærond kolxozon gvardion—kuysty qædmæ kæsæg inspektor—Mildzyxty Zauyrbeg æmæ nyn nyrma nikuyma zahta, „uæ kuyst næ bæzzy,“ zæhgæ.

... Næ saugændy næ fendzynæ auædz æmæ kond gæbpæltæ æmæ ta uæd næ zærdyl ærbalæuuy politxajady xicau Tabolty Fetkajy fædzæxst. Næ zærdæ uymæj kæny tyng ruxs.

... Bydyry midæg næ cardy uag, næ xælc u xorz...

Ne 'ntystdzinædtæj næ nyfs is „20“-y erysmæ bacæuynmæ. Uymæ gæsgæ kuræm oblæsty „20“ traktoron kolonnæjy konkursy khamisæj, cæmæj max dær nymajoj erysgændžyty xyhdy. Brigady brigadir Togyzty Dzibla“...

Qæbær domæntæ æværd ærcydi acy erysgænæg brigædty razmæ. Æmæ xuymgænænty ræstæg sæ nyfs baxastoj „50“ brigady erysy bacæuynmæ ærmæst 25 kolxozon brigady, „2?“ kolonnæjy æxsænmæ 15. Innætæ sæ tyxtæ barync æmæ cædtæ kænync poxci læsæntæm, ruvæntæm.

— Kuyd u quydtag, Merezko?—afarsta i? Elmærza.

Nicy jyn u, Terčybyly 'rdygæj ual sænæg kodtam, nyx sarazyn qæuy qæd ræbynmæ.

--- Dzuabp iu læværdta Merezko cæugæ cæuyny.

--- Kuyd u quydtag, Elmærza? ---afarstoj Droznikov æmæ Germæn dær.

--- Kast svmaxmæ u—rajstoj iu dzuabp.

Front fækhærdti Terčybyly 'rdygæj: Oblæsty æbpæty razæj uælaxizdzinady raport radta Farny, „Belockijy“ kolxoz.

Uyj fæstæ — „Nart“

... Buxarin.

Khosta...

Uyj fæstæ —

... „28-æm aprely izæræj 7 saxatyl. Khardony MTS-y kolxoztæ festy tyd ualdzygændy raggænd kulturætæ 9304, 09 gek.— 100 precenty... Krajkomy læværd æmhuydæj 7 bony razdær.

... „ 1-æm majmæ Džyzæly MTS sæxxæśt kodta jæ ualdzygændy phlan, raggænd kulturætæj fæstæmæ.“

1-æm majy — dunejy proletariaty toxy æmæ fællojy bæræegbon Ordžonikidzejy rajon ænæqænæj sæxxæst kodta jæ phlan æmæ radta uælaxizdzinady raport.

Uælladžyron zærond læg Xadzymussæjyl acy xabar sæmbælyn kodtoj gazettæ bydyrmæ. Gazety kuy kastysty fæsivæd, uæd Xadzymussæ læuuydi dærddzæfgomau jæ khuxtæj jæ siny særtyl xæcgæjæ, jæ fæddžitæ jæ fæsrony sahdæj. Innætæ iuuyldær fæqæus sty, fælæ Xadzymussæ æncadgaj sdzyrdta:

— Nu stoz... Fæzzædžy fendzystæm... Cymæ Dygury ta kuyd u xabar?

Iuuyldær ævibpajdy Xadzymussæjy 'rdæm akastysty, fælæ jyn dzuabp niči radta.

Dygkag bon iuuyldær fequystoj — Dygur æmæ Uælladžyræj či fæuælaxiz, uyj bæræg næj, dyuuæ dær festy iu bon.

Xozity Jakov.

ČI U UYJ?

Lomy cæfæj xox nyrrizy,
Dard bydyrtæj quysy zard.
Uærmmæ 'ndon uæjyg nyxxizy
Zæxxy riuy ssudzy art.

***

Či u uyj?
Fælæuut, sabyr.
Art, xæsty æmdyx, æxsar.
Uyj fæskomcædis, —
Oktjabyr
Card kæmæn kodta jæ bar...

***

Bakæs, arty cink æxsidy,
Pectæj rakæly cæxær.
„Xox"-æm cyrd læbury, 'vzidy
Cinčy tasæj ivy 'ndær.

***

Či u uyj?
Fælæuut, sabyr.
Ajnæg. xox æmdyx „ærvad"
Uyj fæskomcædis,—
Oktjabyr
U kæmæn nyjjaræg mad

***

Darddær kæs,
Dzæbugæj xojy,
Xid lædærsy, uængtæ gom.
Jæ cæf 'æznadžy riu ræxojy
Qajtar,dombaj, uæjyg jæ nom...

***

Či u uyj?
Fælæuut, sabyr.
Kæuyl uælaxiz næu fydgul?
Uyj fæskomcædis, —
Oktjabry
Toxy fidarriu qæbul,

***

Akæs nog dudžy cæxærmæ...
Quysy je 'fsædton gærax.
Znag fæuadzyg is jæ qærmæ,
Kæs, fældæxy, cudy khax...
Ci u uyj?
Zæxxy uælcharyl
Tyx kæmæn næ ary tyx?
Uyj fæskomcædis—
jæ bartyl
Aftæ či xæcy qædtyx...

Niger.

ÆDZARD ZYNGXUYST.

(Qamberdiaty Mysost).

Uyj radžy uydi: Syvællon ma uydtæn æz. Mæ mad xosdzautæn fyddzag xosmæ cæuæn bon xasta axodæn æmæ mæn dær akodta jemæ. Ssydystæm. Fyddzag xadt uydtæn æz uygærdæny, æmæ džixtæ kodton. Sbadyn mæ kodtoj khuyldymyl, axodæn xærynmæ kæm qavydysty, uycy ran. Mæ razy fæci iu didinæg. Axæm didinæg nikuy ma fedton æz uyj ahommæ: qæumæ xæstæg axæm didindžytæ næ zajy. Kæd dzy zajy, uæddær sæ, ævæddzægæn, aly zmælæg ssændy æmæ se'cæg xuyz ravdisyn sæ bon næ bavæjjy. Dissag, styr dissag mæm fækasti uycy didinæg. Syvællon axæmtæm ænæ ævnalgæ næ læuuy, fælæ æz xæstæg bacæuyn dær næ bauændydtæn uycy didinægmæ. Badtæn æncad-æncoj æmæ ædzynægæj kæstæn didinægmæ. Mæ cæstytæ jæ anyquyrdtoj. fælæ uæddær jæ zængyl tæmæntæ kaldta didinæg. Sæuuon ærtæx ma jæ syfty qusty rafæliv-bafæliv kodta jæxi. Uddzæf-iu kuy anydzævdi didinægyl, uæd-iu sabyrgaj, æmbargæ lægau, iuyrdæm akhul kodta jæ dissadžy sær. Ærtæxtæ dær iu kuyddær fædærhæddzon sty, sæ xuyz-iu fæivtoj, stæj ta iu fæstæmæ sista didinæg jæ sær. Batybar-tbur-iu kodtoj sæuuon ærtæxtæ æmæ ta iu didinædžy qusy sæxi ambæxstoj. Uddzæf-iu mæ byltyl asærfta jæxi. Æxsyzgon, xærz æxsyzgon aromat iu sæmbældi mæ fyndzy xuynčhytyl æmæ-iu arf-arfid afardæg is mæ buary. Axæm addžinagæj nikuyma fæqæstæ sty me'mbudæn orgæntæ. Uyj uydi æcæg, æmæ isty xæddzæ, syhdæg aromat. Abony ong dær mæ næ rox kæny...

Xur xærdgæ xældtæ uæfta jæ bærzondæj. Didinægmæ nyvæzta jæ qazgæ-rajgæ tyntæ. Didinæg sæ axsta æmæ dzy jæxicæn xuydta aly xuyzon-ærttivgæ xædon. Jæ sær iu srast kodta, fæstæmæ-iu fesqil is, dyuuærdæm-iu aratas-batas kodta jæ tasgæ-uasgæ guyr, æmæ iu jæ chæx cæsdyty ferdtyvtæ uygærdæny aivdzinad, srvy xudt, uældæfy qast, særdygon bony tæmæn, ærdzy ulæft, mærhty zard, xosdzauty cin, cævædžy zælang, kærdædžy æxsidt...

Didinæg qazyd jæxicæn, didinæg cardy ad zydta, amond yn xasta xur...

Dyvdyv gængæ ærbataxti iu mydy byndz, ærzilæntæ kodta didinædžy aly fars. Kuy-iu iu tixalægyl abadti, kuy innæuyl, jæxi-iu axafta innæ didindžytyl dær: biræ aly xuyzon didindžytæ ma uydi jæ aly farsmæ didinægæn, fælæ sebpætæn dær uyj ista sæ xuyz. Æbpyn fæstagmæ abadti mydy byndzmæ didinægyl, anyhuyldi jæ qusy, afæstjat dzy is iu dzævgar, stæj jæxi sista xærdmæ æmæ uycy iu rastæj ataxti, ræsuhd uældæfy. Didinæg jæ sær bankhuysta. Næ bambærston, qyg yn uydi, ævi jyn æxsyzgon uyd, uazæg æm kæj uydi, uyj, fælæ æz mæ cæst næ xicæn kodton didinægæj. Kæsyn æmæ didinædžy zængyl, uidagmæ ævvaxs, jæxi ærtyxta iu sau quyndžyn khuydyr kalm...

— Næ læbpu, raxæss ma don, don ma raxæss... fæqær mæm kodta xosdzautæj iu.

Bærgæ mæ næma fændydi didinædžimæ xicæn kænyn, fælæ arastdæn, uæntæ-qil æmæ sær guybyræj, don xæssynmæ... Didinædžy nal fedton, aftæmæj racydtæn qæumæ...

Ærtæ bony fæstæ ta ssydystæm ssivynmæ (æz ta cæj ssivynmæ uydtæn, fælæ uæddær acydtæn ssivdžytimæ). Ssardton ta mæ iu bony bynat, fælæ mæ didinæg jæ særæj nal qazyd: khobpæj axaudi jæ tægkæ byndzaryl. Baruad...

Axodæn afon ta ssivdžytæ ærbambyrd sty... čidær dzy ssardta myd... He uæd bazydton æz fyddzadžydær mydy ad... Nikuy mæ ferox uydzæni...

Arf, tyng arf nyxxystysty mæ zærdæmæ uycy didinædžy uynd æmæ mydy ad. Æmæ nyr mæ zærdyl kuy 'ræftync, uæd sæ cury 37

fevzæry ændær didinædžy nyv. Uyj væjjy... Qamberdiaty Mysosty nyv.

Ajrox væjjy ragon didinæg. Mæ razy ærbalæuuy Mysost æmæ mæm jæ cæstytæj baxudy. Stæj ta didinæg dær fevzæry jæ farsmæ...

Dissadžy æmxuyzon sty uycy didinæg æmæ Mysost — uyndæj dær, adæj dær æmæ cardæj dær...

Mysost rajguyrdi 1909 azy 25-æm majy (zærond nymadæj) Kærdzyny, 14 azdzydæj bacydi kommuniston fæsivædy rænqytæm. Uym fækuysta zærdiagæj æmæ razamynd dædtægæj 1927 azy ong. 1927 azy acydi Mæskuymæ æmæ axuyr kodta Aivady rabfačy literaturon xajady. Uym kast fæci 1930 azy æmæ ssydi Ordžonikidzejy saxarmæ. Axuyrgængæjæ ssardta niz—ræudžyty tuberkuljoz, æmæ ædzardæj atar is 1931 azy, 5-æm dekabry.

Bontæj kæd cybyr u, uæddær abpæj tyng qæzdyg u Mysosty card. Fælæ æz mæ razy axæm xæs ne 'væryn, æmæ nyrtægkæ acy cybyr fysty uyj ravdison.

Mysost fysta ironau æmæ uyryssagau. Jæ fystytæ særæj-bynmæ nyrma myxuyrgond ne sty. Uymæ gæsgæ, khuxy næma æfty Mysosty sfældystadæn je 'bpætæn arh skænyn lystægæj. Æz cy cybyr nyxas kæninag dæn Mysosty sfældystady tyxxæj, uyj uydzæn tyngdær, je 'mdzævgæty æmbyrdgond —„Cin"-y cy uacmystæ is, uydon fædyl.

Æmæ, uædæ, kuydæj ævdisy Mysost jæxi, kuyd poet?

Uældær zahton, Mysost kommuniston fæsivædy rænqyty qomyl kodta, zæhgæ, aftæ. Je sfældystady dær u Mysost uycy fæsivædy uæng:

„Iskæd bon mæ fyst kuy 'siva,—
Æz fæzardzynæn uæddær:
Abon uarzyn nog fæsivæd,
Abon uarzyn nog fæltær".

(„*Uarzyn*").

Cy xæstæ æværdtoj sæ razy Mysosty ræzgæ zond æmæ æxsidgæ zærdæ? Bajqusæm yn jæximæ:

„Comut memæ cardy roxmæ,
Æmæ cardy ad ssaræm.
Comut baxizæm uælxoxmæ
Æmæ uadyndzæj nyzzaræm.
Comut uadyndzy qælæsæj
Kusæg adæmmæ ærsidæm . . . "

(„*Sidt*").

Tyng xorz æmbærsta Mysost, æxsænadæj cy xæs dary, uyj. Mysost, jæ qaru cy uydi, uymæj tyndzydta uycy xæs bafidynmæ:

„Fændy ma mæn mæ bonty tadžy
Ssaryn tyx, ssaryn bar.
Mæ cardy ualdzygon fændadžy
Mæximæ bazonyn æxsar.
„Fændy mæ ragualdzæg zhalyn
Zæxxy cæsgomyl xor ærmæj,
Æxsæv æncad dony kuyd kæly
Ævzist,— uælarvy zærdæ mæj".

(„*Fændon*").

Mysost u Oktjabry bajzædtagæj.

Revoljucion dug tyng arf bynat axsy jæ zærdæjy. Revoljuci—Mysostæn jæ cin; revoiljuci—Mysostæn—jæ card, jæ bon: revoljuci—Mysostæn jæ xury xaj.

„Qældzæg bazmælyd næ bæstæ,
Card dzy 'nqævzy æmæ 'xsidy".

(„*Sidt*").

Jæ cæstængas u aræst razmæ. Mysost zydta, kæj aivhuydta znony sau bon, kæj jyn nal is æryzdæxæn fæstæmæ;

„Fyddzagmæ nal is nyr æzdæxæn,
Kuyd næj kænæn, „nyræj" „znon".

(„*Ard*").

„Fyddzadžy zondyl" karz somy bakodta Mysost, æmæ, cy uyd, uymæj anyhuyld „nog zamany":

Nomdzyd ragbon mæm
Kadau nal kæsy.
Ivhuyd afontæm
Zærdæ nal kæsy.
Racu, nog zaman.
Khux dæm bauyhton...
Æz mæ sau qama
Khulyl sauyhton.

(„*Qama*").

Mysost tyng uarzta card, Mysosty tyng fændyd cæryn, cardy jæ cæst axsta æbpyn-ædzux cindzinad, xur æm syvællonau xudti, æmæ uycy rajgæ cardy midæg jæ bontæ, jæxi ænæqænæj læværdta, cæmæj card nodžydær xuyzdær gængæ cæua, uuyl:

„Xur jæ tyntæ zæxmæ luary,
Žæxxyl—xury cin—zyng uard.
Cardy ziuuædtæn xælaræj
Rast mæ card æmæ mæ zard".

(„*Uarzyn*"!)

Kæd iskuy ænkharddzinad fæxæddzæ væjjy Mysostmæ, uæd uyj je 'sfældystadæn jæ orgænon xaj næ væjjy. Uyj u, cy sau nizy

...cary baxaudi ræzgæ sabi, uyj uddzæf, ...mæ jæ Mysost jæximæ æmgæron næ ua-...zy, sury jæ:

„Ma kæ, ma mæ'fxær.
Uastæn rauuat uaj.
Ma kæ, ma mæ xær
Abon, sau kataj".
(„Qama").

Card, dunejy card Mysost jæxi cardy ...ntæj næ barsta:

„Biræ adæm is næ fæstæ—
Bonty khaxdzæftæj cy baræm?"
„(Poetæn).

Soveton Irystonæn Mysost jæ xæs bafy-...a jæ ræzgæ zærdæjy æxsidgæ tugæj. jæ ...ezgæ cyryn zondæj. Card cæmæj uældær ...hæpxænmæ sxiza, uuyl Mysost nykkodta ...timæ jæ toxy xaj.

Uycy kuystytæ Mysost bakodta aiv sfæl-...ystady færæztæj. Mysost, cy uydi, uymæj ...æft uydis aivady xærdgæ xuydtæj. Aiv—jæ ...yd, aiv—jæ ærbacyd, aiv—jæ snyxas, aiv-...æ sxudt, aiv, bynton aiv—ta jæ zard.

Mæ zærdæ mæm aftæ dzury æmæ My-...st cy ræstædžy zaryd, uycy ræstædžy ...oveton Irystony xæxtæ Mysosty zaræg...æj ...vdær zaræg næ quystoj, Mysosty zaræ-...æj addžyndær zaræg næ xyzti sæ riutæm.

Æmæ æcæg, cæmæj xicæn kæny aiv li-...raturæ, kuyd aivady xuyztæj iu, innæ ...eologitæj? Uymæj, æmæ quydy ævdisy ...yztæj.

Cy sty xuyzæn jæ aqazzagdær tugda-...zintæ? Mænmæ gæsgæ sæ sæjragdærtæ sty ...ænæ adon:

Fidar klasson cæstængas zondxast, zær-...æjy uag. Mysost, uældær kuyd zaxton, ...d Oktjabry fædon, cardi revolucijy ci ...æj, nikæcyrdæm cudydta revoljucijy fæn-...gæj.

Khærcqusdzinad. Kand qustæ æmæ ...stytæj næ, fælæ uyjimæ zærdæjy tugda-...zintæj quamæ qusa æmæ uyna poet.

Poet quamæ qusa, uyna æmæ æmbara ...æmy cin, sæ susæg ulæft, dymgæjy qazt, ... tyndzyndzinad, syftærty syf-syf, suado-... syr-syr, didinædžy bazmæld, ærtæxy ...ttyvd, xury cin, mæjy midbylty xudt, ...ny niztæ, abony domyn, rajsomy ny-...ezt. Xetægkaty Khosta Narty Uyryzmæ-...j cæjau zahta:

„Avd xoxy fæstæ Mægatæ
Xos kuy fækærdync,
Avd dældzæxy byn dzyngatæ
Synær kuy fæcæhdync,—
Adæmæn sæ uæd fædzury
Uycy læg (Uyryzmæg) nyr dær".
(„*Læskhdzæræn*").

Axæm quamæ ua poet. Mysost uycy mi-niuægæj uyd styr xajdžyn.

* * *

Mysosty æmdzævgætæm ærkæsgæjæ zær-diagæj zæhdzynæ: Baratinskijy nyxæstæ ænæmæengæj æxxæssync Mysostmæ.

Mysost bambærsta,—kand zondæj næ, fælæ cy uyd, uymæj,—cy u, cavær u nog cardy tox, uyj, æmæ jyn bajtyhta jæ riuy duærdtæ („*Čyzgimæ nyxas*"). Mysost xa-tydta xury cin, Mysost quysta xury xudyn, quysta æmæ æmbærsta, qasty midæg kafæg čyzdžy dzabyrtæ cy quydy kodtoj, uyj; æmbærsta cæuyl zyr-zyr kæny æmæ cytæ dzury fændyr („*Qasty*"), Mysost uydta, sthalytæ kuyd xudtysty, uyj („*Æxsæv-ædtæ*"), æmbærsta mæj æmæ dony su-sæg nyxas („*Fændon*"), æmbærsta mærhty ævzag („*Ard*", „*Uarzyn*"), æmbærsta biræh-ty ævzag, bælæsty ævzag („*Qædy*").

Zærdæmæ arf isyndzinad æmæ zærdæjy bynæj dzuryn. Poet jæ klasson cæstæj cy fedta, jæ klasson qusæj cy fequysta, uyj quamæ arf athyssa jæ klasson zærdæjy tu-džy, ænqævzyn æj kæna jæ tugdadzinty, særvita jæ jæ særmæ jæ klasson zondaxa-stæj jæ bajsæra.

Mysost kæddæriddær kodta aftæ. My-sost byltæj næ xudti, Mysost ævzadžy al-hæj næ zaryd. Alcydær ista zærdæmæ æmæ alcydær ærvysta zærdæjæ:

„Zon, mæ udæn næj ærmynæg
Festdzynæn dæm rog,
Æmæ cardy tox, uyrny mæ,
Riuy xizdzæn nog".
(„*Čyzgimæ nyxas*").

Ævzadžy klasson ævzadžy paraxatdzi-nad. Cy fedta, cy fequysta, klasson zærdæ æmæ klasson zondy prizmæjy cy auahta, uyj quamæ klasson aiv ævzagæj zæhyn ba-færaza bazona poet, quamæ jyl aiv fælyst skæna. Acy ran myn (kuy næ mæ fænda, uæddær) ænæ aftæ zæhgæ næj, æmæ My-sostæn jæ' vzag jæ zærdæjy xuyzæn para-xat næ uyd.

Quydtag aftæ u, æmæ næ poet uyryssag ævzag kuyd zydta, aftæ iron ævzag næ zydta. Qædzyg næ uyd jæ dzyrduat: ranæj rædty u xæddzæ, xæld. Is æm biræ khuy-lympydzinædtæ dzyrdtæn sæ kærædziuyl bædtyndzinady dær. Fælæ jæm ævzadžy

ærmægæj cy uyd, uymæj aræzta xærz aiv xuyztæ. Aiv xuyz næ nog literaturæjy (zæhyn poezijæ) tyng aræx næj. Uycy æhdauæj Mysost u fæzminag. Æcæg, rast zæhyn qæuy, Mysosty aiv xuyztæm xæddzæ kæny ændær poetty tæfag (Lermontov, Esenin).

Zæhæm: „Znægtæ ta dyuuæ ærtxordau
Qæbys-qæbys kænync quyrduxæn...
Qasbolat xurx ssardta khuxæj"...
(„*Cin*". 71 fars).

Acy ran næ poetmæ fæxæddzæ is Lermontovy tæfag („*Mcyri*"). Is ma jæm nodžy axæm rædtæ. Fælæ jyn uycy xabar kæd jæ uæz khaddær kæny, uæddær Mysost aivdzinadæj u bærzond. Iron ævzong aiv literaturæjy mastaby. Mysosty poezi cæbpuzyrau ænqizy. Mysosty poezi nalquytau ærttivy, Mysosty poezi xurau kuy xudy: xurau nyxxudy, zærdæmæ nyxxizy æmæ dzy skæny jæxicæn fændag. Fændyry qælæs ta dardyl kuy quysy. Uyj zary cæxærcæst cardmæ kuyd bællyd, fællojgænæg adæmmæ cardy cin kuyd xuydta, nog cardy fæltæræn jæ ræzgæ card kuyd radta æmæ jæm kæj næ kast æbpyndær uyj zyn:

„Dæumæ bællyn
Syzhærin xur,
Dæumæ cæuyn
Mæ amondgur.
Dæuæn kænyn
Mæ rizgæ zard,
Dæuæn bædtyn
Mæ ræzgæ card,
Zæxxyl ærtav
Dæ qæstætæ,
Dæ cin ærdav
Næ bæstætæm.
Dæuæn kænyn
Mæ rizgæ zard,
Dæuæn bædtyn
Mæ ræzgæ card...
(„*Xurmæ kurdiat*").

Ævhau uyd. ægær ævhau acy dissadžy sthaly ænafony ænyguylynmæ...

Khosirati Særmæt.

MÆQÆLY LITERÆTURÆ ABON.

Paddzaxy zmany Uæræsejy biræ adæmtæ uydis. Biræ adæmtæn sæ card quamæ cybyrgond ærcydaid. kuyd adæmtæn.

Mæguyr, talyng, sæftmæ xæstægdær cy adæmtæ uydis, uydonyl nymadtoj mæqæly dær. Æmæ bæguy dær. Kavkazy ajnæg xæxty kæmdty tadi mæqæly adæmy æmbisy nymæc. Ænæ zæx, ænæ skhola, ænæ rynčyndon, ænæ isty card fæxuyzdær kænyny færæz.

Fælæ cas xuyzdær uydaid bydirag mæqqæly card dær?

Qazaq ærcaxstoj mæqæly xuyzdær zæxxytæ. Qazaq ænagkag fyd karzæj xicauiuæg kodtoj mæqqælæn. Qazaq næ auærstoj mæqæly maryn æmæ cæhdynyl. Qazaq, zæhgæ, æmæ uyj bynton rast næu. Kæd fællojgænæg mæqælon je'fxærægyl, jæ sæjraġ znagyl qazaqqadžy nymadta, uæddær ma je'næzyngæ æcæg znag ta uydi uæræsejy xædxæcæg paddzaxdzinad, uæræsejag mulkdžyn-kapitalist, stæj uyj fædon, uyj tyndžy khæbærxastæj nyfsdžyn,—fællojgænæg, mæguyr mæqælony tugchir—mæqælon dukanigæs, sæudædžergænæg, mollo.

Mæqæly čysyl adæmy ærygon istori idtæg bælvyrdæj ævdisy, Uæræsejy xædxæcæg paddzaxdzinady kolonizatoron politikæ aræst kæj uydi mæqæly xuyzæn čysyl adæmty bynton anyqquyrynmæ, bynton fesafynmæ. Nyxassag dær næu, kuyddær Oktjabry revoljuci ne'rcydi, kuyddær soveton xicauady syrx tyrysa Kavkazy urssær xæxty særmæ ærdtivgæjæ ne sfæjlydta, aftæ cahdy fæcadaigkoj kæm nizæj, kæm uazal Sybyry axæstædty, kæm ta qazaq kænæ innæ syxag adæmtimæ xæstyty...

Uæræsejy paddzaxy æfsædtæ Cæcæn æmæ Dahistany imam Samilimæ kuy xæcydysty, suang uæd dær ma uyrysy xicæudtæ fæxicæn kodtoj mæqæly jæ syxag adæmtæj—æbpæty fyddzag Samily nyxmæ. A-fæstag pyrxgond kuy 'rcydi, uæd ta znagdzinad tyxdžyn kodta innæ adæm—iron adæmimæ.

Mæqæl æmæ ir æryncadysty Kavkazy styrdær fændag—Arvykomyl. Guyrdzyston æmæ Fæskavkazmæ jæ khux xæddzæ kænyn kuy bajdydta, uæd æj uældaj æxsyzgon qæuyn bajdydtoj Arvykom æmæ Uælladžyry komy fændægtæ. Cæmæj syl jæ bar xuyzdær dara, cæmæj syn kæddæriddær ældariuæg kæna, uyj tyxxæj uyrysy xicauad nicæuyl auærsta: ælxædta mæqæly æmæ iry „xuyzdær lægty", se 'xsæn cyryn kodta diny fædyl xæramdzinad, dyuuæ adæmy æxsæn uycy znagdzinad fætyxdžyndær kænyny fædyl aly provokacitæ mysydi (Terčy bæstæjy inælar Koljubakin Olginskæ æmæ Thojy qæuy kærædzijyl kuyd sardydta 1906 azy, aftæ).

„Bynætton adæmtæ uæ dzyrd ænæcudgæjæ kuy ne 'xxæst kænoj, uæd quydy kænut ændær madzældtæ... Xuyzdær madzal—sæ næfidauyndzinad". Aftæ fysta xæxxon adæmy ænæxatyrdæræj chistgænæg inælar Ermolov.

Kuyd uyngædžy baxaudysty, iuyrdæm dær syn fezmælæn dær kuyd nal uydi æmæ bæguy dær, zauuatmæ, bynton sæftmæ kæj fæcæuync, uyj kuyd æmbærstoj fællojgænæg mæqæl, uymæ gæsgæ alæmæty tox samadtoj xicauady nyxmæ, mulkdžynty nyxmæ, xicauady nomæj tyxgændžyty nyxmæ...

Uycy toxæn jæ iu xuyz uydi abyrægdzinad.

Klasstæ cæstæj cæstimæ, særæj særmæ kuy ærysty, uæd Mæqæly fællojgændžytæ systadysty zærond cardy fars či xæcydi, uydony æbpæty nyxmæ æmæ Uæræsejy proletariat, stæj iron adæmau fyddzagon æfxærd adæmtimæ iumæjæ fæuælaxiz is.

Ærædžy amælæg A.V. Lunačarski jæ nyxasy kæddær zahta:

„Uæræsejy æbpæt adæmtæn se 'naxuyrgonddæryl nymadtoj Cægaty samoedty. Fæ- 41

læ uydonæj ænaxuyrgonddær, talyngdær uydysty cæcæn æmæ mæqæl. Činydžy kæsynqom či uydi, axæmtæ maqæl æmæ cæcænmæ samoedtæj khaddær uydi".

Æmæ sæm fyldær kuyd uydaid, kæd 1911 azy dær ma ægas Mæqæly ædæbpæt uydis iunæg skhola Nasyrany fidary æmæ uyrdæm dær næ istoj *50 læbpujæ* fyldær [1]). Innæ æbpæt fæsivæd ta quamæ bynton ænaxuyrgondæj ærvystaigkoj sæ cardy bontæ.

Paddzaxy xicauad næ uahta, khuylympy kodta mæqælon nacion alfavit, mæqælon činyg sarazynyl, uymæn æmæ skholaty či axuyr kodta, uydon dær æj quydysty ærmæst jæ fændtæ æxxæst kænynæn, kuyd kommægæs činovniktæ, qæu-xicæudtæ, strazniktæ. Axæm russifikacion skholatæ 1916 azmæ Mæqæly bajgom is 11 æmæ dzy axuyr kodta 450 axuyrdzauy. Cæmæj fællojgænæg mæqæly zond talyngdær kæna, uyj tyxxæj uyrysy xicauad uahta arabpag medrestæ (psylmon diny skholatæ) gom kænyn. Ænæuag ævadat, čhizi talyng khuyndæg rædty sydžyt zæxxyl badgæjæ syvællædtæ ænæ isty æmbargæjæ „axuyr kodtoj" quyran. Syvællædty mahz bynton xældis axæm „axuyræj". Æmæ ma paddzaxy xicauady ta ændær cy quydi? Aftæmæj ma cas dissag u, mæqælmæ revoljuci nyllæuuyry zænæry acalpat kad 2% fyldær næ uydi, činydžy bakæsynqom či uydi, axæm adæm? Abon ta Mæqæly fællojgændžytæ sæ činygzonyndzinad (gramotad) zyngæ bærzondmæ (55—60%) sistoj.

Fælæ činygzonynad jæxædæg dær ændær caværdær færæzty ruadžy ærcydi.

Paddzaxy zamany mæqæly ekonomikæ zyngæ fyldær aræzt uydi ekstensivon qæuuon xædzarady fædyl. Ærmæst nartxor uydi bazajrag—tavaron kultur. Kæj zæhyn æj qæuy, industrijæn jæ koj dær næ ma uydi. Mæqæly zæxxyl cy iugaj zavodtæ fæzyndi (Saradzevy sphirtgænæn zavod æ. æ. a.), uymyty dær mæqælædtæ næ kuystoj (uyrdæm sæ næ istoj) stæj jæ pajdajæ dær mur dær næ cydi mæqælmæ.

Soveton xicauady ræstædžy tyng styr kuystuættæ fæzyndi Mæqæly. 193 min ga ænædon xus zæxxytæ is Alxančurty bydyry. Zæx tyng xorz u, fælæ dzy don næj æmæ uyj adyl uycy qæzdyg bæstæ nyrong bynton ædzæræg uydi.

Uycy xus bydyrtyl uahd ærcæudzæn styr khanau æmæ jæ tyx, jæ qaru, jæ qæzdygdzinad sævdisdzæn uæd Alxančurty styr bydyr æmæ nyrtægkæjæ avd xadty fyldær produkci radtdzæn.

Fælæ ma iu styr quydtag.

Uycy khanauyl iu ran aræst cæuy (æmæ nyrtægkæ jæ fæuynyl u) elektron stancæ. Alxančurty elektron stancæjy tyx quamæ ua 14.800 klv.

Fyddzag fondzazony dærhy aræst ærcydysty Nasyrany tyng styr kuyroj, kæcy nartxoræj kanadag ssad kæny, fæzyndi Thojy qæuy konservy fabrik.

Kæd 1928 azy dær ma kolxozty xuymgænd oblæsty æbpæt xuymgændæn axsta ærmæst jæ 1,9 procenty, uæd 1932 azy uyj sxyzti 45,8 procenty ong.

— Fyddzag fondzazony rajdajæny industri æmæ qæuuon xædzarady iuguyr produkci uydi 3. 926 min somy arh, qæuuon xædzarady iuguyr produkci ta 9.819 min somy arh. Aftæmæj qæuuon xædzarady produkcijy uæz industrijy produkcijy uæzæj 2,5 xadty fyldær uydi. Fyddzag fondzazony kæronmæ ta cenzon industrijy (æd qædy kuyst) iuguyr produkcijy arh sæjjæfta 11430 min somy æmæ, čysyl ma baqæua, ssi qæuuon xædzarady produkcijy arh. [2])

Uyryssag bulkhonty æmæ phrystyfty ardydæj mæqælmæ zulcæstæj či kasti revoljucijy ahommæ æmæ abony ong dær ma uydon nog cardy uag bazonynyl jæxicæn zyn či ne skodta, uydon srast kænyn qæuy sæ rædyd. Uydon idtæg læmbynægæj æmæ zærdiagæj quamæ ravzaroj kuyd guyrdi nog adæmy xadt, kuyd ævzærdi nog bæstæ— Soveton Mæqæl...

Ærmæst uæd bambardzæn, kuyd æhdauæj fæzyndi, znon dær ma sæfty khaxyl či læuuydi, uycy adæmy ærmæst nomæj næ, fælæ æcæg aiv literaturæ, cavær fændægtyl fæcæuy mæqælon literaturæ, kuyd cæry, cæuylty tox kæny.

* *
*

Revoljucijy ahommæ, kuyd zahtam, aftæmæj næ uydis mæqælon činyg. Mæqæly tyxxæj fystæuydi ærmæst uyryssagau. Mæqæly bon næ uydi sæ biræ mæstytæ, sæ zærdæjy biræ rystytæ fystæj ravdisyn. Uyj as tyxdžyndær, uyjas sudzagdær æmæ zærdæmæxizgædær uydi fællojgænæg mæqæly sfældystad: zardžytæ, kaddžytæ, arhæudtæ, æmbisændtæ...

[1]) M. G. Kotiev. „Terskie vedomosti" 1911 az. № 158.
[2]) Soveton Mæqæl Oktjabry 15 azy bæræghonmæ. Færstæ 45—46.

KHOSIRATI SÆRMÆT—MÆQÆLY LITERÆTURÆ ABON.

42

Uyryssag ævzagyl mæqæly adæmon sfældystad æbpæty fyddzag æmbyrd kænyn bajdydta *Čax Axriev* (1850—1914). Uyj uyryssag skholajy qomylgond uydi, uyrysimæ biræ fæcardi æmæ uyj adyl mæqæly adæmon-aivady sfældystadmæ uyj rakasti kuyd burzuazon idealist æmæ monarxist. 1858 azy Nasyrany mæqæl systadysty uyrysy paddzaxy xicauady nyxmæ. Čax Axriev uycy bunty tyxxæj fysgæjæ æbpyn næ ravzærsta isty social-ekonomikon axxos æmæ jyn azymæn ærxasta ærmæst „mæqæly talyng stæj ne'mbaryndzinad". Čax Axriev styr axuyrgond uævgæjæ (fæci kast Neziny licejy) biræ fysta kavkazag zurnalty æmæ gazetty mæqæly cardy tyxxæj.

Bynton ævzongæj amardi *Izmajlov Dzæræxmæt* (1912-1932), fælæ uæddær, Axriev Čaxæn cy næ bantysti, uyj bakænyn bafæræzta. Uyj æræmbyrd kodta fællojgænæg mæqæly zardžytæ æmæ kaddžytæ æmæ sæ jæ mælæty fæstæ xicæn činydžy rauahtoj. Izmajlovy fæzmdžytæ aræx fæzyndysty æmæ jæm nyr fæsivæd-fysdžytæ adæmon literaturæn agkag arh kængæjæ, xæstæg bacydysty, tyng kusync acy quydtagyl (Malsægty Ibragim, Dzejtov Magomet, Axrievæ Ninæ, Axriev Lors æmæ ændærtæ). Uydon cy ærmæg æræmbyrd kodtoj, uym is biræ axæm æmæ læmbynæg stæj aivæj či ævdisy mæqæly fyddzadžy dær æmæ fæsrevoljuci dær card kuyd cydi, klasson tox cy xuyzty ævdysta æxi, uyj.

Mæqæly nog literatury aqazzadžy cæužyndz jæ fyddzag arazæg æmæ ræstægmæ gæsgæ fyddzag fætægyl ænæmæng banymajæn is *Malsægty Zauyrbedžy* (rajguyrdi 1894 azy). 1923 azy fæzyndi fyddzag xadt myxuyrgondæj mæqælon nyxas. Mæqælon alfavit skænæg, fyddzag mæqælon gazet„ „Serdælo" arazæg æmæ jæ redaktor uydi Malsægty Zauyrbeg.

Mæqælon ævzagyl fyddzag aiv nyffyssæg dær uydi Malsægty Zauyrbeg 1923 az fyddzagxadt fæzyndi jæ pjesæ „Cyzdžy skhæft". Uycy fysty is qæntæ dær. Uym æxxuyrst æmæ jæ xicau chulber kærædzimæ cy bar carync, uyj rast ævdyst næu. Fælæ uæddær, jæ fædyl cy nog dramæ„ Tugisæg" nyffysta, uyjimæ styr revoljuci kænyn bajdydtoj fællojgænæg mæqæly zondaxast.

Acal aual azy dærhy Malsægty Zauyrbeg u mæqælon soveton fysdžytæn razgærdæg sæ fæzminag axuyrgænæg, sæ arazæg æmæ tæguy dær, uyj alfamblaj, uyj amyndy ruadžy aftæ saræx sty fyddzag æzty dær mæqælon fysdžytæ.

Mæqælon fyssæg *Bekty Tembot* (1873 az) poet, kulturon fyssæg, Bekty Tembot jæ fystytæj ravdysta, cas qæzdyg æmæ aiv u mæqælon ævzag æmæ dzy kuyd is fyssæn cy fændy aiv sfældystadtæ dær.

Mæqælon ævzagmæ „Internacionaly" zaræg raivta Bekty Tembot.

Xistær fysdžyty fæltæryl banymajæn is *Gojgov Abdul Gamidy* dær (r. 1896). Ragon kommunist (1918 azæj nyrmæ) mæqæly nomdzyd æxsæny revoljucion kusæg, zurnalist, fyssæg, axæm u Gojgovy cardy fændag.

Kæd Malsægty Zauyrbedžy is fyddzagyl banymajæn, uæd Gojgovy ta is sxonæn mæqælon literæturæjy propagandægænæg. Jæ tematikæ iuuyldær—ivhuyd zamany card æmæ uyj fesafynyl tox, nog card arazyn, nog adæmy ævzæryn. Uyj fystytæ sty axæm radzyrdtæ: „Ænæruxs fændag", „Džangirej", „Xæxxon sylgojmadžy fyn", „Derbičy mast ist," „Nog cardyl", „Xist", „Xani"æmæ ænd. Jæ fystytæn sæ aivad, sæ tyxmæ gæsgæ xuyzdæryl banymajyn agkag sty „Xæxxon sylgojmadžy fyn", „Xani", „Derbičy mast ist", „Čysyl axstytæ" (arabpag skhola-medresy tyxxæj). Jæ iuæj iu fystytæ (zæhæm, „Ænæruxs fændag") ideologion æhdauæj ne sty xærzaræst, fælæ jæ fyldær fystyty uyj tyng cyrhæj æmæ zærdæmæxizgæ fystæj aivæj ævdisy revoljucion quydyjy axast Gojgovy fystytæj dzævgar ivd ærcydis innæ xæxxon ævzægtæm dær. Dyuuæ radzyrdy („Džangirej" æmæ „Xæxxon sylgojmadžy fyn") ivd ærcydysty iron ævzagmæ dær.

Fælæ jæ tæmæny mæqælon literæturæ ærmæst uæd bacydi, æmæ kuy sævzærdysty, sæ fældison cæsgom kuy ravdystoj soveton zamany, soveton skholajy, soveton cardy qomylgond fæsivæd.

Bàzorkin Mutaliev X., Oziev S., Malsægty Fatimæ, Užaxov, Sadiev, Gajsanov, Malsægty Dosloqo æmæ Orcxo—æmæ ma uydonimæ dzævgar ændærtæ — he uydon skodtoj nogguyrd mæqælon literaturæjy xicæn dug.

Acy mæqælon fysdžytæ Soveton Cædisy literaturtyl fælværdæj tyng tyxdžyn æmæ styr aiv fystytæ ævdisyn bajdydtoj.

Oktjabry revoljucijy tyrysajy byn fællojgænæg mæqæl kuyd tox kodtoj alæmæty qazuatæj, uyj koj kænync, æbpæt dunejy fællojgænæg adæmty fætæg—Leniny tyxxæj arazync sæ zardžytæ, nog Mæqæl, soveton, socialiston mæqæl klasson toxy færcy, kuyd ævzæry jæ kolxozty, jæ zavodty, je skholaty, uyj tyxxæj kænync sæ kaddžytæ...

Mæqælon literaturæjy xicæn bynat axsync Malsægty Dosloqo æmæ Orcxo, Mutaliev Xadžibekir æmæ Bazorkin Idris.

Bazorkin Idris (r. 1910) sabijæ ænædaræg sidzæræj bazzadis æmæ jæ rajstoj Mæqæly pedtexnikumy æmdzærænmæ. Texnikum fæci kast 1929 azy, stæj bacydi styr skholamæ (C.K. Pedinstitutmæ). Sabijæ nyrmæ bajdydta fyssyn. Ærmæst jæ fystytæ ranymajgæjæ dær bæræg kæny, čerdæm aræst u jæ zond, jæ zærdæ: „10-æm azmæ", „Maj", „Fæskomcædisony kultbalcmæ", „Khuxtæ, cæj uælæmæ isut dzæbug", „8-æm marthi", „Džyzældonaræst" „Bolsevik—xorz u", „Mæqælon Vagapy zaræg" æmæ ændær axæmtæ. Nyrtægkæ Bazorkin fæci midxæsty zamanæj ist styr pjesæ.

Abony bon æbpætæj uarzondær, æncondær æmbaræn, zærdæmæxizgædæryl nymajync poet *Mutaleiv Xadžibekiry*. Uymæn jæ fystytæ sty cybyrtæ, fælæ tyng xærzamad, arf quydyimæ, aiv fælyst..

„Jæ fyssyn rajdajænæj Mutaliev kuyd poet, uældaj ængom jæxi sbasta fællojgændžytimæ. Je'mdzævgæty aivæj ærgom kæny parti æmæ kusæg klassy ærvylbon tox, soveton Mæqæly socializm arazyny process xuymætægau ævdisy realiston nyvty. Uyj ædzynæg cæstyngas rairtasy nog cardyl toxgænæg kolxozonty zærdy lystægdær nyvændtæ, uyj ænæxatyræj pyrx kæny mæqælon sylgojmadžy æfxæryndzinad, uymæn jæ zard u zælangau nog æmæ zærond cardy æhdæudty æxsæn toxy...

Aftæ dzy fyssy, axæm xarakteristikæ jyn dædty ændær mæqælon fyssæg æmæ kritik—Malsægty Orcxo.

Malsægty Orcxo (r. 1898 az) jæxædæg u dramaturg æmæ kritik. Jæxædæg revoljucion toxy sfycgæjæ (Malsægty Orcxo u syrx partizan), nog cardyl biræ fætuxi kængæjæ, Orcxo jæ kurdiat æmæ jæ axuyrdzinad snyvond kodta mæqælon aivad, mæqælon teatræn. Mæqælon sylgojmag æcæg ssæribar kænyny fædyl fyst u jæ pjesæ „Salixat". Mæqæly xuyzæn fæstezad nacion bæstæjy klasson tox cy xuyzty jæxi ærgom kodta, zærond cardy byndzartæ sæ mælæty tox, kuyd saræztoj xorcædtæ kænyny alfamblaj, uycy quydtag jæ tyxdžyn fyst („Klasson tox qæubæsty") pjesæjy ærbælvyrd-ærærgom kodta Malsægty Orcxo. Næ nyxas xuymætædžy æbpælyny fædyl kæj næu, uyj ævdisæn ta uyj dær u, æmæ Cægat Kavkazy aivady olimpiadæjy (1931 az) Malsægty Orcxo æmæ Doslyqojy fyst pjesæ fyddzag premi kæj rajsta, uyj.

Malsægty Doslyqor (r. 1899) dær styr axuyrgond u, uyj dær Orcxojau fæci kast C. Kavkazy pedagogon institut. Kæj ranymadtam, uycy æbpæt fysdžytau Doslyqo dær uydi mæqælon soveton skholatæn axuyr kænyny činguytæ arazæg. Fælæ jæ kuysty sæjrag uydi kritikæ æmæ ændær ævzægtæj ivynad. Mæqælon literaturæjyl fyddzag afælgæstytæ fyssæg uydi Malsægty Doslyqo. Uyj bazongæ kodta kand mæqælæn sæxi næ, fælæ uyryssag činyg kæsdžyty dær, cavær tyxdžyn literaturæ ræzy soveton Mæqæly, nog cardy fændægtyl kuyd fæcæuyuc Mæqæly fællojgænæg zæxkusdžytæ, æmæ soveton intelligenci. Doslyqo æbpæty fyddzag bazongæ kodta mæqælon činyg kæsædžy uyryssag klassiktimæ. Uyi uyrysag ævzagæj raivta Gorkiiy fyst „Uarijy zaræg", „Uadxæssæg" æmæ ændær axæmtæ."

Max am ne 'rkodtam æbpæt mæqælon fysdžyty koj.

Ærmæst kæj koj ærkodtam, uydon dæn fag sty abony zamany mæqælon soveton literaturæ cy æmvæzmæ sxyzti æmæ cy fændagyl læud u, uyj ravdisynmæ.

Nodžy bærzonddærmæ ta nyr xizdzæn, nodžy darddærmæ ta nyr cæudzæn mæqælon literaturæ. Uyj uymæn æmæ leninon-stalinon nacion politikæ rast xæssyny oxyl Mæqæl æmæ Cæcæny avtonomon oblæsttæ iugond ærcydysty. Iugond cæuync se'vzægtæ dær—kuyd iumæjag literaturon ævzag. Uycy iumæjag literaturon ævzag nodžy cyrhdær, nodžy bazyrdžyndær, nodžy aivdær æmæ tyxdžyndær uydzæn æmæ axæm miniuægdžyn kændzæn nog mæqælon-cæcæjnag aiv literaturæjy.

* * *

Ærmæst-poet Niger je 'mdzævgæ „Essæjy" ravdysta iron ævzagyl (uyj dær idtæg chus) mæqæly cardy čysyl gæbazy. Ærgom basædtyn qæuy, uyj iron soveton literaturæn zyngæ aibpyl banymajyn qæuy, Soveton iron fysdžytæm, kuyd „udty inzenertæm" (æmb. Staliny zahdau xauy tyng styr xæs. Uycy xæs u pad dzaxy kolonion politikæjy fæstag bazzajæd dzægtæ, fæstag byndzartæ stonyn æmæ internacion æfsymærdzinad sfidar kænyn mæqæl æmæ iron fællojgændžyty æxsæn

Uycy quydtadžy alæmæty mæchis sxonyn æmbæly nacion soveton aiv literaturæ.

Uymæn ævdisæn mæqælon soveton, bo næj bonnmæ ræzgæ literaturæ·

Dzaŋajty Sergi.

NIGERY SFÆLDYSTADY TYXXÆJ.[1]

Nigery sfældystad ævzargæjæ ravdisyn qæuy poety tematikæ, jæ zardžytæ, cæj bærc bast sty jæ dugyl, uyj. Ravdisyn qæuy, Nigery poezi jæ abp æmæ jæ aiv xuyztæj, cæj bærc æxxuys u socialiston card arazynæn, uyj. Ravdisyn qæuy poety fændag, jæ klasson pozicitæ aiv literaturæjy.

Niger rajguyrd æmæ sqomyl xæxxon uæzzau cardy uadžy. Rajguyrd Uælladžyry komy, qæu Syndzysæry, fællojgænæg binonty æxsæn. Gyddzylæj nyrmæ Niger jæ zærdæmæ tyng xasta xæxxon uæzzau card. Uyj xorz zydta uycy cardy, xæxxon adæmy zyndzinædtæ, mæguyrty, sidzærty, cahajradžy qaræg. Fælæ uycy cardy uagæj fæirtæst ragæj. Uyj fæbæræg is jæ lirikæjy æuuæltyl dær... Niger jæ zardžytæ fyldær kæny, „kuynæg cardyl". Jæ tyx, jæ bon uydonæn xæssy nyvondæn:

„Mæguyr adæm, mæ mad, mæ fyd:
Ædyx nyrma næ zæxx, næ card.
Æmæ sæ sahæstæ, sæ fyd—
Mænæn sty—mæ xuyzdær zard.
Mæguyr irystonæn nyvond —
Jæ urs særæj bædtyn mæ ard.
Kænyn mæ zærdæ mæ mæ zond
Mæ kuynæg bon mæ cybyr card"

Æmdzævgæ-u, poet fyssyn kuy rajdydta, uycy dugæj. Niger fyssyn rajdydta 1914 azæj fæstæmæ, myxuyry ta zynyn rajdydtoj jæ zardžytæ revoljucijy fæstæ—1921 azæj, iron gazettæ æmæ aly zurnalty. Nyrong, uyj bærc styr ræstædžy aiv literaturon kuyst kængæjæ, poetæn myxuyry næma racyd jæ zardžyty xicæn činyg!.. Ærmæst yn 1927 azy gyddzyl æmdzævgæty činydžy „Uadyndz", zæhgæ, myxuyrgond ærcydi iu caldær æmdzævgæjy.

Niger jæ lirikæjy tematikæmæ gæsgæ dard læuuyd revoljucimæ, socialiston cardmæ. Uyj uymæn æmæ Nigir jæ „Mæguyr" adæmy kuynæg cardy fændægtæ rast næ bambærsta.

Aiv literaturæ uymæj xicæn kæny ænaiv literaturæjæ æmæ, fyssæg aiv literaturæjy jæ quydytæ, je'mbudynad ævdisy, cardy uagyl, xicæn obræztæj. Fælæ obræztæ quydytæ æmæ talanttæ dær sty aly xuyzæn, fysdžytæ sæxuydtæg kuyd sty aly xuyzæn, socialon khordtæj, klasstæj, aftæ.

Niger styr dæsny kæj u, tyng kæj aræxsy ræsuhd axoræntæj, muzikon nyxæstæj, aivæj card ravdisynmæ—uyj æcæg u. Fælæ uycy ræsuhddzinædtæ cavær cardæj sty, cavær idejætimæ bast sty? Am cæxgær zæhyn qæuy: uydon ne'vdisync næ socialiston dudžy razdzog poety cæsgom. Uydon agurync fændag nog cardmæ, nog tematikæmæ æmæ tox kænync uuyl poetæn jæxiimæ.

Nigery sfældystady fændag u—jæxiimæ toxkænyny fændag. Uyj u axæm tox, poet abyrsynmæ kæm qavy jæ zærond ivhuyd cardy zondaxast, jæ patriarxalon cardyl bast quydytæ, jæ „rajguyræn bæsty quydytæ". Uyj u axæm tox, fyssæg kæj færcy quamæ slæuua socialiston lirikæjy fændagyl. Ænæ uyj jæ poezijy tematikæ, jæ abp mæguyr uydzæn.

Belinskij Grigorjevyl fysta: „kæd talant bast næu jæ dudžy quydytimæ æmæ idejætimæ, uæd uyj u nicæjjag, aftid talant. Axæm talant nodžy mæguyrdær uæd uydzæn, æmæ kuy qava slæuuyn činguyty æncoj". Nigery talant aftid u, zæhgæ, næ zæhæm. Uædæmæ max zæhæm: Nigery lirikæ idejon æhdauæj jæ dudžy revoljucijy nysændtæj irtæst u—uyj quamæ ængomdær bast ua næ dugyl.

Bast kæj næu, uyj ta tyngdær zyny rekonstrukcion dudžy ahommæjy poezijæ. Uycy dudžy sæjrag bynat axsy Nigery lirikæjy mæguyryl qaræg kænyndzinad. Rajguyræn iryston, bæsty uarzondzinad, zærond cardy uag æmæ ænd. Uycy motivtæn sæ nyxmæ ævdisy nodžy qæzdydžy dær, ældary, kontrrevoljucionery æmæ ændærty: „Dæu cy

[1] Diskussion uagyl.

domy", „Mæguyry Mælæt", „Mæguyr dæ o, mæguyr", „Askhuyj, athæbp u" „Fællojgænæg", „Cær" „Zymæg", „Fæzzæg", „Æxsæv" æmæ ændærtæ. Fælæ acy zardžyty rekonstrukcijy ahommæ æmæ nyr dær, Nigeræn tyng tyx bakodtoj Xetægkaty Khostajy „Iron fændyry" qistæ. Tyng æm banqævztoj jæ „mæguyry qardžytæ". Uycy obstrakton, klasson æhdauæj bælvyrd či næ u, Nigery uacmysty, uycy „mæguyr" styr bynat axsy revoljucijy ahommæjy æmæ revoljucijy fæstæjy literaturæjy dær.

Kæd næ socialiston dudžy Nigery temætæ zærond ne 'sty, kæd uydon nyr dær ma sty aktualon temætæ, uæd Niger quamæ uydonæn se 'cæg revoljucion-proletaron abp rargom kodtaid quamæ ravdystaid mæguyry nog zondaxast, jæ zærdæjy xadt, nog xuyztæj, nog obræztæj. Niger næ bambærsta revoljuci kæj ærxasta jemæ nog cardy æhdæudtæ, nog tematikæ æmæ nog obræztæ, kæj aivta ragæj-æræginæ zærond æmæ nog cy „mæguyr" u, uyj abp dær.

Niger næ fedta xæxtæm, tar kamdtæm, bydyrtæm cy nog cardy xury tyntæ nykkasti æmæ uydon ruxsmæ ærdzyl cy nog tau razad, cy nog fændtæ rajqal xæxxon mæguyrty zærdæjy, uydon.

Nigermæ gæsgæ ta revoljuci nicy ærxasta æmæ nicy radta nogæj mæguyr xæxxonæn. Uyj jæ je 'nusy talyngdzinadæj æmæ caharæj næ fervæzynkodta æxxæst. Uymæ gæsgæ Niger æmcegdzinad kænyn rajdydta mæguyrtyl, æmæ revoljuci cy „ældary" abpærsta fændagæj iu fars, æmæ, či nal is, uyj nyxmæ ma tox kæny? Khostajy tradicity qal kængæjæ. Poet æmbary revoljucijyl zaryn qæuy uyj, fælæ cy xuyzæn uydzæn jæ zard, jæ talant, uymæn nicy æmbary, je sfældystady fyddzag dudžy. Uymæ gæsgæ, sfændkodta, fæltau nymyr kænyn dzyx:

Fændtæ uajync, riu sæ rajy
Uængtæ rizync, dzyx—nymyr.
Mæn mæ zærdæ nikuy sajy:
Zonyn,—zaryn qæuy nyr.

Fælæ næ zony cy „xuyz" ravdisdzysty æmæ cæj tyxxæj uydzysty jæ zardžytæ uyj. Zæhy dyzærdygæj poet:

Fælæ zarægæn jæ xuyzæn
Nicy ma xatyn, bælvyrd
Je cæj tyxxæj, je kuyd uydzæn
Arvy nærynau mæ dzyrd.
(„Arv nyxxudti").

Aftæ rauadis æmæ revoljucijy ulæntæ næ baqardtoj Nigery zardžytæm, æmxic æm næ festy æmæ jæm ærcydi qyg kænyn, ænkhard kænyn. Zærdæ nal radi cardmæ. Nal uydi razmæ tyndzyndzinad. Fæstejæ ta tar zærond zymæg badomdta fyssædžy sont ualdzygon qaru. Fælæ jæ fædyl rakaldysty poetæn ruxs ualdzygon bonmæ sabitæ—nog fæltær æmæ sæ nog cardy ualdzægyl fædzæxsy, cæmæj syn ua uyj sæ cardy „xædon æmæ „mad" cæmæj sæ baqqaqæna ældaræj. Poet syn radta, iu dzyrdæj, jæ bontæ jæxicæn ta jæ zærdæ nal rajy, nal cin kæny uycy xuræj „ændævd syd carmau":

„Mæn ærmæst fyddomdæj
Badomdta jæ dudžy,
Batadtæn uælvongæj,
Kuyd læbpyn chiu-quzdžy
Zon-ændævd syd carmmæ
Nal fæqary xur dær.
Kald bærz tala qarmmæ
Chæx næ kæny—bur dær.
Mænæ, kæs, mæ curmæ
Sabitæ—dæ fædon
Rakaldysty xurmæ
U sæ mad, sæ xædon.
Baræ vdau sæ sontæj
Baxiz sæ ældaræj
Kæstærtæn mæ bontæ
Æz dædtyn xælaræj.
Sidyn sæm—særibar
Uæd sæ riutæn addžyn
Cardy fænd—sæxi bar,
Uænt sæ dudžy bardžyn.

Fælæ pajda næ uydi Nigeræn uycy sast ænthysnæg zærdæjæ badyn. Rajdydta uyj tox kænyn, caværdær cahargænædžy æmæ ældary nyxmæ. Uycy tox cydi poetæn jæxiimæ, jæ lirikon fændag nogæj racarazynyl aly xuyzon simvolikon xuyztæj æmæ romantikon axoræntæj ævdisgæjæ jæ idejon irtæstdzinad revoljucijæ,—socialiston cardæj. Uyj bæræg u axæm æmdzævgætæj: „Xudgæ qazgæ", „Arv næry", „Muldar" æmæ ænd. Tyngdær uycy tox zyny æmdzævgæjy „Æz cahajrag næ dæn":

Dodoj, sar myn jæ ud,
Mænmæ isči myjjag.
Je kuy 'vdisa khælæt.
Je mæ xona uæjjàg"!..

Innæ æmdzævgæ:

„Arv næry"—u fyst allegorion xuyztæj, romantikon bazyrdžyn nyxæstæj. Ævdisy revoljucijy ærcyd. Mihtæ æmæ dymgæjy fyssæg æværy talyng cardy nyxmæ, xury ta—revoljucijy—nog cardy. „Muldary" Niger ældary ænuson cahardzinady nyxmæ systad. Særibary idejæty nomæj, kadædžy sæjragdær romantikon geroj ovgæjæ—Mul-

dar je'fsymæry amardta, kæj jæ bauyrædta ældarmæ læburgæjæ, uyj tyxxæj.

Rajdydtoj Nigery zond æmæ lirikæjy qistæ tyngdær qal kænyn rekonstrukcion dudžy. Je sfældystad zdæxyn rajdydta socialiston cardyzdæm. Fæzyndis æm æmdzævgætæ: „Xidyl“. „Essæ“, „Xosdzau“ æmæ ænd. Uycy æmdzævgætæ ævdisync, uældajdær ta „Xidyl“, Niger cy zyndzinædtæ ævzærsta zærond cardimæ, talyng duneimæ kuy xicæn kodta, uæd. Styr zyn uydis poetæn xidy fale zærond cahajrag dune, jæ „rajguyræn bæstæ“, jæ mad, jæ fyd, zærond tradicitæ—nyuuadzyn. Fælæ sæ uæddær uyj nyuuahta. Nal mysy „æznony“ bon. Xidy fale nog dunemæ baxyst æmæ razmæ tyndzy tymyhy nyxmæ. Mihtæ jæ cæskommæ læburync, fælæ dardæj jæm arvy ruxs kæsy æmæ jyn uyj jæ cæskom, jæ buar æmæ jæ zærdæjy rævdauy. Razmæ tyndzgæjæ fætar sty poety zærdæjy jæ „xæxxon mæguyr“, jæ zærond patriarxalon zondaxast æmæ Khostajy motivtæ, obræztæ:

Darddær mæ fændag næ uynyn, næ xatyn.
Tahddær tærqusau, uæddær u mæ zyvvydt
Lidzyn, æzhoryn... Mæ qusæj næ qusyn
Cæstytyl tymyh æmbærzy jæ nymæt
Zærdæ dær riuy zyrzyrægau rizy“...
Uajtahd fæzyldton mæ bærzæj æz razmæ:
Nal is fæstæmæ æzdæxæn, næj nal is:
Zyndonmæ či zdæxy baræj jæxædæg
Xi khaxæj či cæuỳ ingæny xuylfmæ...
Hæjdt, hæjdt, mardzæ! Razmæ, 'mæ razmæ!..“

Nyzzarydysty internacionalon socialiston lirikæjy qistæ nog zaræg „*Xosdzauy*“. Kapitaliston Ameryčy iron kusæg æmæ negr qæzdguyty eksploatacijy caharæj talyng nyggændty fælurs ænæ tugæj kuyd mælync uæzzau cardy midæg. Fælæ uycy uæzzau cardæn ærcæudzæn kæron. Mistertæ—kapitalisttæ ual cærænt-ræsuhd uædty, burzuazon muzikæjæ ual sæxi irxæfsænt. Xosdzauy xuyzædty khuxtæj khaxync tugchirtæ sæxicæn ingæn:

„Ænæ xyncæj, ænæ scuxæj
Jæ fættæ kaly arv
Cær ual, Mister, fælæ dugæj
Næ bambæxsdzynæ arf...“
„Cær ual, Mister—džazbandy qær
Erosmæ xonæd dæu,
Sar „dodoj“ myn dæ udy sær,
Xosdzau, xosdzau uæd næu“,
„Ingæn symaxæn arf
Kuy næ skhaxoj jæ ryst cængtæ...“

„Essæ“-jy Niger ravdysta xicæn nacity mæqqæly, iry, kæsædžy, cæcæny æmæ ændærty iudzinady idejæ.

Quamæ Niger zærond cardyl ævdisæn bakængæjæ nodžy radta jæ darddær kuysty axæm aiv zardžytæ. Quamæ rajsta poet ne styr dudžy styr tematikæ æmæ ravdisa æxxæst socialiston realizmy tiptæ jæ aræxst pherojyfyndzæj, jæ ræsuhd fændyry qælæstæj.

Niger biræ næ fyssy. Biræmæ bælgæ dær næ kæny. Fælæ uyj bælly aivæj, ræsuhd obræztæj, cæmæj ravdisa jæ quydyty, uymæ, cæmæj uycy quydytæ qaroj adæmy zærdæmæ æmæ sæ ardaoj isty arxajynmæ.

Niger jæ lirikæjy fændagyl baxyst proletariaty cardmæ („Xidyl“, „Essæ“, „Xosdzau“) æmæ næ nyfs is, kæj ravdisdzæn styr æntystytæ darddær, jæ cyrh poetikon gærziftongæj kæj balæudzæn proletariat æmæ kolxozon zæxkusæg adæmy socialiston card arazyny fæstadžy styr toxmæ.

SSR CÆDISY SOVETON FYSDŽYTÆ UAGÆVÆRD.

1

Kusæg klassy ehau uælaxizdzinædtæ socializmyl toxy, radtoj uældaj zyngæ fadædtæ literaturæ, aivad, axuyrad fætyxdžyndær kænynæn æmæ ægasæj kulturæjy ræzdæn.

Soveton xicauady 'rdæm ænæpartion fysdžyty razdæxt æmæ proletaron aiv literaturæjy ehau ræzd bynton tyxdžynæj xæs sæværdtoj kuyd partion, aftæ ænæpartion fysdžyty tyxtæ dær fysdžyty iu orgænizacijy baiu kænyny tyxxæj.

ÆK(b)P-jy CK-jy istorion uynaffæ, kæcy uyd 1932 azy, 23 aprely, bacamydta soveton fysdžyty iu Cædis sarazyn, kuyd uycy iugondy orgænizacion xuyz. Uyjimæ ma bacamydta soveton aiv literaturæjy idejon-sfældystadon ræzdy fændægtæ dær.

Literaturæjy ræzdy tærxonxæssæg fadat, jæ aivadon dæsnyjad, jæ idejon-politikon æxxæstdzinad æmæ praktikon *æcægdzinadon* fadat sty literaturon zmældy ængom æmæ xædbastdzinad partijy politikæjy æmæ soveton xicauady aktualon farstytimæ, fysdžyty socialiston aræstady aktivon kuysty bacæuyndzinad fysdžyty 'rdygæj binonyg æmæ arf axuyr kænyndzinad konkreton card.

Proletaron diktaturæjy azty dærhy soveton aiv literaturæ æmæ soveton literaturon kritikæ, kusdžyty klassimæ cæugæjæ, kommuniston partijy razamyndæj, saræztoj sæxicæn nog sfældystadon principtæ. Uycy sfældystadon principtæ aræst ærcydysty uæj ivhuyd zamanty literaturon byntæ kritikon æhdauæj axuyr skængæjæ, innæ 'rdygæj ta socializmy uælaxizdzinad xæssæg aræstady æmæ socialiston kulturæjy ræzdy fæltærddzinady axuyr kænyny bynduryl, ssardtoj sæ sæjrag ravdystdzinad *socialiston realizmy* principty.

Socialiston realizm kuyd soveton aiv literaturæjy æmæ literaturon kritikæjy bynduron metod, agury aiv fyssægæj rast, istorion-konkreton cardy ravdisyndzinad, jæ revoljucion ræzdy. Uyjimæ æcægdzinad æmæ aiv ravdysty istorion bæræggonddzinad quamæ iugond cæuoj fællojgænæg adæmy socializmy uagyl racarazyn æmæ sqomylkænyny quydtagimæ.

Socialiston realizm dædty aivadon sfældystadæn uældaj styr fadættæ sfældystady iniciativæ ravdisynæn, aly xuyzon formætæ, metodtæ æmæ zanrtæ ravzarynæn. Socializmy uælaxizdzinad, adæmy istorijy či næma uyd, axæm aræstadon tyxty ræzt, klassty likvidaci kænyny ræzgæ process, adæjmagæn adæjmadžy eksploatacijy aly amældtæ fesafyndzinad, goræt æmæ qæuy æxsæn ændær xuyzænad fesafyn, fæstagmæ axuyrad texnikæ æmæ kulturæjy kæj næma fendæuyd, axæm ræzd—arazync ænækæron amaltæ, aivad æmæ literaturæjy aly xuyzty qædy æmæ nymæcy sfældystadon tyxty ræzynæn æmæ styxdžynæn.

2

Soveton socialiston Respublikty Cædisy fysdžytæ, kæcytæ læuuync soveton xicauady pozicityl, kæcyty fændy se 'sfældystadæj aktivon xajad isyn proletariaty klasson toxy midæg æmæ socialiston aræstady, bauynaffæ kodtoj sæxi soveton fysdžyty iu Cædisy baiukænyn.

Soveton Fysdžyty Cædisy nysan æmæ xæstæ sty:

1. Soveton fysdžyty aktivon kuyst sæ aiv sfældystadæj socialiston aræstady, kusdžyty klassy interestæ qaqqænyn æmæ Soveton Cædisy nyffidar kænyn, proletariaty klasson toxy istori, næ bæstæjy klasson tox æmæ socializmy aræstad rast ravdisgæjæ, fællojgænæg uæræx dzyllæty socialiston uagyl qomyl kænyn.

2. Kusdžytæj, kolxozontæj æmæ syrxæfsædtontæj næ fysdžyty qomyl kænyndzinad aiv sfældystady propagandæ kængæjæ adæmon uæræx dzyllæty 'xsæn, ærygon fysdžytæn kvalifikacidžyn fysdžyty æmæ kritikty sfældystadon fæltærd dædtgæjæ profcædistæ fæskomcædisty orgænizacitæ æmæ K.Z.S. Ady politxajadtimæ ænæ kuyst kængæ jækusdžyty, kolxozonty æmæ syrxæfsædton, ty literaturon khordtimæ kuysty.

3. Fysdžyty sfældystadon erysdzinad fætyxdžyn kænyn, sæ kærædzijæn æxxuysdzi-

nad sæ aivon tyxtænd tyxdžyndær æmæ æntystdzinaddær ræzd radtyny tyxxæj, nodžy dær arfdær æmæ aly xuyzondær fækænyndzinad socialiston realizmy formætæ æmæ metodtæ, aiv sfældystady zanrtæ æmæ metodtæ, fysdžyty individualon kurdiatmæ æmæ sfældystadon interestæm gæsgæ.

4. Aly amalæj æfsymæron nacion literaturtæ ræzyn kænyn, kærædzijæn æxxuys kængæjæ, aly æfsymæron respublikty fysdžytæ æmæ kritiktæ sæ kærædzijæn sæ sfældystady fæltærd kuyd dædtoj, aftæmæj, iu adæmy ævzagæj innæ adæmty ævzægtæm aiv uacmysty tælmackænyny quydtag arazyn.

5. Fysdžyty internacionalon qomyldzinad SSR Cædisy socializmy fæuælaxizy dunejon axadyndzinad axuyr kængæjæ, dunejon revoljucion zmæld æmæ nyry ræstædžy dunejon kulturæ axuyr kængæjæ, soveton fysdžyty arxajd dunejon revoljucion zmældy, aiv sfældystady kapitaliston æmæ kolonialon bæstæty fællojgændžyty qæbatyr tox ravdisgæjæ.

6. Socialiston realizmy problemæty teoretikon æhdauæj darddær axuyr kænyndzinad, specialon axuyradon literaturæ sarazgæjæ, axuyradon dokladtæ, disputtæ kængæjæ, fysdžyty sfældystad konkreton axuyr kængæjæ æmæ syn sæ uacmysty kritikon uagæj ævzargæjæ.

7. *Soveton Fysdžyty Cædis generalon xæsæn æværy, radtyn axæm bærzond aiv fystytæ, kæcyty quamæ ævdyst ærcæuoj dunejon proletariaty qazuaton tox, socializmy uælaxizdzinady pafos, kæcyty quamæ ævdyst ærcæuoj kommuniston partijy ehau zond æmæ qæbatyrdzinad. Soveton Fysdžyty Cædis jæ xicæn xæsæn æværy radtyn axæm uacmystæ kæcytæ, quamæ oj socializmy ehau dudžy agkag.*

3

1. Soveton Fysdžyty Cædis u barxi orgænizaci, kæcy iu kæny soveton socialiston Respublikty cædisy ægas territorijyl cy fysdžytæ æmæ kritiktæ is, uydon.

2. Soveton Fysdžyty Cædisy uæng uævæn is axæm fysdžytæn (belletristtæ, poettæ, dramaturgtæ, kritiktæ), kæcytæ læuuync soveton xicauady platformæjyl æmæ xajad isync socialiston aræstady, æbpyn ædzux kænync literaturon fælloj — is syn aiv kænæ kritikon uacmystæ, myxuyrgond xicæn činguytæj, kænæ literaturon-aivadon æmæ kritikon zurnalty (stæj æværd či cæuy profession æmæ klubon scenæty) *æmæ radtyn kæmæn qæuy særmagond æivadon, kænæ* axuyradon (*axuyradon kritikon kuystytæ) axadyndzinad.*

3. Soveton Fysdžyty cædismæ uængty isyndzinad cæuy axæm bynduryl: a) gæxxættyty fystæj badædtyn qæuy cædisy bynaton xajady uagdonmæ kurdiat; b) kurdiatimæ badædtyn qæuy uælæmxasæntæ, kæcytæj bæræg kæny kurædžy literaturon-aivon æmæ æxsænadon kuyst.

Soveton Fysdžyty cædismæ isy aly xicænxadt dær (cædisy bynaton xajady uynaffæmæ gæzgæ) Soveton fysdžyty cædisy respublikon, cædison uagdon.

4. Soveton Fysdžyty cædismæ uængæj ist či 'rcæua, uyj bafidy bacæuægkadžy fidton iu tuman æmæ aly mæj dær fidy uængon fidtontæ, SSRCædisy Soveton Fysdžyty cædisy uagdon kuyd sbæræg kæna, uymæ gæsgæ æmæ rajsy soveton Fysdžyty iugond uængon bilet.

5. Soveton Fysdžyty Cædisy uængtæj abparæn is Soveton Fysdžyty Cædisy respublikon uagdony sekretariaty uynaffæmæ gæsgæ axæm æhdauyl:

a) Cædisy uængæn jæ qælæsy bartæ ist kuy 'rcæuoj;

b) Cædisy uængæn jæ kuyst socialiston aræstady interestæ æmæ Soveton Fysdžyty Cædisy nyxmæ aræst kuy ua, uæd;

c) antisoveton kænæ antiæxsænadon mi kuy bakæna;

d) iu khord azty dærhy literaturon-aiv æmæ literaturon-kritikon kuyst kuy nal kæna;

e) uængon fidtontæ kuy næ fida bæræggond afojnadyl.

i) cædisy uængæn iæxi fændonæj.

Cædisy xicæn orgæntæ uynaffæ kuy raxæssoj Soveton Eysdžyty Cædisæj uændžy abparyny tyxxæj, uæd baqast kænæn is cædisy uældærlæuuæg orgæntæm.

4

1. SSRCædisy Soveton Fysdžyty Cædisy sæjrag razamonæg orgæn u soveton fysdžyty Æbpætcædison sjezd, kæcy æræmbyrd væjjy khaddær uæddær dyuuæ azmæ iu xadt.

2. Soveton Fysdžyty Æbpætcædison sjezdy æxxæstgænæg orgæn u Soveton Fysdžyty Cædisy uagdon, kæcyjy ravzary sjezd æmæ kæcy u sjezdty æxsæn Soveton Fysdžyty Cædisy sæjrag razamonæg orgæn.

3. Soveton Fysdžyty Cædisy uagdony plenum ravzary je'xsænæj: særdar, xædivæg æmæ cædison sekretar, stæj prezidium æmæ pravlenijy sekretariat.

Cædisy uagdony plenum quamæ ma cæua æmbydgond iu azmæ ærtæ xa dtæj khaddær Ævast baqæugæ plenumtæ æmbyrdgond.

cæuync cædisy uagdony uængtæn se'rdægæj khaddær kuy næ bacaguroj uycy plenumy æræmbyrd, uæd, kænæ dyuuæ æmæ fyldær cædison respublikty fysdžyty cædisy aguyrddzinadmæ gæsgæ, kænæ uagdony prezidiumy uynaffæmæ gæsgæ.

4. Cædison æmæ avtonomon respublikty, oblæstty æmæ krajty aræzt cæuync respublikon, oblæston æmæ krajon soveton fysdžyty cædistæ (respublikon, oblæston æmæ krajon sjezdtæ æræmbyrd kænyny æmhuyd dær Æbpætcædison Fysdžyty Cædisy æmhuydty xuyzæn u).

Respublikon, oblæston æmæ krajon Soveton Fysdžyty Cædisty uagdontæ dædtync razamynd xicæn respublikty, oblæstty æmæ krajty territorijy cædisy xajadty kuystæn.

Æbpætcædison Soveton Fysdžyty sjezdty uynaffætæ sty æxxæstkæninag respublikon, oblæston æmæ krajon fysdžyty cædistæn.

5. Æbpætcædison Soveton Fysdžyty Cædisy uagdon jæ kuysty tyxxæj dædty dzuabp Soveton Fysdžyty Æbpætcædison sjezdæn; respublikon, krajon æmæ oblæston cædisty uagdontæ dædtync dzuabp sæ kuysty tyxxæj, respublikon, krajon æmæ oblæston fysdžyty sjezdtæ æmæ Soveton Fysdžyty Æbpætcædison uagdon raz.

6. Æbpætcædison, respublikon, oblæston æmæ krajon fysdžyty sjezdtæ ravzarync revizion khamistæ soveton fysdžyty cædistæn (uagdony uængtæj næ), kæcytæn æxxæstkæninag sty:

a) Soveton Fysdžyty Cædisy sjezd æmæ acy uagæværdy æxxæstkæninægtæ kuyd æxxæstgond cæuync ægas kuysty cædisy uagdony 'rdygæj: uymæ cæstdaryn;

b) cædisty xicæn uagdonty finanson æmæ materialon-xædzaradon kuysty bæræгkænyndzinad;

c) kuyd rast xardz kæny æmæ qaqqæny uagdon jæ færæztæ;

d) cæstdaryn æmæ bæræg kænyn xicæn cædisty uagdonty æmæ kuystuætty quydtadžy uynaffædædty kuystmæ, kæcytæ aræst sty fysdžyty cædisty uagdonty raz.

Revizion khamistæ ævzærst-ærcæuync, cædisty uagdontæ cy æmhuydmæ ævzærst cæuync, uædmæ æmæ dzuabp dædtync respublikon, krajon æmæ oblæston soveton fysdžyty sjezdty raz.

5

1. Soveton Fysdžyty Cædisæn læværd cæuync juridikon adæjmadžy bartæ, xicauady zakhontæm gæsgæ (isbon daryn æmæ mulk æmbyrd kænyn, badzyrdtæ arazyn, tærxonæj aguyrd æmæ dzuabp tærxondony raz dædtyn æmæ ænd.).

2. Soveton Fysdžyty Cædisy uagdonæn jæ bon u khord æxxuysgænæg orgænizacijy sarazyn (kusync xicæn uagæværdtæ, kænæ amyndtæm gæsgæ), kæcytæ sæxicæn nysan kænync fysdžytæn kulturon æmæ materialon æxxuysdzinad dædtyn (fysdžyty xædzærdtæ, klubtæ, fælladuadzæn xædzærdtæ, xærændædtæ, muzejtæ, bibliotektæ kæsændædtæ, činyg uæjgænæn magazintæ, kursytæ, ravdystytæ, konkurstæ, rauahdadtæ, zurnaltæ æmæ aftæ d.).

3. Cædisy pravlenijy aræzd cæuy xædzaradon quydtagæj xibar orgænizaci (je'gas kuysty dzuabp dædty cædisy uagdony raz, aftæmæj) literaturon fond—„litfond", kæcy baiu kæny æbpæt administraci-xædzaradon kuyst, fysdžytæn æxxuys kænyny quydtadžy. „Litfondy" uagdon, ravzarync fysdžyty særmagond æmbyrdy.

4. Soveton Fysdžyty Cædis uahdgond cæuy xicauadon æmæ bynaton aly xuyzæn qalontæj, æmbyrdtægtæj æmæ fidtontæj, bynaton qalon ist næ cæuy qast-izærtæj, spektakltæj, kæcyty arazy Soveton Fysdžyty Cædis.

5. Soveton Fysdžyty Cædisy uagdon isy jæximæ avtorty bartæ qaqqænyny quydtag, kuyd SSRespublikty Cædisy, aftæ fæsaræny dær xicæn soveton orgænty færcy, stæj arazy baquadžy færæztæ cædisy iugond fysdžyty ændær bartæ baqaqqænyny tyxxæj, arazy juridikon æxxuysdzinad æmæ dzury soveton æmæ æxsæny orgænizacity Soveton Fysdžyty nomæj.

6. Soveton Fysdžyty Sædisy færæztæ aræst cæuync:

a) bacydy æmæ aly mæjgaj uængon fidtontæj;

b) soveton kusændædtæ æmæ æxsænady orgænizacity subsiditæj:

c) fysdžyty cædisy mulčy pajdajæ;

d) literaturon fondmæ ærbacæuæg færæztæj;

e) acy uagæværdy cy kuystytæ amynd sty, uydonæj se'bpætæj dær.

6

SSRCædisy Soveton Fysdžyty Cædisæn slikvidaci gænæn is æbpætcædson fysdžytæ, kænæ xicauady uynaffæmæ gæsgæ.

Likvidaci skondy fæstæ ma cy æbpæt færæztæ bazzajoj, uydon læværd cæuync axæm orgæntæn, kæcytæ amynd uydzysty kænæ sjezdy tærxony likvidacijy tyxxæj, kænæ xicauady uynaffæjy.

Soveton Fysdžyty Cædisy
orgænizacion komitet.

Ardasenty Xadzybatyr.

„BAZYRDŽYN ÆZTY“

Gris. Æmdzævgæty æmbyrdgond. 1933 azy, Cægirrauahdad „Ræstdzinad“ Ordžonikidze. (Is dzy 154 farsy, arh 2 somy).

Soveton Irystony aiv literaturæ dard khaxdzæftæ rakodta paddzaxy zamany iron aiv literaturæimæ sbargæjæ, kuyd asæj, aftæ jæ qædmæ gæsgæ dær. Biræ nog fysdžyty næmdtæ fæzynd næ aiv literaturæjy uældajdær fæstag 3-4 azy. Axæm ævzong fysdžytæj iu u Plity Gris. Gris, kuyd asæj, aftæ næ aiv literaturæjy dær u xærz ævzong (rajguyrd 1913 azy, fyssyn rajdydta 1929-30 azy.

Uycy ævzongdzinad literaturæmæ ærbaxasta ræzgæ nogdzauy qælæs „Ræzgæ bonty“, „Oktjabrontæ“, „Paxom“, „Syvællon“, „Ræzgæjæ“, „Sabimæ“, „Avdæny zaræg“, Nogdzauty zaræg“, „Qazut ual sabitæ“ æmæ ændær fystytæ.

Ævzong tug qazy Grisy rajdajæn æmdzævgæty:

„Či u maxæj,
Fidar khaxæj
Ruxsmæ com!
Stongæj cux dæ,
Rævdz dæ khuxtæ,
Fændag—gom.
„(Oktjabrontæ“)

Qældzæg fidæn æm xudy ruxsæj:
„Razængardæj toxy, cardæj
Iumæ skodtam ziu.
Card næm nogæj, cinæj, rogæj
Razdæxta jæ riu“.
„(Nogdzauty zaræg“).

Uycy cin æmæ ruxs bonty æxsænty ma Gris uyny ivhuyd cardy fydox, ivhuyd bontæm akæsgæjæ jæ zærdyl ærlæuuync: tuxi zyndzinad, mæguyr card („Nystuan“, „Avdulmæ“). Fælæ Grisy uycy zyndzinædtæ nal tyxsyn kænync, Gris cæry ruxs kolxozon cardy æmæ qazy ualdzygon uærykgau“:

Ualdzygon uærykgau
Qal zærdæ skafy—
Is myn nyr
Razmæ
fændag.
(„Is fændag“).

Darddær uycy fændagyl arfdær ærbacyd cardmæ. Rajdydta fæskomcædis, kolxozty, socializm æmæ klasson toxy tyxxæj fyssyn. Cin kæny socialiston cardy ræzynyl.

Cyrh fystæj xudy aly xuyzy socialiston cardæn cælxdur či læuuy, uydonyl—magusatyl, rasyggændžytly æmæ ænæuængtyl. Jæ tematikæmæ gæsgæ rast fændag ærcaxsta Gris.

Fælæ, bælvyrd u, ærmæst tematikæjy rast ravzarynæj fyssæg jæ xæs kæj ne 'xxæst kæny, uyj ærmæst dær kæj u fyssædžy axsdžiagdær xæstæj iu xaj. Kast cæuy uycy temæ fyssæg cavær aivady madzaltæj ævdisy, cæj bærc jæ bon baci, zæhæm, socialiston bydyrty qazuatonyl dzurgæjæ qazuaton ravdisyn, kuyd æcæg qazuaton, ændær „zyng zæhynæj zyng næj“.

Darddær fyssæg quamæ ævdisa cardy objektivon æcægdzinad kuyd u, aftæmæj ænænyggaliutæ gængæjæ, aftæ næ ævdisa, uæd næ uydzæn je sfældystad cardy bazonyny æmæ, jæ tendencimæ gæsgæ, jæ fendærgænyny madzal.

Acy quydtadž, lirikæ innæ aiv fystytæj uældaj tyngdær agury poetæj dunezonyndzinad, uymæn æmæ poet lirikon fystyty card ævdisy ærmæst jæxi zondaxastmæ gæsgæ, fevdisy dzy jæxi cæstængas, kuyd æxsænady klasstæj iuy uæng. Ardygæj bæræg u, poet xorz kuy næ æmbara klasson tox, socializmy æuuæltæ, uæd cardy objektivon æcægdzinad rast ævdyst ne' rcæudzæn, rast næ rauajdzysty obræztæ, aivady madzældtæ. 51

Axæm „čysyl tærihædtæ“ næ fysdžytæm stæmtæj fæstæmæ se'bpætmæ dær is. Axæm „tærihædtæj“ Gris dær næ fæcux.

Xadtæj-xadt, uældajdær rajdajæn fystyty æxsænady klassty cæsgom ærgom ne 'vdisy: *„Uarz adæmy* (?) *cardy*... ælxændzystæm adæmy (?) barty...“

Acy ran „adæm“ ærgom klasson cæsgom ne 'vdisy.

Rajsæm æmdzævgæ „Dymgæmæ ma dar dæ fyndz“. Acy ran kolxozty æmrænq chulber dary æxxuyrst æmæ jyn exsæj je rah næmgæjæ uynaffætæ kæny:

„Chulber iu yn ædzux zahta:
— Hej, ærra, kædæm, cæuys, kæ“?
Adæmy kolxoz nydzdzaxta,
Acu, xuysgæ ual yskæ!“
Uyj dær iu sabyr ærbadti,
Cadæggaj iu æm quysta.
He' mæ jæm, xærægau, xadti,
Farast khambecau kuysta.
Iu xadt æm kolxozon dzury:
„Max yzdæm cu, æxxuyrst, cæj!
Chulbery abpar, dæ cury,
Uymæj dyn mur æxxuys næj.“
Kolxozon kuystmæ færasti,
Dzury ta: „kolxozmæ tyndz!“
Uyj ta ma chulbermæ kasti,
Dymgæmæ dardta jæ fyndz...“

Æmæ darddær: „Chulbery exs yl ærxafy: nicæmæj jæm is jæ fag“. Uycy quydtag uyngæjæ Gris tærihæd kæny æxxuyrstæn æmæ jæm sidy—kolxozmæ tyndz, zæhgæ. Uyj ævzær fændon næu, fælæ kuyd ævdisy acy æmdzævgæ cardy æcægdzinad?

Kæd kastysty mæguyr fællojgænæg adæm kolxozontæ kuy systy, uæd je 'xxuyrsty exsæj či nadta æmæ næmy, uycy chulbermæ axæm fælmæn, kurgæ cæstængasæj?

Iuguyr kollektivizacijy bynduryl chulbertæ kuyd klass, sæft cæuync. Mæguyr fællojgænæg kolxozmæ kuy bacyd, kuy bambærsta jæ khæxty byn fidar byndur kæj is uyj, uæd chulbermæ jæ tymbyl khuxæj bavzysta „æhhæd dyn u, mæ fællojæ kæj saræstaj, uydon ma æri,“ zæhgæ.

Uycy quydtag æmbærsta chulber dær æmæ aly xuyzy gædy mitæj qaqqædta jæ card, jæ arc quyntæ fasta kuyd amal uyd, aftæ læhzdær. „Chulber jæ arc quyntæ læhz gængæjæ“ kolxozty nyxmæ næ tox kodta, zæhgæ, næ zæhyn. Je 'bpæt mitæ dær uyj fædyl uydysty æmæ cæmæj xuyzdær, aræxsdžyndær znaggad kæna, kusa kolxoztæ xalynyl. Rast næ ravdysta Gris acy ran cardy æcægdzinad. Klasson tox je mdzævgæjy sxemæmæ gæsgæ rauad.

Gris klasson toxy tyxxæj kuy dzury, kuy fevdisy klassty bynættæ æxsænady æmæ ægas dunejy dær, uæd yn kæddæriddær klasson znag ælhag, ædyly æmæ ædyx væjjy.

„Fyndzæj uasy. Qusæj, dzyxæj kaly,
Pyrx kæny jæ sæt...“
„Hej, sætoj, dy dæ guymydza, azdæx...“

„Američu lordtæn
Sæ fyndzy byn *lukha*)
Sæ khædzilæj nal komy fadžys.“
(„Gigant“).

„Kæd isdži særra uæd znag...“
„Mæstæjdzagæj ærbyry sæ suj“
(„Kolxozon dzuabp“).

Avtor „Američu lordty“ koj kængæjæ bæræg kæny, æbpyndær kæj uicy zony Američu politikon aræstadæn,—Američy lordtæ æbpyndær næj.

Darddær aftæ cæuy æmæ znag byntondær cydær fæci æmæ max ædasæj ænæ mætæj badæm:

„Nal væjjæm nal, mæ xur,
Max nyr qygdard“.
(„Kolxozon dzuabp“).

Acy ærkast fystytæj uyj zæhyn qæuy æmæ znag xorz ævdyst kæj næ cæuy, uycy quydtag ta nyn næ xæstmæ cædtædzinad læmæhdær kæj kæny, næ klasson toxy nyn næ kard khuymyxdær kæj kæny, znag læmæh u æmæ jæ qæmpy xalæj dær amardzystæm, zæhgæ. Ævzagæj dær rævdz ne sty acy bynættæ, axæm dzyrdtæ fyssynæn aiv ne sty, uyj ævdisy aiv literaturæjy ænæbondzinad.

Fyssædžy innæ fysdžytæj cy xicæn kæny, jæ kurdiat cæmæj bæræg kæny, uydony axsdžiagdærtæ sty ævzag æmæ aivady nyvtæ (obræztæ). Uycy æhdauæj Grisy fystytæm ærkæsgæjæ bæræg u, kæj ræzy bonæj bon tyxdžyndær æmæ ræsuhddær kæj kænync jæ nyvtæ, jæ obræztæ.

„Tox æmæ uad
Æmæ duh æmæ xæsty...“
„Qaru cæxær *kalgæ*
Razmæ byrsy...“

Axæm „cæxæry qærtæj“ raxysi ræsuhd obræztæm:

„Tærgajau mæj nynnyhuyld mihy,
Nyqqusi arv, nyssabyr zæx.
Fynæj bælæsty dymgæ uihy.
Ǽncad. ægomyg u khædzæx.“

Axæm dzæbæx aiv fystytæ sty „Xuysnædžytæ“, „Cy fedta jæ fyny Dzæræx, jæ fyndz yn kuyd nydzdzafta bæx“, „Uarzondzinady fændon“, „Saudžyny mælæt“, „Xæznakhaxdžytæ“. Acy ran kæsæg dzyrdty fæstæ uyny obræztæ, nyvty astau adæjmadžy „ændærdžy bæsty“ ægas lægtæ. Ǽrmæst uycy ræsuhd æmdzævgæty dær iugaj kuplettyl, iugaj dzyrdtyl cæst fækæly, qus bazyr-zyr kæny. Kæronmæ næ xædzdzæ kæny obræzty aivdzinad, ævzadžy læhzdzinad. Zæhæm: „Mærdtyl iu arhuydtoj Ruxsag, xærzbon!“

Mardæn „fændarast“ fæzæhync, xærzbon ta xædzaræj ædtæmæ či fæcæuy, uyj fæzæhy.

Ǽmdzævgæty ritm či xaly, na uæd khulyl chyf kuy babparaj æmæ uyj kuyd fidaua, aftæ či fidauy axæm dzyrdtæj dær, quag næu. Fæzyny dzy ærmæst rifmæjy tyxxæj či baqæuy axæm dzyrdtæ:

„Fællojady tox kaly *tævd* (?);“

„Mæ chæx bæxyl iu, kuy sbætdzynæn sarh“.

„Ajqus ma, o, dada, abon kæj ziu u?
Syvællon bafarsta madæn jæ *ziuy*“.

Acy ran „tiu“ ærmæst dær *ziuy* tyxxæj rifmæjæn æværd u maxmæ gæsgæ.

Darddær: „či kændzæn iu *xadtau* cardy zærond“! „Nog bæsty *dissag* (?) fycy“.

Xadtæj-xadt obræz jæ byltæj akæly, fegær væjjy æmæ dzy dzyrdty æxsæn nicuai bæræg væjjy.

„Iu innæjy særty æsqiudta,

„Hej, rog (?) uærtæ de znadžy cæv!“

Acy ran rog læg cæva znadžy, ævi znadžy rog cæf nyggæna, uyj bæræg næu.

Axæm ævzadžy dyzhuyntæn se ’gasyl næ fædzurdzynæn, kæj ærxaston, uydon dær fag sty ævdisænæn, Grisy ma kæj fæqæuy kæm kardæj, kæm læhzgænænæj ærlæhz kænyn je ’mdzævgæty, uymæn.

Jæ chæx bæxyl iu sarh bædtgæ kuy næ skæna, fælæ iu yl æj æværgæ kuy skæna, ironau dzurgæjæ, uæd dzy ræsuhd fidauc baræg rauajdzæn, nyr ta ual ærmæst uyj zæhæm æmæ Gris kæj zony jæ fidæn, kæj tyndzy razmæ uycy fændagyl æmæ jæm kæj is zyngæ æntystytæ bonæj-bonmæ, kuyd æmdzævgæjy ræsuhddzinad æmæ aivdzinadæj dær, aftæ cy temæ rajsy, uyj cardy arfdær ravdisynæj dær.

Xorz u lædžy jæ rajsomy nyfs razmæ kuy xæssa, uæd. Nodžy xuyzdær uydzæn uycy nyfs jæxi æmbærc xorz aiv æmdzævgæty fændag kuy ssara, uæd.

Niger.

DZESTY KUYDZÆG—„Xæxtyl“, radzyrdtæ, 1-ag činyg. „Ræstdzinad“. Ordžonikidze. 1932 az.

Iron aiv literaturæ Oktjabry revoljucijy fæstæ æmæ uyj færcy razmæ idtæg biræ kæj acyd, uældajdær ta xyhdmæ gæsgæ, uyj tyng ærgom quydtag u, uyj dzyrdtag næu, æmæ jyl æz dær dzurinag næ dæn. Æz ærmæst uyj zæhinag dæn, æmæ iron xæs oktjabry aiv literaturæjy midæg aly žanrtæ æmxuyzon næ ræzync. Dramon žanrtæ bynton čysyl bynat axsync, fælæ eposon zanrtæ dær kuyd æmbæly, aftæ næ ræzync. Kæd næ poetty rænqytæ nymæcmæ gæsgæ qæzdyg kænync bongaj, uæd næ prozæ uycy amondæj næ fæxajdžyn. Aftæmæj ta aiv prozæ, mænmæ gæsgæ, nyrtægkæjy dudžy biræ axsdžiagdær u iron skholaty praktikæjy midæg. Cæmæn sabyrdær ræzy aiv prozæ æmæ prozæjæ fysdžytæ cæmæn khaddær sty xyhdæj,„uuyl læmbynægæj næ fædzurdzynæn acy ran, ærmæst cybyræj aftæ zæhyn: aiv prozæ fyldær, tyngdær cædtædzinadyl domy fyssædžy (æmtgæj næ zæhyn, fælæ nyrtægkæ iron aiv literaturæ æmæ jæ kadyrtæ cy rany sty, uymæ gæsgæ). Kæd „æmdzævgæ“ afyssynyl biræ badyn næ qæuy, kæd „æmdzævgæ“ biræ quydy, biræ fenyn æmæ biræ zonynyl næ domy, kæd uycy kuysty poety khuxy æfty dæs—ssædz „kuplety“ afyssyn iu ærbadtyl ærmæst rifmætæj qazyn qulæj qazægau, kuy zonaj uæd, stæj sæ amyxuyr kænyny quydtag dær dygkag bonæj fyldær næ xæssy, cæmæj poety nom khuyrimæ „Sanaty Semy“ nomau ajquysa Irystony, uyj tæxxæj,—uæd prozaikon uacmys khuxy uancædtyl ne’fty. Uyj domy biræ fenyndzinad, biræ zonyndzinad, biræ bafælloj kænyn. Æmæ axæm miniudžytæ kæmæ is, uycy næmdtæ nymæcæj iron aiv literaturæjy biræ ne sty. Nymæcæj biræ ne sty, fælæ iron literaturæjy sæ uæz biræ u. Uydonæj iu u *Dżesty Kuydzæg.*

54 Styr xæzna baxasta Dzesty Kuydzæg iron literaturæmæ, styr xorz quydtag bakodta „Ræstdzinad“, Dz. K. radzyrdty æmbyrdgond myxuyry kæj rauahta, uymæj. Činydžy is 15 radzyrdy. Činyg jæ abpmæ gæsgæ kæny dyuuæ dixy; fyddzag dix ævdisy socialiston aræstady fæltær Irystony, dygkag dix ta—„fyd-zamany fælxortæj“ ma Irystony, talyng fæskhuymty cy bazzad, uydon. Iu radzyrdæj dær dzy næ bæzzy, zæhgæ, zæhæn næj. (Æcæg „kæj axxos uyd“ biræ læmæhdær u innætæj); Axæm radzyrdtæ kuyd „Xorxæssæg“, „Fæstag arhau“, „Gosæ“, „Dændag nyssasti“—sty tyng fidar bynat agkag iron literaturæjy, æmæ uævgæ, axæm bynat axsgæ dær ærkodtoj. Xussar æmæ Cægat Iry ’xsæn fændag ua, zæhgæ, uyj cas axsdžiag quydtag u, uyj quamæ aly iron adæjmag dær zona. Calynmæ uycy fændag fæzyna, ualynmæ dyuuæ iry uydzysty kærædzijæ xicængond, sæ tyx, kuyd ekonomikon æhdauæj, aftæ kulturon æhdauæj dær—uydzæni sast. Dzæhæltæ kændzysty kærædzijæ „Temsyrtæ“ æmæ sæ fyrttæ „Doditæ“ æfcægyl, xaudzysty byltæj, sæfdzysty, tymyhy. Ærdz tærihæd næ zony,—basædtyn æj qæuy. „Uæj, cæj ænamond bony rajguyrdtæn, cæj—jæ dzyxy dzag nybboh kodta Temsyr. Nikæmæ fequyst jæ qær. Ægomyg khædzæxtæ bæzdžyn kærcy tyxxæj mihy auuon fynæj kænync, quydy dær næ kænync xor-xæssædžy. Biræ fændaggontæ fæcyd aj xuyzæn bonty sæ qæbyssty. Uazæg-sur guymiritæ iu cæuædžy dær næ afændarast kodtoj sæ khæsæræj“ („Xæxtyl“, 17 fars). Rast zæhy, idtæg rast zæhy Dz. K.—„Uazægsur guymiritæ“ biræ „Temsyrty“ fænyqquyrdtoj, uydonmæ qær næ quysy, khuyrma sty. Fælæ „Doditæ“ dær sæfydælty xal xærdzysty, calynmæ æfcægyl cæuoj, ualynmæ. Æfcægyl ta syn ænæ cæugæ næj: sæ card aftæ domy.

„Nikæmæ fequyst qær“... Næ, uyj mæn næ uyrny, Kuydzæg! Qær quamæ fequysa! „Cæst—amonæg, æmæ cæst nicy uyny“.

Uyj rast u. Quamæ æfcæg cærd xuynkh fæua, æmæ dyuuæ iry kærædzijy fenoj. Uæd sæ ekonomikæ dær, æmæ sæ kulturæ dær razmæ sæxi ajsdzysty styr khaxdzcæftæj.

Nicæmæj fau ærxæssæn is „Xor xæssæg-mæ"—abpæj dær, formæjæ dær.

Dældær næu uycy miniudžytæj „Fæstag arhau" dær. Fæci „Bætægty dug. Aivhuyd-toj uydon cærdæj. Bajxæld sæ „khona". Cardy rad is Akim, Bidyr, Murat, Simæ—uydonmæ. Æcæg, „Bætægty arhæudtyl" uælæxox kænyn næ qæuy. Zynarh sty uycy arhæudtæ cardaræsty quydtadžy.

Æfxærd uydi, mæguyr uydi, ryst uydi, talyng uydi, xæxxon sylgojmag. Oktjabry Revoljuci jæ rakodta uæræx fændagmæ, „Uæ-ræx u fændag."

„Paddzaxvændag næ! næ.— Ændær fæn dag. Ænuson sædžy čhiuæj, uæzzau bælæh—aryndžy khaxæj, nodžy uæzzaudær, guymiri araqyston garzæj, fænykguybyn kærdzyn æmæ cahajradžy khutujæ socializmmæ fæn-dag — styr oktjabry aræzt fændag." Æx-xæstdæræj ævdyst nikuyma ærcyd iron syl-gojmadžy fyddzag card æmæ jæ nog fændag-mæ raxyzt. Dzezty K. radzyrd „Gosæ'jæ."

Kurdiatdžynæj ævdisy Dz. K. klasson tox æmæ socialiston aræstad iron qæuy jæ ra dzyrdty: „Dændag nyssasti", „Dyuuæ æfsymæry", „Ændær ziu". Ævdisy, iron fællojgænæg læg jæ zærond zærdæjy qæd kuyd ivy æmæ nog cardy ulænty kuyd nyhuyly, uyj — jæ radzyrdty: „Qanduajy fæsmon" „Zærondæj ærtasyd".

Ræsuhd ævdyst cæuync činydžy, fyd-za-many fælxortæj ma cardy cy bazzad æmæ cardaræstæn calcdur či u, uydon, axæm radzyrdty, kuyd „Fydgænd", „Phæzzy„ „Xædmæl qast" æmæ, innætæ.

Næ fyssægæn je styrdær miniudžytæj iu u uyj, æmæ tyng xorz zony iron adæmy card—Xussaræj, Cægatæj,—kuyd ivhuyd card, aftæ nog card dær. Fyssædžy miniu-džytæj iu u; cæj tyxxæj fæfyssy, uyj zonyn. Dzesty Kuydzægmæ uycy quydtadžy fau niči ærxæsdzæn. Cæjdæriddær tyxxæj fys-sy jæ radzyrdty, uyj zony xorz, fedta jæ, saxuyr æj kodta. Qæzdyg u je 'vzag, biræ xorz fadættæ jyn arazy jæ kuysty midæg.

Bæston bynat ærcaxsta Dzesty Kuydzæg iron aiv literaturæjy. Kurdiatdžyn fyssægæj ravdysta jæxi. „Ræstdzinad" quamæ baku-sa, cæmæj Dz. K. je 'nnæ radzyrdtæ dær racæuoj xicæn činygæj, uuyl. Axæm uac-mystæ, kuyd „Dissadžy Kuyroj" æ. æ. iron aiv literaturæjy biræ næj, æmæ quamæ xæd-dzæ kænoj adæmmæ.

Æcæg, aftæ bækænyn qæudzæn rauah-dadæn, cæmæj fyddzag činydžy cy qæntæ is, uydon dygkadžy maual oj. „Xæxtyl" xorz uahd næu. Jæ gæxxæt xuyzdær qu-ag u, jæ srift dær—aftæ. Is dzy biræ kor-rekturon rædydtytæ. Iu dzyrdæj, činygæn jæ xuyzy bællidzcagæj nicy is. Axæm zy-narh ærmæg xuyzdžyndæræj ævdisyn qæuy adæmmæ.

Dz. Kuydzægæn jæxi tyxxæj ta axæm fændon is, cæmæj uyj jæ kurdiatmæ jæ cæst tyngdær fædara, bakusa jyl, jæ fæn-dægtæ jyn baxsæda. Aiv prozæjy arh uæ-læmæ isæg æhdæudtæj iu u intrigæ. Æz aftæ zæhinag næ dæn, æmæ næ fyssædžy uacmysty uycy moment næj, zæhgæ. Æz ærmæst uyj zæhyn, æmæ uycy moment cas tyngdær ua, uyjjas uacmys fyldær kæsæg ary jæxicæn.

Is Dzesty Kuydzædžy radzyrdty kompo zicion qæntæ dær. Xadtæj-xadt uacmysæn jæ sæjrag tagyl færssæg tægtæ syzdyxsync æmæ jæ kæsædžy cæstæj fæcæjæmbæxsync. Axæm rædtæ is radzyrd „Gosæjy". Zæhæm, IV særy rajdajæn, kænæ jæ kæron „Darh naræg fyngtæ"... æ. a. d. Uycy bynættæ cyma xicæn buaryhædtæ sty, uym sæ by-nat næ uyd, aftæ fæzyny lægmæ, radzyrd kæsgæjæ. Rast zæhyn qæuy, biræ is Dz. K. tyng aiv fæzilæn rædtæ, æbpyndær ænqæl kæj næ vajjy kæsæg, axæm rædtæ. Zæhæm radzyrd „Fydgændy:" „Uæd ta nyuuadzæm kæmttyl zilyn. Kæd fæuigkam! Baqæuid ma næ uæd ærzilyn Gudistyl, Csantyl, Kha-xyrtyl, Khuydargæmdty, fælæ... Ex! Cæj čysyl dæ, Iryston, æmæ cæj biræ sty dæ talyng khuymtæ!" Fælæ ænaiv fæzilænty uæddær sræstytæ qæuy.

Is radzyrdty, æcæg tyng stæm, sintæksi-son qæntæ dær „Quli" sæximæ kuy bacyd, uæd fosy fyjjauæn kærtæn jæ iu khuymæj innæmæ kauduaryl ærbaskhæryn kodta..." Zyn æmbaræn kæsy mænmæ (89 fars). Zyn æmbaræn kæsy mænmæ acy frazæ. Æcæg, aj fyssædžy sintæksis u, zæhgæ, uyj dær mæ tyng xorz næ uyrny, uyj tyxxæj æmæ „Ræstdzinady" tipografijy myxuyrgængæ-jæ, xadtæj-xadt axæm „Særbiquyræjdtæ" rauajy, æmæ fyssæg jæxionty nal fæzony. Ævzagæj tyxdžyn u, zæhgæ, zahton Dz. K., næ fysdžytæj biræ uycy quydtagæj Dz. Kuydzædžy æmcyd næ akændzæn. Fælæ uæd dær Kuydzægmæ dær is dærzæg bynæt-tæ... Innæ Zælijy bæxy 'rdæm uycy iu *æn-thærd* alasta (85 f.) „cyma jæ *astrubos* xaly aftæmæj ærbacæuy Gæmsi..." (91 f.). „Uycy madæj racæuyn dæm ragæj dær ægad

kasti, fælæ dæ farsmæ cy qæzaqqæg bulkhon is, uyj s...sbyr æmæ skaddžyn uaj" (82 f.). Axæm primitivon ævzag æmæ axæm primitivon, naturaliston xuyztæj qæzdyg kænæm næ aiv literaturæ, zæhgæ, uycy fændagyl nyllæuuyn, mænmæ gæsgæ, xorz næu.

Fæstag fændon axæm is: Kuvdzæg quamæ rajsa fætændær kædtag, quamæ bafælvara paraxatdær nyvtæ arazynyl—axoræntæj iftong u, quamæ nyn ravdisa prozæjy zanrtæn sæ dyndžyrdær xuyztæj. Biræ læværd kæmæn væjjy, uymæj fyldær fæagurync. Nyfs næ is næ zynarh fyssægæj.

„KERMENY“ PARTIJY BYNDUR ÆVÆRDŽYTÆ, KUYD LITERATORTÆ.

Fællojgænæg adæmæj nikuy ferox uydzysty Gibizti Debola (Tembolat), Khesati Kolka, Gostiti Ændrejy næmdtæ. Uydon uydysty iron revoljucion parti „Kermeny“ fyddzag byndur æværæg, uydon uydysty aqazzadžy revoljucion toxty razdzæudžytæj.

Fælæ bæræg stæmtæj uældaj niči zony uycy ærtæ æmbaly ma nodžy kæj uydysty aivady kusdžytæ, iron nacion revoljucion aiv literaturæ, teatr arazdžytæ.

Gostity Ændre teatron styr skholamæ bacydi æmæ jæxi cædtæ kodta, kuyd artist, rezissjor. Fælæ zæxxy æxsæzæm xajyl styr tragedijæ jæxi iuvars nal nyuuahta æmæ bacydi uyrdæm, kuyd xuymætædžy æfsædton, Oktjabry revoljucijy æfsædton.

Gibizti Debola dær uydi literaturæ æmæ aivadimæ tyng æmxic.

Ændær poet Bahærati Sozur iu aræx dzyrdta, Gibizti Debola jæ fyddzag amonæg, jæ fyddzag æxxuysgænæg kæj uydi, uyj. Am bynat dædtæm, 1909 azy Gibizti Debola Bahærati Sozuræn cy æmdzævgæ balævar kodta æmæ aftæmæj jæ gæxxættytimæ či fervæzti, uyj—„Ka 'j?“.

Khesati Kolka biræ æzty dærhy Uæræsejy, Germany, Svejcarijy uævgæjæ dær kuysta iron literaturæjyl suang jæ amælæty bonty ong dær.

Jæ fystytæj ma tyng čysyl fervæzti, fælæ uydonæj dær ærgom kæny, Khesati Kolka paddzaxy xicauady uaværy næ, fælæ xuyzdær fadædtæ kuy uydaid, uæd dzy, či zony æmæ, styr fyssæg kæj scaid, uyj.

Jæ arxiv (nyr is Khosirati Særmæty khuxy) u ærtæ xuyd tetrady æmæ iu 15 syfy xicæn syftæ. Fystytæn sæ fyldær sty ximion khærandasæj. Se 'mbis uyryssagau se 'nnæ 'mbis ta dyguronau.

Sau fystægty æxsæn is Lermontovy „Næzy“, „Ærtæ palmæjy“, Zukovskijy „Qædtag paddzax“, Krylovy „Charæxsnæg æmæ mældzyg“ revoljucion zaræg „Varsavjankæ“ æmæ ænd. Is dzy originalon æmdzævgætæ („Madmæ“, „Sidzær“ æmæ „Mægurti hæstitæ“).

Fælæ læmbynægdær kuyst zyny jæ pjesæty: „Жертва нравав“ (картинки из жизни горцев Кавказа“)—(uyryssagau fyst) æmæ „Bundor“ (dyguronau, ænæ kæron).

Uycy teṭrædty ma nodžy is aiv afælgæst (očerk) „Čyrystonqæu“ stæj, ænæ sær radzyrd (dyguronau) æmæ uyryssagau „Ванька Мугарь“, [1]) „Пожар“.

Khesati Kolkajy gæxxættæ zynvadætty festy æmæ sæ biræ rædty zyn ravzaræn sty. Fælæ sæm uæddær lystægdær ærkæsyn qæuy, cæmæj Khesati Kolkajy cæsgom ævdisgæjæ bæræggond ærcæua jæ literaturon miniuæg dær.

---

[1]) Mugartæ xuydtoj fyddzag zamany qazaqag næuævgæjæ se stanicæjy cy uyrys cardi, uydon.

Gibizti Tembolat.

KA'J?

Nixasi badagæ
Arhæudtæ kænagæ,—
Kustæj ænæ xaj.
Adæmbæl xætagæ,
Aræqtæ chiragæ,—
Esuj si æ xaj.
Eskæmæ kovagæ,
Sæxemæ—xelagæ,—
Ba'j zonetæ, ka'j?

DAHYSTANY LITERATURTÆ.

Dahystan u biræ'vzagon bæstæ. Dahystany is avd bynduron adæmy xadty: avartæ, dorgintæ, quymyq, lekh, lezgintæ, nohajtæ, tabasarantæ æmæ tattæ, adon sty Dahystany avtonomon respublikæjy zyngæ fyldær xaj. Uydonæj jedtæmæ ma dzy is caldær čysyl adæmy xadty, alči dær sæ dzury, jæxi ævzagæj, stæj biræ ævzadžy fezdæxtytæ. Kuyd zyny, aftamæj næj dzuræn *Dahystany literaturæ*, uyj rašt næu, uymæn æmæ uycy adæmtæj alkæmæn dær is xicæn literaturæ. Nyry dudžy rajræzgæ æmæ sfidaruævæg sxcnæn is uældær cy adæmty ranymadtam, uydon literaturætæn. Uycy literaturiy ivhuyd ræstæg æmæ fidæn saxuyrkænynyl arxajy Dahystany nacion kulturty axuyr-irtasæg instituty literaturon xajad. Instituty literaturon xajady særh læuuy G. Lelevič.

Literaturon xajad 1933 azy bakodta styr kuyst, Dahystany adæmty folklor æræmbyrd kænyny, jæ bakusyn æmæ saxuyr kænyny. Xajady khuxy sty Džanibekovy fystytæ nohajag folkloræj, uycy fystyty dzagæj ævdyst sty nohajag adæmy folkloron qæzdygdzinædtæ suang feodalon dugæj abony ong. Alixanov nyffysta æmæ æræmbyrd kodta 2000 bærc avajrag æmbisændtæj. Salavatov æræmbyrd kodta 1500 quymyqag sariny (cybpar rænqon æmdzævgætæ) æmæ baftydysty instituty khuxy.

1933 azy kuysty færcy cædtægond æreydysty: *„Quymyqag častuskæty monografi“*—A. P. Salavatov. Quymyqag folklory očerk—A. P. Salavatov. *„Nohajag æmbisændtæ“* — A. G. Džanibekov. *„Avajrag folklory očerk“*—S. Mikailova. *„Quymyqag poet Kazaky tyxxæj“*—A. P. Salavatov. Adon ædtejy ma 1934 azy phlany dær is caldær zyngæ kuysty.

Literaturon xajad khaddær næ dary jæ qus Dahystany nyryggon literaturtæm dær. Rauahdad „Северный Кавказ“у racyd æmbal Lelevičy činyg—*„Dahystany literaturty soxuyr kænyny fændagyl“*. Žurnal „Революция и Горец“у myxuyrgond æreyd æmb. æmb. I. Aliev æmæ S. Mikailovajy fyst: *„Nacion literaturtæn arhgængæjæ metodologon syt.dægdzinadyl toxy“* (avajrag lireraturæjy tyxxæj). Cædtæ sty quymyqy nyrygkon literatury tyxxæj caldær kuysty: *„Quymyqy revoljucion dudžy literaturæjy očerk“*—K. Sultanov. *„Fyddzag quymyqag zurnal „Tang Čalpan“*—K. Sultanov.

Kavkazy kuy sasta uyrysy imperializm, uædy dudžy uyrysy poezi kuyd ævdisy, uuyl dær kuysta literaturon xajad—„kolonialon stihyny dudžy agitacion poezijy istorijæ“—G. Lelevič, *„Terčy bæsty qazaqy æfsadton zaræg“*—N. Fedjancevæ.

1933 azy dærhy Dahystany nacion kulturty axuyr-irtasæg instituty uydis 6 axuyradon ranyxasy literaturæjy tyxxæj. Ranyxæstæm iu xynd æreydysty Maxač-kala saxary kulturon tyxtæ. Uyj ædtejy ma literatury xajad æmæ soveton fysdžyty cædis saræstoj kritikton seminar, cæmæj sæ zonynad sbærzonddær uydaid, uyj oxyl, cydysty jæm 17 adæjmadžy.

Literaturæjy xajad æmæ Dahystany pedinstitutty literaturæjy kafedræjy æxsæn is fidar bastdzinad. Xajad komkommæ baxxuys kodta kafedræjæn Dahystany literaturtæ æmæ ævzægty axuyræn programmæ sarazyny. Axæm programmæ aræst æreyd fyddzag xadt.

1934 azy quamæ aræst ærcæuoj axæm kuystytæ: *„Dahystany adæmty toxy zardžytæ“* æræmbyrd kænyn, rauahdad *„Akademijæn“*, kritikon fystyty æmbyrdgond: *„kuyd zyny socialiston rekonstrukci Dahystany literaturty“*—rauadzyn æmæ ændærtæ.

CÆUYL KUSYNC IRON FYSDŽYTÆ.

Gulüty Ændyri—Fyssy caldær lystæg lirikon æmdzævgæjy nyry dudžy cardæj. Kusy kolxozon cardæj radzyrd nyffyssynyl. Radzyrd myxuyræj quamæ racæua Cægat Irystony avtonomijy 10 azy bærægbonmæ.

Ardasenty Xadzybatyr—Fyssy Sadony kusdžyty cardæj styr poemæ. Poemæ fyst fæuydzæn tahd ræstædžy.

Dzesty Kuydzæg—Kusy styr radzyrdyl, Džyzældonaræstady kusdžyty cardæj.

Niger—Tahd fæuydzæn fyst poemæ, soveton sylgojmadžy cardæj. Bacædtæ kodta jæ æmdzævgæty æmbyrdgond myxuyry rauadzynmæ.

Kocojty Arsen—Fyssy radzyrdtæ kolxozon cardæj.

Khubalty Alyksandyr—Kusy jæ pjesæ „Ræmonty Xadzymæty mælæt“ nogæj racarazynyl. Bacædtæ kodta myxuyrmæ uyryssag ævzagyl narty tauyræhtæ.

Khosirati Særmæt—Fyssy novellæty æmbyrdgond „Abony arhæudtæ“.

Bolajy-fyrt—Fæci fyst æmdzævgætæj pjesæ „Čermeny zaræg“. Jæ pjesæ „Adæm“ uadzy myxuyræj uyryssagau, ukrajnagau æmæ ironau. Fysdzæn činyg Sadony kusdžyty cardæj.

Bocity Baron—Fyssy roman „Qaplan“ xæxxon cardæj.

Fæernion Khosta—Muxuyry racyd, dygkag rauahdæj, „Uady uynæry“ fyddzag činyg. Myxuyrmæ cædtæ kæny „Uady uynæry dygkag činyg. Fyssy tauyræh (æmdzævgætæj) „Bardžynty Saræbi“.

Cægolty Geuærgi—Cægat Irystony axuyradon-irtasæg instituty fædzæxstæj fyssy jæ mysinægtæ uyryssag ævzagyl. Nyffysta dramatikon poemæ „Uym æmæ am“ (uyryssagau).

Dzanajty Sergi—Kusy dramæjyl (kusdžyty cardæj).

Xuyhiinaty Cybpu—Kusy kolxozon ærmægæj æmdzævgætæ, radzyrdtæ æmæ očerktyl.

ČINYGUADZÆN „RÆSTDZINADY“.

Myxuyræj racydi *Færnion Khostajy* roman „Uady uynæry“ fyddzag činyg. Činyg racyd idtæg aiv fælystæj.

Racyd Cægat Irystony pedinstituty *literaturon khordy* æmbyrdgond „Nog talatæ“.

Myxuyræj racydi *Færnion Khostajy* pjesæ „Xærzbon“. Tahd myxuyrmæ læværd ærcæudzysty *Kocojty Arseny* ravzargæ radzyrdtæ—xicæn činygæj.

Rauahdad badzyrd skodta *Dzesty Kuydzægimæ* radzyrdty dygkag æmbyrdgond rauadzyny tyxxæj, stæj Bocity B. roman „Qaplan“ rauadzyny tyxxæj.

Myxuyrmæ cædtægond cæuync *Xetægkaty Khostajy* æmdzævgætæ.

Myxuyrmæ tahd ræstædžy læværd ærcæudzæn *Nigery* æmdzævgæty æmbyrdgond.

1934 azy dærhy rauahdad quamæ rauadza aiv literaturæ *170 myxuyron syfy*.

SÆRGONDTÆ

Fars.

Razdzyrd 3

AIV XAJAD.

Færnion Khosta—Iu bon 7
Niger—Xur-fædison 15
Dzesty Kuydzæg—Cyrah 17
Guluty Ændyri—Poetmæ 22
Færnion Khosta—Mæ khuxy mæ fyssæn næ cudy 23
Khubalty Alyksandyr—Six 24
Bolajy fyrt—Čermeny zaræg 26
Bædoaty Qazybeg—Ualdzygon bycæu 31
Xozity Jakov—Či u uyj? 36

TEORI ÆMÆ KRITIKÆ.

Niger—Ædzard zyngxuyst 37
Khosirati Særmæt—Mæqæly literaturæ abon 41
Dzanajty Sergi—Nigery sfældystady tyxxæj 45
Soveton fysdžyty cædisy uagæværd. 48

BIBLIOGRAFI.

Ardasenty Xadzybatyr—Gris—„Bazyrdžyn azty" 51
Niger—Dzesty Kuydzæg—„Xæxtyl" 54

LITERATURON ARXIV.

S. K.—„Kermeny" partijy byndur æværdžytæ, kuyd literatortæ 57

XRONIKÆ.

Dahystany literaturæ 59
Cæuyl kusync iron fysdžytæ 60
Činyguadzæn „Ræstdzinady" 61

REDKOLLEGI: BÆDOATY QAZYBEG, GALATI STEPAN, DZESTY KUYDZÆG, KODZYRTY AGUYBEČYR, KHOSIRATI SÆRMÆT, SÆLBITY QAMBOLAT, TOTRATY XADZYBATYR, FÆRNION KHOSTA.

Bærnon redaktor KHOSIRATI SÆRMÆT.
Bærnon sekretar FÆRNION KHOSTA.

Kuystadmæ læværd ærcyd 25/V-1934 az.
Cirlit № 142. Zakaz № 1260 Rauahdy № 18.

Myxuyrmæ læværd ærcyd 30/VI
Gæxxæty stat format Б-5 Tiraz 3000

Cæg.-Irystony rauahdad „Ræstdzinady“ fyddzag tipografi. Ordžonikidze, Proletaron pr. № 37.

Cægat Irystony činyguadzæn „RÆSTDZINAD"

1934 azy rauahta aiv literaturæj:

1. FÆRNION KHOSTA—„Uady Uynær" (roman) 1-ag činyg, 2-ag rauahd, jæ arh 4 s.
2. „NOG TALATÆ"—(zurnal)—Cæg. Irystony Pedinstituty literaturon khordy æmbyrdgond, jæ arh 1 s. 50 k.
3. S. DANGULOV—„DYGKAG XURGÆNDŽYTÆ" (Džyzældony adæm) jæ arh 65 kap.
4. FÆRNJON KHOSTA—„Xærzbon" (3 nyvon, 9 akton pjesæ)—jæ arh 2 s. 20 k.

Tahd racæudzysty myxnyræj:

1. KOCOJTY ARSEN—Radzyrdty æmbyrdgond.
2. NIGER—Æmdzævgæty æmbyrdgond.
3. DZESTY KUYDZÆG—Radzyrdty æmbyrdgond.
4. FÆRNION KHOSTA—„Uady uynær" 2-ag činyg.
5. Iron zardžytæ—Khosirati Særmæty æmbyrdgond.

Iron ævzagyl cy činguytæ racydi æmæ racæudzæni, uydonæn is balxænæn, rafyssæn „RÆSTDZINADY" magazinæj: gor. Ordžonikidze, Proletaron prospekt № 21

Xiçæn n-ry arh—1 som æmæ 50 k.

ПОДПИСНАЯ ЦЕНА: На 1 год—18 р., на 6 м.—9 р., на 3 м.—4 р. 50 к.

ПОДПИСКА ПРИНИМАЕТСЯ во всех почтовых отделениях и письмоносцами.

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***5 майы*** Дзæуджыхъæуы уыд киноныв «7 сау гæххæтты»-йы премьерæйы агъоммæйы равдыст. Прокаты рацыд 9 майы. Ист у ирон фыссæг Булкъаты Михалы уацмысмæ гæсгæ. Ирдæй дзы æвдыст цæуынц хæсты уæззау рæстæджытæ. Цæгат Ирыстоны йæ фенæн ис ирон æвзагыл уырыссаг титртимæ, Уæрæсейы иннæ регионты та – тæлмацгондæй.

Йæ цардæй ахицæн зындгонд ахуыргонд, историон наукæты доктор, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветеран Владимир Кузнецов. Уыд Цæгат Кавказы рагондæр архитектортæй иу, 200 наукон куысты автор, Цæгат Кавказы федералон зылды æмæ Цæгат Ирыстоны кадджын гражданин.

► ***7 майы*** Владимир Путин ард бахордта æмæ официалон уагæй ссис Уæрæсейы Федерацийы Президент. Кадджын мадзал ацыд Кремлы. Ард бахæрыны фæстæ Владимир Путин раныхас кодта æмæ фыццаджыдæр бузныг загъта йе 'взарджытæн æмæ зæрдæ бавæрдта, се ууæнк сын кæй нæ фæсайдзæн, уымæй. «Кæд Уæрæсейы ныхмæ ныртæккæ лæууынц фæсарæйнаг бæстæтæ, уæддæр мах кæдфæнды дæр уыдыстæм рæстдзинады фарс æмæ нæ равзæрст фæндагæй нæ фæзилдзыстæм, – загъта йæ раныхасы Владимир Путин. – Иумæ фæуæлахиз уыдзыстæм».

► ***14 майы*** УСФСР адæмон нывгæнæг, аивæдты сгуыхт архайæг, Хетæгкаты Къостайы номыл премийы лауреат Дзанайты Азанбеджы райгуырдыл сæххæст 105 азы.

► ***17 майы*** Кæсæг-Балхъары республикæйы уыд балхъайраг литературæйы классик Керим Отаровы мысæн изæр. Уыцы бонмæ «Мах дуг»-ы кусджытæ æмæ автортæ мыхуыры хицæн чиныгæй рауагътой авторы уацмыстæ ирон æвзагмæ тæлмацæй, æмæ йын Кæсæджы скодтой презæнтаци. Тæлмацгæнджытæ Касаты Батрадз, Баситы Зæлинæ æмæ Бететы Фатимæ хорзæхджынгонд æрцыдысты Керим Отаровы номыл майдантæй æмæ Арфæйы гæххæттытæй.

Переводчик А. В. ЗОЛОЕВ
Корректор А. К. КАРГАЕВА
Дизайн, верстка А. А. ГАБИСОВ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202.

Порядковый номер выпуска: № 5.2024 г.
Подписано в печать 21.05.2024 г. Выход в свет: 30.05.2024 г.
Индекс: 732447. Тираж 1000 экз. Заказ № 235. Цена свободная.

Формат 60х90 1/16. Бум. офсет. №80 г./м^2. Вклейка 1 печ. л. мелованная.

Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14, 88.

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæйййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.



АЦÆРГÆ НОГГУЫРД

Мæ рагбонты адджын хæлар
Ды, «Мах дуг», дæ мæнæн.
Чысыл нæ дæн дæхи æмгар,
Уæддæр мын дæ лымæн!
Дæ фæзындмæ, мæхи «Мах дуг»,
Былыцъæрттæ хæрын…
Куы афæстиат уай иуцъусдуг, –
Нæ мæм цæуы цæрын!
Цы йæ ‘мбæхсон – ды рагон дæ,
Цæуы дыл азтæ ныр,
Лæггадгæнæг фысджытæ дæр
Кæнынц куыддæр цыбыр…
Ды урсзачъе, куырыхон дæ,
Фæлæ – æвзонг, сæрæн!
Дæ къахдзæфтæ, дæ арф фæдтæ –
Иронады гуырæн!
Дæ хуымгæнды бæзджын æвзар –
Æвдадзы хос мæнæн,
Мæ зондæн та дæ буц хæдзар,
Ыскодтай мын кæлæн!..
Дæ зад хуымы бæзджын тауæй
Æмбырд кæнын тыллæг.
Дæ саразæг, сæ курдиатæн
Æз бакувын ныллæг!

ХЪАЙТЫХЪТЫ Риммæ

Индекс 73247

12+